ДЖОШ МАК-ДАУЭЛЛ

# ГУЎА



Джош Мак-Дауэлл

# Г Ү Ў А



# 1

# 1

Оның қызлары тири қалмаған еди. Ҳаялы болса жоқ болып кетти. Рафик Рэмзидиң өз өмири де қәуип астында еди.

— Тек ғана еки күн қалды, — деди жасы тәуиракқа барған адам. Ол Монте-Карлода жайласқан мийманханадағы өзиниң бай безелген бөлмесинде адымын санап, изли-изинен сигарасын алыстырып жүрди. Оның жүрисинен өкпе рак кеселлигинен, бомба апатынан ямаса қастыяншылық өлтириў оғынан өлимди күтип жүргени көринип туратуғын еди.

— Сениң келиўиңнен алдын және бир хат алдым. Олар егер мен бесинши күнге дейин пулды жибермесем, Клодетти өлтиреди ҳәм маған тийисетуғынын айтты. Соның ушын сизден илтимас, мырза Аккад, сиз жақсы хабар алып келдим деп айт, болмаса мен буны көтере алмайман.

— Олар бул рет қанша талап етип атыр?

— Жигирма бес миллион, мен әлле қашан төлеген он бир миллион евроның үстине қосымша қылып айтып атыр, — деди Рэмзи.

Әпиўайы адам ушын бул үлкен сумма. Бирақ он жети, тоғыз жасар болған Рэмзи әпиўайы адам емес еди. Ярым жыл алдын ол өзиниң 1963 — жылы қайтыс болған ағасы менен бирге тиклеген «Блю Найл Холдингс» компаниясын 563 миллионға сатқан еди. Енди ол Мысырда айтарлықтай турақлы адамлардың бири ҳәм Арқа Африка менен Жақын Шығыстағы ис-билермен элитлериниң тири аңызы еди.

Марван Аккад қымбат баҳалы узын териден исленген диванда отырып, жағдайды ойлана баслады. Қандай да мә-

ниде Рэмзи — жүдә жақсы клиент: ол ғарры, бай ҳәм қорқып қалған. Негизинде Аккадтың бизнеси усындай адамларға қаратылған еди.

Бирақ усы ислер менен шуғыллана отырып, ол адамзаттың кемшиликлериниң жүзеге шыққанлары менен дусласты — ашкөзлик, коррупция, шантаж ҳәм адам өлтириўшилик. Ол усы өзи ушын ең баҳалы болған еки адамның тартып алынған бахытсыз ғаррыға жубандыратуғын ҳеш қандай сөз айта алмады. Ол усы қәўипсизликтен биротала кетиўге ўақыт келген жоқ па екен, деп ойланып отырды.

Аккад эспрессоның барлығын ишти де, Орта теңиздеги жылтылдап турған айдынға қарап турды. Қуяш батып баратыр ҳәм оның сәўлеси жаға бойында бойындағы безелген бөлмениң айнасына жарқырап түсип турыпты. Ол ҳәзирги өмир жағдайы ушын — вертолётлар, лимузин, Арманидан келтирилген костюмлар ҳәм кевларадан жилетлер ушын ата-анасы не айтқан болар еди, деп ойланды. Қанша қәўип көп болса, сонша пул да көп болады. Табыслы бизнестиң мәниси усы емес пе екен?

Ол анасының не айтатуғынын билетуғын еди. Ол қашанлардур армиядан келгеннен соң, оннан Бейруттан кетип, врач ямаса инженер болыўды ҳәм Ранияны таўып, Парижде тийкар салыўды өтинип сораған еди. Ол баласының өмири қәўипсиз ҳәм тыныш болыўын, оның балалары болып, оларды өсириўин ҳәм қандай да тыныш ҳәм табыслы жумыс пенен шуғылланыўын қәлеген еди. Бирақ ол ақмақлық қылып, оған қулақ аспады. Анасы оның байларға басқыншылардың ҳәм наркомагнатлардың тутқынға алған ҳаялларын қайтарыўға жәрдем берип, клиентлерди Багдадтан, Мосуладан ямаса Фаллуджидан алып шығады деп көз алдына келтирер ме еди?

Ақыры Марван Аккад:

— Жаңалық бар, бирақ жақсы емес деп қорқаман, — деди.

— Клодетт ҳаққында ма? — деп Рэмзи сорады. — Бул жаўызлар оған ҳеш нәрсе қылмаған ба екен? Оларды өлтиремен! Сизге сөз беремен, мырза Аккад, мен олардың изине түсип, азап бермегенше тынышланбайман.

Аккад кери жуўап ретинде басын ийзеди.

— Мәселе Клодеттке тийисли, бирақ бул сиз ойлағандай емес. Илтимас, отырың.

— Не хабар келгенин айт.

— Мырза Рэмзи, айтаман. Бирақ, сизден илтимас, отырың ҳәм сизге ҳәммесин айтып беремен.

Рэмзи, басым адам, оның ден саўлығы кейинги еки ҳәпте ишинде ҳәлсизленип қалған ҳәм ол креслоға әсте ғана отырды ҳәм келеси сигарасын шекти. Оның жанып турған көзинде сабырсыз күтиў бар еди. Ол алдыға қарай еңкейди.

— Сизден илтимас, мырза Аккад, мениң менен ойнаман. Созып отырма.

Аккад басын ийзеди.

— Мырза Рэмзи, сиз Сан-Паул ҳаққында не билесиз?

Сораў ғаррыға жумбақ түйилди.

— Сиз Бразилиядағы қаланы айтып отырсыз ба?

— Аўа.

— Ҳеш нәрсе билмеймен, — Рэмзи ийнин қысты. — Ал неге сиз сорап атырсыз?

— Шынында да ҳеш нәрсе билмейсиз бе? — деп Аккад даўам етти.

— Мен бир нәрсе билиўим керек пе?

— Ол жақта ўәкиллер ямаса «Блю Найл» заводларынан бар ма?

— Яқ.

— Сизиң қол астыңыздағылардан ҳеш ким ол жақтан келмеди ме?

— Яқ.

— Мүмкин, сол жерден кәсиплеслерден бири бар шығар?

— Мениңше, яқ.

— Ал сиз жумысыңыз бенен Сан-Паулда болдыңыз ба?

— Яқ, болмадым.

— Ал отпуск ўақтыңызда ҳаялыңыз бенен болған шығарсыз?

— Қандай отпуск? — деди Рэмзи. — Мен бәнт адамман.

— Әлбетте, яқ.

— Сиз толық исенимлисиз бе?

— Мен түсинбей атырман...

— Сиз анық исенимлисиз бе, мырза Рэмзи? — деп Аккад жуўап талап етти. — Жақсылап ойланып көриң.

Рафик Рэмзи орнынан турып, жәнe, сигаретасын алып, бөлме ишинде жүре баслады.

— Улыўма айтқанда, ол сол жақта болған болыўы да мүмкин, — деди ол азғантай үзилистен кейин.

— Бул ҳаққында маған айтып берсеңиз.

— Айтатуғындай ҳеш нәрсе жоқ, — деди Рэмзи. — Кузина Клодетт бир мәрте бразилиялы жигитке турмысқа шыққан еди. Бул шама менен ярым жылдай даўам етти ҳәм оннан кейин олар ажырасқан еди.

— Сиз тойға бардыңыз ба? — деп сорады Аккад.

— Бармадым, бирақ Клодетт барды. Оған унаған жоқ еди. Мен Сан-Паулды нәзерде тутып атырман. Ол жерде адам жүдә көп ҳәм жүдә шаўқымлы. Нью-Йорққа уқсаған, бирақ ол жер шармасыз, деп айтқан еди ол.

— Той қашан болған еди?

— Билмедим, 3-4 жыл алдын шығар, — деп жуўап берди Рэмзи ҳәм өзине барадан қуйып алды. — Не қылыпты? Бул сораўлардың барлығына не себеп болып атыр?

— Аккад төмен еңкейип, портфельди ашты да, оның ишинен үлкен бир корнвертти алды ҳәм оны Рэмзиге узатты.

— Бул не? — деп сорады ғарры ҳәм жутынып қойды.

— Ишин аш, сонда көресең, — деди Аккад.

Рэмзи азғантай ўақыт Аккадқа тигилип қарады, кейин стаканын қойып, жақынлап келди де, конвертти алды ҳәм оны әсте ғана ашты. Онының ишинен ақ-қара болып түсирилген 20х25 сүўретти алды, оның түси өзгерип кетти ҳәм оның жүзинде пүткиллей түсиниксизлик түс енди. Оның қолында еки күн алдын, сол сәне бойынша фото сүўрети бар еди. Алдыңғы пул талап қылынған фото сүўреттен бул сүўреттиң айырмашылығы ҳаял байланбаған ҳалда еди. Оның аўызында ҳеш қандай таўар байланбаған. Ол қандай да бир жумыс орынның бөлмесинде стол қасында отырыпты ҳәм бир баслық ямаса басқарыўшы менен сөйлесип отырыпты.

— Мен... түсинбедим, — деди ақыры Рэмзи ҳәлсиз даўысы менен ҳәм оның қолы қалтырап кетти. — Бул не? Бул фото сүўрет қай жерде алынған?

— Бул фото сүўрет Сан-Паулдағы банкте жасырын камера менен түсирилген, — деп түсиндирди Аккад. — Ҳаялыңыз сизиң қунын төлеўге жиберген пулыңызды алып атыр.

Рэмзиге бул хабарды дәрҳәл өзлестириўге қыйын болғаны көринип турыпты.

— Мырза Аккад, сиз не айтып турыпсыз? — деди ақыры ғарры. — Мениң ҳаялым... сизиңше, ол бунның барлығын жобаластырған ба? Ол мени сатты ма?

Аккад ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди. Ол ис жобасын оған усыныўдан алдын, ашшы ҳақыйқаттың клиенттиң түсинигине жетип барыўын күтти. Бирақ ол буны ислеп үлгермеди. Еки оқ даўысы еситилди, айна пашақланып сынып, шашылып кетти. Ғарры жерге қулады ҳәм оның аўызынан қан дәрья болып ағып кетти. Рафик Рэмзи өлди ҳәм Марван Аккад гезек өзине келиўи мүмкин деп қорқып кетти.

# 2

Марван дуб ағашынан исленген столлар астына жасырынды. Және жаңадан оқ даўысы еситилди, ыдысларды ҳәм картинаның рамкасын тесип өтти. Сынықлары жән-жаққа ушып түсти.

Бөлмеге Рэмзидиң қуралланған еки сақшысы жуўырып келди ҳәм олар оққа жуўап берместен алдын-ақ өлди, ҳәттеки, снайпер қаяқта жайласқанын да билмей қалды.

Марван телефонды алды, бирақ линия үзилген еди. Пистолетке қолын созып атырып, кирер аўызда сақшылар оннан пистолетин алып қойғанын есине түсирди. Төбесинен әййемги гүзелердиң сынықлары ушып түсип атыр. Оқлар мебеллердиң дөгерегин тесип таслады.

Бул жерде қалыў мүмкин емес еди. Рэмзиге қарсы жалланба өлтириўшилер оптикалық нышанды қолланса керек. Олар оның бөлмеде екенин ҳәм анық қай жерде екенин билетуғын еди.

Марван шепке қарай бойын таслады ҳәм өлтирилген сақшыларға қарай жер баўырлап еңбеклеп барды. Атыў күшейди. Ол олардың қуралларын, Рэмзидиң ҳаялының сүўретин алды ҳәм ашық турған есиктен коридорға қарай атлықты.

Лифт ишинен және еки сақшы шықты.

— Жатың! Жатың! — деп бақырды Марван.

Және жаңа оқ атылысы болды. Биринши сақшы полға бойын таслады. Екиншиси үлгере алмады. Оған еки оқ тийди ҳәм аўырыўдан ыңырсыды.

— Тез, мырза Аккад, текшеге қарай! — деп бақырды биринши сақшы ҳәм қасындағы жолдасына жәрдем бериўге

урынды, бирақ оған жәрдем бериўге әлле қашан кеш болғанға уқсайды.

Марван оның айтқаны бойынша текшеге қарай атыўға таяр пистолети менен жуўырды: оны сол жерде күтип турған болыўы да мүмкин. Ҳеш ким жоқ еди. Ол он қабат төменге қарай қашып үлгерди, оның ойы ҳәр жақта еди.

Ол коридор бойлап жуўырды — күтилмегенде, оның шоферы және усы жерде. Ол аламан ишинен танысын көриў ушын қарады, бирақ таба алмады. Полицияның сигналы ҳәм от өшириўши машинаның даўысы еситилип турды. Адамлар бақырысып атыр еди. Ол жерде ҳақыйқый аламаншылық еди. Бирақ оқ атыўшылық тоқтап қалған еди — не болса да, бул ҳәзирше еди.

— Мырза Аккад! — деген даўыс бирден аламан ишинен шықты.

Имарат ишине сақшылар ҳәм штат агентлери жуўырып кирип кетти. Көплеген турғынлар лифт ишинен шықты, олардың жүзлери албырағанын көрсетип туратуғын еди. Таныс ҳеш ким жоқ, бирақ ол және сол даўысты еситти.

— Мырза Аккад, мен мына жердемен!

Ол бурылып, өзине шоферының жуўырып киятырғанын көрди — ол кишкене ғана ақ кеўилли адам.

— Мырза Аккад, — деп ҳаўлығып, — сен бул жерден кетиўиң керек. Усы жерде күтип тур, мен машинамды алып келемен.

— Мен сениң менен бараман, — деди Марван.

— Яқ, яқ, мен дәрҳәл келемен, — деди шофер.

Солай етип, ол Монакодағы ең әжайып, қолайлы шараятлы имараттан шығыўға урынып атырған аламанның арасынан шығыў есигине қарай жүрип кетти.

Марван тартысып отырмады. Ол бир нәрсе ҳаққында ой жуўыртып көриўи керек еди. Клодетт Рэмзи ҳәм оның кәсиплеслери оның пул өткериў изинен жүргенинен хабары бар ма екен? Олар оның Сан-Паулға барғанын билер ме екен?

Рафик Рэмзиди усы жолдан бармаўы ушын өлтирмеген бе екен? Бирақ бул қалай болыўы мүмкин? Өйткени ол Рэмзиге өлтирилмесинен бир минут алдын усы ҳаққында айтып берген еди-ғо?

Рэмзи «Аккад ҳәм жолдаслары» агенствосын он күн алдын жаллаған еди. Усы ўақытқа дейин оның қәўипсизлиги ушын парижли фирма шуғылланып киятрған еди. Ол Аккад компаниясына қызының өлиминен кейин ҳәм ҳаялының жоқ болып кеткенинен соң хабарласып, тек усы жынаят үстинен тексериў жүритиўин сораған еди. Марван оған және адамлар бериўин ямаса француз сақшыларының орнын толық алмастырыўын усынған еди, бирақ Рэмзи бас тартқан еди. Ол көзге тасланатуғын өзгерис киргизип, жынаятшыларды тынышсызландырыўды ҳәм өзи жақсы көрген ҳаялы арқалы хабарласқанынан бас тартыўды қәлеген жоқ еди. Бул жүдә ашшы қәтелик еди.

Марван ҳәр жақтан полициялардың ҳәм басқа машиналар киятырғанын көрип, кәсиплеслери улыўмалық хабарларда қалыўы мүмкин емеслигин түсинди. Ал ол европалық ҳәм жақын шығыс газеталарының бетлеринде оның физиономиясын сүўретлегенин унатпайтуғын еди. Бул бас администратордың сақшы агенттиң үлгериўи ҳаққындағы әрман рекламасы емес еди.

Ол саатына қарады да, майдандағы аламан халыққа көз жуўыртты. Ақыры ол шофердың таза жылтыраған «Рэндж Ровер» ге отырып, оны қотлап атырғанын көрди.

Марван имарат ишинен шықты. Ол мүмкин болғанынша тез ол жерден кетиўди қәледи. Бирақ ол майданға қарай жүрип баратырғанда, джиптен қорқынышлы атылыў болды ҳәм соққы толқыны Марванды көпирге қарай ылақтырып жиберди. Аспанға жалын ҳәм түтин көтерилип турды. Майда бөлеклер ҳәм корпустың жанып турған майда сынықлары шашылып кетти. Усы ўақытта Марван оның изинен де душпанлар дузақ қурып жүргенин түсинди.

## 3

Дөгеректе адам денелери жатыр еди. Жарақатланғанлар бақырып, жәрдем сорап атырған еди. Басқалары албырасқан ҳалда үндемей сүрнигип, досларын ҳәм сүйгенлерин излеп, не болғанын ҳәм не ушын екенин түсинбей жүрген еди.

Марван орнынан турып, шаңларын қақты ҳәм бетлериндеги қанларды сыпырды. Ол сақшылардың биринен алған пистолеттиң патрон обоймасын шығарып алды да, оннан өзиниң бармақ излерин сыпырып таслады ҳәм жақын жердеги қутыға таслады. Екинши пистолетти пиджагының астына, қайысына илдирди де, бир неше квартал шығатуғын қаланың орайына қарай қашып кетти.

Ол мийманханаға қайтып барып, затларын жыйнастырып кетиўи керек еди. Оны ҳеш ким тоқтатыўға урынбады. Ол ким ҳәм не ушын асығып баратыр деп ойлаўға ҳәмме жүдә албырасқан еди.

Марван өтип баратырған таксиди тоқтатты.

— «Ле Меридьен», — деп айтты шоферға ҳәм машина орнынан жылжып жүрип кетти.

Таўлар артынан қуяш әсте батып баратыр. Қала ишинде шырақлар жанды. Кафе ҳәм казинолар ашылды. Болып өткен ўақыя тез арада тарқалса да, байлардың ҳәм атақлы адамлардың орны болған Монте-Карло жанланып кетти.

Марван гаванада яхтаның сүлдерин көрди. Ол инисине қоңыраў қылып, ақша кереклигин ҳәм самолетқа билет кереклигин айтыўды ойлады. Бирақ қаяққа? Италияға ма? Ямаса Францияға ма?

Ол қашыўы арқалы өз айыбын мойнына алғанын түсинди. Бирақ, ол болып өткен ўақыяны есапқа алып, басқа жолы жоқ еди. Қалыў — бул өзине өлим жазасын алыў дегени еди. Оны, әлбетте, полиция бөлимде сораўға тутады. *Оны Рафик Рэмзи менен ким таныстырды? Ол әлле қашан француз сақшы фирмасы ислеп атырғанын билсе де, не ушын Монте-Карлоға келди? Ол қалайынша Рэмзи менен ушырасыўы, не ушын өлим менен тамамланғанын қалай түсиндире алады? Ол не ушын сақшының қуралын алды? Не ушын ол өз пистолетин алмады?* Олар басқа да сораўларды береди. Ол Рэмзи менен биринши ушырасыўында не айтқанын ойлаўды даўам етти.

Такси мийманхананың жанында тоқтады. Марван шоферға пулын төледи ҳәм оннан күтип турыўын сорады: ол узақ қалмақшы емес еди. Ол имарат ишине кирди де, лифтте бесинши этажға қарай көтерилди.

Лифт ишинде Ранийге уқсас жигирма жасар әжайып ҳаял бар еди. Қара узын шаш. Терең қара көзли. Ақ шелк блузкалы. Қара юбка. Қара шулық. Жемчуклы дизбек моншақ. Ақшыл қызыл тырнақ. Қызыл помода. Мүмкин, көзинде жүдә қойыў қара бояў. Ол қорқынышлы ҳалда күлимсиреп қойды. Әдетте, Марван жуўап ретинде күле шырай берип, оның менен сөйлескен болар еди. Бирақ бүгин ондай емес.

Ол ой-қыялларын туўрылаўға мәжбүрлеп, Рэмзи менен бир ярым ҳәпте алдын сөйлескенин еслей баслады. Улыўма гәптиң мазмунын ол жақсы еслеп қалған еди. Рэмзи ҳаялының сулыўлық салонынан урланғаны ҳәм қызының мектептен үйине қарай қайтқан жолда урланғаны ҳаққындағы хабарды айтып берген еди. Ҳаялын урлағанлар төлем талап етип баслаған еди, ал урланған қызы өлтирилген еди. Марван гүман астындағыларды ойына алды. Рэмзи бурынғы он жумысшыларды ҳәм конкурентлерди атап өтти. Олар оның ойынша шаңарағына ҳүжим етиўи мүмкин

еди. Бирақ Марванды және бир вариант тынышсызландырған еди.

Қоңыраў басылды, лифт үшинши қабатта тоқтады. Ҳаял шығып баратырып, қолына мобил телефонын алып, номер тере баслады. Оның жүриси, тиккелиги ҳәм исенимлилиги ҳеш қандай гүмансыз Ранионы және еслетти.

Лифттиң есиги жабылды. Марван өз ойында Рэмзи менен болған сәўбетине қайтты. Ғарры еки жыл алдын француз разведкасы 250 мың евро талап етип, шантаж етиўге урынғанын, болмаса олардың налог хызметиндеги дослары «Блю Найл Холдингз» ди тексерип, налогты төлеўден бас тартқанын ҳәм финанс жуўапкершилигин бузғаны бойынша айыплайтуғынын айтқан еди. Олар оның ҳәм компаниясының абырайын түсиретуғын хабарларды газеталарға беретуғынын айтқан еди.

Сонда Рэмзи Парижде жайласқан көп миллетли шөлкем корпарация компаниясына сатыўға ҳәрекет еткен еди. Узақ даўам ететуғын ҳүжжетли иззертлеўлер, ҳәттеки, ақырында тийкарсыз тастыйықлаў арзаның өзи шәртнамаларға зыянын тийгизиўи мүмкин еди. Ол Марванға талап етилген сумманы «консультант хызмети» сыпатында төлегенин айтып берген еди. Бирақ олар және талап еткенде — бул рет миллион евро, ол Интерполға хабарласқан еди. Агентлер усланды ҳәм оларға 25 жыл қамақ жазасы қәўипи турған еди. Бирақ олар бирге қатнасқан адамлардың атларын айтыўға ўәде берип, шәртнаманы айыплаў менен тамамлағанда, оларды қамақханада өли тапқан еди. Оларды өлтиргенлер улыўма табылмады ҳәм ис жүзи тоқтап қалған еди.

Француз рәсмий ўәкил Рэмзиди ҳеш нәрседен айыпламаса да, оннан кеширим сорап келди ҳәм оны айыпкер өз-өзинен ҳәрекет еткенин, ал француз спецхызметинен ямаса ҳәкимияттан ҳеш қандай адамды таныстырып өтпеди.

Деген менен, Рэмзи азғантай болса да францзуц разведкасынан бир адамның ҳәммесиниң артында турғанынан гү-

манланған еди, өйткени сол адам қамақханадағылардың айтып қоймаўы ушын оларды өлтириўди шөлкемлестирген. Ол Рэмзиден ҳәзир де қорқытып пул өндирмекши.

Соның ушын, Рэмзи ҳеш кимге исенбей Марван менен байланысқан еди. Егер оған қарсы француз спецхызметинен биреў (ҳәттеки өз-өзинен болса да) ҳәрекет етип атырған болса, қандай да француз полициясына усы исти ашып таслап, оларды айыплы таўып судқа алып келеди деп үмит етиўге бола ма?

Лифт бесинши қабатта тоқтады. Марван сыртқа шықпай ойланып турып қалды. Мүмкин, Рэмзи ҳақ шығар? Оның ҳаялы усы белгисиз агент пенен басынан баслап-ақ ислеп атырған шығар? Не ушын? Оның ҳаялының мақсети қандай еди? Рафик ҳәм Клодетт Рэмзи бахытлы ерли-зайыбқа уқсайтуғын еди: олар бай еди, бир-бирин жақсы көретуғын еди ҳәм ол өз жумысынан кеткенде, өз ҳәзлиги ушын жасаўға ҳәрекет еткен еди. Не болған екен өзи?

Лифттиң есиги жаўылып баслады.

Марван өзине келди. Онда еле барлығын ойланып шығыўға ўақыт болады. Ал ҳәзир ол затларын жыйнастырып, қаладан шығып кетиўи керек. Егер полиция оның менен сөйлесиўди қәлесе, Рэмзидиң ҳаялы оны табады. Бирақ ол снайпердиң оғын ямаса келеси бомбаны күтейин деп атырған жоқ.

Ол есикти тоқтатты да, сыртқа шығып, коридордан оңға қарай бурылды. Бул коридор әдеттен гөре қараңғылаў еди, лампочкалары күйип кеткендей ямаса ашып алынғандай еди.

Күтилмегенде коридордың ең шетинде бир көринис жылт етти. Марван бир тысырлыны еситти ҳәм оны тапқанын түсинди.

# 4

Коридорда оқ атыў болған ўақытта, Марван шепке қарай атлықты. Оқ қасындағы дийўалға тийди ҳәм сыбаўы шашырап кетти.

Рэмзидиң квартирасындағы сақшылардың биреўинен алған пистолетти алып оқ үзди. Усы ўақытта коридордың екинши тәрепиндеги есик ашылды. Марван артына қарағанда, қараңғылықта және бир адамды көрди — бул лифттеги ҳаял еди.

Марван полға өзин атты ҳәм және еки оқ үзилип, дийўалға тийди. Ол ҳаялға қарай гөзеп, еки мәрте атты, кейин, айланып алдындағы адамға қарай оқ атты. Оқлардың ҳеш бири нышанға тиймеди, бирақ ол бир еки секунд ўақыт утты.

Бир неше метр алдында номерлердиң бирине киретуғын оңға қарай шығатуғын жол бар еди. Бул бекинис жүдә исенимли емес еди, бирақ оннан басқа жол жоқ еди. Ол және еки тәрепке еки мәртеден оқ атты ҳәм жуўап атыўлар болғанда, мүйешке қарай атлықты. Еки тәрептен атылған оқлар анық оған еле тийген жоқ еди. Бирақ бундай болып узақ даўам етпейди.

Және оқ атыслары болды.

Олар қәдем таслап жақынласып киятыр.

Онда бир неше секундтан артық ўақты жоқ еди.

Марван оңға ҳәм солға қарай еки мәртеден оқ атты, кейин қапталға қарай «Тынышлық сақлансын» деген табличканың астына барып турды. Соннан кейин, ол есикти еки аяғы менен теўип, оны топсасы менен сындырып ашты ҳәм ишке қарай кирип кетти. Және оған қарай оқ атыслары болды.

Нөмер бөлмениң ишинде қатты қорқысып қалған еки жас жубайлар бир-бирине жабысып, аўқат тасылатуғын тележка артында турған еди.

— Кроваттың астына! — деп сыбырлап буйырды Марван. — Шаққан!

Ол өзиниң жаўыз емеслиги ҳаққында айтып түсиндирип отыратуғын ўақты жоқ еди. Ол мүмкиншилиги болғанынша оларды қәўипсизлик пенен тәмийинлеўди қәледи. Олар кроват астына оның пистолеттен бос обойманы басқа толысы менен алмастырып атырғанына қарап, көз үзбей еңбеклеп барды. Кейин ол айна есикти ашып, балконға қарай шықты.

Усы ўақытта ол жаңа оқ атысты еситти ҳәм оқ оң ийнинен тесип өткенин сезди.

Оқтың соққысынан айна стол үстине қулап түсти. Ол албырамастан секирип бойын атты да, бөлме ишине қарай оқ атты, ал екинши қолы менен жүзин жапты. Айна есик майда-майда болып шашырап кетти, бирақ ол анық нышанға тийгизди. Жемчуклы моншақ таққан ҳаялдың көкирегине еки оқ тийди. Ол қышқырып жиберди ҳәм жерге қулады.

Биреўинен қутылды. Енди екиншиси бар.

Жарақатына қарамай Марван орнынан турды ҳәм майда қыяқларды үстинен қағып, ҳүжим болады деген тәрепке, есикке қарай нышанға алыўы менен бөлмеге кирди. Жас ҳаял қорққанынан зорға демин алып атыр еди. Күйеўи оны тынышландырыўға ҳәрекет етип атыр, бирақ пайдасыз.

Марван қатты ғәзепленди. Ол тоқтаты да, жемчуклы моншақ таққан ҳаялдың жүрек соғысын тыңлады. Ҳаял еле тири еди. Оқ оған жүдә зыянсызлаў ҳәм анық емес жерине тийген екен. Ҳаялдың пистолетин қапталға ысырып жиберип, оны арқасына айландырды ҳәм оның кийими жүдә тез қызыл қанға боялып атырғанын көрди.

Ол есик тәрепке оқ атты да, өзине бир неше секундты утып алды, кейин ҳаялдың мойнына пистолетти тақады.

— Сени ким жиберди? — деп сорады Марван тисиниң арасынан.

Ҳаял айтарлықтай есинен кетиңкиреп турған еди, ҳәлсиз күлиңкиреди, бирақ ҳеш нәрсе айтпады.

Марван сораўды французша тилде қайталады, бирақ ол ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди.

Марван жуўапты талап етип:

— Сени Клодетт Рэмзи Сан-Паулдан жиберди ме?

Ҳаялдың жүзинде бирден қорқыныш ҳәм таң қаларлық түс енди. Бул ат оған таныс екенлиги анық көринип турған еди. Ҳаял Сан-Паул ҳаққында да билетуғын еди. Ол ҳаялдың мойнына пистолетин қаттырақ басты, бирақ ол айтыўдан бас тартты. Бирден ҳаялдың көзи ойнап кетти ҳәм ол өлди.

Марванның жүреги адреналин ҳәм өш шөли менен аралас қатты-қатты урып турды. Ҳаялдың пистолетин алды да, магазинин тексерди ҳәм ол еки пистолети менен атып, коридорға атлығып шықты. Қараңғы коридорда ҳүжим еткен жасырынып турған екинши адам тири қалыўға мүмкиншилиги қалмады. Марван оның өли денесиниң үстине еки босап қалған пистолетин таслады. Кейин сол өлген адамның пистолетин алды, ал оның пиджагының қалтасынан қосымша патрон обоймасын алды. Ол адамда ҳеш қандай қағаз да, паспорт та жоқ еди.

Марван жас жубайлардың номерине қайтып келди. Жемчуклы моншақ таққан ҳаялдың да документи жоқ еди. Бул көринбейтуғын ҳәм аты-заты жоқ қараңғылықта тосаттан ҳүжим етиўши профессионаллар еди. Ал егер Рэмзи ҳақ болса не? Егер бул негизинде — француз агентлери болыўы мүмкин?

Ҳәзирше биреўи анық: олар есаптан алжасқан.

Марван енди ийниндеги аўырыўды ҳәм жүзиндеги майда қыяқлардың тилип кетиўинен қан ағып турғанын қатты сезе баслады.

Сонда ол гүдок даўысын еситти.

# 5

Өз орнында қалыў керек пе ямаса қашыў керек пе?

Дәрҳәл бир шешимге келиў керек еди. Полиция тез арада усы жерде болады ҳәм бул оның тынышланыўын улыўма азайтпайды.

Бул анық өзин-өзи қорғаў еди. Бирақ бул қандай мәниге ийе болыўы мүмкин? Оның артынан аңылып аўлаўға шыққан. Ол аўлаўшыларға да оның ҳәр бир қәдеми белгили болды. Олар оның Монакоға келгенин билди. Марван басқа ат пенен ҳәрекет қылса да, олар оның «Меридьен» мийманханасына келип тоқтағанын билди. Олар оның Рэмзи менен ушырасқанын, қай жерде көрискенин ҳәм ўақтын билди. Оларға оның қайсы машина менен қайтатуғыны ҳәм қайсы лифтте көтерилетуғыны белгили болды. *Қалайынша бундай болыўы мүмкин? Олар қаяқтан биледи?*

Әлбетте, оның изине түсип жүргенлер европалық ямаса жергиликли полициялардан ямаса сырлы хызметлерден болмаўы мүмкин. Бирақ бул бәрибир анық емес болып турған еди. Оның изинен басқа ким түсиўи мүмкин? Оның келиўи ҳаққында жүдә аз адамға мәлим еди ҳәм еки күн алдын барлығы жобаластырылған.

Марван мийманханаға алып келген таксистти табыўға ҳәрекет етиўди шешти. Егер ол еледе төменде болса, егер оны усы атысыў қорқытпаған болып, полиция оны кетиўине мәжбүрмелеген болса ҳәм оны күтиў шаршатып жибермеген болса, — онда Марван бул белгини Қудайдан деп қабыллап, жасырыныў керек деп есаплайды. Ол Миланға қарай жол жүреди, ал ол жерден Римге қарай жүреди ҳәм мүмкинши-

лиги болғанынша дәрҳәл Бейруттағы иниси менен байланысады.

Егер такси жоқ болса, онда бул жасырыныў мүмкиншилиги жоқ болғаны ҳәм Марван қалыўды шешеди, кейин, оның тәғдири шешиледи. Солай етип, ол жақсы хабарлардың келип шығыўына үмит етип, полицияға барыўы тийис.

Егер оның еледе көбирек ўақты болғанда, онда ол еледе жақсы жобаны ислеген болар еди. Бирақ онда тек ғана бир неше секунд ўақыт бар еди.

Марван пистолетин қалтасына салып, ваннаға барды да, бет-қолларын жуўды. Ол мүмкиншилиги болғанынша қанларды сыпырып кетириўге ҳәрекет етти, ал кейин ызғар салфетка менен ийниндеги жарақатты сыпырды. Кожалы курткасы оқтың соққысын пәсейтиңкиреген, бирақ жарақатты тигиў керек ҳәм тәжирийбели жәрдемисиз жараның күшейип кетиў қәўпи бар.

Деген менен, ол аўырыўды басатуғын таблеткадан басқа ҳеш нәрсе қыла алмайды, оны пластик банкадан алып, оларды денесине септи. Бинт пенен таңыўдың орнынана ол жарақатын салфетка менен курткасының астынан таңды ҳәм қанға бөленген сүлгини алып таслады. Соннан кейин, ол ваннаның қасындағы дийўал шкафындағы жас жубайларға тийисли бир сумканы алды да, аварийний шығыў есигине қарай жуўырып кетти.

Текшеден түсип баратырып, ол мийманхананың капталдағы шығыў есигине қарады. Полицияның бир машинасы әлле қашан келген. Ишинен еки полиция секирип түсип, ишке қарай жуўырып кирип кетти. Таксист оны еле күтип турған еди. Бир неше метрде турған машинаға жетип барып, ол арқа отырғышына отырды.

Ол француз тилинде:

— Аэропортқа, — деди.

Шофер орнынан қозғалмады.

Марван англичан тилинде де сол сөзди қайталады, бирақ нәтийже шықпады.

Ол таксистти ийнинен силкип, оятыў ушын алдыға умтылды ҳәм денесинде қан көрди. Шофер шекесинен атып өлтирилген еди.

Марван және пистолетин қолына алды. Ол машина қоятуғын орынды, жолды ҳәм баслы кириў бөлимге көз таслады. Ҳеш ким жоқ. Полиция машиналарының жақынлап киятырған гүдок даўысы еситиледи.

*Бул белги нени аңлатады?* — деп ойлады ол. — *Такси бар, бирақ шофер жоқ.*

Сонда оған қорқынышлы ой келди. Машинаның есигинде ҳәм ишки салонында оның бармақ излери толып атыр. Егер ол ҳәзир жасырынса, онда ол адам өлтириўши сыпатында гүман астында болады. Ол қамаққа алыныўға туўра келеди. Оның ис дәрежеси тамам болады. Оның компаниясы бәлеге дуўшар болады. Бай адамлар адам өлтириўши болып изленип атырғанларды айыплы емес деп анық дәлилленбегенше жалламайды.

Деген менен, ол қашып кетсе онда ала алмайтуғын бир мүмкиншилик болады, қалса — өмирин сақлаў мүмкиншилиги болады.

Болып өткенлерди есапқа алып, Марван Монте-Карлода қалса, ол өзине өлим жазасын алады. Оның изине түсип жүргенлер ол ҳаққында жүдә көп нәрсени биледи ҳәм ерки олардың қолында болады. Егер жасырынса, онда ол Монакодан ҳәм Европадан кетип, қақпаннан қашып қутылыўға үмит етиўине болады. Солай етип, онда ким ҳәм не ушын изинен түсип жүргенин ҳәм арман қарай не ислеў креклигин ойланып алыўға да ўақты болады.

Солай етип, ол бир шешимге келди. Ол жасырыныўы тийис.

Марван ҳәр тәрепке көз шолып алды да, артына қарады. Жақын жерде ҳеш ким жоқ еди. Ол алдыға қарай умтыл-

ды да, алдыңғы отырғышты артқа жатқарды. Таксистти арт-қы орынлыққа өткерип, өзи машинадан түсти ҳәм машинаны айланып алдыңғы есикти ҳәм оның багажын ашты.

Багаждан ол одеял ҳәм жол картасын тапты. Өли денени одеял менен жапты, ал картаны алдынғы орынлыққа қойды. Бардачоктан ол машинаның документинен басқа страхование карточканы ҳәм квитанция бланкасын, және де, бир пачка салфетка менен кетчуп салынған пакетти тапты. Салфеткалар керек болады. Марван және жән-жаққа қарады да, мүмкиншилиги болғанынша жақсылап, тез-тез машинаны сыпырып тазалады.

Марванның бахтына шофер өлтирилгенде, оның отырған тәрепиндеги айна ашық болғаны жақсы болды ҳәм айна сынбай қалыпты. Марван машинаға отырды да, айнаны жаўып, машинаны ходлады ҳәм және айнадан әтирапты көзден өткерди. Ийни солқылдап аўырып турған еди, бирақ бул ҳаққында оның ойлап отыратуғын ўақты жоқ еди.

Полиция машинасының жанып-өшип туратуғын свети жақынласты.

Мийманхананың менеджери ортаңғы кирер аўызда турып, полицияны күтип алды. Ол Марван тәрепке қарап бир нәрсе деп бақырды, ол буны кетиў керек белгиси сыпатында қабыл етти.

Марван машинаны әсте ғана мийманхананың машина қоятуғын орнынан бурып, батыс тәрепке қарай жол алды.

Италияға кетиў надурыс болар деп шешти ол. Францияға қарай жүриў жақсы шешим. Оның Марселде азғантай ақшасы, кийими ҳәм бир неше жасалма паспорты бар. Европаның бир неше қалаларында ҳәм Жақын Шығыста бундай сырлар оның жумысында абайлы болыў ушын жүдә әҳмийетли еди. Марселде бир неше сааттан соң болыўы итимал. Сол жерде ол машинадан ҳәм өли денеден қутылады ҳәм самолетқа отырып, Касабланкаға ушады. Мароккода ол айтарлықтай ҳеш кимди танымайды. Көп жыллар-

дан берли ол жерде болған жоқ еди. Қашанлардур сол жерге улыўма келмейтуғынын айтып, ант ишкен еди. Бирақ бул ретте ол жүрегине унап қалған ҳаялға барыўдан басқа ҳеш нәрсени жақсы деп ойлап та көрген жоқ еди.

# 6

Инспектор Жан-Клод Годдар хызмет барысындағы ҳәм теле машиналардың арасындағы (сенсация жаңалығы әлле қашан миллион теле көриўшилерге алып берилген еди) өзиниң таза емес еки қапылы «Рено» машинасына отырды ҳәм Рэмзидиң иморатының жанынан машина ушын орын тапты. Бардачоктан өзиниң пистолетин ҳәм жетонын алды да, ол сыртқа ноябрь суўығына шықты.

Ол Монакода айтарлықтай жигирма жылдай детектив болып ислеп киятыр, кейинги бес жыл ишинде — бас детектив болып ислеп киятыр. Усы ўақытқа дейин ол усындай иске дус болып көрген жоқ еди.

Италия ҳәм Францияның арасында жайласқан дүньядағы кишкене мәмлекет (Ватиканнан кейинги кишкене мәмлекет) болған 2 кв. км пляж территориясы ҳәм 32 мың турғынға ийе Монте-Карлода әлбетте, майда жынаятлар болып турған еди, мысалы урлық ҳәм басқа да машқалалар. Солай етип, бул жерде Европаның басқа жерлерине қарағанда миллионерлер жүдә көп болғанлықтан, бул қала өзине ашкөзлик ҳәм көре алмаслықты шақырыўы таң қаларлық емес. Бирақ мина қойылған машина? Адам өлтириўшилик? Оннан қала берсе, бир күнде ҳәр бир жерде көп адам өлтириўшилик? Бул усы күнге дейин ҳеш қандай қулақ еситип, көз көрмеген ўақыя.

Ол көшеде ширип атырған, көмирге айланып баратырған «Рэндж Ровера» тулғасының жанынан өтти ҳәм имараттың айўанына кирди. Ол лифтте жоқарыға көтерилди ҳәм өли денени атлап, квартираға кирди. Оның жәрдемши-

си жигирма сегиз жасар сары шашлы Колетт Дюваль оны мийманханада күтип алды. Ол жерде жүдә көп болмаған, бирақ жынаят орынды тексерип үйренип атырған тәжирийбели группа бар еди.

— Бул жерде бизлер өзимизди жақсылап услаўымызға туўра келеди, — деди Дюваль.

Өмиринде жүдә сулыў квартираны биринши мәрте көрген ҳәм усындай қырғын болған селт етпейтуғын жерде бираз қалыўға ҳәрекет етип, Годдар:

— Бизлерге не нәрселер белгили болды? — деп сорады.

— Сиз шефтан алдын ала берилген мағлыўматты алдыңыз ба? — деп сорады Дюваль.

— Аўа.

— Ондай болса баслайық.

Жәрдемшиси оны бөлмениң ортасында жатырған пор менен сызылған семиз еркек адамның жанына алып барды.

— Өлтирилген Рафик Рэмзи Сулейманов пенен таныс.

— Бул Мысыр миллионери сол Рэмзи ме? — деп сорады Годдар.

— Мениңше, сол адам. Сиз оның менен таныссыз ба? — деди Дюваль.

— Мен оның менен ҳәм оның ҳаялы менен бир неше жыл алдын Гран-Приде танысқан едим. Ол атақлы адам. Ол әжағасы менен Асуанда ямаса Луксорда жарлы болып өскен еди ҳәм кейин ала фараондай бай болып кеткен. Алдын олар темир рудасын, алтынды, фосфотты ҳәм басқа затларды қайта ислеў менен шуғылланған. Ал инисиниң өлиминен соң ол тәбийғый газ пенен Нил дәрьясының қуярында шуғылланды ҳәм усы мал-дүньяны жыйнаған. Улыўма айтқанда, ол унамлы адам болып, әпиўайы, таңламайтуғын ҳәм жағымлы адам еди. Оның ҳаялына келсек..., — деди Годдар.

Годдар даўысын пәсейтиңкиреп:

— Ҳаялы усы жерде ме? — деп сорады.

Дюваль яқ деп басын ийзеди.

— Улыўма жоқ.

— «Улыўма жоқ» деген нени аңлатады?

— Оны еки ҳәпте алдын Парижде урлап кеткен.

— Ҳе-е, — деди Годдар, өзин айыплы сезип.

— Бул барлығы емес, — деди Дюваль.

— Жәнe не?

— Рэмзидиң биринши ҳаялынан туўылған жалғыз қызы, тап сол күни, анасы урланған күни өлтирилген.

Годдар маңлайын жыйырды. *Бул не? Әкеси өлтирилген. Қызы өлтирилген. Анасы урланған. Бул бийшара шаңарақтың үстине қандай нәлет келип қалған екен?*

— Ол неше жаста еди?

— Қырық екиде.

— Яқ, ҳаялы емес, қызын сорадым, — деди Годдар.

— Кеширерсиз, — деп Дюваль өзиниң жазыўына қарады. — Бригитте он еки жаста еди.

Годдар басын шайқады. Оның қызы жақында онға шығады.

— Гүман астына алынғанлар бар ма? — деп сорады ол. Ол усы ўақытта өз ойында усы жаўыз жынаятты ислегенлерди таўып, оларды жуўапкершиликке тартаман деп өзине ўәде берип турған еди.

— Ҳәзирше жоқ, — деп жуўап берди Дюваль.

— Ал гүўалар бар ма?

— Биреўи бар болыўы мүмкин.

— Ким?

— Марван Аккад деген бир адам, — деди Дюваль.

— Оны табыңлар, — деп буйырды Годдар. — Ҳәм оны мениң алдыма алып келиңлер.

# 7

Марван шама менен бир саатай жолда еди. Ҳәммеси гүңгиртке уқсайтуғын еди. Ондағы қорқыныш, шаршаў ҳәм жарақат аўырыўы анық ойлап алыўына кесент берди ҳәм сезими де ҳәлсизленип қалды.

Ол ҳәр бир жол шегарасынан өткенде, оны тоқтатып услайды деп күтти. Полицияның машинасын көргенде, мени тоқтатады деп ойлады. Бирақ ҳәзирше ҳәммеси тыныш. Ҳәттеки, жүдә тыныш болыўы да мүмкин.

Монакода оны әлле қашан излеп атырған шығар. Оны Италияда ҳәм Францияда излейди. Яғный, егер ол Европада күтип турыўды қәлесе, онда ол буны ислей алмаған болар еди. Ол Арқа Африкаға кетиўи керек. Бирақ ол парома кемесинде кете алмайды, себеби буған жүдә көп ўақыт кетеди. Ол самолетта кетиўи тийис. Бирақ өзиниң аты менен кетиўге болмайды. Демек, усындай жағдайларға жарайтуғын жасалма паспорты керек. Яғный, тек Марселден ушып кеткен жағайда ғана, ол еркинликте жүре алады.

Егер есте сақлаў қәбилети алдамаса, саат онда «Роял Эр Марок» рейси Касабланкаға түн ортасында ушады. Әлбетте, ол жерде қәўип бар. Аэропортта оны услап алыўы мүмкин, бирақ онда басқа жол жоқ. Ол ҳәрекет етип көриўи керек.

Жол белгиси жылтылтады — жүз километрден көбирек қалды. Ол өз-өзине урысты да, газды басты.

Марван А8 шоссесинен айдап баратыр. Ол усыған уқсаған магистралда жүдә ҳәлсиз екенин жақсы түсинетуғын еди. Бирақ жағадағы шосседен ямаса қапталдағы жолдан

айдаўға онда ўақыт аз еди. Ўақыт соның өзинде де қысқа, ҳәттеки, аэропортқа өз ўақтында жетип барғанда да, машинаны ҳәм арттағы өлини не қылады? Самолетқа қалай шығады? Билет тек ғана сатып алынбаған емес, ал ҳәттеки, алдын ала бәнт етилип те қойылмады.

Ол бейрутлы номерди терди. Таң қаларлығы оған таныс даўыс жуўап берди.

— Алло?

— Рами, мен Марванман.

— О Қудайым, әжаға, бул шынында да сенбисең? Қалайсаң? Мен жаңа ғана радиодан мынаны еситтим: Монтер-Карлода қандай да қорқынышлы ўақыя жүз берген — ол жерде атыспа болған, машина жарылған, — бирақ толық хабар бермеди.

— Менде ҳәммеси жақсы, — деди Марван. — Тек азғантай күйип-писиңкиреп қалдым.

Негизинде ол жарақатының аўырыўынан зорға шыдап турған еди, бирақ инисин тынышсызландырыўдың кереги жоқ. Не болса да оны буның менен тынышын алғысы келмеди. Тынышсызландыратуғын басқа себеплер бар еди.

— Сен бир өзиңсең бе? — деп сорады ол.

— Аўа, — деди Рами. — Басқалары өз үйлерине қайтып кетти.

— Жақсы. Маған сениң жәрдемиң керек.

— Әлбетте. Не болып қалды?

— Ҳәзир айтып беремен, — деди Марван, — бирақ алдын маған самолетқа билетке буйыртпа бер.

— Қашанға?

— Кешке.

— Қаяққа?

— Марселядан Касабланкаға.

— Марселядан? — деп сорады Рами. — Бирақ мен ойлаған едим, сен...

— Рами, илтимас. Саған ҳәзир ҳәммесин түсиндиремен.

Марсель — Касабланка. Кейинги рейси қашан екен?

— Саат сегизде отызда, бирақ...

— Мен кейинги рейс шама менен онда деп ойлаған едим.

Марван күтилмегенде шеп тәрепинде патруль машинасына уқсас машина қуўып киятырғанын көрди. Ол әсте ғана газды жибериңкиреди. Рами сөйлеўин даўам етип атыр еди.

— Марван, маған исене бер. Мен оның менен жүз мәрте ушқанман. Рейс 256. «Роял Эр Марок», «Эр Франс» пенен бирлескен. Ушыў саат 8.30. Касабланкаға қоныўы саат 10 да.

Патруль машинасы парын жағып өширди. Марван даўыслап тоңқылдап қойды.

— Не? — деп қайта сорады Рами.

— Ҳеш нәрсе, — деп жуўап берди Марван. — Басқа жоқ па екен?

*Тоқтаў керек пе?* — деп ойланды Марван. — *Онда не болады? Артқы орынлықтағы өликти қалайынша түсиндиреди?* Оған инисиниң компютердиң кнопкасын басып атырғаны еситилип турды. Ол оның қалайынша барлық агентликлерди тексерип атырғанын анық көрип турғандай еди.

— Тилекке қарсы, жоқ, Марван, — деди ақыры Рами. — Егер сен бүгин Касабланкаға барыўды қәлесең, тек ғана 256 рейси бар екен. Ал сен сол жерде қалып азанда биреўи менен ушыўыңа болмай ма?

Марван еле де қатты күйип писти. Ол тезликти пәсейтип, жолдың шетине айдады.

— Яқ, — деди инисине. — Мен бүгин ушыўым керек.

— Ондай болса сен 8.30 ўақтындағы рейске отырыўың керек. Сен қай жердесең?

Патруль машинасы жақынлады.

— Билетке буйыртпа бер, — деди Марван.

— Бир тәрепке ме?

Марван машинаны тоқтатты да, авария сигналын қосып жиберди.

— Яқ, еки тәрепке.

— Қайтарсынғы билет қашанға?

— Оны ким биледи?

— Яқшы, — деди Рами. — Бир нәрсе ойлап көрермен. Аэропортта сениң сол ячейкаң еле бар ма?

Марван жуўап бермеди. Ол жақынлап киятырған патруль машинасына қарап турған еди.

— Марван, — деп жуўап талап етти Рами, — Марселдеги сейф — ол сенде еле бар ма?

— Сондай болыўы мүмкин! — деп бақырды Марван. — Мен Марсельге не ушын келгенмен?

— Яқшы, яқшы, ашыўланба, — деди Рами, — мен саған тек жәрдем бермекши едим.

Марван қапталда жатырған пистолетке көз қырын таслап қойды. «Ашыўланба» деп айтыў аңсат.

— Билетти қайсы атыңа буйыртпа берейин?

— Карделлаға, — деди Марван.

— Джек Карделлаға ма?

— Аўа.

— Яқшы. Өткелде ме ямаса айнада ма? — деди Рами.

Марван жуўап бермеди. Ол әсте ғана телефонды қойды да, қолын пистолетке созды. Ол инисиниң телефоннан еле сораў берип атырғанын еситип турды ҳәм бармақлары менен пистолеттиң суўық услағышынан қысты.

— Марван! Мени еситип турсаң ба?

Алақаны терден ызғарласып кетти. Жүреги тез-тез соғып турды.

— Марван!

Машина тоқтамай қасынан өтип кетти.

Оны излеп жүрген жоқ екен. Ярым километр аржақта қызыл «Порше» тоқтады. Марван силкинип кетти, ол өзиниң ислеген ҳәрекетин ямаса ислеўге таяр турған ҳәрекетинен

жеркенип, өзин ауыр сезди. Ол ҳеш қандай айыпсыз полицияны өлтириўди тек ойлап ғана қойған жоқ еди, — ол оған қарай оқ атайын деп қалды. *Оған не болып атыр? Ол кимге айланып баратыр?*

Марван өзиниң ишки кеўлине қарағандай болды ҳәм ол түн болайын деп турған қараңғылықтан да қара екенин көрди.

— Марван! — деген инисиниң даўысын және еситти. — Не болып атыр өзи?!

Марван пистолетти орнына қойды да, шалбарына алақанларын сыпырды ҳәм тыныш дем алыўға ҳәрекет етти. Ол және телефонды қолына алып, былай деди:

— Аўа, Рами, мен мындаман. Кеширерсиз.

— Не болды? Ҳәммеси жақсы ма?

— Яқ, — деп жуўап берди Марван. — Ҳәммеси емес.

Ол моторды ходлады да, Марсел тәрепке қарай жүрип кетти. Сол ўақытта бөгетти бузып өткендей, инисине болған ўақыялардың ҳәммесин айтып берди. Рэмзи менен болған сәўбетин. Адам өлтириўшилик ҳаққында. Машинаның бомбы менен жарылыўы ҳаққында. «Меридьен» деги атысыў туўралы. Артқы орынлықта еле жатырған өлтирилген таксист ҳәм ҳәзир сөйлесип атырған телефон ҳаққында. Өзиниң жасырыныў туўралы шешим қабыл еткенин ҳәм өзи де адам өлтириўге сәл қалғанын.

Бул тән алыўшылық албырағанынан ҳәм өзин айыплы сезгенин келип шықты. Бирақ бул Рамиге жеткериўи керек болған мағлыўматлардан ибарат еди. Өйткени ол компаниядағы екинши адам еди, ал болып өткен ўақыя туўрыдан-туўры түске енгендей болып көринген еди. Ең баслысы Марванға кейинги саатларға болған ўақыяға инисиниң анық пикири керек еди.

— Сен мени қәте иследи деп ойлайсаң ба? — деп сорады Марван өзиниң сөзин тамамлап.

— Сол ўақыядан соң Монте-Карлодан кетиўиң бе?

— Аўа.

— Яқ, — деп жуўап берди Рам екиленбестен. — Мен де сондай қылған болар едим.

— Ырас па?

— Әлбетте, — деп тастыйықлады Рами. — Сениң басқа шараң жоқ еди.

— Ал егер сени полиция тоқтатқанда не? — деп сорады Марван. — Сен не қылған болар едиң?

— Соған дейин бармағанына Қудайға шүкир қыл, — деп жуўап берди Рами.

Бирақ Марван Қудайға шүкирлик қылатуғындай жағдайда емес еди. Ол неше жылдан берли Оған ашыўланып жүрген еди. Оның дуўасы ҳеш нәрседей болып шыққандай еди. Дуўалары ҳеш қандай жетип барғандай емес еди, ал өз сораўларына жуўап та алмаған еди. Жарақат жазылмады. Өзине жақын Рамидан басқа адамлардың ҳәммесин жойтқан еди. Ал ҳәзир ол өз қоллары менен қурған мийнетиниң ҳәммесин жойтыўы мүмкин.

— Булардың ҳәммеси бизлерди бәлеге дуўшар қылады, — деди Марван бир неше минуттан кейин.

— Ямаса бизлерди өлимге алып барады, — деп белгилеп қойды иниси.

Марван ишинен қатты қысылып киятыр. Рами ҳақ еди, Марван да оны усындай жағдайға түсиргенине өзин жаман сезди. Ол ҳәмме ўақытта Рамидиң қорғаўшысы еди, ал ҳәзир болса екеўине де үлкен қәўип туўып турыпты.

— Өкинемен, — деди ол. — Мен бундай болады деп күткен жоқ едим.

Бирақ Рами оның ақланыў сөзин де еситкиси келмеди.

— Мен ушын қәўетерлен бе, — деди ол.

— Бирақ мен қәўетерленип атырман, — деди Марван.

— Марван, менде ҳәммеси жақсы, өз жайында болады, — деди Рами. — Сениң де жағдайың жақсы болады. Өйткени буннан да жаман жағдайлар болған еди.

— Билмедим, иним, — деп суўық демин алды Марван. — Билмедим.

# 8

Қаланың жоқарысында полицияның вертолётлары ушып жүрипти. Монте-Карлодан келетуғын, кететуғын барлық жолларда қадағалаўшы пунктлер бар. Машиналарды, таксилерди, автобусларды ҳәм поездларды, және де, больница ҳәм мийманханаларды тексерип атыр. Вертолётлар ушын порт ҳәм жеке аэродромлар жабық еди. Ниццедеги аэропорттың Монакоға хызмет ететуғын жумысшылары ескертилген.

Деген менен, кишкене қаланы қозғаўға салған жынаят истиң гүўасы болған Марван Аккад табылмады. Полиция изге түсиў ушын Рафик Рэмзидиң өлтирилиўи туўрысындағы ҳеш қандай бир дәлили болмады. Инспектор Жан-Клод Годдар басын шайқады (оның асқазаны күйреп тур еди) ҳәм балконға шықты. Ол түнги таза ҳаўадан дем алды ҳәм бетон жағаға урылып турған толқынларға қарады.

— Мине, сиз қәлеген фото, — деди Колетт Дюваль оған жаңа шығарылған таза 21х27,5 см размериндеги фотоны берип атырып.

— Бул бақлаў камерасынан ба? — деп сорады Годдар.

— Аўа, мырза, — деди Дюваль. — Ол жерде ҳәммеси тайын.

— Ҳәзир бараман, — деди Годдар.

Оның қолында Марван Аккадтың сүўрети бар еди. Бул жас келискен жигиттиң сүўрети еди, бирақ сыртқы көриниси менен кино жулдызы сыяқлы жүдә көзге тасланбайтуғын еди. Оның денеси ақшыл сарыдан келген, шашы қара қырқылған еди. Ол жақсылап қырынған ҳалда еди (усы фо-

тосүүретте), муртсыз, сақалсыз ямаса шеке сақалсыз. Мурны — жүдә үлкен емес, ийеги — жүрекли. Дене көриниси жақсы формада. Годдар аңлаўынша ҳеш қандай айрықша минез көринбейди. Ҳеш қандай жарақат орны, кемшиликсиз — оның аламан ишинен айырып туратуғын ҳеш қандай белгиси көринбейди. Шешиўши түрдеги сақшы.

Годдар дыққатын Морванның көзине қаратты — үлкен, қара ҳәм ол күткенинен бетер жүдә ысық, өткир көзли, ақылы пүтин, бирақ және де, қандай да тәртип-интизамлы ҳәм ҳәттеки, жақсы нийетлиге уқсайды. Бул көзлерде Годдар бир нәрсени дәрҳәл анықлаўға қыйналды, бирақ бул оны қызықтырып қойды. Мүмкин, бул қайғының мөри болса керек?

— Буны көбейтип, ҳәммесин адамларымызға тарқатың, — деп оны жайғастырып қойды. — Ҳәм де телевидениеге де жибериң. Ол гүўа сыпатында изленип атыр деп айтыңлар.

— Яқшы, мырза.

— Және де, сый ҳаққында да жәрияланлар.

— Қанша? — деп сорады Дюваль.

— Бизлердиң счетымызда қанша қалды?

— Мениңше, жүз.

— Яқшы, ҳәммесин ал, — деди Годдар. — Бул қорқынышлы жынаят ислегенлерди жуўапкерликке тартыўға жәрдем беретуғын мағлыўмат ушын 100 мың евро. Бизлерде Интерполда бар ҳәммесин сөзсиз хабарла. Мүмкин, оларда Марванға арналған бир нәрсе бар шығар.

— Ҳәммеси исленеди, мырза.

— Излеўди күшейтиң, — деп қосты Годдар. Ол еледе көбирек тынышсызланды.

— Сиз Марван әлле қашан Монте-Карлода жоқ, деп ойласыз ба?

— Билмедим, — деп тән алды Годдар. — Бирақ Канна, Сент-Рафаэл, Йера, және де, Италиядағы Альбенги ҳәм Генуи аэропортларына хабар бер.

— Сондай узақ па? — деп қайта сорады Дюваль.

Годдар басын шайқады.

— Бизлер қәўипке жол қоя алмаймыз, Колетт. Бизлер адам өлтирген ҳаял ямаса еркек екенлигин билмеймиз. Бизлер кимди излеўимиз кереклигин билмеймиз. Ҳәзирше бизлердиң жалғыз үмитимиз — бул Марван. Ол елеге дейин усы жерде болыўы мүмкин. Егер бизлер қәтелесип атырған болсақ не болады?

— Аўа, мырза.

— Және де, темир жол станциялары менен кишкене қалалардағы паром кеме жүретуғын жерлер менен байланыс. Маған ҳәр бир ярым сааттан мәлимлеме берип тур. Мен жаңа хабарлардан хабардар болып турыўым керек.

— Және бир нәрсе. Сиз оған қоңыраў қылдыңыз ба? — деди Дюваль.

Годдар үндемей яқ деп басын шайқады.

— Бирақ, мүмкин, усылай ислеў керек шығар? — деп абайлап даўам етти сөзин Дюваль.

— Аўа, сиз ҳақсыз, — деп суўық демин алды Годдар.

— Буны мен ислеўимди қәлейсиз бе?

Годдар буны қәлейтуғын еди. Бирақ бул қаншелли жағымсыз болыўына қарамастан, буны ол, бас детектив ислеўи тийис, — кейинге қалдырмаў керек.

— Яқ, — деди ол ақыры. — Мен өзим. Тек ғана номерин тер. Бул жүдә үзликсиз деп айт. Соннан кейин телефон трубкасын маған бер.

— Яқшы, мырза, — деди Дювалль. — Қоңыраў етип атырман.

Годдар уйықлайтуғын бөлмениң жанындағы басқа детективтиң оған бақлаў камерасынан жазылып алынғанды көрсеткен кишкене кабинетке кирди. Оны Рэмзи менен Марванның сөйлесиў ўақтындағы, Рэмзидиң жүзиндеги тынышсызланыўы ҳәм Марванның арқайын турғаны таң қалдырды.

— Тоқта, — деди алдыға умтылып, бирден Годдар. — Аўа, усы жери, және бир мәрте айландырып қой.

Марван Рэмзиге конверт берип атыр еди. Биринши реакциясы есинен айырылайын деди, ал кейин — ашыў? Ғәзеплениў?

— Бул не болды екен? — деп сорады Годдар детектив. — Ол конверт ишинен нени алды?

— Көринбейди, — деди детектив, — мырза Аккад жаўып атыр.

— Ал басқа камералардан жазылғанлар жоқ па?

— Яқ, мырза. Тилекке қарсы, бизлерде бары усы.

— Бул қандай да фотосүўрет-ғо?

— Соған уқсайды.

— Үлкейттириўге бола ма? Анығырақ ете аласаң ба?

— Ҳәзирше яқ, мырза, — деди детектив. — Бирақ бизлердиң жумыс орнымыздағы аппаратурада урынып көриўимизге болады.

— Ҳәрекет ет, — деп буйырды Годдар. — Кейин қандай да нәтийже шықса, мениң менен байланыс.

# 9

Мәселениң негизи ол Марселя Лемьени жақсы көрмейтуғын еди.

Болмаса буны атаўға болмайтуғын да еди. Оның менен бирге ислесиў былай турсын, оның менен бир мәрте сөйлесиўдиң өзи — Годдар буған шыдамайтуғын еди. Бирақ не ислеў керек? Лемье Клодетт Рэмзидиң урланыўы ҳәм Бригитта Рэмзидиң өлтирилиўи ҳаққындағы мәселени алып барып атырған еди. Ол хабар бериўи керек еди. Ол жынаят болған орынды ҳәм Рэмзидиң квартирасында орнатылған камерадан алынған жазыўды көргиси келеди. Ол бул ҳаққында керекли болған гүўа Аккадқа айтып бериўи керек, егер оны таба алса.

Оннан қала берсе, пүткил Европа бойынша полициялар ишинде Лемье қандай да тири аңыз болып есапланатуғын еди. Ол бир неше даўрығы жайылған жынаятлар ислерди ашқан еди — адам өлтириўшилик, адам урлық, банк урлығын — бай адамлар, тәсирин тийгизетуғын досларға ийе абырайлы адамлар менен байланыслы.

Деген менен, Годдар оған сабыр етпейтуғын еди. Олар еки мәрте бирге ислеўге туўра келген еди ҳәм бул еки мәртеде онда жағымсыз тәсир қалған еди.

2000 — жылы бәҳәрде Монте-Карлода дем алып атырған француз дипломаты жойтылып кетти. Үш күннен кейин оның ҳаялы қунын төлеўди талап еткен хабар алған еди, бирақ төлемеў туўрысындағы шешим болған еди. Бир ҳәптеден кейин Годдардың адамлары суў жағасына ылақтырылған оның күйеўиниң өли денесин тапқан еди. Сол

күни бир козиноның официанткасының өли денеси табылған еди, бул өзин-өзи өлтиргенге уқсайтуғын еди. Бул жерде байланыс болған ба екен? Годдар ҳаялдың досларынан ҳәм ағайинлеринен сорастырып баслады. Еки суткадан соң ол еки ўақыяның арасындағы байланыстың уқсас дәлилине ҳәм ҳәттеки, ҳеш кимде исенимли алиб болмаған гүман астындағы үш адамның атына ийе болған еди.

Бирақ сол гезде Лемье араласып, оннан туўрыдан-туўры оннан ис мәселесин алып қойды. Ол бул исти алғаны тез ашыў емес, деп айтқан еди Годдар өз кәсиплеслерине. Бул ис кейин ала улыўма ашылмай қалды. Барлық мағлыўматтың ўақты да өтип кетти. Гүман астындағылар еркинликте қалды. Жынаят дәлили жоқ болып кетти. Жынаят изине түсиў барысында (егер буны улыўма усылай атаўға болса) Лемье өзин менмен ҳәм қопал тутты ҳәм ақырында, бул «шешилмейтуғын» деп жәриялады да, жағымсыз ҳәм өкинишли сезим қалдырып, Парижге кетип қалды.

Соннан кейин, олар 2003 — жылы француз магнат-суў асты кеме ийеси — 25 миллион доллар туратуғын яхтасында баллары менен жоқ болып кеткенде дусласқан еди. Сол ўақытта магнат-суў асты кеме ийеси баллары менен Монте-Карлодан Жер Орта теңизине айланыўға кеткен еди. Годдардың бул кеше болғандай етип ҳәммеси толығы менен ядында. Азанғы алтыда жумыс орнынан қоңыраў болды. Жойтылған адамның қояншық ҳаялы. Улыўмалық хабарлар арасында жинлилик. Таң қалдыратуғын баслы темалар.

Францияның премьер-министриниң достысына белгили болғанына қарағанда адамның жойтылыўы ҳәр күни емес. Бирақ оларды табыў мүмкин емес. Өли дене де, қан да жоқ. Улыўма ҳеш қандай из жоқ. Бирақ ҳәммеси жуўап талап етеди. Париж газеталары Монте-Карлоның ҳүкиметиниң ҳәрекетсизлигин тынбастан айыплап атыр. Годдарды қысқыға алды: нәтийжени талап қылды — бармақ излери, гүўа, ис мәселениң барысына керекли болған ҳәр бир нәрсе-

ни талап қылды. Ол аўқат жемеди. Ол уйықламады да. Ол өз адамларын тынбастан ислеўге мәжбүрледи ҳәм өзи де димарсызлықтан больницаға түсейин деп қалды.

Ақыры, бир нәрсе жүз берди. Олар күткен, дуўа еткен ҳаққында бир нәрсе болды. Годдар магнаттың баллары рус банкири деп есаплаған бир адамға қарыздар болып шыққанын билди. Ал негизинде сол адам рус мафиясында жумыс ислейтуғын адам екен. Годдар сол адамның Монте-Карлода квартирасы бар екенин билди ҳәм оны қаланың ишинде көрген еди. Оннан қала берсе, магнаттың жоқ болған ўақтында оның еки жолдасы гаванада көзге түсип қалды — олар катерди ижараға алыўды қәлеген еди.

Ис орнынан қозғалды. Годдарда гүман астындағы ҳәм мотив болды. Ол баслықтан Москваға ушып, иззертлеўди даўам етиўге рухсат сораў ушын хабарласты. Оған қарсы жуўап бергенде, ол қатты таң қалды. Бир саат өтпей-ақ оның кабинетине Лемье кирип келди, бул ис оған берилиўине арза берди ҳәм сол ис бойынша барлық документлердиң копиясын талап қылды. Годдар келисим бермеди, бирақ оның бас тартыўы баслығы тәрепинен бийкарланды.

Москваға Годдар емес, ал Лемье ушып кетти. Бул ис те изсиз тамамланбай қалды. «Банкир»диң жәрдемшиси сырлы түрде жоқ болып кетти, ал өзи болса пүткиллей аянышлы алибаны алып келди. Бирақ Лемье таң қаларлық жумсақлық қылды. Тез арада руслардан гүман қылыныўды алып таслады ҳәм Лемье Парижге қайтып келди. Ол сол исти контроль астында услаўды ўәде берди, бирақ ис жүзинде оны ашық көриўге мүмкиншилик бермеди. Оннан қала берсе, рус «банкири» бир неше Монако ҳүкимет басшыларынан арнаўлы кеширимлилик алды, ал Годдар бир ҳәптеге жумыстан шығарылып, айлығын услап қалды. Себеби буның тийкары етип, оны «Монаконың баҳалы достысын тийкарсыз сораўға тутты» деп айып қойылған еди.

Мине, ҳәзир Европаның детективлерининң ишинде қопаллырақ болған Марсель Морис Лемье қайтып киятыр.

Дюваль балконға шықты да, Годдарға трубканы узатты.

— Бул сол, — деди сыбырлап ол.

Годдар көзин сыпырды ҳәм трубканы қолына алды.

— Инспектор Лемье, сени еситиўден қуўанышлыман, — деди жөгисип ол.

— Сиз мениң дем алысыма кесент бердиңиз, — деп жуўап берди Лемье.

— Өкиништемен, мырза, бирақ ҳеш нәрсе ислей алмайман. Сиз ушын жаман жаңалығым бар деп қорқаман.

— Сизиң қоңыраўыңыз — әлле қашан-ақ жетерли жаман жаңалық, — деп гүбирледи Лемье.

Годдар өзин услады. Бул адам шыдап болмайтуғын адам.

— Сизге мырза Рэмзи өлтирилгенин хабарлаўға мәжбүрмен.

Линияның екинши тәрепи тым-тырыс болып қалды.

— Рафик Рэмзи? — деп ақыры сорады Лемье.

— Тилекке қарсы, сол, — деп тастыйықлады Годдар ҳәм қысқа етип өлим жағдайы ҳаққында әлле қашан оған мәлим екенин де айтып өтти.

— Гүман астында болғанлар бар ма? — деп сорады Лемье.

— Ҳәзирше жоқ, бирақ бизлер енди ғана иззертлеўди басладық ҳәм мен сиз буған жәрдем бере аласыз деп ойлаған едим.

— Гүўа бар ма? — деп сорады Лемье.

— Бизлер усының менен шуғылланып атырмыз, — деп жуўап берди Годдар. — Бир адам бар, Марван Аккад, ол сақшы агентининң бас администраторы. Ол Рэмзиге оқ атылғанда, оның менен бирге болған. Рэмзи оны жаллайын деген шығар. Бизлер Рэмзи оған оны ким өлтириўи мүмкин болған бир нәрселерди айтып, түсиндирген шығар деп үмит етемиз.

— Үмит етемиз дегениң нени аңлатады? — деп сорады Лемье. — Сен не, оны еле сораўға тутпадың ба?

— Яқ, — деди Годдар, — ҳәзирше яқ.

— Әжайып, — деп Лемье ашыў менен сөйледи. — Оннан өзим сораў аламан. Мен аэропортқа баратырман. Мени жигирма минуттан соң биреў вертолёт площадкасында күтип алсын.

— Жигирма минут? — деп таң қалды Годдар. — Сиз Парижде емессиз бе?

— Яқ, мен Ниццедемен.

Лемье буны Годдар билиўи керектей етип айтты. Не болса да, ол буған мәжбүр қылып көрсетти. Дюваль оған не ушын ескертпеди екен? Ол Годдардың күтилмеген нәрсени жаман көретуғынын билетуғын еди. Бул ушын басынан ақмақлықты алып таслаў керек — бирақ ҳәзир емес. Ҳәзир онда асығыс басқа жумысы бар.

— Яқшы, мырза Лемье, — деп жуўап берди ол. — Адамларымның бири сизди сөзсиз күтип алады ҳәм Рэмзидиң квартирасына алып келеди. Бирақ сиз еле Марван Аккад пенен сөйлесе алмайсыз деп қорқаман.

— Не ушын? — деди талап еткен даўыс толқыны менен Лемье.

— Марван жоқ болып кетти.

— Жоқ?

Годдар ҳаўаны ишине тартты. Ҳәммесинен аз болса да, буған Лемьеге тән алыўды қәледи.

— Тилекке қарсы, сондай. Ол белгисиз түрде кетип қалған. Бирақ қаланың ишинен шығып кетиў жоллары тосылған. Тез арада оны таўып, сораўға тутамыз. Ол бизлерге керекли гүўаларды айтып бериўи мүмкин. Оннан қала берсе, ол бир ғана гүўа.

— Яқ, мырза Годдар, — деди Лемье. — Тилекке қарсы, сиз бул жерде қәтелесиз. Марван Аккад гүўа емес. Мен ушын ол — ең баслы гүман астындағы адам.

— Гуман астындағы адам? — деп сорады Годдар. — Бизлер ол ҳаққында ҳеш нәрсе билмеймиз, — ол ҳеш ким, ҳеш нәрсе ушын бул жерде болған — ҳеш нәрсе.

— Онда билип ал, — деп қаттырақ айтты Лемье. — Оны тутқынға алыў ушын ордер бер ҳәм Миланнан Марселге дейинги ҳүкиметке хабар бер. Оның қашып кетиўине жол қоймаў керек. Ямаса — мырза Годдар, — сеннен баслап басларыңыз ушады — деп ўәде беремен.

# 10

Жаўын қуйып баслады. Марван хәўлиниң светин жақты да, өзи исенбей жүрген хәм ығал трасса жолда машинасына сыйдыра алмаған Қудайға дуўа ете баслады. Күтилмегенде, оның тынышын алып, тынышлықты бузып, сотовый телефон шыңғырлады.

— Алло?

— Марван, бул мен, Рами. Сен жетип бардың ба?

— Яқ, жетип бармадым еле.

Марван саатына хәм картаға қарады, ишки сезими қаттырақ сызлап кетти. Саат сегизге шамаласты, ал ол болса жаңа ғана Марселя дөгерегинде баратыр.

— Рами, — деди ол. — мениңше, мен үлгермеймен.

— Марван, сен үлгериўиң тийис, — деди Рами. — Сенде басқа жол жоқ. Арқа Африкадан сени алып кете аламан, бирақ француз түрмеханасынан емес. Еле алыс па?

— Бес километрдей, мүмкин, он шығар, бирақ саатыңа қара.

— Аўа, аўа, билемен, — деди Рами. — Бирақ сен аэропортқа жетип бараман дегенше, бизлер бир нәрсени ойласыўымыз керек.

— Не нәрсе, мысалы?

— Бириншиден, сениң телефоның, — сен бул телефонды таксисттики деп айтқан жоқ па едиң?

— Аўа.

— Бирақ сен Прагадағы бизлердиң скрэмблер арқалы қоңыраў қылмадың ба?

— Әлбетте.

— Демек, полиция сениң маған қылған қоңыраўыңды тексере алмайды, — деди Рами. — Деген менен, олар ҳәрекет етип көреди, соның ушын сол телефон менен артық қолланыўға болмайды. Сөйлесип болғанымыздан соң, оны таслап жибер. Түсиндиң бе?

— Түсиндим.

— Касабланкаға жетип барғаныңда, спутникли телефон нақ ақшаға сатып ал, — деп даўам етти Рами, — Басқа жақтан қосылыў мүмкин болмаған жақсысын сатып ал.

— Яқшы.

— Содан тек ғана маған қоңыраў қыл. Басқа ҳеш кимге қоңыраў қылма.

— Яқшы, ҳешкимге қоңыраў қылмайман.

— Марван, мен ҳәзиллесип атырғаным жоқ, — деп талап қылып айтты Рами. — Сен шаршағансаң, сенде нерв қозғалыўы болған. Сен өзиңдемессең ҳәм қатты абайлы болыўың тийис. Сен өзиңде кишкене қәтеге жол қоймаўың керек. Болып өткенлерди бизлер шешемен дегенше, сен тереңге сүңгип кетиўиң керек ҳәм сол жерде қалыўың тийис. Сен ҳеш қандай досларың менен көриспеўиң, бурын болған жерлерде болмаўың керек.

— Бул қыйын емес, — деп алдады Аккад. — Мароккода мен ҳеш кимди танымайман.

— Яқшы, — деди Рами. — Солай ислеў керек.

Рами Ранияның Парижден кетип, ҳәзир Касабланкада жасап атырғанын билмейтуғын еди ҳәм Марван бул ҳаққында ҳәзир айтып отырыўға кеўилине сыймайды.

— Тыңлап ал, — деп даўам етти иниси, — бир нәрсени анық айтыўға болады. Клодетт Рэмзи мәселесинде сениң сезгирилигиң сени алдамады. Оның ҳаялы тири, ол Сан-Паулда ҳәм ол ақшаны өткермелеў менен шуғылланып атыр. Демек, барлығы көринип турғанындай, ҳәммесиниң артында оның ҳаялы турыпты. Бизлердиң буны әлле қашан билгенимиз жақсы болды.

— Ал не нәрсе жаман? — деп сорады Марван. Марселде жаўын күшли жаўып атыр ҳәм оның ийни еледе қаттырақ сызлап аўырыўын күшейтти.

— Олардың артынан жүргенинди оған, оның қолында ислейтуғынларға белгили.

— Түсинбедим, — деди Марван. — Бул ҳаққында тек ғана мен ҳәм Цюрихтеги ҳәм Сан-Паулдағы мениң менен ислейтуғынлар биледи.

— Ал олар екеўлик ойынды алып баралмай ма?

— Буны көз алдыма келтире алмайман, — деп жуўап берди Марван. — Мен оларды он бес жылдан берли билемен.

— Рэмзидиң телефонын сырттан тыңлай алмайтуғын ба еди? — деп сорады Рами.

— Монте-Карлода ма?

— Яқ, Парижде.

— Бундай болыўы мүмкин, — деп келисим берди Марван. — Бирақ ким? Сақшылар агенти ме?

— Ямаса полиция, — деди Рами. — Ол француз разведкасының биреўинен гүманы бар екенлигин айтқан едиғо.

— Аўа.

— Демек...?

Марван ойланып қалды. Мүмкин, Рами ҳақ шығар.

— Сен Рэмзиге қоңыраў қылғаныңда не ҳаққында сөйлескен едиң? — деп сорады иниси. — Сен фотосүўрет ҳаққында айтқан едиң бе? Сан-Паул ҳаққында ма?

— Яқ, әлбетте, яқ, — деди Марван. — Мен тек ғана кейинге қалдырып болмайтуғын асығыс хабар бар деп айтқан едим. Оның менен жеке ушырасыўым керек, бирақ Парижде емес, деп те айтқан едим.

— Монте-Карлоны сен усынған ба едиң?

— Яқ, ол айтқан еди.

— Ҳәммесин, қаяқта ҳәм қашан ушырасатуғыныңызды толығы менен саған телефон арқалы хабар берген бе еди?

— Анық сондай.

— Мине, бунның түсиндирмеси, — деди Рами, — телефон сырттан тыңланған.

— Сол тыңлаған адам мен не ҳаққында айтқанымды билмеген, — деп даўам етип тоңқылдады Марван. — Олар тек ғана қандай да қатал ҳәм қәўипли бир нәрсе екенин түсинген. Клодетт ҳәм оның адамлары албырасқан. Солай етип, операция исин кесип таслаўды шешкен.

— Анық сондай, — деди Рами, — ҳәм тек ғана Рэмзиди жоқ қылыў емес, ал сени де жоқ етиўди қәлеген.

— Демек, оларға мениң тири екенлигим еле мәлим, — деди Марван, — Монте-Карлодағы олардың ҳүжими нәтийже бермеди.

— Яғный, олар қорқып атыр, — деп даўам етти Рами. — Олар сени таўып, өлтирмегенше, тынышланбайды.

— Демек, бизлер оларды бизлерди таппасынан алдын табыўымыз керек.

— Буны қалай ислеймиз?

— Биринщиден, Сан-Паулға адамларды жибер, — деди Марван. — Клодетти табыў керек ҳәм оның қашыўына жол қоймаў керек. Егер бизлер оны тапсақ, ол бизлерди басқаларды табыўымызға жол ашады.

— Солай де, — деди Рами. — Мен бунның менен шуғылланаман.

— Екинщиден, Монте-Карлода ким жынаят исин изертлеп атырғанын бил, — деп даўам етти Марван. — Ол бунның менен байланыслы ма, ямаса оған исениўге бола ма, билип ал.

— Түсиндим, — деди Рами. — Және не?

— Сен Парижде кимди таныйсаң?

— Разведкада мениң жақсы достым бар, — деп жуўап берди Рами. — Сен Парижге бармасыңнан алдын, мени Парижде ўәкилимизди ашыў ушын жибергениңде, оның менен танысқан едим. Ол айтарлықтай үлкен дәрежеде

жумыста ислейди. Ол ҳәммени таныйды ҳәм ол маған жууапкер.

— Жақсы. Оған бир нәрселер белгили шығар. Бирақ абайлы бол, Рами. Бизлер еле ким менен исти алып барыуымыз кереклигин билмеймиз.

— Қәуетерлен бе. Достым жүдә абайлы болады.

— Жақсы.

Жауын жауыуы еледе күшейди, ҳауаның дәрежеси бирден түсип кетти. Бирақ ол әлле қашан аэропорт белгисин көрди. Ол айтарлықтай орынға келди.

— Сәубетимизди тамамлаймыз, — деди Марван. — Мен айтарлықтай келип қалдым.

— Жақсы, — деп жууап берди Рами. — Абайлы бол. Үш күннен соң маған қоңырау қыл.

— Жақсы, — деп тастыйықлады Марван. — Ҳәм Рами...

— Ауа, Марван?

— Саған рахмет.

— Мен сениң иниң емеспен бе?

# 11

Марван аэропорттың машина қоятуғын орнына келди. Саат анық сегиз болған еди. Ол машина қойыўға орын тапты ҳәм моторды өширди. Кейин ол бармақ излерин өширип, салонның ишин сыпырды да, артқы орынлықтан затлары бар сумканы алды ҳәм кетип баратырып, гилтти, пистолетти ҳәм телефонды ҳәр түрли қутыға таслап кетти.

Ол саат 8:12 де баслы терминалда болды. Мүмкиншилиги болғанынша тез, ҳеш нәрсеге дыққат аўдармастан, ол өз ячейкасына барды. Оны ашып, ол жалған паспортты, он кредит карточконы (ҳәр бир атына екеўден) ҳәм майда купюрдан бир неше евро алды. Ол және де, алмастыратуғын кийимлерди, контакт линзаны, — бул арқалы оның көзи қарадан гөри жасыл түске енеди, — ҳәм кишкене рюкзакты алды. Ол қапысын жапты да, қутыға Клодетт Рэмзидиң фотосын таслады ҳәм жақын жердеги туалетке кирди.

Саат 8:21 де ол «Роял Эр Марок» окошкасына барып, билетин сатып алды ҳәм посадка талонын алды.

— Мырза Карделл, асығың, — деди сары шашлы тик турған ҳаял. — Самолетқа отырыў әлле қашан басланды.

Марван паспорт контролына асықты. Оның алдында бир неше адам бар еди. Полициялар ҳәм штат агентинен адамлар әлле қашан усы жерде еди. Аэропорт олар менен толы еди. Марван гезекте турды ҳәм өзин тәбийғый етип тутыўға ҳәрекет етти, бирақ оның жүреги қатты-қатты соғып турды. Ол қамаққа алыныў ҳәм сораўға тутылыў туўрысында ойланыўды тоқтатыўы керек. Енди тынышланып, басқа биреўдей болып өзин тутыўы керек.

Ол ой-пикирин Ранииге туўрылаўы тийис. Ол өз жүзинде оның қолын сезиўин еске түсириўге, оның жыллы демин, оның духииниң мазалы ийисин сезиўи керек. Ол есикти ашқанда, не айтады? Өзи не айтады? Ол оны үйине киргизе ме екен? Үйинде басқа ҳеш ким жоқ па екен?

Ол тек ғана ол ҳаққында ойлаўды қәледи, бирақ гезек әсте алдыға жылжып баратыр ҳәм оларды басқа пикирлер бийлеп алды. Ол полиция ориентиринде қандай категорияда болар екен? Оны гүўа сыпатында ямаса еки адамды өлтирген айыпкер сыпатында излей ме екен? Барлық аэропортлар, темир жол вокзаллары ҳәм Франциядағы ҳәм Италиядағы мийманханалар ескертилген бе екен? Ямаса тек ғана жақын Монте-Карло ма екен? Мәниси бойынша — ол шығып кете алды ма екен ямаса илмек оның әтирапында созылып киятыр ма екен?

Ол айнадан өзиниң сыртқы көринисине қарады. Жылан терисинен тигилген туфлидиң асты еки дюйм болып, оның бойын үлкен қылып көрсетти. Жыртық дженси шалбар, қара футболка, «Грейтфул Дэд» жазыўы бар джинс курткасы, МП3-плееринен хит жаңлап турыпты, қара очки ҳәм рюкзак, — буларда ол бурынғы президент ҳәм премьер-министриниң сақшысынан гөре Европа бойынша саяхат етип жүрген америкалы студентке уқсайды. Ол өзин зорға таныды. Кереги, усы еди.

Сегиз француз полициясы оның документлерин ҳәм металл излейтуғын қуралы менен багажын тексерди. Ол ҳәмме оған дыққат аўдарып атырғандай етип сезди. Көп ўақыттан берли усындай тәризде ҳәрекет етип көрген жоқ еди. Ол бул мәрте адастырыў қәўипсизлигин алып бара алар ма екен?

Ақыры оның гезеги келди. Ол рюкзагын, Монте-Карлодағы жас жубайлар номеринен урланған сумканы затлары менен конвейрге тексериўге қойды. Кейин ол жалған америка паспортын, билетин ҳәм посадка талонын көрсетти.

Бас жандарм, яғный бас полицияшы бульдогқа уқсас шашы қысқа етип қыйылған ҳәм тар формада тартылған. Оның жүзинде қәҳәр көринип туратуғын еди. Ол документлерди жақсылап, жүдә жақсылап тексерип атыр.

Марванның жүрегиниң соғысы күшейип кетти.

Жандарм француз тилинде бир нәрсе деп сорады.

— А? — деп сорады Марван, наушникти қулағынан алып ҳәм улыўма түсинбеўшилик көринисинде.

Жандарм англичан тилине өтти.

— Мырза Карделл, сиз қаяққа баратырсыз?

— Касабланкаға, достым, — деп анық калифорниялы акцент пенен жуўап берди Марван. — Егер тачка тапсам, улыўма Рабатқа бараман.

Ол жалған детектор жалғаны арқалы жуўап бермегенине қуўанышлы еди.

— Сиз бир адам болып жүрсиз бе?

— Тилекке қарсы, сондай.

— Жумыс пенен ямаса айланып жүриў ушын саяхат етип жүрсиз бе?

— Тек ғана айланып жүриў ушын, не болса да, сондай деп үмит етемен, — Марван күлимсиреўге ҳәрекет етип, тексериўшиден қандай да жыллы қатнас алыў ушын ҳәм ол босасып, жылдам оны жибериў ушын.

Оның бул ис-ҳәрекетинен ҳеш нәрсе шықпады. Керисинше, полицияның көриниси еледе күшлирек ғәзепли көринди.

— Сизде қурал-жарақ бар ма?

— Жоқ, — деп жуўап берди ол, айтарлықтай өкинеште болғандай.

— Наркотик не?

Бул жеңил сораў еди. Ол өмиринде ҳеш қандай наркотик қолланып көрмеген еди. Бирақ ол образдан шығып кетпеўи керек.

— Бүгин яқ, — деп ол мысқыллы түрде жуўап берди.

Жандарманың бул да кеўлин көтермеди.

— Сизиң қасыңызда он мыңнан аслам евро бар ма?

Марван жылдам есаплаў қылды. Егер ол қәтелеспесе, онда шама менен еки мыңдай бар. Ол және мысқыллы жуўап берди.

— Ҳәзиллесип атырсыз ба?

Жандарм қасын көтерди.

— Бул жаққа келиў ушын мен өзимниң «Харлей» имди сатыўыма туўра келген еди, — деп түсиндирди Марван. — Айтарлықтай ҳәммесин саўып шамаластым. Мен Францияда ҳәммеси соншелли қымбат екенин билмеген едим!

— Рабаттың қай жеринде боласыз?

Марван исенимсизликти сезди. Ол Франциядан шығып баратырғанда усындай сораўлар берилгенин еслей алмайды. Оның ким екенин тапты ма? Не ушын әпиўайы ғана қолға алмайды? Оның аўзы кеўиңкиреп қалды.

— Қыздың үйинде, — деп ақырында жуўап берди ол.

Бул және жалған еди. Ол Раний менен ярым жылдан берли көриспеген еди. Оның үйине киргизетуғынына көзи де жетпейди. Бирақ оның пүткиллей диңкеси қурыды. Ийниндеги жарақат улғайып баслаған еди. Мароккада оның бәнт етип қойған номери ямаса дослары жоқ ҳәм ҳәзир ол жаққа ушыўдың исенерли себеп етип басқа нәрсени ойлап таба алмайды.

— Демек, наркотик жоқ? — және сорады жандарм.

— Ҳәй, мүмкин, мен ақмақ шығарман, бирақ оншелли емес.

— Сениң сумкаңның ишин көрсем бола ма? — деп сорады ол, гүманланып турғаны көринип турған еди.

Марван рухсат берди ҳәм Монте-Карлодан алған сумканың ишинде не бар екенин асығып жүрип көрмегени дәрҳәл есине түсти. Ол бул сумканың — күйеўиники ме ямаса ҳаялыники ме, анық билмейтуғын еди. Буны билиў тек усы сегиз қуралланған адамлардың алдында туўра келип тур.

Жандарм рюкзактан баслады.

Және бир джинсы. Еки ески футболка, булардың жууылыўға мүтәж болып турғаны көринип тур. Патас ишки кийим. Бирақ тазасы да бар. Плеер ушын батарейкалар. Гөнерген Гришаманың «Фирма» деген жумсақ қаплы китап. «M&Ms» пакети. Сақал қырыў ушын станок. Ески тис щеткасы. Жартысына дейин қолланылған «Crest» тис пастасы. Дезодарант ҳәм алтын колцосы бар бархат коробкасы.

Марван оны көрип, және есине көп нәрселер түсти. Ол бул кольцо ҳаққында улыўма умытып кеткен еди. Ол бул ҳаққында көп айлардан берли есине алмапты. Ол буны Раниige саўға қылған еди. Кейин ол оған қайтарып берген еди. Оның сезими сыртқа шығып кетейин деп қалды ҳәм бирден — пүткиллей күтилмегенде — Марван жандарманың көзинде жыллылық көринисти көрди.

— Үйленейин деп атырсаң ба? — деп сорады ол.

— Егер ол қәлесе, — деди Марван өзин услаўға ҳәрекет етип. — Болмаса «Харлей»ди не ушын саттым?

Жандарм азғана күле шырай берди де, басын шайқады. Ол затларды рюкзакқа салды ҳәм сумкаға тийисип баслады. Марван демин ишке жутты.

Тилекке қарсы, сумка ҳаялдың кийимине ҳәм косметикасына толы еди. Көйлек, шомылыў кийими, тар джинсилер. Узын ҳәм қысқа өкшели аяқ кийимлер. Ишки кийимлер. Ҳәммеси қымбат ҳәм таза еди (ҳәттеки биркасын, яғный товар маркасы қыстырылған қағаз да сақланып қалған). Булардың барлығы Марван Аккад (ҳәзирги ўақытта Джек Карделл) усына алмайтуғын түсиндирмени талап ететуғын еди.

Марван оның жүзинде таң қаларлық көринбей ме екен, деп ойлады.

— Мүмкин, сизди Жак емес, ал Жаклин Карделл деп атаса дурысырақ болатуғын шығар? — деп сорады жандарм ҳәм күлип қойды.

Оның дослары да, американецке қаратылған дыққатқа күлисти.

— Кеширерсиз, — деди ақыры жандарм. — Мениң түсиниўимше, бунның барлығы — бал айы ушын.

Марван ушын күтилмегенде, ол оған көзин қысты.

Марван, өзиниң албырағанын билдирместен, оған жуўап ретинде көзин қысты.

— Биле қоясаң, жигит.

# 12

«Скелет» келди.

Годдар ҳәм Дювалль Лемьени усылай атайтуғын еди. Ол былай деп айтатуғын еди — «тек ғана сүйектен ибарат, ал жүрек жоқ». Ол тез арада усы жерде болады.

Годдар балконнан вертолёттың площадкаға қонғанын, оның ишинен узын бойлы, арық адамның шыққанын ҳәм оған жиберилген нышанды билмейтуғын уқсап машинаға отырғанын көрди. Машинада келиў жүдә узақ емес, площадка сулыў көп ханалы комплекси «Соверейн Плейс» тен жүз метрден жақын жерде еди. «Соверейн Плейс» орны Рэмзидиң шаңарағы ушын арасында үй сыпатында болған еди (және де, мысалы, Монако принцессасының бири ушын).

Годдардың билиўинше, Рэмзиде және де төрт үй бар еди. Биреўи — Орта теңизи жағасының қубла тәрепинде, Александрияда. Бул жерде Рэмзи өскен еди. Екиншиси — бул Маадидеги сулыў қаладағы үйи, Каир қаласының жанында, «Блю Найл Холдингз» баслы офисине жақын жерде. Үшиншиси — Швейцариядағы Давоста жайласқан қымбат баҳалы жай, Рафик өзиниң ден саўлығына зыян тийгизбейтуғын жасына жеткенде лыжада ушыў ушын оны жийи кирейге алып туратуғын еди. Ақырында, әжайып қырық акр майданлы Париждеги орын, Клодеттиң туўған қаласы ҳәм ол жерде олар көп ўақтын өткерген еди.

Монте-Карлодағы квартираны алыў Клодеттиң пикири еди. Бул ҳаққында Годдар атыспа ўақтында өз орнында болған олардың жеке аспазынан билген еди. Клодетт жазда

келетуғын бомонда ўәкиллерине көрсете алыў ушын ҳәм бай досларын қабыллай алыўы ушын өзин дүньядағылар өмир тәризиндей етип жүретуғын еди, деп айтып берген еди ол.

Телефон шыңғырлады. Годдар трубканы көтерди. Кейин жәриялап:

— Киятыр, — деди ҳәм ҳәммеге шығыўға команда берди.

Еки мәрте тәкирарлаўдың кереги жоқ. Ҳеш кимде Скелет пенен ушырасыў қәлеўи жоқ еди. Ҳәр бири оның менен ислесиўге туўра келип турған еди. Соның ушын, ҳәммеси, фотосүўретке түсирген, бармақ излерин алғанлар, өлшем ислегенлер, писен жыйнағанлар жумысларын тамамлады да, қурал-үскенелерин жыйнастырып, мүмкиншилиги болғанынша тез ҳәм әсте квартирадан шығып кетти. Олар толығы менен өзлериниң жумысларын иследи. Өли дене алынған еди ҳәм ҳәммеси майда-шүйде ис пенен шуғылланды. Егер олар керек болса, қайтып келеди. Ал ҳәзир ҳәммесиниң кеўли тоқ, соның ушын шығып кетиўге болады, соның менен бирге, Дювалль да.

Бир неше минуттан соң лифт есиги ашылды ҳәм Лемье шығып келди.

— Сәлем сизге, инспектор, — деди Годдар.

Лемье жуўап ретинде басын да шайқамады. Ҳеш нәрсе сөйлемеди. Күлмеди де. Ол ҳәттеки, Годдардың созған қолынан алмады да. Ол дәрҳәл мийманхана бөлмеге кирди — әсте ҳәм метод пенен, арасында еңкейип, қанның тамшыларын ҳәм пор менен сызылған белгини үйренип шыққан болды. Әсиресе, оны оқ атылған мүйеш қызықтырды.

— Тамамлағаныңыздан кейин, сизге өлтириўши ҳаял ямаса еркек қолланған қарама-қарсы жайласқан квартираны көрсетемен, — деп усыныс қылды Годдар. — Адамларым ол жерден винтовка ҳәм гөзегиш тапты.

Лемье үндемеди. Ол писенди санады. Кейин ол атысыў болған дийўалдағы, китап полкасындағы, столдағы, отырғыштағы ҳәм дивандағы оқ излерине өтти.

— Гильзада бармақ излери жоқ, тилекке қарсы, — деп даўам етти Годдар.

Лемье бул мәрте де ҳеш нәрсе айтпады. Тынышлық басым болды.

Годдар оның изинен бақлап турды. Ол жүдә узын ҳәм дым арық еди. Оның сабан сыяқлы сүйекли ийнинде лондон қара плащы бар еди. Оның жүзи қара түнек басып турған еди. Ол 62 жаста еди, ол Годдардың әкеси менен айтарлықтай қатар ҳәм тақыр бас еди, тек ғана қулағының жоқарысында еки тал кишкене шашы бар, ал ҳәңкийип турған мурнының астында — кишкене ақшыл мурты бар.

Бирақ ҳәммесинен бетер Лемьениң кишкене, қара-қоңыр көзи Годдардың ашыўына тийетуғын еди. Күшли интеллект ҳәм легендалық фотосүўретли естеликти көрсете отырып, олар ҳеш қандай жыллылық ямаса өлген адамларға ҳәм олардың шаңарағына, адам өлтиргенлерди таўып, оларды жуўапкершиликке тартыў ушын ис-ҳәрекет еткен ҳеш бир адамларға мийримниң ушқыны да көринбейди.

Усындай сезимсиз адамның пүткил Европа бойынша соншелли жоқарғы репутацияда қалайынша ислеўи мүмкин екен? — деп Годдар өзине сораў берди. Аўа, олар исти ашыўы бойынша пүткил дүньяда жынаятшыларды үйрениў даўам етилип атыр. Ал қалдырылған ҳәм эсте ғана сөнип баратырған басқа ис мәселелери не болады? «Уллы» Марсел Лемье ҳаққында гәп болғанда, оларды не ушын дыққатқа алмайды?

— Жынаят болған орынды қаншелли сүйетуғынымды ҳәм ҳәттеки, ийисин унататуғынымды сизлерге айтып жеткере алмайман, — деди ақыры Лемье, бөлмелер бойынша аралап. — Бул сүўретшиниң Моне ямаса Мане ни шеберлик пенен соғылған әжайып картинасына уқсайды. Бул пуан-

тализм, мырза Годдар. Бир детальға жақын қарасақ, реңниң бир точкасы ҳеш қандай мәниге ийе емес сыяқлы. Бирақ мине, сизлер пүткил картинаны көриў ушын артқа қәдем басып атырсызлар, көзлериңизди жумып, тоқтап қалып атырсызлар ҳәм майда-шүйдеси сизлерге ўақыяны айтып береди — анық, жаўызлы ҳәм адамды бийлеп алатуғын. Негизинде тап усындай етип уллы детективлер ҳәрекет еткен. Олар көзлерин жумып, жанларын суўық қылып ўақыяның изине түскен.

Годдар жуўап бермеди. Бул адамды ол улыўма жақтырмай турған еди. Енди ол дизим қағазына менменлик ҳәм уллылық маниясын қосып қоя алады.

Енди Скелет парижли сақшы фирмасы тәрепинен ярым жыл алдын барлық квартираларға қойылған мини-камералардың бирин үйренип шықты.

— Барлық камералардың жазбалары тайын, — деди Годдар, сораўдың алдын алып. — Цифровой жазбада ўақыт сааты көрсетилген. Оларда ҳәммеси жазып түсирилген. Рэмзидиң Марван менен қалай сөйлескени. Рэмзиди қалай атқаны. Сақшылардың қалай өлтирилгени. Марван олардың қалайынша қуралын алыўы. Ҳәммеси усы жерде. Айтпақшы, мен әлле қашан баллистикалық отчет алдым. Railroad

Кеминде «Меридьен» мийманханасындағы еки өли денеде — олардың бириниң пистолетиниң оғы. Сөзсиз, Марван атқан.

Лемье тоқтады да, нәзерин жоқары қаратты.

Бирден таң қаларлық қызығыўшылық көрсетип, Годдар қосымша етип былай деди:

— Машқала мынадан ибарат: камера не болғанларды көрсетеди, бирақ не ушын болғанын айтпайды. Даўыс жоқ. Рэмзи өлиминен алдынғы минутларында не айтқанларын тек ғана Марван Аккад биледи. Телефоннан айтқанымдай, мен сиз сыяқлы үмит етемен — ол усы жаўыз жынаятқа нур шашып, ашып береди.

— Сиз оны таптыңыз ба, мырза Годдар? — деп сорады Лемье, жуўапты анық биле тура.

— Еле таппадық, — деп тән алды Годдар, — бирақ бизлерде изи бар.

— Анық не нәрсе?

— Адам тасыйтуғын компанияның бири машинаның жоқ болып кеткенлиги ҳаққында хабар берди. Такси айдаўшысы еңкейинги мәрте «Меридьена» ға белгиленген екен. Оны таба алмай атыр, ол да қоңыраўға жуўап бермей атыр. Мийманхананың менеджери оның батыс тәрепке кеткенин айтып, тастыйықлап атыр.

— Франция тәрепке ме? — деп анықлық киргизди Лемье.

— Сондайға уқсайды, — деп жуўап берди Годдар. — Ҳәзир мениң адамларым оларды кесип өткен бе екенин тексериў ушын, көшедеги бақлаў камераларды тексерип атыр.

Бул қалалық ҳәкимиятлықты жағдайлы услап турыўға жоқарғы технологияның бир де бир артықмашылығы. Монте-Карлода бақлаў камералары ҳәмме жерге орнатылған. Сени фотосүўретке алмай турып, машина айдап болмайды. Жынаят ислер ҳәмме ўақытта өзге түске кире алмайды, бирақ оны жийи тиклеўге ҳәм айыпкерди табыўға болады.

— Менеджер таксидиң кеткенин қашан көрген?

— Шама менен еки саат алдын, — деди Годдар.

— Марван қаланың ишинде басқа көринбеди ме?

— Яқ.

— Ол Ницце аэропортында да көринбеди ме?

— Яқ.

— Канада да ма?

— Яқ.

— Йереде ме екен?

Бөлме ишинде арман-берман жүрип, Лемье бирден тоқтады.

— Ол Марсельге кетип баратыр, — деди ол. — Мени аэропорттың қәўипсизлик хызметиниң басшысы менен байланыстыр — тез!

# 13

«Роял Эр Марок» 256 рейс самолеты жамғырлы қараңғылықта ушып баратыр. Самолеттың ишинде 140 жолаўшы бар, олардың бири Марван Аккад ямаса Джек Карделл.

Самолет қублаға қарай бурылып, Жер орта теңизиниң үстинен 7 500 метр бәлентликте ушып баратыр ҳәм тезлиги саатына 800 километр. Салқын ишимлик суўы берилди, пилот салонның ишиндеги светти жақты ҳәм жолаўшылардың көпшилиги қалғып отырыпты. Марван уйықлай алмайтуғын еди. Жарақаты айтарлықтай шыдап болмас дәрежеде аўырып атыр. Ол терлеп кетти, кейин ысытпасы көтерилди ҳәм жүреги көтерилди. Ол стюардессадан аўырыўды басатуғын таблетка сорады ҳәм оларды кока-кола менен ишип жиберди. Кейин ол бет-қолларын жуўыў ушын туалетке барды.

Есигин жапты да, ишинде айнаға қарады. Оның көриниси өзин сезиў менен барабар еди: жүзи ағарған, көзи қызарып кеткен. Курткасын шешкенде, ол футболкасының қанға боялғанын көрди. Қан аэропортта қайта кийинип алған ўақтында жарасына таңып қойған қағаз салфеткадан өтип кеткен.

Марван курткасын илдиргишге илдирип қойып, қолларын сабынлап жыллы суўға жуўды ҳәм салфетканы алыў ушын, әсте ғана ийнине жабысып қалған салфеткаларды ығаллады. Бул барыс қатты сызлатып, өзи күткеннен гөре көп ўақытты алды. Стюардесса есикти қақты.

— Мырза, — деп сорады ол, — жағдайыңыз жақсы ма?

— Аўа, рахмет, — деп жуўап берди Марван.

— Анық па? — деп қайта сорады ол.

— Аўа, ҳәммеси жақсы, — деди ол. — Мен шығажақпан.

— Бизлер тез арада қонамыз, мырза. Орныңызға барып отырыўыңыз ҳәм ременди тағыўыңыз тийис.

— Аўа, ҳәзир, — деди ол. — Ҳәзир бараман.

Марван ҳеш қандай өзине ҳеш кимниң дыққатын тартпаўы керек еди. Буған қарамастан ол аўырыўынан өзин қатты жаман сезди, асығып ҳәм жыйырылып, жарақатын жуўды да, оған таза ызғар салфеткаларды басты. Соннан кейин, ол бетлерин шайып, сыпырынды ҳәм раковинаны, столды сыпырып, қолланылған қағаз сүлгини мусор ыдысқа таслады. Курткасын кийип, ол ҳеш қандай қан тамшылары қалмағанына исенимли болыў ушын және бир мәрте айнаға қарады ҳәм туалеттен шықты.

— Сиз шынында да жақсысыз ба? — деп сорады оннан стюардесса.

— Азғантай кеўлим айныды, — деп жуўап берди ол ҳәм усы жетерли болар, ол мени тынышыма қояр деп үмит етти.

— Сизиң көринисиңиз шынында жүдә жақсы емес, — деди ол. — Жетип барғанымызда, сизди врач көриўин қәлейсиз бе?

— Буның ҳәжети жоқ, — деп жуўап берди ол ҳәм оннан және тер шығып кетти. — Қызымның өзи мениң менен шуғылланады. Сиз жүдә әдиўлисиз, сизге миннетдарман.

Оны тынышына қойды. Бирақ Марван және өз орнына отырды, ал самолет Касабланкаға жақынлады, оны және тынышсызланыў бийлеп алды. Аўа, ол Европадан ҳәм Марселден шығып кете алды. Бирақ ол өзине дыққат аўдартып қойды. Бул ҳаял оның жүзин еслеп қалды, көзин, ҳәрекет минезин. Ҳаялға ол ҳаққында сораў бериўден алдын, қанша ўақыт өтеди екен?

Клодетт Рэмзи ҳәм оның жынаятшыларын айтпағанда, кеминде үш мәмлекеттиң полициялары оның изине түсип жүрипти. Олар қанша қашықлықта оған жақынласып қалған екен? Ол аэропортта из қалдырғанын биледи. Олар сол затларды таўып, оның Мароккоға кеткенин билип алады. Егер ол еки күн ишинде тири қалса, онда оның аман қашып қутылды деп есаплаўға болады.

Самолет жерге қонды. Марван паспорт контрольынан ҳеш қандай машқаласыз өтти ҳәм кирейге, прокатқа машина алып, қалаға қарай кетти. Ноябрьдиң қойыў жамғыры қуйып турыпты. Машинаның иши улыўма ысымайды, ал алдынғы айнаның сыпырғышы ислемей турыпты ҳәм оған жол белгилерин анық көриўине қыйын болды. Ол Касабланкада бир неше мәрте ғана болған еди ҳәм тек ғана салтанатлы түрде келгенлер менен бирге болған еди.

Соның менен бирге, оның ыссылығы да көтерилди. Ол өзинде ҳәлсизликти сезди ҳәм қай жерделигин зорға аңлайтуғын еди. Еки мәрте ол уйықлап қалайын деп қалды ҳәм зорға өзиниң баратырған жолына түсти. Ол өзиниң жағдайын түсинди, бирақ ҳеш нәрсе қыла алмайтуғын еди: жолын даўам етиўи керек. Көп қан жойтты. Жарақаты улғайып баратыр. Көп ўақыттан берли дурыслы уйықламады да, аўқат та жемеди ҳәм еси аўыў жағдайға жүдә жақын еди.

Ол қолында алып жүрген қағазды ишиндеги кишкене бөлек қағазда жазылған адреске жетип барғанда, айтарлықтай түнниң ярымы болып қалған еди. Үлкен Мечетке жақын болған сур реңли бетон бийик иморатлар Мароккодағы басқа көп ханалы жайларға уқсайтуғын еди. Бирақ онда бир айрықша белгиси бар еди: оның жетинши этажында ол үшинши класында ашық болған қыз жасайтуғын еди.

Имарат ишиндеги адамлар шын уйқыда, мийманхананың аўзында ислейтуғын адам да, портьеде уйқыда еди. Марван аяқ ушы менен оның қасынан әсте жүрип өтти ҳәм

лифттиң шаўқымы ғаррыны оятып жибермеўи ушын текше арқалы жоқарыға көтериле баслады.

Марван жетинши этажға көтерилип, қаттыға демигип, шаршап қалды. Аўырыўы еледе күшейип кетти. Коридордың иши ҳәлсиз жақтыланған ҳәм ол ҳәммесин думан ишинде турғандай көрип турған еди. Аўзы да кеўип қалды. «701» хана шығар? Ол керекли есик алдында турды.

Жүреги қорқыныштан ҳәм исенимсизликтен урып турды. Оны не күтип турғанын көз алдына келтире алмас еди ҳәм көриниси сондай жаман екенин де билмейтуғын еди. Бирақ ислеўге не шара қалды? Ол жән-жаққа қарады: коридорда ҳеш ким жоқ еди. Тыныш еди, тек ғана коридордың арғы шетинде телевизордың даўысы әсте шығып турыпты. Ол есикти қақты. Жуўап болмады. Ол және бир мәрте есикти қақты. Және тым-тырыс.

Ол албырап баслады. Ол үйинде жоқ. Ол усындай ўақытта қаяқта болыўы мүмкин? Ол адрестен алжаспады ма екен? Басы айланып баслады. Ол суўық ҳәм ҳәлсизликти сезди. Мийманхана излеп, азанда және келиў керек пе? Қандай мийманханаға? Онда номер буйыртпасы жоқ. Ол ҳәттеки, мийманхана қай жерде екенин де билмейди. Ол қоңыраў да қыла алмайды, себеби онда телефон жоқ. Көз алды тынып кетти. Аяқлары пахтадай босасып кетти.

Ол аяқ ушы менен жүрген жүристиң даўысын ҳәм қулыпты ашып атырған даўысты еситти. Алдындағы есик ашылды. Светтиң нуры жүзине түсти ҳәм ол жыйырылып, артқа бурылды. Даўыс периштениң даўысындай болып, былай деп сорады:

— Марван, бул сен бе?

Оның көзи қараңғыласып кетти ҳәм ол есинен таңды.

# 2

# 14

Клодетт Рэмзи қаладағы үлкен бағ-шарбақлы жайдағы бассейин жанында шезлонгта жатып, салқын пина-колада ишип, Сан-Паулдың қуяш нурының астында жатыр еди.

Ол өзин еркинликке жаңа ийе болған ҳаял сыяқлы тутатуғын еди, хызметкери оның ийниндеги ҳәм арқасындағы кокос майын сыпырды, бирақ ол кейинги операция ҳаққындағы жаңалықты күтип, арқайын бола алмас еди. Ол енди өмирин шыдап болмас деспот — «фараон» менен бирге өткермейтуғын болды. Рэмзиди ол арқасынан усылай атайтуғын еди. Ол енди тири емес. Ал оның сақшылары не? Олар да өлген бе екен? Егер өлген болса, онда ким қалған екен? Ол және кимге айтып берген екен?

Спутник телефонына қоңыраў келди. Ол отырды да, хызметкерин аржаққа жиберди. Бир өзи қалғанына исенимли болғаннан кейин ғана, ол телефонын қолына алып, былай деп сорады:

— Бул линия толығы менен қәўипсиз бе?

— Әлбетте, — деп жуўап берди басқа жақтағы даўыс. — Сиз мени ақмақ деп есаплап атырсыз ба?

— Мен өзимди қәўип астына қойғым келмейди. Сиз картаға қанша көп қойылғанын билесиз.

— Тек ғана сиз қәўипке жақын емессиз.

— Демек, барлығы исленди ме?

— Барлығы емес.

— Бул нени аңлатады? — деп жуўап талап етти ол.

— Сениң күйеўиңниң мәселеси шешилди. Бирақ Марван Аккад қашып кетти.

— Қалайынша қашып кетеди? Мен үш группаға пул төледим-ғо.

— Ол — профессионал болып шықты.

— Мен сизди ең жақсы профессионал деп ойлаған едим.

— Оны табамыз, — деп исенимли айтты сол даўыс. — Оны өлтиремиз. Бирақ буған көбирек ўақыт ҳәм көбирек пул керек.

— Буның артықмашлық, — деп тисиниң арасынан сөйлеп жекирди ол. — Бир центте жоқ. Сиз екеўинде жоқ қыламан деп айтқан едиң. Мен төледим. Қалғаны — сизиң машқалаңыз.

— Сиз бир нәрсени умыттыңыз, ханым Рэмзи.

— Мени булай деп атама! — деп талап етти ол. — Мениң бул атты жек көретуғынымды билесиз.

— Не болса да, сизиң қаяқталығыңыз ҳәм сизиң не қылғаныңыз маған белгили, және де, сиз қалған өмириңизди қамақта өткериўиңизге менде жетерли фактлар бар, — деп даўам етип айтты екинши тәрептеги ҳаялдың даўысы.

— Фактлар сизге де қарсы гүўалық береди, — деп жекиринди ол.

— Солай ма? Ондай болса, көремиз.

Клодетт жүзине ашыўы шығып, бассейин жанындағы майданды адымлап арман-берман жүрди.

— Сиз мени қорқытыўға батылыңыз барып турма?! Мени, мендей...

— Аўзыңды жап! — деди екинши тәрептеги ҳаялдың даўысы. — Өз ўазыйпасына бас тартыўға урынып атырған биринши буйыртпа бериўшимен деп ойлап турсыз ба? Бизлерде бундай адамларды жолға салыў усылларымыз бар ҳәм мен бул усылымызды сизге қолланыўымызды мәсләҳәт бермеймен.

— Мен бас тартпайман! — деп жуўап берди Клодетт. — Бирақ мен келисилген баҳадан артық төлеўди қәлемеймен.

— Сиз қанша керек болса, сонша төлейсиз, ямаса өз өмириңиз бенен төлемин өтейсиз! Түсиндиңиз бе?

Клодетт орында қатып қалды. Ол өз ўәдесин орынлай алады. Ол өлиўди қәлемейди. Ол тек ғана еркин ҳәм бай болғысы келеди ҳәм буған толық ҳуқықы бар. Бригитта жүдә қатты қыйналып өлди, — ол буны күткен жоқ еди ҳәм бул ушын төлеген жоқ еди. Ол өз өмири ушын қорқты.

— Яқшы, — деп суўық демин алды ол. — Исти тамамлаў ушын сизге және қанша керек?

# 15

Рания Фаваз аўзынан шығайын деп турған даўысын услап турды.

Ол қатты ҳаўлығып қалды. Ол өз көзине исенгиси де келмеди. Марван Аккад пенен ярым жылдан берли көриспеген еди. Рания Парижден кетип, өмирин — Марвансыз өмирди қайта баслаў ушын Касабланкадан жумыс тапқан еди. *Ол оны қалайынша тапқан екен? Ол не ушын усы жерде? Оған не жүз берген?*

Бир қолына халатын алыды да, Рания Марванның жүрек урысын тексерип, манлайын услап көрди. Ол ессиз жатыр, бирақ тири ҳәм оның температусы жоқары. Оның көйлегиндеги қанның жуғын көрип, курткасын әсте шешти ҳәм аўыр жарақатын көрди.

— Лейла! — деп шақырды ол сыбырлап, қоңсыларын оятып алмаў ушын. — Лейла, тез берман кел!

— Квартирасындағы қоңсысы ерте азанда ояқтаны ушын, зордан кроватынан турды да, мийманхана бөлмеге сүрнигиңкиреп келди. Ол квартираның есик алдында бир адамның жатырғанын көрди.

— Бул ким? — деп сорады ол.

— Марван Аккад, — деп жуўап берди Рания, оны әсте ғана арқасын төмен қаратып бурды.

Лейла аўзын ашып қалды.

— Марван? Бирақ мен ойлаған едим... ол не ушын усы жерде?

— Бир Қудайға аян, — деди Рания. — Қара, ол жарақатланған.

— Жарақатланған?

Лейланың жүзинде қорқыныш түс енди.

— Оны ишке алып кириўиме жәрдем бер, — деди Рания.

— Сен не, ақылдан аздың ба? — деп сорады Лейла. — Бизлер полицияға хабарлаўымыз керек.

— Яқ, — деп тез ҳәм салмақлы түрде жуўап берди Рания.

— Не ушын? — деп сорады Лейла.

— Кейин түсиндиремен.

— Яқ, ҳәзир, — деп талап қылды Лейла.

— Тыныш! — деп сыбырлады Рания.

— Маған ҳәзир түсиндир, — деп талап қылып турып алды Лейла.

— Түсиндире алмайман, — деди Рания. — Бул жерде, коридорда емес.

— Оны мениң квартирама киргизиўге саған жәрдем бермекши емеспен.

— Бизлердиң квартирамызға, — деп туўрылады Рания. — Егер есиңде болса, жартысын мен төлеп отырман.

— Бирақ келисим мениң атыма дүзилген, — деп жуўап берди Лейла, — мен таслап кеткен ҳәм сениң Франциядан қашып келген адамыңа жәрдем бергеним ушын қамаққа түсиўди қәлемеймен.

Рания ашыўланып, туўры достысының көзине тик қарады. Олар екеўи де медсестра еди ҳәм бир больницаның бир бөлиминде ислейтуғын еди. Рания ким болса да Марванға жәрдем бериў кереклигине исенимсиз еди, бирақ буған тәўекел етип көриў керек.

— Ол өледи, Лейла. Бизлер оны усы ҳалда қалдыра алмаймыз.

Лейла келисим бермеди.

— Дурыс. Бизлер полиция шақырыўымыз мүмкин ҳәм ол бул ҳаққында ғамхорлық қылады.

Ол телефоннан қоңыраў қылыў ушын артына бурылды, бирақ Рания оның қолынан услап қалды.

— Илтимас, достым, — деп ол тисиниң арасынан сөйледи.

— Мени жибер.

— Сен маған жәрдем бересең бе? — деп сорады ол, Лейланың көзине қарап турып.

— Мени жибер деп айттым саған, — деп талап қылды.

— Яқшы, маған жәрдем бермей-ақ қой, — деди Рания, — бирақ азанда доктор Рамизге сениң өткен ҳәптеде улыўма аўырмағаның ҳаққында айтып беремен.

Лейла көзин қысты.

— Сен бундай ислей алмайсаң.

— Не ушын? — деп сорады Рания. — Мен сениң айыбыңды жасырдым. Мен сени грипп деп оған айтқан едим, себеби сени достым деп есапладым. Егер ол сениң бир ҳәпте бойы Тенерифте болып, испанлы достың менен серфинг менен шуғылланғаныңды билсе, ол не айтады деп ойлайсаң?

— Жалған сөзиң ушын, сени жумыстан шығарады, — деди Лейла.

— Мүмкин, — деп жуўап берди Рания, оның қолын услап турып. — Ал сениң әкеңе Раул ҳаққында айтып берсем, ол не ислейди? Оның қадаған қылып қойғанына қарамастан, сениң оның менен ушырасып жүргениңди биле ме? Сениң мийманханада бир бөлмеде оның менен қонып жүргениңди де биле ме?

Лейла қолын тартып алды да, Ранияндан қашықлаў турды.

— Яқшы, саған жәрдем беремен, — деди ол. — Бирақ Раул ҳаққында гәп шашпа. Егер әкем билип қалса...

Қарама-қарсы квартирада бирден свет жаққанның даўысы еситилди ҳәм есиктиң астынан светтиң нуры сызық болып пайда болды. Бул ханым Бадавидиң квартирасында қандай да қозғалыс басланды. Ол қоңсылар арасындағы сондай шаўқымлы ҳәм сондай сөйлемшек еди. Егер ол Мар-

ванды көрсе, ол сөзсиз полицияға хабар береди ҳәм тез арада болған ўақыялар ҳәммеге мәлим болып қалады.

— Тез, — деп сыбырлады Рания.

Миниатюралық еки қыз, Лейла ҳәм ол Марванды қолларынан ҳәм аяғынан услап көтерип, квартираның ишине киргизди ҳәм есикти жапты. Демин алып, олар оны мийманханадағы диванға жатқарып, үстин одеял менен жапты.

Рания өзиниң медициналық чемоданын алып келди, ал Лейла — таза сүлги алып келди. Кейин Рания одеялды бир шетке ысырды да, Марванның курткасын шешип, футболкасын қыйды. Екеўи де жыйырылысты.

— Жарақат әлле қашан күшейип кеткен, — деди Лейла.

Температураны өлшеп, Рания басын шайқады.

— Оның ыссылығы 40.

Рания өзиниң сезимине берилмей, не ислеў керек болса, соны ислеўге ҳәрекет етти. Ол кишкене жуўатуғын скальпель ҳәм марло алып, жарақатты жуўа баслады. Кейин ол оны антисептик пенен қайта орады. Бул қатты аўыртатуғын шығар, бирақ Марван қыймылдамады да.

— Рания, бизлер оны врачқа көрсетиўимиз керек, — деди Лейла, Ранияның жақсы көрмеймен деген адамына шын кеўилден жәрдем бериўге урынып атырғанын көрип. — Егер усылай ислемесек, ол өледи ҳәм бизлер жуўапкер болып қаламыз.

— Оны врачқа көрсетиўге болмайды, — деп жуўап берди Рания.

— Не ушын? — деп сорады Лейла.

— Ойланып көр, егерде мүмкин болғанда, оның өзи больницаға ямаса полицияға бармас па еди? — деп сорады Рания көз жасларын сыпырып. — Онда қолайсыз жағдай болғанға уқсайды. Болмаса ол бул жерге, мениң алдыма не ушын келди? Тек ғана усы себеп ушын.

— Оны излеп атыр, деп ойлайсаң ба?

— Билмедим.

— Бирақ ол сени қалайынша тапты? — деп сорады Лейла. — Мениң ойымша...

— Билмедим. — деп ойланды Рания. — Ол ҳәмме ўақытта жүдә ойлап тапқыш болған.

— Ал егер ол сондай «ойлап тапқыш» болса, буны ким ислеген? — деп сорады Лейла. — Егер оны өлтириў ушын олар усы жерге келсе не болады? Сен не, усыны түсинбейсең бе? Олар бизлерди де өлтиреди.

Рания жылап жибериўге таяр еди. Лейла ҳақ еди. Марван өлип баратыр ҳәм оған жәрдем берип, олар өз өмирлерин қәўип астына қойып атыр. Бирақ ол ҳеш нәрсе қыла алмайды, өйткени қандай да себеп пенен олар араны ашық қылған жоқ еди.

Ол уйықлайтуғын бөлмеге жуўырып кетти.

— Қаяққа? — деп сорады Лейла.

Рания жумыс халатын кийип алды. Удостоверениесин ҳәм қағаз алып, есикке қарай жүре баслады.

— Сен қаяққа? — деп жуўап талап етип сорады Лейла.

— Больницаға.

— Сен ақылдан аздың ба?

— Маған бир нәрселер керек.

— Не нәрсени айтып атырсаң? Саған не керек?

— Антибиотиклер, плазма, аўырыўды басатуғын.

— Әлле қашан түн ярымы болып қалды-ғо!

— Билемен. Мен жигирма минуттан соң келемен.

— Ол жигирма минутқа дейин тири турмаўы да мүмкин.

— Мен асығып турман.

— Бирақ сен больницадан бир нәрсе алыўға ҳуқықың жоқ, — деди Лейла.

Рания шкафтан өз пальтосын алды да, оны кийип алды.

— Мениң басқа жолым жоқ.

— Ал егер сени услап алса не?

— Абайлы боламан.

— Бул жүдә қәўипли.

— Сен нени усынасаң? — деп сорады Рания.

— Мен Раулға қоңыраў қыламан. Ол бул ҳәптеде түнги гезекте турады, — деди Лейла.

— Яқ, — деди Рания. — Марван ҳаққында басқа ҳеш ким билмеўи керек.

— Ол ҳеш кимге айтпайды.

— Рахмет, Лейла, саған миннетдарман. Деген менен, мен буны өзим ислеўим керек.

— Не ушын? — деп сорады Лейла. — сен өз өмириң ҳәм жумысыңды, өзиңде бар нәрсениң барлығын қәўип астына қойып атырсаң, бул не нәрсе ушын? Марван Аккад ушын ба? Сен оны артық көргим келмейди деп айтқан едиң. Буны маған өзиң айтқан едиң.

— Билемен, — деди гилтин сумкасынан алып атырып Рания. Лейлаға бурылып, оның бетинен сүйди. — Бирақ мен саған не ушын екенин айтпаған едим. Егер сен билгениңде еди, онда түсинген болар едиң. Мени услап алмаўы ушын, маған дуўа ететуғыныңа ўәде бер.

— Ўәде беремен, — деди Лейла.

Рания шығып кетти.

# 16

Рания машинасын больницаның артқы тәрепине қойды да, бир неше есикти ашыўға урынды. Ҳәммеси жабық еди. Ол қапталдағы есикти де тартып көрди, бирақ ол да түнде жабық еди. Ол тек ғана тез жәрдем тәрептен, қараўылдың жанынан кириў мүмкин екенин түсинди. Яғный, оны көреди ҳәм бир нәрсе деп сорайды. Ҳәттеки, оның кириўин қадаған етиўи де мүмкин (себеп болмаған адам ушын). Ол саатқа қарады. Оның басқа жолы жоқ.

— Ханым Фаваз, мен сизди усындай кеш ўақытта бул жерде улыўма көрмеген едим, — деди қараўыл значок көрсеткен оған.

— Доктор Рамиз мени шақырған еди, — деди ол, — ҳәм ол бир нәрселерди алып келиўди сораған еди.

— Аманлық па? — деп сорады қараўыл.

— Әлбетте, — деп жуўап берди Рания. Жүреги қатты-қатты соғып кетти. — Ертең ол бир неше адамды тексериўден өткереди ҳәм онда базы медикаметлери жоқ. Мен тез шығаман.

— Жәрдем керек пе?

— Яқ, ҳәммеси жақсы, — деп жуўап берди Рания, жумысындағы жолдасын алдап атырғанына ҳәм оның жумысына қәўип туўдырып атырғанына өзин қатты жаман сезди. — Мен тез шығаман.

— Яқшы, бул жерге қол қой, — деди қараўыл.

Қараўыл оған журналдағы әдетте оның қол қоятуғын қатарын көрсетти. Ол ручкаға қарап турып, бунның барлығы оны не нәрсеге алып келетуғыны ҳаққында ойланды. Қараўыл, оның екиленип турғанын байқап, оннан:

— Бир нәрсе кемис пе? — деп сорады.

Ол:

— Яқ, тек мен шаршағанман, — деп жуўап берди.

Ол ручканы алды да, қол қойыўға ҳәрекет етти, бирақ ручка жазбады.

— Жазбайды, — деди ол.

— Анық па? Оны әсте ғана силкип жибер, — деди қараўыл.

Ручканы силкиңкиреп, ол және жазыўға урынды. Еле ручка жазбады.

— Ал, бул саған унаған шығар, мениң ручкамды ал, — деди ол.

Қараўыл қалтасын сыйпап көрди, бирақ әдеттеги орында ручка жоқ.

Ол столдың үстин, кейин астын излеп:

— Қызық, ҳәзир ғана усы жерде еди, — деди.

Рания саатына қарады.

— Мен асығып турман. Мен жоқарыға, доктор Рамизге керекли затларды алып қайтыўға жуўырып барып қайтқаным мақул болар? — деди Рания.

— Түсинбедим... — деди ол ҳәм ҳәттеки ашыўланды да. — Бул мениң жақсы көрген ручкам еди.

Рания тез арада жуўапты күтип тура алмайтуғынын түсинди, ал ол болса дәрҳәл Марванға қайтып барыў керек. Соның менен бирге, Лейла қайта ойланып, оларды сатып қоймасынан алдын жетиўи керек. Ол лифт тәрепке қарады да, бирақ бул узақ ўақтын алатуғын болғаннан соң, ол текше менен көтерилиўди шешти. Қараўыл еле ручкасын излеў менен әўере еди. Рания үшинши этажға қарап асығып жүрип кетти.

Бул этаж иши тып-тыныш еди. Бир медсестра столлар менен бәнт еди, екиншиси көзден өткериў менен бәнт еди. Шаққан ҳәрекет етиў керек еди. Ол керекли болған гилтти таўып, есикти ашты да, ишке кирди. Подсобканы ашып,

ишке еңкейип кирди. Ол керекли нәрселердиң ҳәммесин алды да, сумкасына салды. Күтилмегенде аяқ жүрисиниң даўысы еситилди. Ол светти өширди ҳәм стеллаждың астында отырды.

Есик ашылды. Биреў светти жақты да, ишке кирди. Ранияның жүреги тоқтап қалыўға таяр болып турды. Бул Лейланың достысы, Раул еди. *Бул жерде ол не қылып атыр? Лейла оған қоңыраў қылған шығар? Айтып берген де шығар?* Басым шыдап болмас дәрежеде болып турды. Ол өзиниң усындай кеш ўақытта бул жерге неге келгенин түсиндире алмайды. Егер ол оны сатқан болса...

Бул ой оны қорқытып жиберди. Ол бул ҳаққында ойламаўға ҳәрекет етти. Рания демин ишине жутты. Рания оның аяғын көрди ҳәм оның полкаға бир нәрсени қойғанын, тынбастан ысқырып жүргенин еситип турды. Ол оның усы жерде екенлигин билмейди ҳәм оны излеп жүрген жоқ. Ол светти өширип, шығып кетти.

Рания қатты демин алды. Қатты қалтырап кеткен еди. Ол бир неше минут күтип турды да, және биреў киятырған жоқ па екен деп, қулақ түрип турды. Бирақ ҳәммеси тыныш еди. Ол орнынан турды да, әсте ғана ҳеш нәрсеге тийип кетпеўге урынып, шығыў есигине жақынлады. Ол керекли болған ҳәмме нәрселерди алды. Ҳеш нәрсе жүз бермесинен алдын, кетип қалыў керек.

Рания басын шығарып қарады. Жолда ҳеш ким жоқ. Сумканы көкирегине басып, ол текшеге қарай жүрип, үшинши этаждан төменге қарай жуўырып кетти. Биринши этажда ол ҳаўлығыўын басып алыў ушын тоқтап турды. Кейин тез ҳәм туўрылап шығыў есикке қарай, телевизор көрип отырған қараўылға қарамастан жүрди.

Ол айтарлықтай есиктиң аўзына келгенде, бирден мына даўысты еситти:

— Ханым Фаваз, тоқтап турың!

Рания орнында қатып қалды.

Бул қараўыл. Ол оның айыбын ашып қойды. Бирақ қалай етип? Ол аўыр дем алды. Басы айланды. Не қылыў керек? Қашыўға болмайды — оны услап алады. Бундай жағдайда оны депортироват етип жибереди. Ал егер..? Яқ, ол бул ҳаққында ҳәттеки ойлағысы да келмейди.

Рания өзин әпиўайы етип көрсетиўге урынып, әсте артына бурылды, бирақ үмит оннан кеткен еди. Ол ҳәлсизликти ҳәм қорқынышты сезген еди. Ол өзин өз тәғдирине және де, Марванның да, Лейланың да тәғдирине тапсырыўы керек. Олар нызамды бузды ҳәм бул ушын жазасын тартыўға туўра келеди. Буның барлығы қалайынша жүз берди?

Қараўыл орынлығынан турды ҳәм оның жүзинде ҳеш қандай қорқытатуғын түс жоқ еди. Ол күлди.

— Ханым Фаваз, қараң, мен ручкамды таптым, — деди ол. — Сиз келип, кеткенлигиңизди белгилеп, қол қойыўыңыз тийис, жақын келиң.

Оның жүзи қуўанышлы еди, ал Рания болса жылап жибериўге сәл қалып турды. Бирақ 10 минуттан соң ол өз квартирасына қайтып келди.

Лейла оннан:

— Неге узақ қалып кеттиң? — деп сорады.

— Тез ала алмадым, қыйынлаў болды, — деди Рания.

— Қандай қыйыншылық?

— Ҳеш қандай, ҳәммеси жақсы.

— Яқ, Рания, ҳәммеси емес.

— Не болды?

— Марванның температусы 40 тан жоқарылады.

# 17

Марсель аэропорты хызметкерлери азанда таксисттиң өли денесин таўып алды. 15 минуттан соң, сол орын полиция менен қоршап алынды ҳәм саат 7. 30 да Монте-Карлодағы Жан-Клод Годдардың телефоны шыңғырлады.

— Аўа, — деди түнде қонып қалған кабинетте қысқа уйқыдан оянған ол. — Ҳәзиллесип атырсыз ба... Қаяқта? Сол орын қараўыллар қолына тапсырылды ма? ... Яқ, бизлер вертолёт пенен жетип барамыз... Ҳәммесин таярлап қойың... Бәрекелла.

Ол ҳәммесин шөлкемлестириўи ушын ҳәм кейин Лемьеге жаңалықты жеткериўи ушын Колетт Дювальға қоңыраў қылды. Олардың изи бар.

Годдар суў менен бетин шайды, тисин жуўды, қасынып жүрип, стол ячигинен көйлегин алды да, оны кийип алды. Значокты, пистолетти, қағазды ҳәм гилтти алды да, ол Дюваль менен кирер аўызда ушырасты. Дюваль оны вертолётқа алып барды. Ол сол жерде Лемье менен ушырасыўы керек еди.

Дюваль жары бос турған көше менен жүрип баратырып, оған:

— Көринисиңиз жақсы емес, — деди.

— Ал өзимди оннан да бетер жаман сезип турман, — деп жуўап берди Годдар.

— Сиз үйиңизге қайтпадыңыз ба?

— Қалайынша қайтаман? Марван ҳаққында және бир таза хабар бар ма? — деп ол қағазларын ашып қарады.

Дюваль оған былай деп жуўап берди:

— Азанғы саат 4 те е-майл арқалы саған жибергеним ғана бар, бирақ саат 10 да Бейрут ҳәм Париж бенен конференц-байланыс белгиленген. Және бир хабар болса, саған қоңырау қыламан.

Дюваль машина қоятуғын орынға бурып, тоқтады. Вертолёт тайын еди. Годдар портфелин алып, машинадан түсти.

— Мениң менен орын алмасыўды қәлемейсең бе? — деп мотордың даўысы себепли даўыслап сөйледи.

— Скелет пенен күн бойы бирге болыў ушын ба? — деп даўыслап жуўап берди ол. — Қызық, бирақ сизди усындай мүмкиншиликтен айырғым келмейди.

— Жүдә қызықлы. Марван менен шуғылланыўды даўам ет, — деди Годдар.

— Даўам етемиз.

Инспектор Лемье келди ҳәм вертолёт ушты. Бир неше минуттан соң Лемье былай деди:

— Солай етип, мырза Годдар, Марван ҳаққында не хабар бар?

Басланып атыр.

— Оның толық аты Марван Адиб Муўса Аккад, — деп баслады Годдар, Францияның үстинен ушып баратырып. — Ол Ливандағы Сайда қаласында 14 — февраль 1978 — жылы туўылған. Әкеси Адиб банкир болған, анасы Сара — мектепте муғаллим болған. Бул шаңарақ 1973 — жылы Бейрутқа көшип келген. Қалған мағлыўмат жетерли түрде. Бизлер Марванның жалғыз иниси бар екенин билемиз. Оның иниси Рами 1982 — жылы туўылған. Марванның 1996 — жылы армияға барғаны белгили, ол армияда өзин көрсете алған ҳәм оны жоқары көтерген. Ол элитлик бөлимде хызмет етип жүрип, сырлы хызметке көширилген ҳәм 98 — жылы министр оборонның сақшысы болып хызмет еткен ҳәм 99 — 2001 — жыллары премьер-министрдиң сақшысы болып ислеген.

Годдар Дюваль жиберген хаттың баспасын қарап шықты, кейин және даўам етип, былай деди:

— Ол мәмлекетлик хызметтен 2003 — жылы кеткен. Армиядан қайтып, ол «Аккад ҳәм жолдаслары» атлы сақшылық компанияға тийкар салған. Бизлерге белгили болыўынша, олар әсиресе урланған адамларды табыў ҳәм басқарыўшыларды қорғаў ҳәм Иракта ислеп атырған «Вестерн Ойл» жеккелиги менен шуғылланады. Олар жақында Ливияда да олардың қәўипсизлиги менен тәмийинлеген. Ҳәммесин шолып өтиўимизше, Персия қолтығы районларындағы олардың бай клиентлери менен болған бизнеслери раўажланып атыр. Компанияның интернет сайтында тек ғана клиентлердиң дизимлери ҳәм Бейруттағы баслы офисиниң байланыс хабарлары ғана бар. Мениң коллегам Колетт Дюваль кеше кеште олар менен байланысыўға урынды, бирақ олардың офиси жабық еди. Бир сааттан соң ол және ҳәрекет етип көреди.

— Усы болғаны ма? — деп сорады Лемье.

— Ҳәзирше усы, — деп жуўап берди Годдар Лемьеге.

— Мени булардың ҳәммесин билмейди, деп ойлайсаң ба? — деп сорады Скелет ашыўланып. — Мен бул мағлыўматты өз хызмет орныма қоңыраў қылып алғанман. Буған тек ғана бес минут кетти. Мениң секретаршам Марван Аккад ҳаққында сизден гөре көбирек биледи, мырза Годдар. Буның барлығы Монаконың қолынан келетуғынының барлығы усы ма?!

Годдар өзин басыўды шешти. Ўақыттың өтиўи менен усы физиономиядан әпиўайы ғана жүрип кетиўди қәлеген еди, бирақ ол буған өзи жол қойғысы келмейди. Ол Лемьениң кеўлиндегидей қылыўды қәлемейди, усылай етип, өзин оннан тысқары алып шыға алатуғынын тән алатуғын еди.

— Сиз нени билиў керек болса, соны сораған единиз. Бир неше сааттан соң бизлер көбирек мағлыўматқа ийе боламыз, — деп жуўап берди Годдар.

— Бир неше сааттан соң Марван Японияда ямаса Аляскада болыўы мүмкин. Бизлер бундай узақ күтиўге жол қоймаўымыз керек, мырза Годдар. Адам өлтириўши еркинликте жүрипти ҳәм бизлерди 9 саатқа басып өтеди.

Годдар жүзиниң ҳәм мойныныӊ қызарып кеткенин, ал қулағыныӊ ысып кеткенин сезди. Ҳәмме оныӊ төменшик етип саналғаныныӊ гүўасы болды ҳәм ол жуўап бериўди қәлеген еди. Бирақ ҳәзир ўақты да, орны да емес еди. Марселге ушыўды даўам етип баратырғанда Лемье былай деди:

— Қызық, мырза Годдар, сиз Марван ҳәм оныӊ иниси 82 — жылы басқыншылыққа ушырап, олар анасына қатты жабысып, оқтан ҳәм айна сынықларынан жасырынып, ваннаға тығылып отырғанын не ушын айтпай өттиңиз?

— Мен, бул ҳаққында...

— Толық шаңарақ болып, Рамидиң туўылған күнин белгилеп атырған күни Марванныӊ көз алдында еки атасын, еки кемпир апасын ҳәм олардыӊ балларын миноментли снаряд пенен өлтирилгени ҳаққында не ушын ҳеш нәрсе демедиң? — деп даўам етти Лемье. — Усыдан кейин бир неше жылдан соң Марван иниси менен Бейруттағы көшеде олардыӊ ата-анасы машинада қалай жарылғанын көргенин билесеӊ бе?

Терезе арқалы Годдар қуўрап атырған тереклерди ҳәм патас фермелерди көрди: түн бойы жамғыр тынбай жаўып турды.

Лемье:

— Солай етип, 3 — январь 1993 — жыл — бул саған бир нәрсени еслете ме? — деп сорады.

— Яқ, — деп жуўап берди Годдар.

Ол өзин пәске урылғандай етип сезди. Баслысы, Лемье ҳақ еди. Көбирек мағлыўмат жыйнаў керек еди, ал усы кишкене майда-шүйдени Лемьеге усыныўдыӊ кереги жоқ еди. Ол оныӊ қалай жумыс ислейтуғынын билди ҳәм енди тек өзин-өзи айыплап қойды.

Тилекке қарсы, Лемье еле тамамлаған жоқ еди. Скелет сөзин даўам етип былай деди:

— Сол ўақытта Марван 15 жаста, ал Рами 11 де еди. Оларды сол ўақыттағы еслеўлери пүткил өмир бойы изинен қалмайды. Олар бул ҳаққында айтпайды да, еслемейди де. Сиз бул исти ашыўды қәлейсиз бе, мырза Годдар? Ондай болса сиз Марван Аккадтың қандай адам екенин түсиниўиңиз тийис. Адамды шантажға ийтермелейтуғын не нәрсе екенин түсиниўди қәлейсиз бе? Ондай болса сиз оны формаластырған ўақыяларды билип, олардың арқасынан не ийтермелеп турғанын түсиниўиңиз тийис.

— Марванның ата-анасы өлтирилгеннен соң ҳәммеси басланды. Марван енди әжаға емес, ал ол өз шаңарағының басы болды. Рамиге ғамхорлық қылатуғын ҳеш ким қалмады. Аталары, апалары өлген еди, ал қалған ағайин-туўғанлары Ливаннан Европаға ҳәм Штатларға кетип қалды. Марван иниси менен жалғыз өзи шуғылланыўына туўра келди — оны аўқатландырыў, кийиндириў, қорғаў. Ҳәттеки, Марван Рамиге армияда жүрген ўақтында да ғамхорлық қылды. Ол оның элитлик бөлимге кириўине урынды, оған айрықша тапсырмалар берди ҳәм премьер-министр орын басарының сақшысының ҳүрметли орнына белгилеп қойды.

— Не ушын? Олар қандай мақсет пенен алдыға умтылды? Жақсы бир мақсетти айт — Өзлери басынан кеширген өз елиниң басшыларының ҳәм олардың балларының қыйналыўдан қорғаўды тәмийинлеў ме? Мырза Годдар, сиз соншелли тәжирийбесизлик қыласыз.

Годдар ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди. Бул сөзлер алқымына дейин келген еди.

— Марван Аккадты мәмлекетликке болған сүйиспеншилик қозғап атырған жоқ, мырза Годдар. Оларды ашкөзлик қозғап атыр. Маған исен. Мен өмирим бойы усындай адамлардың изинен жүриппен. Оларды билемен. Марван өзиниң

ҳуқықы бойынша ҳәрекет еткиси келеди. Ол өзинен тартып алынғанды қайтарып алғысы келип атыр: байлық ҳәм үлкен жағдайды бере алатуғын жеңилмес сезим. Ол өзиниң тоймас ашкөзлигин қанаатландырыў ушын, байлардың ҳәм күшлилердиң есабынан азықланып атыр — оларға жалған қәўипсизликти сеўип, олардың сабағына дейин тартып алып атыр. Мениң сөзлеримди есиңде тут, мырза, Марван Аккад — ҳақыйқый шайтан. Ол тек ғана урлаўды, өлтириўди ҳәм жоқ қылыўды биледи. Бизлер оны усындай жағдайды жәнe қайталамастан алдын табыўымыз керек.

# 18

Годдар ҳәм Лемье отырған вертолёт Марселге қонған ўақытта, жергиликли ҳүкимет жаңа фактларды алып келди. Аэропорттың бас сақшылық кабинетинде олар бақлаў камерасының жазбасын көрип баслады.

Биринши көринисте Марванның минген таксийи машина қоятуғын орынға қалай бурылғаны көринип турды. Екиншиси, ол имарат ишине бир неше минуттан соң қалай кирип баратырғанын көрсетти. Басқалары — оның қалайынша ячейка бажыханадан бир нәрсе алғанын, туалетке киргенин, билет ҳәм посадка талонын алғанын ҳәм кейин контрольдан Джек Карделла аты менен өткенин көрсетти.

— Ол қутыға нени таслады? — деп сорады Годдар.

— Ким биледи? Бул не болса да бир нәрсе, — деди Лемье.

Годдар баслыққа бурылып:

— Түни менен жыйналған барлық мусорды биреў көрип шығыў керек, — деди.

— Бирақ мырза, бул не болса да, әйтеўир бир нәрсе болыўы мүмкин, инспектор ҳақ, — деди баслық.

— Буны да табыў керек, — деди Годдар.

Кейин Лемье Марванды тексерген жандарманы шақырып алды. Ол оны сондай қатты сораўға тутты, Годдар сол адам қатты ашыўланады, деп ойлады. Жандарманы жумыстан босатып таслады.

Компютерди тексергенде, интернет-провайдер арқалы online режиминде Марван ушын «Роял Эр Марок» рейсине билет сатып алынған.

— Бул Марванның иниси болса керек, — деди Лемье.

— Бизлер буны анық биле алмаймыз, — деп қарсылық билдирди Годдар.

— Басқа ким болыўы мүмкин? — деп сорады Лемье.

— Мен истиң шама менен дүзилгенин емес, ал судқа көрсете алатуғын фактларда болыўын қәлеймен. Егер Марван шынында да айыплы болса — бул усындай болыўы да мүмкин, — бизлерге көбирек дәлил керек. Ҳәзирше бизлер уқсас илмеклерге арқа сүйеп атырмыз.

— Мен көп ислерде утып шықтым, — деп мақтанды Лемье.

*Сен қанша исти ақырына жеткермей қойған един?* — деп ойлады Годдар, бирақ үндемеди.

— Өзиңиз билесиз, ал мен Касабланкаға адам өлтириўшини излеўге ушып кетемен ҳәм сиз Бейрутқа кетип, кимниң билетке буйыртпа бергенин анықлаўыңды қәлеймен. Мырза Годдар, абайлы бол. Марван ҳәм Рами Аккадлар жүдә қәўипли адамлар. Оларға қаншелли жақын барсаңыз, соншелли қәўипли болады.

# 19

— Марван! Марван, сен мени еситип турсаң ба?

Марван ояныўға урынды, бирақ қабағын көтере алмады. Пүткил тула бойы аўырып турды ҳәм оның жүзи жабылған болса да, суўықтан қалтырап тоңды. Ол өзине одеялды тартты ҳәм аяғын иш бетине бүкти.

— Марван, бул мен, Рания, сен мени еситип турсаң ба?

Аўа, ол оны еситип турыпты. Ол бул даўысты жақсы көреди ҳәм оны қатты сағынған.

Ол ҳәм Рания балалық ўақыттан берли дос еди. Олар бирге ойнады, бирге қуўанысты ҳәм Ливандағы урысты бирге басынан кеширди. Олар бир-бириниң туўылған күнлерине барысты, мектепте бир партада отырды. Бир күни өзиниң үйиниң там басында олар қорған иследи ҳәм оның ишине сақлаўға комикс ҳәм Ранияның жақсы көрген жүзим суўын ҳәм оның жақсы көрген апельсин ишимлигин қойды.

Оның өмириндеги биринши сүйген қызы, бул Рания еди. Ең биринши америка фильмине алып барған адамы, Рания еди. Ол фильмниң атамасын есинен шығарды, бирақ олар залға бирге кирип, ақырындағы орынлықта бирге отырғаны ядында: ата-аналары олардың ушырасқанына қарсы еди. Оның қолынан услағаны еле ядында.

Ол оған үйленетуғынына исенимли еди. Мине, бир күни, ол 14 жасқа шыққанда, оқыў мүддети тамамланғанда ҳәм жазғы каникул басланғанда, Рания оған келип, әкесиниң Францияда басқа жумыс алғанын, ал егер анық болса Парижде екенин ҳәм кеште олар сол жаққа пүткиллей ушатуғынын айтып берген еди. Марван шекесинен оның қа-

лайынша сүйгени еле ядында — оның көзинде көз жасы бар еди. Рания оның менен хошласып, артына бурылды да, жуўырып кеткен еди. Ол елеге дейин алқымы қысылғанын ҳәм жүрегиндеги аўырыўды елеге дейин сезеди. Ол сол пайтта былай деп ойланып қалған еди: Қудай не себеп оны усылай атайды?

— Марван, — деп және сыбырлады ол. — Көзиңди аша аласаң ба? Оян.

Марван және жүзинде оның жыллы демин ҳәм оның әтириниң жағымлы ийисин сезди. Ол күш пенен зордан көзин ашты. Мине, ол және оны көрип турыпты ҳәм оның ерни күлки менен жайнап турыпты.

Рания түнги көйлегинде емес еди, ал медсестра халатында еди. Бурынғы узын қара шашы, енди қырқылған ҳәм тек ғана ийнине жетип турған еди. Оның жүзинде ҳеш қандай косметика жоқ еди, бирақ ол усылайынша жүдә жағымлы, таза ҳәм жақсы көринип турыпты. Оның көзи әжайып қара көз, және бурынғыдан да ашылып кеткен. Тек ғана усыған қараў ушын ҳәмме нәрседен өтиў турақлы еди. Өткен алты ай ишиндеги барлық аўырыў ҳәм азап өтип кетти. Өмирдеги ең жақсы шыпа ҳәм эликсир — бул оның үйинде, оның диванында болғаны ҳәм оның ғамхорлығы астында болып, оның жүреги қасында урып турғаны.

— Марван, сен мени еситип турсаң ба? — деп жумсақ етип сыбырлады ол.

— Саат неше болды? — деп сорады Марван ҳәлсиз қырылдаған даўысы менен.

Бас аўырыўы әсте пәсейе баслаған еди. Ол татыўлық ҳәм қәўипсизликти сезди. Көп жыллардан берли ол усындай тыныш болмаған еди.

Рания саатқа қарады.

— Сегиз болып қалды.

— Азан ба? Көше неге қараңғы? — деп сорады терезе тәрепке қарап ол.

— Әлле қашан кеш болды, Марван. Ҳәзир кешки сегиз. Сен кеше коридорда қулағалы берли күн бойы уйықладың.

— Кешир, — деп сыбырлады ол.

Рания оның басын сыйпап, маңнайын сыпырды.

— Зыяны жоқ, — деди Рания.

— Мени ҳәммеси ушын кешир, мен билемен... — деп сыбырлады Марван...

— Үндеме, — деп ол оның ернине жумсақ бармақларын басты. — Мен саған бир нәрсе айтыўым керек.

Қандай да бир пайдалы нәрсемекен, деп ойлады Марван. Мени газетадан некрологта (қайтыс болған адамның өмир баянынан), сулы жарма менен коробка текстинде оқыўың мүмкин. Ол Рания менен және бирге болғанына қуўанышлы.

Бир минуттай үнсиз турып, ол оның көзине қарады ҳәм Марван өзин әлле қашан жақсы сезип баслаған еди. Ишине ҳаўа толтырып, Рания былай деди:

— Сениң бул жерде қалыўыңа болмайды.

Марванның жүреги тоқтап қалды.

*Не?* — деп сорады ол өзинен. — *Ол ҳәзир ғана не айтты?* Оның қоллары музлап кетти. Ол бир нәрсе деп айтыўға ҳәрекет етти, бирақ аўзы кеўип, сөз келмей қалды.

— Ҳеш нәрсе деп айтпа. Тек ғана тыңла, — деп сыбырлады ол.

Ол тыңлап отыра алмас еди. Ол не айтса да, буны ол тыңлаўды қәлемеди.

— Мен сени жақсы көремен, Марван, — деп айтып баслады Рания. — Мениңше, мен сени ҳәмме ўақытта жақсы көргенмен, сен мени ең биринши мәрте сүйгениңнен берли, ҳәттеки, оған дейин сени жақсы көргенмен. Мен ата-анам менен Парижден кеткен күни жылағанымдай етип өмиримде жыламағанман, себеби мен сени артық көре алмайман, деп ойлаған едим. Мен жылаўды даўам еттим. Ата-анам мени алып кеткени ушын оларды жаман көрету-

ғынымды айттым ҳәм олардан қашып, сени табаман деп те айтқан едим.

Бирақ сол ўақытлары бала едим. Өстим ҳәм сен де ер жеттиң. Бизлер өзгердик, ҳәр биримиз өз өмиримизде жасадық ҳәм басқа адамлар болып қалдық. Өткен жылы сен гүл ҳәм саўғалар менен, және меннен турмысқа шығыўымды усыныс етип маған келгениңде, қорқып кеттим. Өйткени менде басқа, өзиме унайтуғын жаңа өмирим бар еди. Маған жақсы қатнаста болып атырған досларым ҳәм мени унататуғын бир адам бар еди.

Бирақ сен жақсы хат, жазыў жиберип, қоңыраў қылып, маған саўға ҳәм гүллер жибериўди даўам еттиң, бул мени албыраўшылыққа алып келген еди. Мен он жыл сени умытыўға бар күшимди салдым, мүмкин, умытыў емес, ал өткен өмиримди туўрылаўға ҳәм өзиме туўры келетуғын таза өмир дөретиўге ҳәрекет етип келдим. Сен мени қандай етип жақсы көретуғыныңды айтыўды қәлегениңди билемен ҳәм бул маған жүдә жағымлы еди. Және де, мен мынаны түсиндим: сен мени таң қалдырыў ушын өз өмириң ҳаққында, сенде не бар екени ҳаққында ҳәм кимлер менен таныс екениңди айтып бердиң. Бирақ бундай болмады. Бул хатлардан мен өзимниң ең жақсы достымды зордан таныдым.

Мен үйи болмаған, ҳәмме ўақытта қәўип астында жүретуғын ҳәм өмирин қәўип астына қойып пул ислеп табатуғын адамға турмысқа шығыўды қәлемеймен. Қудайдың орнына пулға, ҳүкиметке ҳәм абыройға табынатуғын адамға турмысқа шыққым келмейди. Күйеўим мени сүйиўин қәлеймен, Марван, мениң менен ўақыт өткеретуғын, мениң менен балларды тәрбиялайтуғын ҳәм өмирде ең әҳмийетли затларға салдамлы қарайтуғын адам болыў керек. Сен бундай адам емессең, Марван. Мүмкин, қашанлардур сен сондай болған шығарсаң, бирақ, мениңше, ҳәзир ондай емессең.

Марван зордан былай деди:

— Мен өзгере аламан.

Рания оның жүзинен салқын қолы менен сыйпап, күле шырай берди.

— Мүмкин, сондай қыла алатуғын шығарсаң. Бирақ ҳәзирше сен мениң босағамда оқтан аўыр жарақат болып қуладың. Саған жәрдем бериў ушын мен жумысымды қәўипке салдым. Бундай өмир маған туўры келмейди, — деди ол.

— Соның ушын да, Парижге қашып кеткен бе едиң? — деп сорады Марван.

— Мен қашып кеткеним жоқ, усы жерде маған жумыс усыныс қылды ҳәм келисим бердим, — деди әсте ғана Рания.

Марван даўысы қысылыңқырап, аўыр түрде былай деди:

— Бизлер кешки аўқатты бирге жейин деп атырған едик. Ол жерде мен бир саат отырдым, кейин сениң әжағаң келип, сениң кетип қалғаныңды айтқан еди.

— Әжағам буны жүдә жақсы жол менен қылмаған шығар.

— Сен хошласпастан, хат та қалдырмапсаң, әпиўайы жоқ болып кеттиң, — деди Марван.

Рания:

— Солай ислегеним жақсы болады, деп ойладым. Тек усылайынша ғана сен түсиниўден бас тартқаныңды исендире алатуғын едим, — деди.

— Мүмкин, сен басқаша етиўге де қолыңнан келетуғын еди, — деди Марван.

— Мүмкин, мен сени қапа қылғым келмеди, — деп келисим берди ол.

— Бирақ сен мени қапа қылдың.

— Мени кешир, Марван. Шынында өкинишлимен. Бирақ сениң бул жерге келгениң қәте болды.

— Басқа кимге барыўымды билмеген едим.

— Сениң исиң сондай қатал түрде ме?

— Жарақатты көрдиң.

— Буны ким қылды?

— Билмеймен. Мен күшимди тиклегенше ҳәм болып өткенлерге ой жуўыртыўым ушын бир жерде болыўым керек еди.

— Бул жерде емес.

— Не ушын? — деп сорады Марван. — Мен саған кесент бермеймен. Бул тек ўақытша.

— Яқ, — деп басын шайқады Рания. — Бул қәўипли ҳәм...

— Не нәрсе? — деп сорады ол, оның не айтайын деп турғанын билседе.

— Маған буны айтыўыма мәжбүрлеме, Марван.

— Мен сениң айтқаныңды қәлеймен.

— Илтимас сеннен, Марван.

Бирақ ол талап етиўди даўам етти ҳәм Ранияның көзи жасқа толып кетти.

— Мен сени сүйемен, Марван, — деди Рания, — бирақ сен қәлегениңдей етип емес. Мени кешир. Сеннен илтимас қыламан, кел усыны қояйық.

Марван әсте басын шайқады ҳәм бирден мүйеште Лейланың тып-тыныш ҳәм ол да көз жасы менен отырғанын көрди. Бар күшин жыйнап, ол орнынан турды да, затларын алды ҳәм есикке жақынлап, артына бурылып, өзиниң биринши муҳаббатына қарады.

— Сен излеп жүрген адамыңды табасаң, деп үмит етемен, Рания, — деп жумсақ түрде айтты ол. — Сен бахытқа бөлениўге ылайықсаң. Мен сениң артық тынышыңды алмайман, деп ўәде беремен.

Ранияның көзи көз жас себепли қызарып кеткен, ал ерни қалтырап турған еди. Ол Ранияға артық азап бериўди қәлемеди.

Марван ақыры:

— Маған қарағаның ушын рахмет, — деп айтты. Азғантай үнсизликтен соң, ол есикти ашты.

— Қаяққа барасаң, Марван? — деп бирден сорады Рания.

— Бул бир мәниге ийе ме?

— Мен ушын, аўа, — деп жуўап берди ол.

— Билмеймен, — деп анығын айтты ол. — Мүмкин, Жақын Шығысқа, Мысырға — қаяққа болса да алысқа кететуғын шығарман.

Ол сыртқа шықты да, есикти арқасынан әсте жаўып кетти.

# 20

Саат тоғызға шамалас Марван Ранияның квартирасы жайласқан имараттан шығып, түнде кетип қалды. Ол қаяққа барыўы мүмкин? Ол бул мәмлекетте ҳеш кимди танымайды. Мийманханаға барыўға ол қорқады. Оның изине түсип атырғанлар әлле қашан изине түсип, оны Мароккода излеп атырған шығар деп, өзи шамалап атыр.

Оның температусы 39 ға дейин түскен болса да, қалтыраўы даўам етип турған еди. Барлық буўынлары аўырып тур ҳәм ҳәзир ол жүрек аўырыўдан еле де қаттырақ азап көрип тур. Ол Ранияға келип, қатты ақмақлық қылды. Қалайынша ол усындай ақылсызлыққа жол қойды? Кейинги ярым жыл даўамында ол буны өзине тән көрмейтуғын еди: ол өзи таңлаған өмир салты, өзиниң сүйикли ҳаялының баҳасына тең келеди. Басқалары қандай мәниге ийе болар екен?

Оннан үмит кетти, ал оннан ҳәм қуўып киятырғанлардан аман қалыў қәлеўи де жоқ болып қалды. Оны қараңғы ойпикир қаплап алды: ол өзин-өзи өлтирип, жоқ болып кетсе, сонда азаптан қутыламан деп ойлады. Бирақ оны қутқарыўға ҳәрекет еткен ҳәм бул дүньяда жалғыз достысы болған иниси туўралы еследи. Ол ҳеш қашан Рамиди таслап кете алмайды. Бундай қылса ата-анасы оны ҳеш қашан кеширмейди ҳәм қандай ўақыя жүз берсе де, олардың естелигин сатып кете алмайды.

Не қылыў керек? Түнеў ушын орын жоқ, хабарласыў ушын ҳеш қандай таныс адамы жоқ. Ал ўақыт өтип атыр, оны излеп те жүрген шығар ҳәм бир ғана надурыс адым қәўипли болыўы мүмкин.

Марван прокатқа алған машинаны еследи. Оны излеп, Ранийдиң үйинен бир неше километр жүрип өтти, себеби ол машинаны тыныш бир жайға, гилтин багажнигине қойып кеткен еди. Кейин таксиди тоқтатып, аэропортқа қайтып келген еди. Ол жерден басқа адамға тийисли карточка менен телефон автоматынан инисине қоңыраў қылды.

— Рами, бул мен, Марван. Сениң үйиңе қоңыраў қылып атырғаным ушын кешир.

— Не қылып атырсаң?! — деп толқынланып кетти Рами. — Мен саған спутникли телефоннан қоңыраў қыл деп айтқан едим-ғо!

— Билемен, бирақ мениң ўақтым болмады.

— Сен үш күн күтиўиң керек еди. Ал ҳәзирше бир күн де өтпеди.

— Мен үйге қайтыўым керек.

— Не ушын? Не болып қалды?

— Бул узын тарийх, — деди Марван.

— Бул қалайынша узын болыўы мүмкин? — деп түсинбеди Рами. — Сен ол жақта ярым сутка да болмадың-ғо.

— Ҳәзир бул ҳаққында айтқым келмейди. Маған билет буйыртпа бер, — деди Марван.

— Яқ, ҳәзир Бейрутқа қайтып келиў, бул жақсы пикир емес, — деди Рами.

— Не ушын?

— Себеби ҳәзир бул қәўипли.

— Бул жерде қалалмайман. Европаға қайтып баралмайман. Мүмкин, Сан-Паулға кетиўим керек шығар?

— Жүдә күлкили, — деди Рами шаршаған тон менен.

— Не ушын яқ? — деп сорады Марван. — Мен Клодетти излеўге жәрдем беремен.

— Буның менен әлле қашан басқа адамлар шуғылланып атыр.

— Штатқа кетсем бе екен?

— Саған виза бермейди.

— Каирға не?

— Не ушын Каирға?

— Не ушын Каирға емес? — усы ўақытта Марван бир шығар аўызда бир неше мароккалы полициялардың жыйналып атырғанын көрди. — Ол жақта он төрт мың адамлардың арасында жасырынып жүре аламан.

— Елеге дейин түсинбей атырман. Не ушын Касабланкада қала алмайсаң? — деди Рами.

— Қала алмайман, кейин айтып беремен, — деп жуўап берди Марван.

— Яқшы, Каирға билет буйыраман. Қашан ушпақшысаң?

— Ҳәзир.

— Ҳәзир дегениң не? Ҳәзир қаяқтасаң?

— Аэропортта.

— Әлле қашан ба? Бир минут тоқтап тур.

— Не болып қалды?

— Француз телевидениесинен жаңалық хабарлап атыр.

— Не айтып атыр?

— Марселде машина ҳәм таксисттиң өлигин тапқан, — деди Рами.

— Және не? — деп сорады Марван. — Мен ҳаққымда ямаса Марокко ҳаққында бир нәрсе айтып атыр ма?

— Яқ, — деди Рами. — Полиция мағлыўмат жыйнап атырғанын ҳәм изге түскенин айтып атыр.

— Алдап атыр, — деди Марван. — Олар мениң изиме түскен шығар. Мен бул жерден тезирек кетиўим керек.

— Сен ҳақсаң. Қайсы атқа буйыртпа алайын?

— Тарика Жамил атына.

— Орынланды, — деди Рами. — Және не?

— Маған сол жақта қонып болыўым ушын орын керек.

— Мийманханадан номер ме?

— Яқ, бул жүдә қәўипли, аңсат таўып алады.

— Онда не?

— Маған квартира тап.

— Квартира ма? Ол жақта қанша болыўды жобаластырып атырсаң?

— Ойлап көрмедим, бирақ, ол жақта бир неше ўақыт даўамында болыўым мүмкин.

— Шынында ма?

— Енди не? — деди Марван. — Сен өзиң мениң үйге қайтып бара алмайтуғынымды ҳәм Клодетти излей алмайтуғынымды айтып атырсаң. Қаяққа барыўым керек?

Рами үндемеди.

— Маған квартира тез тап, ол қанша болса да бәрибир, — деп даўам етти Марван. — Соннан кейин «Federal Express» арқалы спутникли телефон, азғантай пул ҳәм қандай да визит карточкасын жибер.

— Визит карточка?

— Аўа, беккем болыў ушын.

— Қандай?

— Билмеймен. Мәйли мен компьютер сатыўшысы, ямаса консультант болайын. Компания атамасын ҳәм логотипин ойлап тап. Кейин сайт жаратып, жайғастыр.

— Ҳәзиллесип атырсаң ба?

— Ҳәй, ямаса сен мениң иним емессең бе? — деди Марван.

***

Саат 11.30 да Марван 00.05. те ушатуғын «Иджипт Эр» 848 рейс самолетына отырды. Саат 7.05 те ол Каирға түсти, ол буған исенгиси де келмеди.

Ҳеш ким оны тоқтатпады. Ҳеш ким сораў да бермеди. Ол ҳеш кимниң изинен жүрмегенин көрди. Не ушын? Бул қақпан ба ямаса аспан саўғасы ма екен? Қақпанға уқсас емес еди. Бирақ усы ўақытқа дейин көп нәрсесин — табыслы жумысын, сүйикли қызын, кейинги ўақыт саатларында

айтарлықтай өмирин алған Қудай оған ҳәзир не ушын мийримин түсирип атыр? Бул түсиниксиз, бирақ ол кишкене болса да мүмкиншилигин жибермейди.

Ҳәзир енди не қылыў керbegin кереклиги әҳмийетли. Алды менен, ол ҳәзир — Тарик Жамил екенин есинде тутыўы керек. Оның паспортында ҳәм билетинде усылай жазылған. Усы атына ол квартира ижереге алады. Ол усы атына үйренисиўи керек. Ол Тарик Жамил болып, өзи ҳаққында ойланып көриў керек. Оған туўры келетуғын легенда керек.

Аэропорт залында аламан ишинде алдыға урынып, ол визасы ушын төлем төледи ҳәм аэропорттан бир неше километрде жайласқан Гелиополистеги Уруба-Роудта жайласқан «Шератон» таксийине жол алды. Ол сол жерден квартира ижараға алажақ ҳәм иниси менен байланысып, аўқатланатуғын орын болып, оған бир неше саатқа жүклеў базасы керек ҳәм келеси өз адымын ойлап табыў керек.

Бизнес-орайда ол бир хызметкер адамды тапты.

— Кешки сәлем. Саған қандай жәрдемим тийеди? — деди сол адам.

— Прокатқа компьютер алмақшы едим.

— Сиз бизиң мийманханамызда болып атырсыз ба?

— Яқ, бирақ усы жерде мениң ушырасыўым белгиленген, ал мен өзимниң лэптоп компьютеримди алып шықпаппан, мен элоктрон почтомды тексериўим керек.

— Жақсы, компьютерди қанша ўақытқа алып туражақсаң? — деди клерк.

— Бир саатлардай болыўы мүмкин.

— Жақсы, мырза. Илтимас, мына бланканы толтырың. Атыңыз ким?

— Тарик Жамил.

— Мырза Тарик, сиз кириўге жол ашатуғын карточка алыўыңыз тийис.

— Ол қанша турады?

— Саатлық 45 фунт.

Бир неше минуттан соң Тарик холлдың бир мүйешинде апельсин соктан ишип отырды. Ол Интернетке кирди ҳәм хат алмасыў системасын ашты.

— Рами, барсаң ба?.. Бул мен, Тарик... Мен әлле қашан жетип бардым.

Бир неше ўақыттан соң экранда жуўап пайда болды:

— Қудайға шүкир... Сенде ҳәммеси жайында ма?

— Аўа, жақсы жетип келдим... Квартира мәселеси келисип атыр ма?

— Айтарлықтай.

— Яғный...?

— Биреўин таптым, бирақ онда узақ ўақыттан берли ҳеш ким жасамаған... Ийеси оны тәртипке келтириў керек деп атыр, егер саған мақул болса, сен оны бүгин-ақ бәнт етип қойыўыңа болады.

— Ол жерде не ислениўди талап қылып атыр?

— Сыпырып тазалаў, краскалаў, бир нәрселерин ремонтлаў, толық билмеймен, оны көрмедим.

— Ол қай жерде жайласқан?

— Аэропорт жанында, Гелиополисте.

— Әжайып... Мен ҳәзир «Шератондаман».

— Саған қолайлы ўақытта үй ийеси квартирада сениң менен ушыраса алады. Мениңше, ол кимге болса да оны ижараға бергенине қуўанышлы.

— Төлеми — айына ма?

— Яқ, ол минимум ярым жылға бериўди қәлеп отыр, — деп жазды Рами.

— Оған ҳәр айда нақ пул төлеймиз деп айт, бирақ ол ремонт қылмай турып, ҳеш нәрсеге қол қоймаймыз, — сонда алты ай ҳаққында ойланып көремиз.

— Болады.

— Яқшы. Және не?

— Монте-Карлода сениң мәселең менен ким шуғылланып атырғанын билдим.

— Ким?

— Олар екеў... биринишиси — Жан-Клод Годдар... Ницццеде туўылған, Монакода өскен... 36 жаста... бас детектив... ақыллы... абыройы жақсы, ҳүрметти қолланады... үйленген, бир қызы бар. Екиншиси — Марсель Лемье... 62 — жылы туўылған... Греноблда туўылған, Нормандияда өскен. Ҳәзир Париждеги өлтириўшиликти иззертлеў бөлиминде бас детектив... мәмлекетте ең жақсы детектив деп есапланады... базылардың пикиринше — Европаның ең жақсы инспекторлардың бири. Бир неше үлкен жынаят іслерин ашқан... еки мәрте ажырасқан... баллары жоқ.

— Олардың қайсысы Мароккоға кеткен?

— Оны қаяқтан билесең?

— Инстинкт.

— Лемье — ол енди қонады.

— Ал Годдар не?

— Ол усы жаққа киятыр, Марван, мени сораўға тутажақ.

— Ҳәзиллесип атырсаң.

— Усындай болғандама еди.

— Кетип қал, олар сени таппаўы керек, илажы болса ҳәзир кетип қал.

— Кете алмайман, Марван. Мен ҳәзир барлық исти басқарып атырман.

— Бурын қылғаныңдай етип, жолда басқарып жүребер.

— Қаяққа кетемен?

— Адамларымыз Ирактағы «Эксон-Мобил» хызметкерлери менен бирге ислеседи...

— Сен ақылдан аздың ба? Монте-Карлодағы қандай да полиция менен ушыраспаў ушын Ираққа кетиўим керек пе? — деп жазды Рами.

— Аўа, егер Годдар сени тапса, нени қәлесе соны айттырып отырмайды, ол сени әдил судқа жибериўге кесент бердиң деп ҳәм иззертлеўди қыйынластырып атырсаң

деп айыплайды. Ол сени қамаққа алады ҳәм мәмлекеттен шығарып жибереди. Саған не болатуғыны бир Қудайға аян... Буған жол қоймаў керек.

— Ал егер Годдар мениң изиме түсип, Багдадқа барса не?

— Бармайды, өз өмирин қәўип астына қоймайды, — деп жазды Тарик.

# 21

Еки күн Тарик Жамил квартирасынан шықпады.

Оның температусы елеге дейин жоқары еди, бирақ градусниксиз ол температусын анық биле алмады. Онда врач излеўге, соның менен бирге, магазинге барыўға да күши болмады. Ол аўқат жегиси келмеди, «Шератоннан» алып келген тек ғана суў ишти. Ол балансты тиклеўге ҳәрекет етип, антибиотиклер ҳәм басқа да Рания больницадан алып, рюкзагына салып жиберген дәрилерди ишти.

Рами квартира мәселесинде туўры еди. Ол үлкен еди, оған керек болғанынан да гөре үлкен еди: оның үш уйықлайтуғын бөлмеси, үш ванна бөлмеси ҳәм үлкен мийманхана бөлмеси бар еди. Бирақ оны «сыпырып жуўып, тәртипке салыў керек» деген сөз жүдә жумсақ айтылыпты. 50-60-жыллары бул квартира безелген болған болыўы мүмкин, бирақ Тарик соннан берли ҳеш ким буны жыйнастырмаған деп гүманланды.

Полдан баслап потолокқа дейин жапқыш пенен жабылған, ал кухнядағы стол ҳәм шкафлары май менен ысланып қалған. Үш душтың екеўи ислемей турыпты. Үш туалеттиң екеўи иске аспай қалған. Кухнядағы раковина толып қалған. Духовка ислемей турыпты. Газ плитадағы төрт конфороктың биреўи ғана ислейди. Түнде айтарлықтай суўық, бирақ жылытқышты Тарик ислете алмады.

Интерьер де жақсысын талап қылып турыпты. Дийўалда көп картиналар бар, оның арасында «Джоконда» деген миниатюра да ҳәм «Әскерликке тайын болып турған испанлылар»дың үлкен портрети, буны Тарик усылайынша ата-

ды. Столовойда шылым шегип турған баланың еки бирдей картинасы турыпты, коридорда — төрт пышықтың үлкен болып сүўретленген картина. Биреўиниң жүзин кимдур арқалы тыртып, сызылған. Мийманхана бөлмеде дракон-адамлардың үлкен қоладан исленген үш сүлдери, ал барда — ҳайўанлар сүўретленген үлкен картина. Ҳәммесин шаң басып атырған еди.

Бирақ бул айрықша мәни бермейтуғын еди — лампочкалардың көбиси жанбай турыпты, ҳәттеки, күндиз де ҳеш нәрсе онша көринбейди.

Квартираның ийеси ҳәммесин тазалаўға ҳәм тез арада ремонтлаўға ўәде берди, бирақ ҳеш ким тазалап, шаңғытпаў керек еди, өйткени Тарик бир неше күн дем алыўы керек еди. Ол биринши күнге дейин ҳеш қандай жумысшыны жибермеўди сорады. Ҳәзирше ол дем алып жатып алыўы ушын оған тек ғана қалың одеял, таза дастық ҳәм диван керек еди. Биринши екеўин таппастан алдын, ол мийманхана бөлмедеги диван менен қанаатланыўға туўра келди ҳәм онда жатып айтарлықтай бир сутка уйықлады.

Деген менен, үшинши күни есик қағылып, ол оянып кетти.

Тарик инстинкт, үйреншикли ҳалда пистолетке қолын созды, бирақ писолет өзинде артық жоқ екенин есине түсирди. Саатқа қарады. Түс болып қалған еди, бирақ терезе перде менен жабылған еди, ал лампочкалар жанбайды ҳәм квартира айтарлықтай қараңғы еди.

Есик және қағылды, бул рет қаттырақ қағылды. Тариктиң жүрек соғысы күшейип кетти. Оның Каирде екенин ҳеш ким билмейди, оннан қала берсе, Гелиополисте ҳәм бүгин төртинши күн, ал жумысшылар ушын еле ерте. Бирақ есик қағылыў даўам етти.

Тарик орнынан турып, қолына лампаны алды да, шаўқым салмай есик алдына жақынласты. Оның изинен түскен бе екен? Егер олай болса, онда не ушын олар есикти

қағып турыпты? Ол қолындағы лампаны қатты услады. Бул ҳүжим ететуғын адамға қатты қәуипли болмайды, бирақ ол ҳүжимсиз жеңилгиси келмейди. Ол глазоктан қарады ҳәм және өзине дем алыўына жол қойды. Бул «Federal Express» курьери еди, қолында бир буўат үлкен коробка. Ол есикти ашты ҳәм келген адамның жүзинде таң қалыўшылықты көрди.

— Сиз — Тарик Жамилсиз бе? — деп сорады ол.

— Аўа, — деп жуўап берди ол ҳәм бирден көриниси қолайсыз болып турғаны есине түсти. Ол еле қырынбаған, душқа түспеген ҳәм таза кийимлерин еле киймеген еди.

— Мына жерге қол қойың.

Тарик қол қойды да, курьерге шай пул берди ҳәм коробканы алды. Аўа, булардың барлығы Бейруттан жиберилген еди. Бала туўылған күнинде коробканы шаққан ашқаны сыяқлы, ол дәрҳәл коробканың бириншисин ашты.

Ишинде таза спутник телефон аккумуляторы, зарядкасы ҳәм инструкциясы менен бар еди ҳәм және де, 10 мың мысыр фунты да бар еди. Бул пул басламасы ушын жетерли еди ҳәм бир буўат визит карточкасы тексти менен: «Тарик Жамил, Ай-Си-Ти Консалтинг Басқарыўшысы, Брюссель, Бельгия» деген веб-сайты, электрон почта адреси ҳәм брюссельлик почта адрес пенен телефон номери менен.

Тарик спутник телефон арқалы номер терди.

— «Ай-Си-Ти Консалтинг» ге қылған сизиң қоңыраўыңыз ушын миннетдармыз, — деп автоответчикке жазылған ҳаял адамның даўысы француз тилинде жуўап берди. — Ҳәзир сизге жуўап бере алмаймыз. Атыңызды, телефон номериңизди ҳәм хабарыңызды қалдырыўыңызды сораймыз ҳәм мүмкиншилиги болғанынша сиз бенен байланысамыз.

Кейин анық сондай етип англичан ҳәм немец тилинде қайталанды. Рами ҳәммесиниң ғамын жеген екен.

Тарик кейинги коробканы ашты ҳәм оның ишинен үлкен кожа портфелди алды. Оны ашқанда ишинен таза «Dell

Latitude D800» ноутбукты алды, оның программалары ҳәм керекли аксессуарлары орнатылған. Оның астында бир қанша жуп джинслер, хаки реңли шалбарлар, футболкалар, шулықлар, ишки кийимлер, свитерлар, сақал алғыш ҳәм туалетке керекли затлар — тис щеткасы, паста, шайыныў ушын суйықлық, сабын, тырнақ алғыш ҳәм басқалары бар екен.

Оны үшинши коробканың ишиндеги затлар таң қалдырды. Ең жоқарысында таза миниатюралы цифровой телерадиоприемник. Оның изинен түсип, излеўге шықпастан алдын, Рами оның жаңалықлардан хабардар болып отырыўын қәлеген болса керек. Төменинде Каирдың картасы, қаладағы компьютер консалтинг компанияларының дизими, ал және де, Мысырдағы компьютердиң өсиў барысы мәселе жағдайы ҳаққындағы мақала Интернеттен алынып басып шығарылған қағаз турыпты. Бул қағаз оның таза легендасы ушын жәрдем бериўи сөзсиз еди.

Ақырында, ең төменинде кишкене гилт пенен жабылған освинцовый коробка, оған лента клей менен гилти жабыстырылған. Ол гилтти алды да, коробканы ашты. Ишинде 45 калибралы пистолет патронлары менен бар еди.

# 22

Тарик Жамил инисин Багдадқа жиберип атырғанына өзин айыплы сезе баслады. Рами өзин қалай услаўды биледи ҳәм хеш ўақытта өз туўысқан ағасын Годдарға да, басқа биреўлерге де сатпайтуғыны анық. Ол айтарлықтай физикалық аўырыўды сезди. Егер Рами Иракта өлсе, ол хеш қашан өзин кеширмейди. Бундай ойсызлықтан тез шығып кетиў керек.

Ол компьютерин қосты да, Интернетке кирди. Ол Рэмзидиң шаңарағы ҳаққында таза хабарларды излеп баслады. Күткениндей, европалық ҳәм мысырлық массалық хабарлар Рафиктиң, Бригиттаның өлими ҳәм Клодеттиң урланыўы ҳаққында толық айтылған. Ҳәмме жерде Марван Аккадтың фото сүўрети менен оның адам өлтиргени ҳаққында айтылған. Мүмин, ол Каирға келип қәтелескен шығар, бирақ онда басқа жол еди.

Ең соңғы хабарлардан «Le Monde» тарийхы еди. Ол Монте-Карлодағы адам өлтириўшиликти, соның менен бирге, Клодетт жоқ болып кеткеннен кейинги күнде Берлиннен «Ди Эйч Эл» арқалы Париждеги Рэмзидиң жайында алған күн талап етилген хат ҳаққында да «эксклюзив»ти толық хабарлар етип берген. «Егер мырза Рэмзи өз ҳаялын тири көриўди қәлесе» 24 саат ишинде 1 млн евроны Швецария банк счетына өткериўи ҳәм сол счетқа Рэмзи ақшаны өткергени туўралы да айтылған.

«Бир неше күннен кейин, — деп даўам етти «Le Monde», — Рэмзи «Ди Эйч Эл» арқалы Брюсселден пакет алды. Оның ишинде ханым Рэмзи аўзы байланған ҳалда сүўрет-

ке алынған видеокассета, бирақ тири ҳәм 10 млн евро талап етилген, болмаса ханым Рэмзиди өлтирилип, интернет арқалы көрсетилетуғыны ҳаққында хат. Мырза Рэмзи 72 саат ишинде ақшаны өткерип, Брюссельге келиўи ҳәм келеси көрсетпелерди күтиўи керек еди».

Оннан арман қарай, мырза Рэмзидиң мийманханасында «жазыўсыз конверт», ҳаялының фотосүўрети ҳәм ишинде 25 млн евро талап етилген, және де, ханым Рэмзи Мадридте бир ҳәптеден соң табатуғыны туўралы, — тек буның шәрти толық пул төленгеннен соң екенлиги жазылған хат қойылған еди. Буның барлығы шынлыққа туўры келетуғындай еди. Соның ушын да, Рафик Рэмзи оны жаллаған еди. Кейинги абзац қәўетерли еди: «Полиция усы қорқынышлы жынаят артында Ливандағы сақшы фирманың бас администраторы Марван Аккад турыпты. Иззертлеў барысындағы негизи мырза Аккадтың жынаят болған жерде жасырынып, еле табылмағанын айтып, тастыйықлап қойыпты. Бейруттағы «Аккад ҳәм жолдаслары» агенствосы қоңыраўларға ҳеш ким жуўап бермейди, бирақ мырза Аккад еле изленип атыр».

Күтилмегенде, есик және қағылды — алдын әсте, кейин қаттырақ қағылды.

Тарик орнында қатып қалды. Бул енди FedEx курьери емес. Онда ким болды?

Ол дәрҳәл пистолетин оқлады да, есикке жақынласты. Глазок арқалы қарағанда, ол таң қалды. Есиктиң алдында үш ширайлы жигирма жасардай қызлар турған еди. Ортасында турған биреўи қолына мийўе ҳәм мазалы затлар салынған ыдыс пенен турыпты. Ол пистолетин шалбарының артқы қалтасына жасырды да, футболкасы менен жапты. Кейин ол есикти ашып, былай деди:

— Азанғы сәлем.

Оң жақтағы қыз күле шырай берди, шептеги қыз шықылықлап қойды. Ортасындағы қыз былай деди:

— Азанғы сәлем, мениң атым Далия — Далия Нур. Бул мениң досларым, Дина ҳәм Мерват. Бизлер сизиң жоқарыңызда жасаймыз ҳәм сизиң келгениңизди еситтик.

Тарик қалай жуўап берерин билмеди.

— Сизлер менен танысқаныма қуўанышлыман, Далия, қызлар. Сизлер ушын не ислей аламан?

— Бизлер тек ғана сиз бенен таныспақшы едик, — деди Далия, — ҳәм мына кишкене саўғаны улыўмалық комитет атынан бермекши едик.

Ол қолындағы ыдысты оған созды ҳәм Тарик те оны миннетдаршылық пенен алды. Ол Далияның сондай жағымлы қыз екенин көрди — оның жүзи сондай сүйкимли ҳәм күлгенде жанып турған әжайып қара көзи бар. Ол европаша кийинген еди ҳәм орталықта кашемир менен шекленген еди. Оның үстинде жумсақ свитер қызғылт түсли кашемир. Қара джинси ҳәм модельли туфлийи Каир ямаса Александриядан гөре Лонданнан ямаса Парижден еди. Басқа қызларда көп кольцо, брослет ҳәм моншақ бар еди, ал Делияда — тек ғана кишкене алтын сырға бриллианты менен ҳәм алтын саат — Картьеден келтирилгенге уқсайды.

— Сизлер тәрептен жүдә жыллылық қатнас болды, — деди Тарик, Далияға қараўды даўам етип турып. — Рахмет.

— Арзымайды, — деп жуўап берди Далия ҳәм оның көзи түсинип болмайтуғын түрде өзгерип кетти.

Ол Тарикти өзине тартқанындай, Тарикте оның дыққатын өзине тартқан шығар? Ямаса бул жоқарғы ыссылық олар менен ҳәзиллесип атыр ма екен? Ол қызлардың кетейин деп атырғанын сезди ҳәм өзиниң көриниси бир түрли екени есине түсип кетти.

— Мен сизлер менен усы саўғаңызды бөлисип, шайға мирәт еткен болар едим, бирақ мениң квартирамның көриниси меннен де жаман, — деп ол сәўбетти еле де бир неше минутқа созыўды ойлады.

Бул Далияда ҳәм Динада күлки оятты, ал Мерват және шықылықлап қойды.

— Зыяны жоқ, бизлер бәрибир иркиле алмаймыз, бирақ бүгин кеште кишкене кешеге сизди мирәт етиўди қәлеймиз. Саат тоғызда басланады ҳәм сизден тек ғана барыўыңыз талап етиледи — тек ғана таза көйлекте.

Тарик мирәтти қабыл еткиси келип турды. Бул қыз оны қандай да тәрепи менен таң қалдырды. Бирақ ол ҳеш жерге суғылмаўы ҳәм өзин тыныш услап жүриўи ҳәм көзге тасталмай жүриўи керек, ал қызлар менен ойын-заўық емес. Бирақ қалайынша ол бас тарта алады? Егер ол бас тартса, онда барлық қоңсылар тәрбия көрмеген таза қоңсы туўралы гәп қылады, ал артық гәп-сөз оған улыўма керек емес.

— Әлбетте, — деди ол. — Сизлер ушын таза көйлек табаман.

# 23

Инспектор Годдар ҳеш нәрсеге ерисе алмады. Ол Бейрутқа «Аккад ҳәм жолдаслары» фирмасына келип, ҳеш кимди таппады. Бирдей хызмет барысын алып барып атырған жердеги қабыллаўшы Марванның келмегенин ҳәм оның қай жерде екенин билмейтуғынын, және де, Рамидиң Багдадқа кеткенин ҳәм қашан қайтып келетуғыны белгисиз екенлигин хабарлады. Басқа барлық кәсиплеслери Жақын Шығысқа жумыслары менен кеткен. Годдар өзин табыўға болатуғын номерин қалдырды ҳәм Скелет пенен байланысыў ушын мийманханаға қайтты.

Ол Мароккодағы Рабатта жайласқан «Хилтон» дағы Лемьеге қоңыраў қылды ҳәм оның үлкен нәтийжеге ерискенин билип қуўанышлы болды. Аэропорттағы бақлаў камералары Джек Карделлдиң «Роял Эр Марок» рейси менен келгенин ҳәм прокатқа машина алғанын көрсетти. Касабланка полициясы оны излеў менен шуғылланып атыр, бирақ ҳәзирше нәтийже жоқ екен.

Деген менен, марокколы иззертлеў хызмети Марван Аккадтың мәмлекетте еки мәрте болғанын, еки мәртеде де Ливанның премьер-министрин шығарып салғанын ҳәм оларға оның Марокко менен байланысы ҳаққында ҳеш нәрсе белгисиз екенин хабарлаған. Олар қандай да Джек Карделлдиң келиўи ҳаққында ҳеш қандай мағлыўматқа ийе емес еди. Ҳәзирше Лемье жолсыз жерге кирип қалды.

— Марванда Мароккоға қарай кетиў себеби болған. Ол бизлердиң изине түсетуғымызды билген ҳәм ол узақ ўақыт Карделл болып жүре алмайды. Бизлер оның қасында көп

пул болғанын билемиз. Ол биреў менен ушырасыўы керек, — деди Лемье ойланып турып.

— Марселедеги жандармаға ол бир қыздың үйинде болатуғынын айтқан, — деди ойланып, Годдар.

— Бул оның легендасының бир бөлегинен басқа ҳеш нәрсе емес, — деп жуўап берди Лемье.

— Мүмкин, ал егер бул дурыс болса не? — деди Годдар.

— Бул жерде кейинги жылларда Марванның болғаны ҳаққында ҳеш қандай мағлыўмат жоқ дедим-ғо, оннан қала берсе, қыз бенен ушырасқаны туўрысында да мағлыўмат жоқ.

— Ал егер ол алды менен қыз бенен келисип қойған болса не? Қыз жақында Мароккоға келген болыўы да мүмкин? — деди Годдар, гәптен қалмай.

— Даўам ет, — деди азғантай үзилистен соң қызықсынған Лемье.

— Оның қолында обручаль жүзиги болған, солай емес пе? — деп сорады Годдар.

— Аўа, бар.

— Егер бул тек ғана легенда болса, жүдә майда-шүйдеге дейин болып кеткен жоқ па?

Лемье гәптен қалғысы келмеди.

— Олар қай жерде танысқан болыўы мүмкин? — деп сорады француз. — Бейрутта ма?

— Сондай болыўы да мүмкин. Бирақ маған белгили болғанына қарағанда, кейинги ярым жыллықта Марван Париждеги фирманың кишкене офисинде пүткил Европа Бирлеспесин координироват еткен.

— Сен ол сол жерде таныскан деп ойлайсаң ба?

— Мүмкин.

— Оның инисинен сора, — деди Лемье.

Годдар не ушын усылай ислей алмайтуғынын түсиндирди.

— Сизлер сол жаққа барған күни Рами Аккад Багдадқа кетип қалған, деп айтпақшымысаң? — деп сорады Лемье.

— Бул шынында да қызық аўҳал болып көринип турыпты, бирақ сол жерде хызмет етип атырған ҳаял әдетте төрт ҳәптениң үшеўинде жол жүреди, деп айтты, — деди Годдар.

— Оның жол жүриўи қай ўақытта жобаластырылған? — деп сорады Лемье.

— Оның жолға шығыўы күтилмегенде болды, деп айтты ҳаял.

— Қатырады-аў, оған қайтадан барып, Марван Аккадтың жеке өмири ҳаққында нелерден хабардар екенин билип ал. Кейин дәрҳәл маған хабарла.

# 24

Тарик ең кейинги мәрте қашан кешеде отырғанын еслей алмайды. Оның өмири жумысқа соншелли бағышланған еди, оннан қала берсе жумысы жүдә қәуипли, ҳәттеки, оның отпускасы да жоқ, ҳеш қандай тыныс емес адамлар менен сәўбетесиў деген де жоқ еди. Бирақ ол кешени сабырсызлық пенен күтип атырғанын тән алды.

Душқа түсиў жүдә аўыр болды, себеби оның жарақаты елеге дейин аўырып жүр еди. Бирақ антибиотиклер өз исин көрсеткен уқсайды. Ол алдыңғыдан тәўир болған еди. Ол аппетити ашылып киятырғанын да сезди. Ол Далия алып келген үлкен суўлы мазалы апельсинниң барлығын жеп таўысты.

*Далия Нур.*

Айнаның алдында қырынып атырып, оның жүзин еследи. Ол ким екен? Оның өмири неден ибарат екен? Оның қолында обручаль жүзиги жоқ еди. Усындай жағымлы қыздың жалғыз болыўы мүмкин бе екен?

Ишинен жиберилген затлар ушын Рамиге миннетдар болып, Тарик кийинди ҳәм лифтте жоқарыға крышаға, айўанға көтерилди ҳәм ол жерде он еки 30 жасларға дейинги болған адамларды тапты. Олар сөйлесип, күлисип, ойнап атыр еди. Үлкен даўыс шығаратуғын динамикадан Амро Дийабаның кейинги альбомы жаңлап турыпты. Бир неше стол үстинде жеңил аўқатлар, пахлава, пирожний, ал мүйеште кишкене бар, ол жерден ишимлик сатып алыўға болады.

Таяр ҳәм ишимликлер ийиси оны тынышландырды. Булар диний адамлар емес ҳәм бул жақсы деп, ойлады Тарик.

Өткен ҳәптеде Рания менен болған ўақыядан соң, ол Қудай ҳаққында ойлаўды, Қудай ҳаққында китап оқыўды, сондай жәмәәт ишинде болыўды да қәлемеди.

Ол өзи ушын пиво сатып алды. Ол әлле қашан басынан өткенлерден уйқының жәрдеминде тынышланыўға ҳәрекет қылды. Енди басқа затларды қолланыўға болады.

Кимдур оның ийнинен услады.

— Сулыў көйлек екен, — деди жумсақ ғана даўыс.

Ол бурылып қарағанда, оған күлип қарап турған Далияны көрди.

— Сиз қайта кийинип алыпсыз, — ол оның менен ойнап атырғаны көринип турған еди, бирақ марихуанның тәсири астында жүргени анық көринип те турыпты. Қыз және биреўин алып, оған шылымнан усынды. Ол оның анасы не айтатуғыны ҳаққында ойланды, бирақ бул пикирди өзинен шығарып жиберди. Бүгин ол барлық аўыр сезимнен қутылыўы керек. Өтмишти умытып, өмирди жаңадан баслаў керек.

— Рахмет, — деди де, ол оның жиңишке кишкене қолынан марихуанналы шылымнан алды. — Қандай себеп пенен?

— Бүгин төртинши күн.

— Нени аңлатады?

— Дем алыс күнлеринде дем алыў ҳәм ҳәзлик алыў.

— Сиз ҳәр төртинши күн кеште усылай ислейсең бе?

— Базылар усылай ислейди.

— Сиз ше?

— Мен базыда танцаға ямаса киноға барыўды унатаман.

— Ал бүгин не?

— Сиз келесиз бе екен, деп қызықсындым.

— Сиз мени келмейди деп ойладыңыз ба?

— Туўрысын айтқанда, аўа.

— Не ушын?

— Билмеймен. Сиз адамларға араласпайтуғын адамдай болып көриндиңиз, — деди Далия.

Тарик жеңилгенге уқсап қолын көтерди.

— Айыплыман.

— Дурыс па? — деп күлди ол ҳәм оның көкирегине қолын қойды да, оны тартып: — Сиз және неде айыплысыз?

Бул сораў қыз ойлағаннан да бетер оған тийип кетти.

— Улыўма айтқанда ҳәммесинен, — деп әсте жуўап берди Тарик.

— Кеттик, саған бир нәрсе көрсетким келеди, — деди қыз.

Ол Тариктиң қолынан услап, аламан ишинен қолайлы бағдың ишине алып кетти. Ол жерден Гелиополистиң ҳәм ушып қонып атырған самолетлардың жанып өшип турған светлери көринип туратуғын еди.

— Сулыў екен, — деди Тарик.

— Аўа, — деди ол ҳәм олар көриниске тойып қарап, үнсиз турды.

— Атыңыз ким, жабайы бала? — деди үнсизликти бузып Далия.

— Тарик.

— Тарик ким?

— Тарик Жамил.

— Сизиң өмир баяныңыз қандай, Тарик Жамил? — деп сорады Далия. — Кимсиз ҳәм не ислеп атырсыз?

Ол егер шынлықты айтса, оның көзи қандай түске енетуғынын көз алдына келтирди.

— Мен консультантпан, — деди ол, бир култым пиво ишип.

— Не бойынша консультант? — деп қызықсынды ол.

— Компьютер бойынша.

— Сондай зеригерли.

— Бул сондай.

— Қаяқтансыз?

— Ҳәмме жақтан. Кейинги бес жыллықта Европада жасап атырман, — деп жуўап берди ол.

— Ырас па? Мысалы, қай жерде? — деп жанланды қыз.

— Мадридте,守Парижде, Берлинде, қайсы жақ туўры келсе. Бирақ мениң компаниям Брюсселде жайласқан.

— Мен Парижди жақсы көремен, әсиресе ҳаўа сондай таза ҳәм жағымлы болған бәҳәр ўақтын. Бундай ўақытта гүллер ашылады ҳәм көшелерде бир-бирин сүйгенлер сондай көп болады, — деди ол бизнестиң майда шүйдесине қызықпастан.

— Сиз сол жақта өстиңиз бе? — деп сорады Тарик, пивосын ишип турып.

— Яқ, Иорданияда өстим. Бирақ мен «Бритиш Эрвэйз» те стюардесса болып ислеймен ҳәм Париж рейсине биреў менен орын алмасаман, — деп жуўап берди ол.

— Сизиң жумысыңыз кеўлиңизди көтереди екен.

— Базыда, — деп өкинишли түрде айтты қыз.

— Бирақ...

— Бирақ жеке өмириңди қурыў қыйынлаў болады.

— Нени нәзерде тутып атырсыз?

— Сизди жаллаған ўақытта, тек англичанлар ғана емес, ал барлық компаниялар сизге пулсыз саяхат етиўди, дүньяны көриўди ҳәм тағы басқаларды ўәде қылады. Бирақ негизинде ақмақ график бойынша ҳәмме ўақытта жумыс ислеўге туўра келеди. Сиз ҳәмме ўақытта чемоданда боласыз. Оянған ўақтыңызда, қаяқта екениңизди түсинбей қаласыз. Үй деген не екенин билмей қаласыз. Бирге жумыс ислейтуғынлардан басқа биреўлер менен досласыў қыйын болады. Дурыс, сиз пилот ушыўшыға ашық болыўың да мүмкин, бирақ олардың ҳәммеси де үйленген — ямаса ҳәммеси лесбиянка болған стюардессаға... Бирақ не қылыў керек, бул жумыс жасаў ушын пул табыўға мүмкиншилик береди.

Ол шылымын тартты.

— Ал Дина ҳәм Мерват не? Сизлер досларсыз, солай емес пе? — деп сорады Тарик.

— Жүдә емес.

— Бул не дегениң?

— Яқ, мени надурыс түсинбең. Олар әжайып қызлар, олар маған қылғанындай, мен де олар ушын қәлегенин қыламан. Бирақ бизлер бир-биримизди жүдә жақсы билмеймиз. Бизлер тек биргеликте квартирада турамыз, себеби бир адамға бул жүдә қымбатқа түседи. Оннан қала берсе, олар екеўи де «Эр Франс» та ислейди ҳәм бизлер жүдә сийрек көрисемиз. Және де, олардың екеўин де Нью-Йоркқа өткерди. Енди бизлер улыўма көрисе алмаймыз.

— Аўа, аянышлы.

— Өмир усындай. Онда гүнакар адам ушын тынышлық жоқ, — деп суўық демин алды Далия.

— Сиз басқа ис пенен неге шуғылланбайсыз? — деп сорады Тарик.

— Мысалы, не менен? Компьютер сатыў менен бе? — деп сорады ол.

— Бул да жасаў ушын пул табыў мүмкиншилигин береди.

— Усындай жумыс сизге унай ма?

— Енди болады, сиз айтқаныңыздай мен жалғызбан. Оған бул туўры келеди. Бирақ сиздей адамға, мениңше, оннан да үлкенирегі керек.

— Нени нәзерде тутып атырсыз?

— Сиз жағымлы, сулыў, сәўбетлесетуғын, толық өмирли қызсыз ҳәм сизге оннан да жақсырағы керек.

Қыз бурылды да, оның туўры көзине қарап, қапталға басын еңкейтти.

— Сиз мени сулыў деп есаплап атырсыз ба?

— Мен не ушын кешеге келдим?

Тарик еңкейди де, оннан жумсақ түрде поса алды. Ол дәрҳәл оған жуўап берди ҳәм ол күтпегендей етип күшли сүйип алды. Олардың қапталында каирлы аэропортына «Боинг 747» самолеты қонды. Тарик оннан бас тарта алмайтуғын усыныс еситти.

— Дина ҳәм Мерват бүгин кешеден кейин дәрҳәл аэропортқа кетеди ҳәм бүгин квартирада бир өзим қаламан, — деди қыз Тарик оны сүйип атырғанда.

Бул мүмкин бе екен? Тарик өзинде және ыссылық көтерилип атырғанын сезди.

— Мениң менен бирге болыўды қәлейсиз бе? — деп сыбырлады ол азғыратуғын даўыс пенен.

Ол буны жүдә қәлейди, бирақ оны еки нәрсе қыйнап турған еди — Рания ҳәм ийниндеги жарақат. Ол бул ой-пикирди ысырып таслады. Рания менен ҳәммеси тамам болды, ол Тарикке буны түсиниўине анықлық киргизди. Өмир даўам етип атыр, ол оннан және ҳәзлик ала алады. Екинши тосқынлық аўырлаў — қандай да түсиндирмени ойлап табыў керек. Бирақ усындай әжайып қыз бенен бирге түнди өткериўге оған ҳеш нәрсе кесент бермеў керек.

— Жүдә қәлеймен, — деп сыбырлап жуўап берди Тарик ҳәм қыз оған гилт услатты.

— 901 — квартира. Усы жерде азғантай күтип тур, 10 минуттан соң ушырасамыз. Мениң бөлмем — шептеги үшинши есик. Есикти ашып қояман.

# 25

«Аккад ҳәм жолдаслары» агенствосы Бейруттағы Америкалық университетине жақын кишкене офис орайлығында жайласқан ҳәм Годдар ойлағанындай екинши келиўинде, өз тийкарын салғанлардың сызылмасын алып жүрди: ол көзге тасланбайтуғын, салдамлы ҳәм Марван Аккад сыяқлы жумбақлы еди.

Есиктеги жазыўда логотипсиз, сайтсыз ҳәм ҳеш қандай ислейтуғын жумыс мақсетине силтеме де берилмеген, ал тек ғана компанияның атамасы жазылған еди. Қабыллаўханадағы мебеллер бирдей унамлы еди ҳәм ҳәттеки жетерли дәрежеде қымбат еди, бирақ бул жерде проспект, дийўалларда картиналар жоқ еди. Улыўма алғанда бул жерге миллиардер-клиентлер миллионлап келетуғынына силтеме қылғанда ҳеш нәрсе көринбейди. Тек ғана оқ өтпейтуғын айна, кирер аўыздың жоқарысында, коридорда ҳәм холлда бақлаў камерасы бар. Бул фирманың бағытламасын көрсетип туратуғын еди.

Бирақ Марван ҳәм Рами Аккадлардың абайлылығына қарамастан, бир ҳәлсизлик қалдырып кеткен — бул Жасмин Зейтун.

— Азанғы сәлем, ханым Жасмин, — деп күлди Годдар, оның столының жанына отырып атырып. — Сиз бенен және көрискенимнен қуўанышлыман.

Жасмин университет питкериўши шырайлы қыз ҳәм егер жыл болмаса көп айдан берли Годдар сымбатлы, келискен жигит сыяқлы қылып, оған кирпигин ойнатып қойды.

— Хош келдиңиз, инспектор Годдар, — деди ол. Сизге және қандай жәрдемим тийиўи мүмкин?

— Мен үйге қайтып баратырман, бирақ бүгин мырза Аккад ямаса оның кәсиплеслериниң бири келген жоқ па екен деп, және бир мәрте көрип кетейин дедим.

— Тилекке қарсы, ҳеш ким келмеди, — деди ол, тап шын-жүректен жәрдем бере алмағанына аянышлы түр билдиргендей етип. — Ҳеш қандай өзгерис жоқ.

— Ондай болса, мен және бир мәрте урынып көриўиме туўра келеди екен, — деди Годдар.

— Мәрҳәмат, сиз бенен сәўбетлескениме қуўанышлыман, — деди қыз.

— Сизде мениң номерим бар ма?

— Аўа, — деп жуўап берип, ол столдың үстинен оның карточкасын излеп таўып оған көрсетти. — Аккад ағалы-инилердиң биреўинен хабар тапсам, олар сениң менен байланысады.

— Сиз жүдә кең кеўилли екенсиз, — деди ол кетиўге таярланып атырып, — Аўа, және бир нәрсе.

— Сизди тыңлайман, — деди қыз.

— Париждеги Марванның сүйикли қызы, оның менен иззертлеў ис жүзинде бир неше сораў берип, сөйлесип алыўым керек еди. Оны табыўым ушын сизде оның телефон номери жоқ па?

— Сиз Ранияны нәзерде тутып атырсыз. Мениңше, ханым Фавазды оның қызы деп есаплаў жүдә туўры келмейди. Бирақ ол оған деген жүрегинде сезими бар, буған гүман жоқ, — деди ҳақ кеўли менен қыз.

— Жүрегинде сезим болды? — деп сорады Годдар, Жасминнен барлық мағлыўматты алыў үмитинде.

— Аўа, мырза, — деп сыбырлап сөйледи қыз, офисте олар екеўинен басқа ҳеш ким болмаса да. — Өткен жазда ол оған усыныс қылған, ал қыз оннан бас тартқан ҳәм жоқ болып кеткен, деген гәп бар.

— Жоқ болып кетти? — деп қайта сорады Годдар.

— Усындай деп еситкен едим. Бул мениңше қатты аўыр болған шығар. Енди барлығы усы. Мен мырза Аккад ушын қорқаман. Ол жүдә жақсы адам, — деп гүрсинип қойды қыз.

10 минуттан соң Годдар машинада аэропортқа асықты ҳәм Скелетке қоңыраў қылды.

— Оның аты Рания Фаваз. Ол 24 жаста, медсестра болып ислейди. Ол усы жерде өскен, бирақ Парижге 10 жыл алдын көшип кеткен. Бирақ ол Мароккоға қайта көшип өткен, — деди ол қоңыраў қылып Лемьеге.

— Ҳәзиллесип атырсаң, — деди Лемье.

— Ҳеш қандай, — деп жуўап берди Годдар.

— Ол Рабатта ма? — деп сорады Лемье.

— Дюваль усының үстинде ислеп атыр, мен тез арада билип аламан, — деди Годдар.

— Сиз жақсы ислединиз, Годдар. Сизден усындай жақсы детектив шығады, — деди Лемье ҳәм бир неше күннен берли оның даўысында шын қуўаныш шықты.

# 26

— Тарик, ал басқа шофер да усындай болып қатты жарақат алды ма?

Тарик сораўды еситти, бирақ жуўап бергиси келмей, еле уйықлап атырғанға салды. Бирақ Далия сораўын қайталады.

Бир неше ўақыттан соң ол бурылып, әсте көзин ашты. Перде артынан азанғы алтын күн нуры жарқырап турыпты. Далия өзиниң жыллы денеси менен қушып, жуўапты күтип жатыр. Ол өтирик сөйлеўге үйренип кеткен, әдетте бул оған машқала емес еди. Бирақ белгисиз бир себептен оған бул қызды алдаўды уят сезди ҳәм ол ойлап таба алмады, буннан қалай қашып қутылыў керек.

— Тилекке қарсы, сондай болды. Полиция онның қатты мәс екенин айтты. Ол жаңа ғана кешеден қайтқан екен ҳәм дыққатлы бола алмай, нәтийжеси усындай авария! Мен оны улыўма көрмедим, — деди ақыры ол.

Далия қалтырап кетти.

— Сен өлип қалыўың мүмкин еди.

Тарик үндемеди ҳәм азғантай ўақыттан соң былай деди:

— Бул ҳаққында ойлаўды қәлемеймен.

Ол полдан көйлегин алды да, оны кийип алды.

— Өлим ҳаққында ма ямаса авария ҳаққында ма? — деп сорады қыз.

— Екеўин де, — деп ол орнынан турды да, джинсийин кийди.

— Соның ушын да, бүгин түнде жаман түс көрген бе единң?

— Жаман түс? — деп сорады ол.

Ол басын шайқады.

— Есиңде жоқ па?

— Яқ, — деди ол дәрҳәл.

*Ол не айтты екен? Қыз нени еситкен екен?*

— Саат түнги үште, сен тисиңди қайрап, буратылдың ҳәм бир нәрселерди айтып басладың, — деди қыз.

— Нени айттым? — деп сорады ол.

Далия көрпесин жамылды.

— «Яқ, мени тыныш қойыңлар, мен айыплы емеспен!» дегенге уқсаған сөзлер. Мен ҳәммесин еслите алмадым, өзим айтарлықтай уйықлап атырған едим.

*Қудайға шүкир,* — деп ойлады ол ҳәм былай деди:

— Және не?

— Ҳеш нәрсе. Сен бурылып жаттың да, және уйықлап қалдың. Сен ҳеш нәрсени еслей алмайсаң ба?

Оның есинде еди. Бирақ оған улыўма айта алмайтуғын еди. Ол бир ғана жол менен тири қалады — егер еки өмирди жасаўды даўам етсе. Ол және бир қәтеге жол қойыўды қәлемейди.

— Яқ, есимде жоқ. Менде саған сораўым бар, — деп ол еңкейип оны сүйип алды.

— Бериң.

— Сениң келеси рейсиңиз қашан?

— Тек ғана биринши күни кеште. Ал неге сорадың? — деди қыз.

— Ондай болса ҳәптениң дем алыс күнлери боссыз, солай ма?

— Мен Александрияға қонаққа баражақпан.

— Достыңның үйине ме?

— Яқ, — деп күлди ол, — қыз достымның үйине.

— Барыўды бийкар қыл.

— Не ушын?

— Бул дем алыс күнлерди бирге өткерейик.

— Бизлер не қыламыз?

— Анық билмеймен. Азанғы аўқат жеўге барайық ҳәм және бир нәрселерди ойлап көремиз, нени қәлесең, — деп жуўап берди ол.

— Нени қәлесем? — ол Тарикке гүманлы түрде қарап қойды.

— Нени қәлесең, — деп тәкирарлады ҳәм ол келисим береди деп үмит етти. Ол негизинде ҳәзир биреў менен жақын қатнаста болып, қәўипке жол қойып атырғанын түсинди, бирақ ҳәммесин контроль астына алыў қолынан келетуғынына исенимли еди. Ол және бир өзи қараңғы ҳәм патас квартирасында болыўды көз алдына келтире алмады. Далия шырайлы, қуўанышлы ҳәм өмирге толы, ҳәзирше ол Далия менен екен, ол Рания ҳаққында, соның менен бирге, Годдар ҳәм Лемье ҳаққында да ойламайды.

— Келистик, Тарик Жамил, — деди ақыры Далия. — Кел, туристликти сәўлелендирейик.

Далия Каирда бир жылдан артық жасады, бирақ қаланы еле аралап көрген жоқ еди. Тарик бул жерде таза адам (бир неше мәрте ол Ливанның премьер-министри менен Каирда болды, бирақ ол өзи ушын ўақыт ажыратыўға ўақты болмаған еди). Мине, душқа тез түсип алып, «Шератонда» азанғы жеңил аўқат жеп алып, олар жас жубайлар сыяқлы ўақытты бирге өткериўге Хан Аль-Халил базарына такси менен кетти. Олар ийиске толы көшелерде айланды, қымбат баҳалы ҳәм шығыс безеўи менен безелген антикварлы лавкаларға кирди, «Нагиб Махфуз Кафе» де түркше кофе ишти.

Олар дийўаллары ашық қызыл таўар менен қапланған өз алдына кабинетте отырғанда, Далия оннан:

— Сен Нагиб Махфуздың қандай да романын оқыдың ба? — деп сорады. Олар тап палатка ишинде жасырынып алғанға уқсайтуғын еди.

Ол пирожный жеп атырып:

— Тек биреўин, «Жетекши өлген күн» деген роман, — деп жуўап берди.

— Бул қайғылы роман, — деди Далия.

— Оның барлық романлары қайғылы емес пе? — деп сорады ол.

Далия былай деди:

— Ҳәммеси емес. Маған оның муҳаббат ҳаққындағы ўақыясы унайды. *«Мениң сүйгеним суўдан қармағын тартады. Ол бос шықты, бирақ ол маған бармағын батырып, ҳәзирге дейин сақланып қалған белги қалдырды. Нилдиң жағасында, үйимиздиң алдында, мен оған былай дедим: ол — ҳеш нәрсеге жарамайтуғын балықшы, бирақ ол мени ус-лап алды ҳәм мениң қаным ағып турыпты».*

— Сен мени таң қалдырдың, — деди Тарик.

— Махфузға мени әкем үйреткен еди, — деди ол. — Мен кишкене ўақтымда, әкем маған оның романларын уйқымнан алдын оқып беретуғын еди — ҳеш болмаса бир бабын, бирақ егер оны көндире алсам, базыда бир баптан да көбирек. Мен үлкейген ўақтымда, оларды өзим оқый басладым.

— Сен ҳәммесин оқыдың ба?

— Барлық пьесаларын емес, бирақ барлық роман ҳәм гүрриңлерин оқыдым. Олар сыйқырлы, сен өз өмриңнен тысқары болып, басқа дүньяға киресең. Узақ ўақытқа дейин, Махфузға жынаятшы пышақ пенен ҳүжим ететуғын күнге дейин, мен үлкейсем жазыўшы боламан, деп исенип жүретуғын едим. Бул ҳаққында еситкенимде, қаяқта екенимди еслеймен.

— Ырас па? — деп таң қалды Тарик. — Буған узақ ўақыт болып кеткен жоқ па, 95 ши ямаса 96 шы жылы ма?

— 14 — октябрь 1994 жылы, — деди Далия.

— Шынында да есиңде екен.

Далия өзиниң көйлегин қарады.

— Бул мениң туўылған күним еди. Мен 13 жасқа толған едим. Мектептен келгенимде, анам маған айтып берген еди.

Алдын мен исенбедим ҳәм әжағама қоңыраў қылдым, ол да буның ҳақыйқат екенин тастыйықлады. Мен өз бөлмеме жуўырып кеттим де, есикти жаўып алдым ҳәм жыладым, тек ғана ертеңине азанда бөлмемнен шықтым. Биринши мәрте маған жақын болған адам қайтыс болды. Мен тап атамды ямаса ҳәттеки әкемди жойтқандай болдым. Бирақ кейин ала оның тири қалатуғынын еситтим ҳәм мен сондай қуўанышлы болып, өзимде сондай жеңиллик сездим, тап үстимнен үлкен жүк алынып тасланғандай, және жыладым. Досларым мени еси дурыс емес деп есаплаған еди, бирақ маған бәрибир еди. Мен Махфуз тири екенине қуўанышлы болдым ҳәм оның қашан болса да және жазыўын даўам етиўи ушын дуўа еттим. Ол шынында да және жазды. Ал сен қашанлардур усындай жағдайды басыңнан өткердиң бе, Тарик? Жақынларыңнан биреўин жойттың ба ямаса жойтаман деп қорқтың ба?

Тарик инстинктив түрде аралықты услаў керек, Рания менен болғанындай, оған да жүдә жақын болып, оның жүрегин жарақатламаў ушын қашықлық услаў кереклигин түсинди. Бирақ жүреги басқаша сөйлеп атыр (аўа, қыз жүдә таныс емес, олар кеше ғана ушырасып баслады), ҳәм ол қызға не деп жуўап берип атырғанын еситти:

— Ата-анам. Мен 14 жасымда олар қайтыс болды. Мина қойылған машина жарылды. Иним екеўимиз буның қалай жүз бергенин көрдик. Бир неше метр жақын болғанымызда, бизлер де өлген болар едик.

— Оҳ, мен қәлеген жоқ едим... мениң хабарым жоқ еди... — деп Далия силкинип кетти.

— Зыяны жоқ. Буған көп ўақытлар болып кетти, — деди жумсақ түрде ол.

— Кеўил билдиремен.

Қандай да ўақыт қолайсыз үнсизлик даўам етти.

Кейин Далия былай деп сорады:

— Сен өлимди жийи көргенсең, дурыс па, Тарик?

Ол басын да шайқамады. Ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди. Жуўап бергиси келди, бирақ қыла алмады.

Далия оның қолын услады. Тариктиң биринши қәлеўи кейинге шегиниў еди, — ол өзин биреўдиң аяғанын ҳеш қашан қәлемеген еди. Бирақ ол бул қызды қапа қылғысы да келмеди. Оннан қалар берсе, қыздың қол тийгизиўи сондай жыллы, жумсақ ҳәм тынышландыратуғын еди ҳәм ол кимниңдур қашанлардур оның пикири ҳәм сезими менен қызыққанын еслей алмайды.

— Бир жаққа жәнe барсақ болатуғын шығар, — деди азғантай ўақыттан соң Тарик.

— Барсақ барайық, — деп жуўап берди Далия.

# 27

Бир сааттан соң олар қоларынан усласып, бир неше саат мың жыллықты сезиўге ҳәрекет етип, үңгирди еслететуғын Мысыр музей залына кирди. Далия сувенир киоскинен сатып алған жол баслаўшы қағаздағы фрагментин оқыды.

— Бул жерде қанша экспонат бар екенин тап, — деди Далия, олар патша Рахотепа ҳәм оның ҳаялы Нофреттиң известяктан исленген статуясын көрип атырғанда ҳәм Аменхотеп III ниң ғәзийнеси арасынан өтип баратырып.

— Анығын билмеймен, — деп жуўап берди ҳеш қашан музейди баҳаламайтуғын Тарик, бирақ ҳәзир Далияға қызықлы болғаны ушын, ол да қызығыўға ҳәрекет етти.

— Шамалап айт.

— Яқшы, миллион.

— Яқ, шынында, қанша?

— Онда, ярым миллион.

— Жүдә күлкили. 120 мыңы қойылған ҳәм 150 данасы сақлаў залында турыпты деген гәп бар.

— Болғаны ма? Усы да музей деп атала ма? Көз боямашылық-ғо! — деди Тарик.

— Сеники мүмкин емес, сен клоун болыўың керек еди, — деп Далия оны шығанағы менен ийтерди.

— Шынында да. Дүньядағы биринши компьютер бойынша клоун-консультант. Не ушын усы ойыма келмеген екен?

— Болды енди. Жүр, Тутаның ғәзийнесин көрейик.

Олар текше арқалы жоқары екинши этажға көтерилди ҳәм Тутанхамона галереясына кирди. Алдын олар еки қара алтынлы статуяны көрди. Бул қашанлардур оның Луксорға

жақын жердеги Патша даласындағы қәбириниң кирер аўзын қараўыллаған. Кейин олар витринаға қойылған алтын жалатылған ағаш қәбир тасларды тамаша қылды. Сонша әсирден берли пүтин болып сақланып киятырған олар 1920 — жылы британиялы археолог Говард Картер тәрепинен табылған еди.

— Таң қалдырарлық. Қара, мына үлкен саркофагидиң ишинде оннан кишкенеси, оның ишинде және кишкенеси, және, және ишинде жайластырылған, — деди Далия.

Бир неше минуттан соң олар үшинши залға кирди, бул зал жасалма климат пенен қараңғыланған.

— Арман қарай, усы табылған қәбир таслардың ишинде, ал оның ишинде — ең кишкенеси алтыннан ҳәм ең ақырында Тутанхамоның денесиниң өзи усы алтын маскада жайласқан.

Олар свет астындағы жанында қараўыл турған айна витринаның алдында тоқтады. Оның ишинде ең таң қаларлық экспонат, Тарик өмиринде биринши көриўге миясар болған экспонат бар еди.

— Бул сол ма? — деп сыбырлап сорады Тарик. — Ол ҳақыйқый ма?

— Әлбетте, — деп жуўап берди ол. — Реңине, шеберлик пенен исленгенге дыққат пенен қара. Таң қаларлық.

Ол ҳақ еди. Өлиге қойылған маска қуйма алтыннан таярланған ҳәм көк, сары, қызыл реңлер менен безелген. Бул сүлдер қашанлардур мәмлекетти ҳәм халықты басқарған жас патшаның жүзин әжайып сүўретлеп турған еди. Витринаның жанында басқа баҳалы алтын ҳәм гүмистен исленген затлар ҳәм Тутанхамон менен бирге жерленген қымбат баҳалы басқа затлар көргизбеге қойылған.

— Бир адамда усындай байлық болғанын көз алдыңа келтире аласаң ба? — деп сорады Далия. Егер олар баҳаланған жағдайда миллиард фунттан аслам баҳалы затлар сақланып атырған имаратқа қарады.

— Исенесең бе, буның барлығы адам менен қоса жерленген ҳәм оны кейинги өмиринде қоллана алады деп ойлаған, — деди Тарик.

— Аўа, бул қайғылы, — деди Далия.

— Бирақ барлық фараонлар усылай ойлаған, — деп даўам етти Тарик, — аспандағы өмир ушын ғәзийне сақлаў ушын пирамидаларды қурған. Ал бул ғәзийнелерди қарақшы ҳәм урылар урлап кеткен.

Қараўыл олардың әсте сөйлесиўин илтимас қылды ҳәм олар тамаша қылыўды даўам етиўди шешти. Олар Тутанхамонаның көрсетпеси бойынша өзи менен жерленген басқа баҳалы затлар турған заллардан өтти. Булар найза, садақ, ол ойнаўды жақсы көрген ойынлар, оны ыссыда саммаллатқан алтын үлкен желпиўиш ҳәм ҳәттеки, қашанлардур империяны басқарған ўақытта үстинде отырған алтын тахты бар еди.

Ярым сааттан соң, кириўге пул төлеп, олар мумия залына кирди. Биринши мумия Рамсес II еди ҳәм Тарик Монте-Карлода моргта сақланып атырған Рафик Рэмзи ҳаққында ойлай алмады. Олар кеўип қалған адамның жүзин, сүйеги шығып турған бармақларын ҳәм әййемги фараонның денесин қаплап турған қоңыр пердени тамаша қылды.

— Далия, — деди ол сыбырлап ҳәм қасында еситип қоятуғындай қараўыл жоқ пе екен деп, жән-жаққа қарап алды.

— Ҳаў, — деп жуўап берди.

— Сен аспанда өмир бар екенине исенесең бе?

Ол бурылды да, оған ҳайран қалып қарады.

— Әлбетте, ал сен не исенесең бе?

— Исенемен деп ойлайман.

— Ойлайсаң ба?

— Яқ, исенемен. Тек ғана... билмедим... әҳмийетли емес.

Қыз бирден оған туўры қарады. Оның жүзиндеги көриниси өзгерип кетти ҳәм ол Тариктиң қулағына былай деп сыбырлады:

— Мени кешир. Сени усы жерге әкелмеўим керек еди. Ойланбаппан. Бул жердегиниң ҳәммеси өлилер салтанаты екен.

— Яқ, яқ, мәселе бунда емес. Ҳәммеси жақсы. Тек ғана... — деди Тарик.

— Не нәрсе?

— Ҳеш нәрсе.

— Яқ, нени айтпақшысаң?

— Енди қайтсақ бола ма?

— Маған айт.

— Ырасы, ҳеш нәрсе. Кел...

— Сен авария ҳаққында ойлап атырсаң ба? — деп сорады қыз ҳәм Тарикке оның жумсақ нәзери тийди. — Сен өлимге қандай жақын болғаның ҳаққында ойлап атырсаң.

— Аўа, мүмкин, — деди ол, қызға ҳәммесин сондай айтқысы келип.

— Билесең бе, Тарик Жамил. Сен жақсы адамсаң. Ал Қудай жақсы адамды аспанға киргизеди. Мине, усы болғаны, сен билиўиң керек болған нәрсе, — деп сыбырлады қыз, оның қолын қатты услап турып. Тарик шекесинде оның жыллы демин сезип турды.

Ол Далияның оны тынышландырыўды қәлегенин билди. Қыз оның кеўли қабарғанын қәлемейди. Бирақ қыз оның қандай қорқыныш сезгенин түсине алады. Егер оның айтқаны — дурыс болса ҳәм Қудай аспанда жақсы адамларға өмир береди, сонда ол соған ийе болады.

Ол жақсы адам емес. Негизинде әпиўайы айтқанда усындай, бирақ қорқынышлы ҳақыйқат. Ол Годдар ҳәм Лемье гүманланып атырғанындай айыплы емес ҳәм оны суд ҳүким еткендей ол ҳеш қандай қылмыс қылмады, егер ис усыған дейин барса. Бирақ аспандағы суд не? Ол жалған сөйлеў, наркотик қолланыў бойынша айыплы емес пе? Және де, еле үйленбеген ҳаял менен бирге жатыў не? Ата-анасының ескертиўлерин аяқ асты қылғаны, әсиресе анасының

басқа жол, басқа өмир таңла деп жалбарыныўын тыңламағаны айып емес пе? Ол бул ҳаққында қанша көп ойласа, соншелли дизим узын болып, ол соншелли езилип баратыр.

# 28

Телефон шыңғырлады, инпектор Годдар биринши қоңыраўдан-ақ трубканы көтерди.

— Колетт, илтимас, Рани Фаваз ҳаққында не тапқаныңды айт. Телефон номерин бе, адрес пе, — баслаўым ушын бир нәрсе айт, — деди ол бейрут аэропортында билетке өширетте турғанында. Ол бүгин Мароккоға ушыўға үмит етти.

— Мен екеўин де таптым, — деди Дюваль.

— Бар! Ол Рабатта ма? — деп бақырып жиберейин деди Годдар.

— Яқ, Касабланкада.

— Солай ма! Қай жерде? Оның фотосүўрети бар ма? — Годдар адрести блокнотына жазып алды.

— Ҳәзир ғана алдым.

— Оны дәрҳәл мениң телефоныма жибер.

— Жақсы.

— Бәрекеллә, Колетт. Сен жақсы иследиң. Сен Мароккодағы полиция менен байланыспадың ба?

— Яқ, сен мағлыўматты биринши болып алыўды қәлейсең деп ойлаған едим.

— Әжайып. Оны қалай таптың?

— Телефон компания арқалы, — деп жуўап берди Дюваль. — Ең қыйыны излеўге мүмкиншилик беретуғын биреўди табыў ҳәм оларды негизинде мен ким екенимди исендириў қыйын болды. Қалғанлары қыйын болмады.

— Бәрекеллә, — деди және Годдар, усындай табысқа исенгиси келмей. — Яқшы, мен Скелетке қоңыраў қыламан. Ал ҳәзирше усы Рания ҳаққында барлығын билип

ал. Ол ең кейинги мәрте кимге қоңыраў қылғанын, қаяқта ислейтуғынын, оның қоңсылары ким — мүмкин ол биреў менен бирге квартира ижараға алып турған шығар, қандай машинада жүреди — ҳәммесин билип ал. Ҳәзирше мароккалы полицияларға кесент бермеўге ҳәрекет етемиз. Юридикалық жүксиз мәмиле қыламыз.

***

10 минуттан кейин инспектор Лемье Годдар менен сәўбетин тамамлады ҳәм телефонына келген хатты оқыды. Демек, Жан-Клод сары шашы менен бир нәрселерди тапқан. Ким ойлапты дейсең.

Барыс жағдайы әжайып кетип атыр, деп ойлады Лемье. Марван Фаваздың квартирасында жасырынып атыр (бул анық болыўы да мүмкин) ямаса қыз оның қаяқта екенин биледи ҳәм оның изин таўып береди. Қандай жағдай болса да, ол қызға тез жетип барыўы керек. «Хилтоннан» шығып, ол машинаға отырды да, Рабатадан Касабланкаға асықты.

Ол керекли имаратқа жетип барғанда, қараңғы болып қалған еди ҳәм қараўыл өз столында уйықлап отырған еди. Лемье лифттиң шаўқымы ҳеш кимниң тынышын алмаўы ушын жетинши этажға текше арқалы көтерилди.

Ол жоқары көтерилгенде, сол этажда адам жоқ ҳәм тыныш еди. Пистолетин қолына алды да, даўыс пәсейтетуғынын салып, ол таяр ҳалда жүрди. Ол 701 квартираны тапты, еки мәрте есикти қақты ҳәм жас ҳаялдың даўысын еситти:

— Кимсең?

Бул Фаваз? Марван усы жерде ме екен? Лемье өзиниң даўысын Марван ҳеш қашан еситпегенин билетуғын еди. Бирақ ол есиктиң артында турып, қуралланған ҳалда, өзин жынаяты ушын тутқынға бермеў ушын өлтириўге таяр турған болса, онда буған таяр болыў керек.

— Сиз спутник телефидениесин орнатыў мәселесинде хабарласқан ба едиңиз? — деп сорады ол. Ол бул мағ-

лыўматты отдель тәрепинен кейинги саатларда жыйналған еди ҳәм бул шынлыққа жақын келетуғын еди, Лемье Годдардың адамлары неге буны өзлери ислемеди екен деп ойлап қойды.

— Аўа, бир минут, — деп жуўап берди ҳаял.

Ол қулыптың ҳәм шынжырының қалай ашылып атырғанын еситти ҳәм ол Рания Фавазды көрди, ол Годдардың жиберген фотосүўретке уқсайды екен.

Лемье есикти ийтерип жиберип, Ранияның қолынан услап қайырды да, оның мойнынан услап турып, оның басына пистолетин тақады.

— Марван Аккад қаякта? Тез жуўап бер! — деди ол.

— Аўырып кетти! — деп бақырды Рания. — Қолымды сындырдың!

Лемье буған дыққат та аўдармады.

— Қыз мениң қолымда, Марван! — деп бақырды ол. — Егер оны тири көргиң келсе, қуралыңды тасла ҳәм қолыңды көтерип, әстен шық!

— Ол бул жерде жоқ, — деди Рания, аўырғанынан түси өзгерип. — Ол жоқ. Марван бул жерде жоқ.

— Мен саған исенбеймен, ханым Фаваз. Сен өз сүйиклиңди қутқарыў ушын алдап атырсаң, деп ойлайман.

— Ол мениң сүйиклим емес. Ҳеш қашан ондай болған жоқ. Ол бул жерде жоқ.

Бул исенимли болып еситилди, бирақ Лемье қәўипке жол қойғысы келмеди. Қыздың басына пистолетин қатты басыңқырап, ол өзи менен оны бөлмеме-бөлме, кладовканы, кәттиң астыларын ҳәм душ бөлмени, барлық мүйешлерди қарап шықты. Ол Марванның ҳеш жерде оған қәўип туўдырмай турғанын, яғный жоқ екенине көзи жетип, өзин бос услап баслады.

— Мен саған оның бул жерде жоқ екенин айтқан едим, — деди Рания, олар излеўди тамамлағаннан соң ҳәм Лемье кирер есикти жапты.

— Үниңди өшир! — деп бақырды ол ҳәм оның шекесине пистолеттиң сабы менен урып жиберди. Ол жерге қулады ҳәм жылап жиберди. Жыртылған ериннен қан ағып кетти. — Яқшы, ол ҳәзир бул жерде жоқ, бирақ ол усы жерде болған!

— Сиз кимсиз? — деп сорады қорқыныштан қалтырап. — Сизге не керек?

— Сораўды бул жерде мен беремен, ханым Фаваз, — деди Лемье, оған қарай еңкейип ҳәм оған пистолетин қаратып. — Мен сеннен Марван Аккад жақында усы жерде болды ма деп сорап атырман?

— Аўа, болды, — деди ақыры ол.

— Оған не керек болған еди?

— Ол усы жерде қалыўды қәлеген еди, бирақ мен бас тарттым.

— Не ушын усы жерде. Не ушын мийманханада емес?

— Ол жарақатланған еди. Оған жәрдем керек болған.

— Сиз оған жәрдем бердиңиз бе?

— Мен — медсестраман.

— Ол сени жақсы көреди.

Рания үндемеди.

— Ол саған турмысқа шығыўыңа усыныс қылған? Май айында — солай ма?

— Аўа, солай болды.

— Демек, ол сени жақсы көрген.

— Мениңше, сондай.

— Ал сен оны жақсы көрмедиң бе?

— Мен оннан бас тарттым.

— Сениң оны жақсы көрмейтуғыныӊ әҳмийетли емес. Ол саған келген-ғо. Хабарласа алатуғын барлық адамларының ишинде, сени таңлаған жоқ па?

— Мениңше, солай.

— Ол сениң оған итибарсыз емес деп ойлаған шығар?

— Мүмкин.

— Қыйын жағдайында ол саған хабарласқан. Оның оқтан алған жарақаты бар ма еди?

— Аўа, соған уқсайды.

— Сен оны қуўып жибердиң.

— Мен оның шырмаласқан өмирине араласқым келмеди.

— Адам өлтириўшиниң өмирине ме?

— Мен булай деп айтқан жоқпан, — деп қысынды Рания.

— Бул ҳаққында айтып отрыўыңның кереги жоқ.

— Ол адам өлтириўши емес. Ол жақсы адам, — деди ол.

— Бирақ оған турмысқа шыққандай онша жақсы емес.

— Бизлер балалық ўақтымыздан берли доспыз. Мен оған не мақул болса ислеп келдим.

— Ал енди не ушын ислемедиң?

— Мен... мен оған қолымнан келгенинше жәрдем бердим.

— Бирақ сен оның қалыўына рухсат бермепсең, солай емес пе?

— Мен...

— Сиз оған пул бердиңиз бе?

— Яқ.

— Оған самолетқа билет алыўына жәрдем бердиң бе?

— Яқ.

— Сиз оны темир жол станциясына апарып қайттың ба?

— Яқ.

— Бирақ сиз оның қаяқта екенин билесиз, ханым Фаваз, солай емес пе?

Рания полға сүйенди, ол қалтыраўдан өзин зорға услап турды, көзи көз жасына толып кеткен еди ҳәм зордан сөйледи.

— Яқ, билмеймен, — деди қыз.

— Алдап атырсаң деп ойлайман.

— Артық ҳеш нәрсе билмеймен.

Лемье пистолеттиң қорғаў жағын шертип жиберди.

— Илтимас, маған исен, мен оның қаяққа кеткенин билмеймен.

— Мен үшке дейин санайман, мени қызықтырып турған сораўды еситпесем, сени өлтиремен, — деди Лемье.

— Бирақ билмеймен. Ант ишемен. Егер билгенимде, саған айтар едим, — деди қыз.

— Айтпаўың да мүмкин. Негизинде сен оны жақсы көретуғын да шығарсаң. Сен оны жасырыў ушын өзиңди қурбан қылыўға да таяр шығарсаң, — деди Лемье.

— Яқ, яғный, аўа, мен оны жақсы көремен, бирақ сизге шынын айтып атырман.

— Бир...

— Илтимас, мырза, сиз маған исениўиңиз керек.

— Еки...

— Яқшы, яқшы, мен сизге билетуғынларымның бәрин айтаман, бирақ мен көп билмеймен. Тек ғана, мени өлтирме.

Лемье узақ ўақыт турды, үнсизликтен соң былай деди:

— Яқшы, күтемен.

— Марван қаяққа баратуғынын билмеймен деп айтқан еди, — деп тез айтты  қыз, — мен оған исендим.

— Анық ол не айтты, ханым Фаваз?

— Ол «Мүмкин Мысырға, мүмкин Қолтықтағы қандай да бир мәмлекетке, қаяққа болса да алысқа кетемен», деп айтқандай еди... Бул болғаны, мениң билетуғынларымның барлығы усы.

— Анық исенимлисең бе?

— Аўа, ол басқа ҳеш нәрсе айтпады, — деп қайталады ол.

— Ол усы жерде болғанын басқа және ким биледи?

— Яқ, тек ғана мен едим.

— Ата-анаң не?

— Жоқ.

— Достың не?

— Жоқ еди.

— Этаждағы ямаса комната қоңсыларың не?

— Яқ, — деп алдады, ол Лейла ҳаққында билмеўи ушын, — тек мен едим. Мен ҳеш нәрсе айтпайман. Илтимас, сиз маған исениўиңиз тийис.

Лемье оның сөзине исениўге бола ма екен деп ойланып, және тынып қалды.

— Ондай болса, яқшы, — деди ол. — Бул ондай қыйын болған жоқ, дурыс емес пе?

Рания жеңил тартып демин алды.

Сыртқы есик қағылды. Қулып ашылды. Ишке Лейла сатып алған затлары менен кирип келди. Түси қорқыныштан өзгерип кетип, Лемьеге ҳәм қолындағы пистолетке қарады.

— Рания, не болып қалды? Бул Марванға тийисли ме? — деп сорады ол қалтыраған даўысы менен.

Бул сөз оның тәғдирин шешти.

Лемье еки мәрте атты. Оқ даўысын ҳеш ким еситкен жоқ. Лейла полда еңбеклеп қалды. Кейин ол Ранияға бурылды да, және еки мәрте атты.

3

# 29

Годдар Рания Фаваздың үйиниң қасында таксиден түсти.

— Не ушын кешиктиң? — деп кеўилсиз мырсылдады Лемье.

— Бейруттан бул жерге дейин узақ, — деп жуўап берди Годдар, оның тонына жараса сөйлемей. — Марваннан қандай да бир белги бар ма?

— Яқ, ҳәммеси тыныш.

— Ал қыз не?

— Айтып атырман-ғо, ҳәммеси тыныш.

— Олар усы жерде екенлигине исенимлисең бе? — деп сорады Годдар.

— Ҳәзирги пайтта ҳеш нәрсеге исенимли емеспен. Бирақ ўақытты жойтпайық. Ишке киремиз. Марванды күтилмегенде услаймыз деп үмит етемен. Олар холлға кирди. Бул рет қараўыл ояў еди. Лемье өзиниң значогин көрсетти ҳәм былай деди:

— Бизлер Рания Фавазды излеп жүриппиз. Бизлер оның усы жерде жасайтуғынын билемиз.

— Ханым Фаваз ба? — деп қайта сорады қараўыл хызметши. — Аўа, ол жүдә жақсы қыз. Ол ҳәм оның досты Лейла 701 номерде, жетинши этажда жасайды. Сизди алып барайын ба?

— Бунyң ҳәжети жоқ, — деп жуўап берди Лемье ҳәм Годдарға бурылып қарады.

— Текше арқалы жоқары көтерил. Ол жерде ҳеш ким жоқ па тексер. Жоқарыда көрисемиз.

Ол өз хызмет бабындағы револьверин шығарды да, лифтке кирди.

Годдар да қуралын қолына алып, қараўылды имаратқа кирген ҳәм шыққан адамлардың ҳеш қайсысына ҳеш нәрсе айтпаўын ескертти. Соннан кейин ол жағымсыз истиң тынышлық пенен шешилиўине дуўа етип, текше арқалы жоқары көтериле баслады. Ол Марванның адам өлтиргенине исене алмайтуғын еди. Лемье исти талқылағанда оны бир нәрсе қанаатландырмады. Бирақ абайлы болыў кесент бермейди. Не болса да Марван Аккад айрықша таярлықтан өткен.

Ол Лемьени 701 квартираның алдында ушыратты ҳәм олар үнсиз түрде ҳәрекетлерин келисип алды. «Үш» дегенде Годдар есикти ашты да, екеўи де қуралын таяр ҳалда услап, квартираның ишине кирди. Олар өли жатқан Рания ҳәм оның достын көрип, Годдар қорқып кетти.

— Марван Аккад екеўин де өлтирген, — деди дәрҳәл Лемье. — Бизлер кешиктик.

Годдар көргенине қатты таң қалды.

— Ол буны ислеўиниң неге кереги бар еди?

— Мәселе бунда емес, — деди Лемье. — Eң баслысы және басқа биреўди өлтирмегенше, Марванды табыўымыз керек. Квартираны дәрҳәл тексерип, затлардағы ҳәм басқа затлардағы бармақ излерин тексерип шығыў керек. Бирақ алды менен Марванның фотосүўретин барлық полиция отделениеге, телевидениеге, автобус ҳәм темир жол станцияларын, аэропортқа ҳәм Марокконың теңиз портына жибериў керек. Мүмкин, ол еле усы жерде шығар ҳәм бизлер оның қашып кетиўине жол қоя алмаймыз.

# 30

Алтыншы күни Тариктиң телефоны шыңғырлады, бирақ ол дыққат аўдармады. Ол Далияның берген азанғы аўқаты менен бәнт еди. Бир сааттан соң қоңыраў және шыңғырлады, бирақ Тарик душта еди ҳәм ол еситпеди. Бир сааттан кейин телефон және шыңғырлады, енди квартирада ҳеш ким жоқ еди, — Тарик Далия менен және бир күнди бирге өткериў ушын кеткен еди. Рами асығыс хабарды улыўма жеткере алмады.

Айтарлықтай қыс та басланды, бирақ Тарик Жамил ҳәм Далия Нурдың романы бәҳәрдеги Нилдиң қуярындай еле даўам етип атыр еди. Сол салқын биринши күнги азанда, азанғы шайдан соң, олар бийиклиги 185 метр болған Каир минарасына көтерилди. Қолларынан усласып, олар төмендеги жайылып турған қалаға қарады ҳәм салтанатлы жерин ким көп биледи деп жарысты. Олар Мысыр музейин, Цитадельди, Рафик Али ҳәм Ибн Тулунның мешитин тапты. Қалғанлары — көп мийманханалар, көп квартиралы үйлер ҳәм офис орайлары — шаңғытлы түтин ишинен таўып турды.

— Сен қашан болса да пирамидада болдың ба? — деп сорады Далия.

— Буны тән алыўға уяламан, бирақ болмадым, — деп жуўап берди ол.

— Мен де болмадым! Сол жаққа барайық! Мен оларды жақыннан көриўди ҳәм түйениң үстинде шөлде жүргим келеди! — деп бақырып жиберди Далия.

— Сен түйе үстинде жүриўди айтып атырсаң ба? — деп қайта сорады Тарик.

— Яқ, мен жарысыўды қәлеймен! — деп жуўап берди ол көзи жанып.

Тарик оның энергиясына ҳәм өмирге деген қәлеўин көрип таң қалды. Бул оны жаңалап, оны да бийлеп алды. Ол ийнин қысып, былай деди:

— Олай болса, жарысыў болса жарысамыз.

Олар такси услады да, Гизаға кетти. Сол жерде олар Хеопистиң пирамидасына кирди. Қәбир залда турып, олар бул жер қашанлардур қандай ғәзийнени жасырып қойылғанын көз алдына келтирди. Кейин олар жол бағдарлаўшы менен еки түйе алды да, шөлге қарай жүрип кетти. Олар артық Нагиб Махфуздың өлими ҳаққында, Тариктиң ата-анасының өлими ҳаққында да, оның сөзи бойынша жарақат болған автомобиль авариясы ҳаққында да ҳеш қандай гәп қылмады. Годдар, Лемье, Монте-Карло ҳәм Рафик Рэмзи ҳаққында еслемеўге болады. Суд, изине түсиў ҳәм абайлылық қаяққадур алысқа кетип қалды. Олар өмирден ҳәзлик алып, еки сүйискен жубайлар болып жүрди ҳәм бул Тарик ушын шөрлегенде бир тамшы жеңиллендиретуғын суў сыяқлы болды.

— Мен сфинксқа бурын бараман, деп спорласаман! Утып кешки аўқатқа төлеймен! — деп бақырды оған Далия.

Кейин түйесин шаппатлап урды да, оны кейинде қалдырып, алыслап кетти.

Қалып қойыўды қәлемей, Тарик оның изинен айдады, ал олардың қәўетерленген ҳәм кеўилсиз жол бағытлаўшы адамлары излеринен бақырып баслады. Далия өмир бойы түйе шаўып жүргениндей, жақсы шапты. Оның қойыў қара шашы арқасында желбиреп баратыр. Далия оннан қырық-бес-он метр алдында баратыр. Бирақ Тарик гүрессиз жеңилгиси келмеди. Түйени күшлирек теўип, ол тезлигин асырды.

Олар қум төбеге минип, түсип екинши тәрепке өтип жүрди, кейин биринен соң бири бир неше қум төбелерди

басып өтти ҳәм мине Далия кейинги есиўинде жоқ болып кетти. Бирақ бул тек қандай да аз ўақытқа, себеби Тарик оны қуўып жетип алды.

Далия бир нәрсе деп оған қышқырды, күлди ҳәм ашыўын келтирди, оның утыўына жол бермеди. Тарик астындағы үш жасар түйеси менен алдыға умтылды, бирақ нәтийжесиз болды. Оның ярым корпусын белгилеп, Далия турист группасы менен сфинкс түбинде теңлесип алды. Кейин қыз руўхты өткерип жибериў ушын артқа шөлге қарай бурды.

Ол көзинен жас шыққаншы күлди. Тарик те күлди, бирден оны исенимлилик сезим қаплады, бундай тек ғана Ранияға ғана болған еди.

— Маған бир нәрсе сатып ал! — деди қыз, олар қушақласқан ўақытта.

— Бир нәрсе сатып алыў ма? — деп сорады ол, түсинбей. — Мысалы, не нәрсе?

— Билмедим. Қандай да айрықша, ғайрытәбийий, сен жоқ болған ўақтында сени еслететуғын бир нәрсе ҳәм мен сени артық ҳеш қашан көрмеймен.

— Не ҳаққында айтып атырсаң? Неге сен усындай деп ойлап атырсаң? — деп сорады ол.

— Өйткени еркеклер анық солай ислейди, қәлейтуғынын алады, ал кейин күтилмегенде сеннен қутылып кетеди, — деди қыз.

Оның көзи сүзилип қарап турған еди, бирақ сөзлери — ҳәзилге уқсамас еди, — қәлегененине жетисиў. Тарик от пенен ойнап атырғанын түсинди. Кимдур жүдә жақында бул қызды қапа қылған көринеди ҳәм ҳәзир ол да оған жарақат алып келиўге жүдә жақын қалды. Аўа, қыз оған тийисли, бирақ қыз өзи менен ойнағанды ҳәм оны өзи ойлағанындай бир нәрсе етип қабыллағанды қәлемейди. Бирақ бул машқала менен шуғылланыўға оның ўақты да, қәлеўи де жоқ еди.

Ол оның басынан кешириў ушын, қыз бенен узақ ўақыт қала алмайды-ғо. Бирақ ол қыздың сезими ол ушын мәни-

ге ийе екенин түсинди ҳәм буған өзи де таң қалды. Бул қызда оған унайтуғын бир нәрсе бар еди ҳәм ол қызға жарақат тийгизгиси келмеди.

— Базы еркеклер солай ислейтуғын шығар, бирақ мен емес, — деди Тарик ҳәм оны өзине тартып, сүйип алды.

# 31

Теманы өзгертиў үмити менен Тарик Далияны туристлерге ҳәм магазинлерге толы көшеге алып кетти. Ақыры олар бир атақлы каирлы устаханаға келди.

— Ал яқшы. Бул жерден саған не қәлесең, соны алып беремен, — деп сыбырлады Тарик, ишке кириўден.

Далияның көзи жанып турды.

— Нени қәлесем? — деп сорады қыз қуўанышлы түрде.

— Нени қәлесең, тек ғана айт, — деп тастыйықлады Тарик.

Қыз оның қолын қысып услады да, оған қарады. Магазинниң дийўалларында әжайып безелип сүўретленген үлкен папирус қағазлары илдириўли тур.

— Сизге қандай жәрдемим тийеди? — деп сорады сатыўшы. — Мен сизлерге жақсы баҳаны усыныўым мүмкин.

— Устахананы көрсете аласыз ба? — деп сорады Тарик ҳәм Далия да мақуллап басын шайқады.

— Мәрҳәмәт, мырза, — деди 20 жастан үлкенирек жас жигит.

Ол артқы бөлмеге оларды алып барды. Ол жерде папирус шақалары узын шыбықтай болып майда етип бөлинген, кейин оны шекер салынған суўға батырып алып, түплейди ҳәм нығызлайды, кейин узақ ўақытқа дейин оны кептирип, беккем қағаз пайда болады. Оған шебер сүўрет салыўшылар ашық реңде әййемги легендаларға тийкарланып, сүўрет сызады.

Ол сулыў ағаштан рамкаланған адамлардың, ҳайўанатлардың ҳәм ашық көк, қызыл ҳәм алтын реңлер менен ис-

ленген иероглифтеги үлкен картинаны көрсетип атырғанда, Далия оннан:

— Бул ҳаққында айтып бериң, — деп сорады.

— «Ақыреттеги ҳүким», — деди сатыўшы. — Бул жүдә белгили. Қашанлардур бул картинаның көширмелери барлық үйлерде, қәбирлерде ҳәм Мысыр ибадатханасында болған.

— Не ушын? — деп сорады Тарик. — Ол нени аңлатады?

— Әййемги мысырлылар адам өлгенде, оны ақырғы ҳүким күтип турыпты, ол жерде өмиринде не қылған болса, соның барлығына Қудайға жуўап береди, деп исенген. Шептеги мүйеште адамды көрип турсыз ба, ол картинаның жоқарысындағы фигуралардың алдында дизерлеп отырыпты.

— Аўа.

— Бул — келешектеги адам. Ол он төрт судлаўшының алдында дизерлеп турыпты ҳәм айыплы емеслигин айтып ант ишип атыр. Адам оларға қурбанлықлар усынып атыр ҳәм жәннетке жибериўин сорап атыр.

— Ал анаў жериндеги не? — деп сорады Тарик. — Сол адам ба?

— Шепте төмендеги ме?

— Аўа.

— Аўа, бул сол адамның өзи. Оны әдил суд сарайына алып баратыр, ол жерде оның жақсы ямаса жаман екенлиги, айыплы ма ямаса айыплы емеслиги шешиледи. Оның алдындағы үлкен тәрезини көрип турсыз ба?

— Аўа.

— Өлген адамның жүреги шеп тәрептегиге жайғастырылады, ал оң тәрепке — әдиллик пероcы қойылады. Егер жүрек перодан аўыр болса, демек, бул жүрек гүнаға толы болғаны. Яғный адам жәннетке кириўи ушын жетерли дәрежеде жақсы емес ҳәм ол дозаққа жибериледи. Егер оның жүреги жеңил болса, демек ол — жақсы, таза адам

ҳәм ол жәннетке түседи. Картинадағы адам пәк ҳәм анаў фигура гилти менен оны аспандағы салтанатлы залға алып баратыр. Картина сизге унай ма?

— Яқ, — деп жуўап берди Далия, оның өзин қолайсыз сезгени көринип турған еди. — Маған басқасын көрсет.

Ол теректе отырған еки кептери бар басқа картинаға дыққатын аўдарды. Бирақ Тарик «Ақырғы ҳүким» картинасын тамаша қылыўды даўам етти.

— Ал буны қалай анықлаўға болады? — деп сорады ол.

— Нени анықлаў? — деп сатыўшы түсинбеди.

— Жүрек жетерли дәрежеде таза екенин қалай анықлаўға болады. Сен дозаққа емес, ал жәннетке түсетуғыныңды?

Бирақ сатыўшы сораўға жуўап бермеди. Ол да Тарикке уқсап бул сораўға жуўапты анық билмейтуғыны анық көринип турған еди. Күтилмегенде, Тарик қорқыныш сезди. Ол өзине бул сораўды қайта-қайта берди. Ол тәғдири шешилместен алдын бул сораўға жуўап табыўы керек.

Ол Далияға басқа картина алып берди. Бул картина жүдә жақсы безелген ҳәм қымбат болып, онда еки бир-бирин сүйгенлер фелюгеде Нилде жүзип баратыр, бирақ Тарик «Ақырғы ҳүким» деги оны қыйнап атырған пикирлерден азат бола алмады. Ол ақмақлық ҳәм өзимшилик пенен өмиринде шешкен шешимине  анасының жылап атырғанын ҳәм оннан мүмкиншилиги болғаннан тазадан өмир баслаўын сорап, жалбарынғанын ҳәмме жерде еситкендей болып кетти.

Бирақ неден баслаў керек? Кимге хабарласыў керек? Ол бир нәрсени өзгертиўге таяр еди. Оның өмири ол жаққа баратырған жоқ. Оның бағытын қалай өзгертиў керек?

Олар Далияның квартирасына келип, душ қабыллап, кийинип алды ҳәм аэропортқа жақын жердеги «Мовенпик» мийманханасына кетти. Қыздың Лонданға кететуғын рейсинен алдын, ол ушын шамлар астында кешки аўқат пенен мийман қылды. Далия пүткиллей бахытлы еди. Тарик өзин пүткиллей бахытсыз сезди.

— Кеше кеште Дина ҳәм Мерват маған электрон почта арқалы хат жиберди, — деди Далия, — оны саған көрсетиўге умытыппан.

— Оҳо, — деди ол, айтарлықтай қол тиймеген өзиниң тарелкасына қарап қойды.

— Олар еле Нью-Йоркта екен ҳәм өзлери ушын квартира тапқан. Дина келеси дем алыс күни затларын алып кетиўге келетуғынын айтты.

Үнсиз турып қалды да, кейин қосымша етип:

— Олардың кететуғынына исенгим келмейди. Мениңше, таза қоңсы излеўиме туўра келеди. Мен бул квартираға бир өзим төлей алмайман.

— Аўа, — деди ол, гөшли филени шуқып отырып.

— Тарик, аманлық па? — деп сорады қыз.

— Аўа, барлығы жақсы, — деди ол, өзине үшинши стакан винодан қуйып атырып.

— Сен алыста турғаныңдай көринесең. Сен азанғыдай емессең. Усы дем алыс күнлериндегидей де емессең.

— Яқ, — деди ол, — өзим қуры...

Тарик үндемей қалды.

— Қуры өзим, дегениң не? — деп сорады қыз.

Ол қызды алдағысы келмеди. Ол қыздың алдыңғыдан да бетер жүреги аўырласқанын қәлемеди. Бул ҳаққында пикир оны алдын ҳеш қашан тынышсызландырмаған еди. Улыўма айтқанда, оның пүткил өмири жалған менен толып кеткен жоқ екен? Ол Тарик Жамил емес. Ол Бюссельден келген компъютер консультанты емес. Ол Каирда филиал ашайын деп атырған жоқ, салдамлы қарым-қатнасқа кеўли таяр емес, — қыз ол ҳаққында билетуғынларының ҳәммеси жалған.

— Тек өзим, мен сени сағынаман. Бирге болған бул бир неше күнлер мен ушын жүдә жақсы болды, — деди Тарик оған қарап турып.

— Маған да, — деп ол, оның қолынан услады.

— Сен айрықша қызсаң.

Далия күле шырай берди, бирақ оның сораўы бир неше мәрте гүманлы тонда берилген еди:

— Мәниси әпиўайы емес «Мен сениң менен көп ўақыт болғым келеди» ямаса «Қуўанышлы болды, бирақ бизлер артық көриспеймиз» деген мәниде ме?

— Әпиўайы емес мәниде «Мен сениң менен көп ўақыт болғым келеди», — деди Тарик ҳәм оның еки қолынан услады. — Ертең сен қашан қайтып келесең?

— Мен түске, шама менен түсликке келиўим керек.

— Жақсы. Мен сени күтемен.

— Ўәде бересең бе? — деп сорады қыз, оның қолын қысып турып.

— Ўәде беремен.

# 32

Тарик Далияның квартирасында қонып қалды. Тариктиң квартирасының хожайыны жаллаған сыпырыўшы менен уста күн бойы иследи, бирақ олардың жумысының нәтийжеси онша көринбес еди. Еле көп исленетуғын жумыслары қалған еди. Оннан қала берсе, Далияның квартирасы айтарлықтай кишкене, жыллы (себеби онда ысытқыш ислеп турған еди) ҳәм қолайлы еди.

Терезесинде перде бар еди, ал кухнядағы ашық реңдеги гүзеде — таза гүллер бар еди. Кроватта таза кийимлер ҳәм қалың одеял менен жумсақ дастықлар бар еди. Ҳәмме жеринде Далия болған ҳәр түрли елден келтирилген майдашүйделер бар еди. Ең баслысы ыдыслар жуўылған, холодильник ҳәм кладовкада аўқатлықлар бар еди, ал плитасы усы жерде қалыў ушын қолайлы болып, ислеп турған еди, — егер усындай мәселе туўылса.

Тарик өзине кофе таярлады ҳәм буфет ишинен печенье алып жеди. Кейин ол Далияның затларын тинтип баслады, усылай ислеп ол қыз ҳаққында толық билип алыўға ҳәрекет етти. Музыка центр қасындағы полкада ол мода музыкаларын ҳәм кейинги мысыр, европа ҳәм америка фильмлери болған DVD дискетлерин тапты. Ҳәммеси алфавит тәртибинде қойылған еди. Кийим қоятуғын шкафта таза кийимлер қыстырылған, таза туфлилер қойылған ҳәм бархатлы коробкалар безениў буйымлары менен толы еди. Ол бир буўат мода журналларын тапты: «Vogue» ҳәм «Cosmopolitan». Ол суў астында жүзиў ушын трубкалы маска ҳәм акваланг тапты. Полкада Жер Орта теңизинен Карибская теңизине дейинги курортлар проспектлери, және де, Наги-

ба Махфузаның барлық романлары турған еди. Оннан қала берсе, ол марихуан менен тайник тапты ҳәм оннан бир шылым алып шекти.

Ол керекли болған мағлыўмат алыўға өзине керекли болған бир де бир күнделик дәптер, ҳәттеки, шаңарақ фотосүўретин таппады. Далия Нур өзи ким екен? Ол қаяқтан екен? Ол не нәрсеге талпынады? Қыз оны өзине қатты тартты, бирақ ол ҳаққында жүдә кем биледи екен.

Ол қыздың Иорданияның бир жеринде өскенин билди, бирақ анық қай жерде екенин билмеди. Ол қыздың 18 жасында үйинен кеткенин билди, бирақ не ушын екенин билмеди. Оның Францияда қандай да бир колледжди питкергенин билди, бирақ қандай екенин ҳәм не оқығанын билмеди. Оның «Бритиш Эрвэйз» ге жумысқа барғанын ҳәм сол арқалы дүньяны көриў ушын ҳәм саяхат етиўге бийпул мүмкиншиликке ийе болыў ушын киргенин билди. Оның 23 елде әлле қашан болғанын ҳәм өзиниң үшинши отпускин Австралияда өткерейин деп үмит етип, айтыўынша ол жақта маска менен жүзиў жүдә жақсы деп барайын деп атырғанын билди. Бирақ ол ҳаққында артық ҳеш нәрсе билмеди. Қыз Тариктиң өзи сыяқлы ол ушын жумбақ болып қалды.

Тарик жуўап излеп кроват жанындағы кийим шкафты ашты ҳәм оның ишинен бир буўат реклама брошюрларды тапты, онда Шарм-Эль-Шейх курортына дем алысына 2-3 күнге мирәтнама бар еди. Ол шынында да саяхат етиўге қызыққан екен. Ол кейинги мәрте қай жерде дем алғанын еслей алмайды. Бирақ Далия дүньяны көриўге ҳәм толық өмирди сезип жасаўға бел байлаған екен. Далия бир жерде отыра алмайды. Онда бир неше бос ўақты болған ўақытта, ол қандай да экзотикалық жерге барыўды мақул көрди. Не ушын? Не нәрседен ол қашады?

Тарик бир буўат қағазларды көзден өткере баслады. Онда «Хилтон» ҳәм «Риц-Карлтон», және де, «Фор Сизонз», «Марриотта» ҳәм «Мовенпик Джоли Вилля» сыяқлы прос-

пектлер бар еди. Төменинде ол «Бритиш Эрвэйз» логотипи менен блокнот тапты, онда Далия қолы менен үш адамлық номердиң қуны, датасы, ҳәр түрли курортлардың жақсы ҳәм жаманы жазылған еди.

Ол барлығын орнына қойып баслады ҳәм бул сырлы қыз ҳаққында мағлыўмат излеўди даўам етти. Ол жазылған саяхат сәнесине итибар бергенде, кейингиси жақын ўақытқа туўры келеди — Рождество ҳәм Жаңа жыл арасына туўры келеди. Ол не ушын саяхатты бийкарлағанын Тарик түсинди — Дина ҳәм Мерват көшип атыр ҳәм ол енди бул квартираға және де, Шарм-Эль-Шейх дем алысларына төлей алмайды екен. Тарик ойланып қалды:

*Егер, мынандай болса...*

Келеси күни Далияның келиўине жоба исленип қойылды, билетлер сатып алынды, чемоданлар таяр ҳәм ҳәммеси — суў астында жүзиўге керекли затлар таксидиң багажнигине салынды. Тарик оны кирер аўызда бир букет гүллер менен күтип алды. Далияның көзинде барлық сезими көринип турды. Ол исене алмады. *Олар екеўи де Шармаға кете ме? Ырас па? Ҳәзирдиң өзинде ме? Ҳәммеси төленген бе? Бирақ ол қаяқтан билген? Ол қалайынша ҳәммесин усындай етип тез шөлкемлестирген? Ол усындай адамға қалайынша сүйикли болыў мүнәсип етти екен!*

Олар Синай ярым атаўына баратуғын рейсге мингенде, Тарик оның барлық сораўларына жуўап берди. Тарикти оның таң қалыўшылығы ҳәм шадланыўы қуўандырды. Тарик өмиринде ҳеш қашан күтилмеген саўға ислеп көрген жоқ еди, бирақ ол өзин жақсы сезди ҳәм бул енди басланыўы деп үмит етти. Каирдан кетиў — себеплер қатарында бул жақсы. Қуяш, қум ҳәм теңиз жағасының толқыны — негизинде өзиниң жағымсыз аўҳалын умытыў ушын усы керек еди. Ол Далия менен көп ўақыт өткериўди қәледи.

— Сен сондай кең кеўиллисең. Бирақ сонда да мен не ушын буны ислеп атырғаныңды түсинбеймен, — деди Далия.

— Мен сени сағындым, — деди ол. Самолет қоныўға шамаласты.

Ол Тариктиң қолынан қатты услап, оны қушақлады.

— Ырас па? — деп сорады ол мыйық тартып.

— Ырас. Каирда сениң жақсы квартираң бар, бирақ сенсиз оның ишинде жалғызлық екен. Мен сениң календарыңды таптым ҳәм жақында сениң дем алысың бар екенин көрдим. Мен тура алмадым. Ҳәммесин өзим жобаластырыўым мен тәрептен жүдә бетсизлик болмады деп үмит етемен.

— Әлбетте, уят болды. Мен жүдә қуўанышлыман, — деп жуўап берди ол.

# 33

Олар «Риц-Карлтон» мийманханасына орналасты ҳәм жас жубайлар сыяқлы еки күн өткерди. Олар кеш оянды ҳәм төсекте азанғы аўқат жеди, бассейинде күн нурында жатты. Күндиз Қызыл теңизде жүзди, ал кеште жақсы ресторанларға барды. Номерге қайтып келип, олар тыя алмайтуғын ҳәўеске берилди.

Күндизги ўақытта ҳаўа-райының дәрежеси шама менен 30 ҳәм арқадан жеңил самал есип турды. Түнде болса 15 тен төмен түспеди. Ҳеш қандай булт, жаўын, смога, телефон қоңыраўы, электрон почтасынан хат болмады. Болмағаны жақсырақ ҳәм Тарик бул ҳеш қашан тамам болмаўын қәледи.

Үшинши күни ол ерте оянды ҳәм азанғы жуўырыўға кетти. Ол Монте-Карлода алған жарақатынан жазылды. Күши жақсы тикленип кетти. Ол күле алды. Душта қосық айтты. Ол муҳаббатқа мәс болды — онда өзиниң сезими ҳаққында басқа түсиндирмеси жоқ еди.

Тарик ҳеш қашан бундай жағдайды басынан кеширмеген еди — ҳәттеки Рания менен де болмаған еди. Онда Рания деген айрықша сезим қалды ҳәм ол буларды мәңгиге сақлап қаламан деп ойлады. Бирақ ол ҳеш қашан оның сезимин Далия сыяқлы тартпаған еди. Далия оны қәледи. Ол Далияға керек болды. Далия менен ол өзин айрықша етип сезди. Ол Далияны сүйип қалды, ҳәммеси сондай тез жүз берди.

Пляж бойында 4 мил жуўырып, Тарик «Риц» ге қайтып келди ҳәм мүминшилиги болғанынша комнатаға әсте кирип келди. Далия еле уйықлап атырған еди. Ол периштеге мегзес еди — онда соншелли гөззаллық ҳәм тынышлық бар

еди. Мүмкин, буның барлығын ол түсинде көрип атырған шығар.

Ол душқа түсти де, кийинип алды. Бүгин сулыў жерлерди көриўге ямаса магазин аралаўға болады. Ал мүмкин, олар велосипед айдап ямаса жубайлар сейили менен бәнт болатуғын шығар. Оған бәрибир. Далия нени қәлесе, олар соның барлығын ислейди, — баслысы бирге болса болғаны.

— Таңғы сәлем, — деди жумсақ түрде Далия, ол ваннадан шыққан ўақытта.

— Таңғы сәлем, — деп жуўап берди Тарик оны сүйип. — Өзиңди қалай сезип атырсаң?

— Әжайып, аўқат жегим келип тур, — деди Далия.

— Мен де. Душқа түсип ал да, кейин төменге азанғы аўқатқа түсемиз ҳәм бүгин не менен шуғылланатуғынымызды ойлап көремиз, — деди Тарик.

— Яқшы, — деди де, ваннаға кирмесинен алдын және бир мәрте поса берди.

Ол ваннада ўақытта Тарик комнатаның ишин жыйнастырды. Ол Далияның балконда кеўген затларын жыйнады ҳәм оларды чемоданға салыстырды. Кроват астынан ол гилтлер ҳәм сотовый телефон таўып алды. Оларды оның сумкасына салайын деп атырғанда, оннан бир неше хатлар түсип кетти. Басым көпшилиги булар төленбеген счетлар еди. Бирақ оның ишиндеги бир конверт оның дыққатын алды.

Бул иоардан маркасындағы бир ҳәпте алдын жиберилген хат еди. Ол ашық еди ҳәм оны оқымай тура алмады. Ишиндеги жазылғанды оқығанда, ол күтилмеген нәрсени көрип қалды.

*Мениң қәдирдан Далиям,*

*Жақында жазған хатың ушын рахмет.*

*Сен Калим менен артық ушыраспай жүргениңди билгенде мен ҳәм анаң сондай қуўанышлы болғанымызды*

*жеткере алмайман. Сен билесең, бизлер оның өмир барысын жақтырмайтуғын едик — наркотик, алкоголь, түнги кеше. Бизлер сени сондай адамға турмысқа шығыўың ушын өсирмегенбиз. Ол масихый емес ҳәм ҳәттеки, ҳақ кеўилли емес ямаса салдамлы адам емес. Бизлер сениң оннан узақласқанынға ҳәм өзиңниң жаңа өмириңди баслағаныңа қуўанышлымыз.*

*Бизлер сениң ушын жақсы ҳәм әдиўли, сени сүйетуғын ҳәм өмир бойы саған ғамхорлық қылатуғын адамды тапсақ, соған тайынсаң ба? Юсуп туўралы не ойлайсаң? Сен билесең, бир ай алдын оны өзиме пастор жәрдемшиси етип алдым. Ол жәмәәтте жақсы ислеп атыр — балалар ушын Мухаддес Китап сабағын, екшембилик мектепти ҳәм жаслар топарын өтип атыр. Мениңше, ол саған итибарсыз емес. Ол саған қоңыраў қылыўы ушын оған сениң телефон номериңди берейин бе? Бизлер анаң менен сондай қуўанышлы болдық.*

*Үйге қашан қайтасаң? Сени көриўди қатты қәлеймиз. Сен Юсуп пенен де көрисе алар едиң. Сениң аталас аға ҳәм апа-сиңлилериң сениң менен көрискиси келеди. Мен де.*

*Илтимас, хат жаз.*

*Сениң сүйикли әкең.*

Хат пухталы түрде «Петра Байбл Черч» жәмәәт бланкасында басылған, почта адреси көрсетилген — бул Иорданияның қубаласындағы кишкене қала еди.

Тарик таң қалды. *Бул нени аңлатады? Далия — масихый ма? Оның әкеси — пастор? Бул қалай? Түсиниксиз.* Далия спирт ишимлигин ишеди. Наркотик шегеди. Турмысқа шықпаса да, оның менен бирге жатады. Ол крестик тақпайды. Оның Мухаддес Китабы жоқ. Ол қаншелли қараса

да, Далия да ол сыяқлы адасқан жан. Тарик ушын дин ҳеш қандай мәниге ийе болмады. Бирақ ол масихый шаңаракта тәрбия көрмеген. Далия не ушын оннан усындай әҳмийетли затты жасырды? Калим дегени ким екен? Юсуп — ол ким? Не болып атыр? Ол Тарикте және нени жасырып жүрипти екен?

Ал ол өзи оннан ҳеш нәрсе жасырып жүрген жоқ па еди?

# 34

Спутник телефонына қоңыраў келгенде, Тарик хатты үйрениўди даўам етип атыр еди. Ол номерге қараса, иниси қоңыраў қылып атырған екен.

— Сәлем, Рами, — деди ол.

— Марван, сен қаяқтасаң? Мен саған бир неше күннен берли қоңыраў қылып атырман. Мен сени өлтирип кетти деп қорқтым, — деди Рами.

— Ҳәммеси жақсы. Қуры өзим... мен... бәнт едим. Неўе еди? Не болды? — деди арқайын Тарик.

— Бәнт? Не менен? — деп сорады Рами.

— Бул саған тийисли емес.

— Сен не, ақылдан аздың ба, Марван? Мен сениң тири қалыўың ушын ҳәм еркинликте жүриўиң ушын өмиримди қәўип астына қойып жүриппен, ал сен бир неше күн жоқ болып кетип, енди болса маған қопал түрде, саған тийисли емес деп атырсаң ба?!

— Сен ҳақсаң, кешир, — деди Тарик, даўысын ақланып атырғандай етип шығармаўға ҳәрекет етип.

— Дурысын айтасаң деп үмит етемен, — деп жуўап берди Рами. Ол қатты ашыўда еди, бирақ өзин қолға алыўға ҳәрекет етти. — Сен жоқ болып кеткели, көп ўақыялар жүз берди. Жақын арадағы рейс пенен Багдадтан Бейрутқа ушаман. Монте-Карло прокуроры маған инспектор Годдар менен сәўбетлесиўимди повестка арқалы жазып жиберди.

Даўам етиўши үнсизлик болды ҳәм Тарик бул еле болғаны емеслигин түсинди.

Ақыры Рами былай деп сорады:

— Рания Касабланкаға көшип барғанын маған неге айтпадың?

Тарик ҳайран қалды, — ол буны қаяқтан билген екен?

— Түсинбедим...

— Қояғойса, Марван. Сен сол жақта болғаныңды билемен. Мен не ушын ол жаққа барғаныңды билежақпан? Сен ҳеш қандай досларға жармаспайман, ҳеш қандай таныс жоқ, деген единң. Сен ўәде берген единң.

— Мен қаяққа барарымды билмедим. Маған оның жәрдеми керек болған еди, — деп тән алды ол.

— Не ушын? — деп даўам етип жуўап талап қылды Рами.

— Себеби мени атқан еди. Мине. Кеўлиң көтерилди ме? Мени Монте-Карлода адам өлтириўшиниң бири жарақатлады ҳәм ол жақта да, Францияда да больницаға хабарласа алмайтуғын едим. Артымнан кимниң түсип жүргенин билмеген едим. Кимге исениўди де билмедим. Раниязға барыўдан басқа ҳеш нәрсени ойлап таба алмадым. Мен оған бардым. Ол маған жәрдем берди ҳәм кейин кетиўимди айтты, соның ушын да мен усы жердемен.

— Бул ақмақлық қәте болды, Марван, — деди Рами.

— Мүмкин, сен ҳақ шығарсаң, бирақ ҳәммеси жақсыго, — деди ол.

— Яқ.

— Яқ дегениң не?

— Рания өлтирилген.

Тарик қуяштың күшли нурынан соққы алғандай етип өзин сезди.

— Не... Қалайынша..? — Ол ойлай алмады. Дем де ала алмады. *Бул қалайынша болыўы мүмкин?*

— Полиция оның өли денесин Касабланкадағы квартирасынан таўып алған. Бирге квартирада турған достысының денесин де таўып алған. Екеўин де бир неше мәртеден атқан, — деп түсиндирди Рами.

Бул мүмкин емес. Ол сол жерде болған еди. Рания оны қушақлады.

— Инспектор Годдар маған офисте телефон номерин берип хат қалдырған. Мине, мен усылай хабар таптым. Ол жынаят болған жерде сениң бармақ излериңе толы деп айтты. Оның диванының дастығында сениң шашларыңды тапқан. Сол жерге жақын жайласқан магазинниң ийеси сени танып қалған, ол сени жақыннан көрген. Машинаңды сол жерден бир неше миль аржақлаўдан тапқан. Лемье оларды өлтирген сен деп тастыйықлап атыр ҳәм сени қамаққа алыў буйрығын, ордерин шығарған. Годдар егер сенде түсиндириў болса, онда жақсысы қол көтергениңди ҳәм ҳәзир ҳәммесин айтыўыңды айтып атыр, болмаса саған ҳеш ким жәрдем бере алмайды.

Тарик ҳеш нәрсе еситкиси келмеди. Ол өзин жаман сезди. Өзин гүманланған сезимин, биресе ашыўланды ҳәм трубкасын дийўалға ылақтырыўға таяр еди.

Рами былай деди:

— Бул еле барлығы емес деп қорқаман. Жаман хабар бар.

— Не...? — деди өзинен шығып кетип Тарик. — Жаман не нәрсе болыўы мүмкин?

— Лемье ҳәм Годдар сениң Мысырда екениңди биледи.

— Не!?

— Меннен қаяқтан билгенин сорама. Годдар маған айтқысы келмеди. Олар Лемье менен әлле қашан сол жақта. Сениң фотосүўретиң Каирдағы ҳәр бир полицияларда бар ҳәм олар егер сен қол көтермесең, сени атыўға буйрық алған.

— Бирақ Ранияны мен өлтирмедим. Саған сөз беремен, — деди Тарик.

— Билемен, — деди Рами.

— Оның достысында өлтирмедим, — деп даўам етти Тарик. — Буны Клодеттиң адамлары ислеген болыўы мүмкин.

— Мен де солай ойлайман ҳәм жаңа ғана Бразилияға және адамлар жибердим. Клодетт ҳәзир Сан-Паулда жоқ шығар деп ойлайман. Ол таўда болыўы итимал. Бирақ оны ҳәм оның менен ислесип атырғанларды табамыз. Ўәде беремен. Бирақ буған ўақыт керек, ал ўақыт сенде аз болып турыпты. Сен дәрҳәл жоқ болып кетиўиң керек.

Тарик кейинги бир неше күн даўамында көрген түси, ерип кетти. Жаман ҳәдийселер басланды. Ол және қашыўы керек.

Келисим бериў қанша жағымсыз болса да, бирақ Рами ҳақ еди. Егер Клодетт Рэмзидиң жиберген өлтириўшилер Мароккода Ранияны излеп тапқан болса, онда олар Мысырға да келип, оны таўып алады. Олар оны қылмаған қылмысын айыплап адам өлтириўши қылып таныстырып қойыпты. Олар пүткил Европа ҳәм Арқа Африка полицияларын оған қарсы қылып қойыпты. Ол ҳәттеки усындай Каир сыяқлы үлкен қалада да жасырына алмайды. Бирақ ол Далияны да таслап кете алмайды. Ол оны сүйип қалмаўы кереклигин билетуғын еди, бирақ енди кешикти. Ол өзин услап тура алмады. Егерде қызға бир нәрсе болса, онда ол өзин ҳеш қашан кешире алмайды.

# 35

Далия ваннадан ашық-көк реңдеги ашық көйлекте ҳәм бир реңли туфлиде шықты. Ҳәр күнгидей оның көриниси әжайып еди, бирақ Тарик басқа нәрсе ҳаққында ойлады. Оны Далияның әкеси жазған хаты ҳәм енди Рамидиң қоңыраўы тынышсызландырды. *Не қылыў керек? Қаяққа барыў керек?*

Қандай да ўақыт ол Далияға ҳәммесин айтып бериўге таяр еди — ол ким, қалайынша пул ислейди, не ушын жасырынып жүрипти ҳәм изинен ким түсип жүрипти. Усылай ислеў әдил ис болған болар еди. Бирақ бул жақсы болар ма еди?

Ол бул пикирден шешиўши түрде азат болды. Қызға қанша кем мәлим болса, сонша жақсы ҳәм қыз ушын қәўипсиз, деп шешти ол. Егер ол қызды шынында да сүйсе, оны снайпер, мина қойылған машина ҳәм қәлеген ўақытта қәлеген мүйештен өлтириўши шығып, оны атыў ҳаққында айтып улыўма қорқытпағаны жақсы. Мүмкин, бул дурыс болатуғын шығар, деп ойлады ол, бирақ әдил болмас еди.

Тарик саатына қарады. Ол ҳәрекет жобасын тез арада дүзиўи керек еди. Бирақ ол бир нәрсе айтып қоймасынан алдын, Далия оның қолындағы хатты көрди.

— Бул не? — деп сорады қыз. — Буны қаяқтан алдың?

Тарик бир нәрсе айтайын деп атыр еди, бирақ ол оның сөзин бөлип таслады:

— Бул мениң әкемнен келген хат емес пе? Сен оны мениң сумкамнан алдың ба? Қалай батылың барды?

Тарик усындай қатты қатнасты жибитейин деп, түсиндириўге ҳәрекет етти:

— Мен комнатаны жыйнастырып атыр едим ҳәм ол мениң қолыма түсти. Мен буның не екенин билмеген едим.

Далия оның қолынан хатты жулып алды. Тарик оның усы көринисин ҳеш қашан көрген жоқ еди. Қыз қызарып кетти, қолы қалтырап кетти.

— Сен оны оқыдың ба? — деп сорады қыз. — Оны оқымадым деп ант иш.

— Мен буның не екенин билмедим деп атырман-ғо, — деп албыраңқырады ол. — Сен шынында да масихыймысаң? Әкең шынында да пастор ма?

— Бул сениң исиң емес! — деп бақырып жиберди ол, хатты жыйырды да, ваннаға кирип кетти ҳәм есикти жаўып таслады.

— Не болды? — деп сорады ол, ўақыяның усындай болыўына ҳайран қалып. — Не болыпты? Ал, мен әкеңнен келген хатты оқыдым. Бул жерде қандай зыят гәп бар?

— Сениң ҳуқықың жоқ еди! — деп бақырды Далия есиктиң артынан. Енди ол жылап баслады. — Сен мениң затларыма қол суғыўға ҳуқықың жоқ еди, Тарик Жамил! Мени ҳүким етиўге ҳақың жоқ! Мени еситип турсаң ба? Ҳақың жоқ.

— Не ҳаққында айтып атырсаң? — деп сорады ол, есикке жақынлап келип, бирақ есик иштен илик еди. — Мен қол сукқаным жоқ, және мен сени ҳүким етип атырғаным жоқ. Мен сени не деп ҳүким қыламан? Мен тек ғана қызыққан едим, болғаны. Кел, Далия, қой енди, есикти аш.

— Яқ, — деп бақырды ол. — Кет!

— Кетпеймен. Мен сени жақсы көремен ҳәм сен туўралы ҳәммесин билип алғым келеди. Сениң ата-анаң ҳаққында билгим келеди. Сениң исенимиң қандай болмасын, ол ҳаққында билгим келеди. Сен ушырасқан жигит ҳаққында ҳәм сизлер не ушын араңызды ашық қылғаныңызды билгим келеди. Мен ҳәммесин билгим келеди.

Тарик оның жылағанын қойғанын еситти. Ол есикти ийтерип көрди, бирақ ол еле илик еди. Кейин ол өзи ушын

үлкен мәниге ийе болған қызға не болып атырғанына түсинбей, есиктиң жанында полда отырды.

— Далия, илтимас, мени кешир. Мен шынында да өкинишлимен. Хат қолыма тосаттан түсип қалды, ант ишемен, бирақ сен ҳақсаң, мен оны оқымаўым керек еди. Деген менен, мен сени қапа қылыўды қәлегеним жоқ. Бизлерде бар болғанлардың бунықң бузыўына жол қоймайық.

Ол сорады — бул қыз ушын әдеттен тысқары болды. Бирақ барлық тәрепти тәрезиге салып, ол өз мақсетине еристи — Далия жыламады, тек мурнын тартты ҳәм дем алыўы бир тегис болды.

— Мен не қылайын? — деп сорады Тарик. — Тек ғана маған айт, мен ислеймен.

Бир неше минуттан соң есик ашылды.

— Маған қарама, — деди ол, мурны пырқылдап. — Көзиңди жум. Көринисим қорқынышлы.

— Қарап тура алмайман, — деди ол, оннан қала берсе көзин жумды. Ол есиктиң ашылғанын еситти.

— Айтқанларыңның ҳәммеси ҳақыйқат па? — деп сорады кишкене үнсизликтен соң.

— Аўа, ҳәммеси, — деп жуўап берди ол.

— Сен шынында да мени сүйесең бе?

— Аўа, мен сени жүдә жақсы көремен. Болмаса не ушын мен сени таңладым ҳәм усы жәннет жерге алып келдим?

Тарик бул сөзлерди өзи айтып атырғанына исенгиси келмеди. Ол айтарлықтай бул қызды жақсы билмейди. Қыз да оны жақсы танымайды. Ол салдамлы қатнаста болыўды өзине жол қоя алмайды. Бирақ онда бир нәрсе бар еди, буның алдында тура алмайтуғын еди, оны қолдан жибергиси келмейтуғын еди.

— Билмеймен, — деп әсте айтты ол. — Мен буны ойланып алыўым керек.

— Демек, сен мени кеширесең бе? — деп сорады Тарик.

Қыз үндемеди.

— Бул ҳаққында да ойланып көриўим керек.

Қыз оның қасында муздай кафелли полда отырды ҳәм қолынан услап, оның көзинен сүйип алды. Ақыры қыз оған өзине қараўына рухсат берди. Оның көзинде жас толып аққан еди ҳәм тушы да жайылып кеткен. Бирақ Тарик ушын ол алдыңғыдан да шырайлы еди. Ол елеге дейин Далия өзин усылай тутқанын түсинбеди. Бирақ ақыры дегенде, бул нени аңлатады? Егер ол бир шешимге келиўи керек болса, онда буны ертелеў қылыў керек. Онда ўақыт аз. Ол Лемье, Годдар ҳәм мысырлы полициялар Шармаға изинен келип ҳәм кетиўине жолларды тосып қоймасынан алдын кетип қалыўы керек. Бирақ буны қалай ислеў керек?

# 36

Далия марихун шылымынан шекти ҳәм Тарикке биреўин усынды.

— Бул машқаланы жеңиллестириўдиң бир усылы ма? — деп сорады ол, жағдайдан қалай шығып кетиўди ойлап турып.

Қыз басын ийзеди де, түтинди ишине тартты. Ол оның дослық келисимин қабыл етип, ол да түтинди ишине тартты. Олар бир неше минут үнсиз түтин ишинде отырды ҳәм Тарик оннан былай деп сорады:

— Саған сораў берсем бола ма?

— Болады, деп ойлайман.

— Не ушын сен сондай ашыўланып қалдың?

Далия ийнин қысты ҳәм оннан нәзерин алып қашты.

— Билмеймен.

— Яқ, билесең, — деди ол.

Далия және түтинди ишке тартты.

— Мениңше, маған қолайсыз болды.

— Не ушын? — деп сорады Тарик.

— Сен мени масихый деп ойлар ма едиң, ал мен болсам ондай емеспен. Үйдиң-иши масихый, бирақ мен — ондай емеспен. Мен кишкене ўатымда тек ғана рольде ойнап жүрдим. Бирақ мен ҳеш қашан ата-анамның исенгенлерине исенбейтуғын едим. Олардан кетип қалғанымның бирденбир себеби усы болады.

— Бул қашан жүз берген еди?

— Көп ўақыт болды. Мен колледжге оқыўға кеткен ўақтымда.

— Соннан берли сен қайтпадың ба?

— Аўа.

— Үй-ишинди, досларынды, қаланды сағынып атырсаң ба?

— Улыўма айтқанда, аўа, — деп жуўап берди ол, ойланып турып.

— Онда не ушын сен сол жаққа бармайсаң?

Далия суўық демин алды.

— Себеби мениң әкем — зулым.

— Зулым?

— Ол ҳәммени усы диний қағыйдалар менен услайды, бул оның өмир тәризи. Мен бундай етип жасаўды қәлемеймен деп шештим де, артыма қарамай кетип қалдым.

— Бул қандай қағыйда?

— Не парқы бар? — деп Далия бирден орнынан турды да, уйықлайтуғын бөлмеге кирип, кроватқа бойын таслады. — Жигит пенен ушырасыўға барыўға болмайды, ишиўге болмайды, наркотик қолланыўға болмайды, ол болмайды, бул болмайды, ананы ямаса мынаны ислеў керек...

— Сен қалай ойлайсаң? — деп сорады Тарик. Ол да кроватқа барып, потолоктағы вентиляторға қарап жатты. — Ол сениң әкең. Әкелер өзиниң қызын қорғаўы керек емес пе?

— Әй, сен ким тәрептесең? — деди Далия.

— Қулақ сал, сен қыз туўсаң, оның ишиўине, шегиўине ҳәм маған усаған жигитлер менен ушырасыўына рухсат бересең бе?

Далия бурылды да, оған қарап күлди:

— Саған усаған жигитлер менен рухсат бермейтуғын шығарман.

Тарик те күлди. Оның басына бир жоба келди.

— Демек, әкең — руўханий ме? — деп сорады ол.

— Аўа, ол — пастор, — деп жуўап берди қыз.

— Айырмашылығы бар ма?

— Улыўма айтқанда жоқ.

— Ол жәмәәтти басқарады, адамларға Ийса ҳаққында айтып береди, жарлыларға ғамхорлық қылады ҳәм усыған уқсағанлар ма?

Далия аўа деп басын ийзеди.

— Аўа сондай.

— «Петра Байбл Черч» деген не?

— Бул мен өскен жәмәәт. Әкем онда мен туўылмастан бурын пастор.

— Жәмәәт үлкен бе?

Далия ийнин қысты.

— Ол өсип атыр. Мен кишкене ўақтымда онда 30-40 адам бар еди ҳәм айтарлықтай бала жоқ еди. Ал ҳәзир билиўимше ол 150 адам ҳәм басым көпшилиги шаңарақтан, жас жубайлардан ҳәм көп балалардан ибарат.

— Сен Калим менен сол жерде таныстың ба?

— Яқ, — деп басын шайқады ол.

— Қаяқта еди?

— Колледжде екинши курста. Бизлер досларымыз бенен бирге дем алыс ўақытта Парижге кеттик. Бизлер кафеде танысып қалдық.

— Кейин не?

— Ол не деген? Мен оған унап қалдым, ол маған унап қалды. Бизлер ушырасып басладық, бирақ буннан ҳеш қандай нәтийже шықпады. Әйтеўир сондай ўақыя.

— Бирақ әкең ушын бул әйтеўир нәрсе емес-ғо, — деди Тарик.

— Әкем оны жек көретуғын еди, — деп жуўап берди. Ойланып турып, ол анықлық киргизди, — деген менен, оны ондай жаман көрмеди. Әкем ҳеш қашан ҳеш кимди жек көрмеген. Бирақ ол оны анық қоллап-қуўатламады.

— Не ушын?

— Себеби Калим масихый емес еди. Улыўма айтқанда, ол ҳеш ким еди. Дин оны қызықтырмайтуғын еди. Бирақ әкеме бундай туўры келмейди. Мен еле кишкене ўақ-

тымда ол маған масихыйға турмысқа шығасаң, деп айтатуғын еди.

— Калим менен не ушын ушырасып жүрдиң?

— Әкем айтқанлары аз ба еди! — деп жуўап берди Далия. — Мен әкеме унай ма, унамай ма, өзиме унайтуғын жигитке турмысқа шығаман. Бул — мениң өмирим, ал оныки емес. Мениң кимге турмысқа шығатуғыным оған тийисли емес, улыўма шығаман ба жоқ па. Және де, мен оның қағыйдасы бойынша жасамағаным ушын мени ҳүким еткенин қәлемеймен... Қулақ сал, бизлер әкем ҳәм бурынғы жигитимнен басқа, қызықлы бир нәрселер ҳаққында сөйлесе алмаймыз ба?

— Аўа, — деп жуўап берди Тарик, оның жобасы еле әмелге асады, деп ойлап. — Аўқатланыўды қәлейсең бе?

— Аштан өлейин деп турыппан, — деди қыз.

— Бул жақсы, мен де, — деди ол. — Төменге түсип, аўқатланайық. Оннан қала берсе, менде сен ушын саўға бар.

Далияның көзи жайнап кетти.

— Ырас па? — деп сорады ол. — Қандай?

— Көресең, ҳәммесиниң өз ўақты бар, — деп жуўап берди Тарик.

# 37

Мароккодағы жумыслар питкен еди. Лемье ҳәм Годдар Каирға келип, аэропорт қәўипсизлиги баслығы менен ушырасты.

Олар бир неше саат бақлаў камераларының жазбасын тексерди, келгенлердиң, болған пассажирлер ҳаққында мағлыўматты компьютерде үйренип шығып, Марван Аккадтың шынында да Каирда болғанына тастыйықлаў табыўға үмит етти. Марван Джек Карделл аты менен келмеген болса, онда оның келгени ҳаққындағы фактты қыйынластырады. Егерде ол Мысырға келген болса, ол еле усы жерде ме екен?

Лемье адамларын Александрияға, Абу-Дабиға ҳәм Эль-Кувейтке жиберип, өзи айтқанындай интуицияны иззертледи. Бирақ ол Марванның Каирға келгенине исенимли еди ҳәм соның ушын излеўди негизинде усы жерден баслаўы керек еди.

Годдардың телефонына қоңыраў келди. Бул Дюваль еди ҳәм ол дәрҳәл трубканы көтерди.

— Колетт, сен бир нәрсе таптың ба?

— Солай деп ойлайман, мырза, — деди Дюваль. — Бул әҳмийетли болыўы мүмкин.

— Марванды таптың ба?

— Тилекке қарсы, яқ.

— Онда не? — деп асығып сорады Годдар.

— Рафик Рэмзидиң квартирасындағы камераның жазбасы есиңде ме?

— Аўа.

— Марван Рэмзиге үлкен конверттен шығарып алған бир нәрсени көрсеткени есиңде ме?

— Есимде, — деди Годдар. — Қандай да фотосүўрет емес пе еди?

— Анық сондай.

— Енди не?

— Бизлердиң тәжирийбели маманларымыз сол кадрды үлкейте алды. Не тапқанымызды тап.

— Ал, — Годдар оны асықтырды. Бир сааттан кем ўақытта ол Рами Аккад пенен сөйлесиў ушын Бейрутқа ушады. Онда жумбақ шешетуғындай ўақты жоқ.

— Бул Клодетт Рэмзидиң фотосүўрети, — деди Дюваль. — Ол Бразилиядағы Сан-Паулдағы банктеги бақлаў камерасынан алынған.

Годдар ҳайран қалды. Ол сөзин де умытып қалды. Кеширим сорап, ол кабинеттен шығып кетти, — ол бул мағлыўматты Лемьесиз өзи жақсылап түсинип алыўы керек еди, кейин сөйлесиўди коридорда даўам етти.

— Клодетт Рэмзи? — деп сорады ол, бир өзи қалғаннан соң. — Бул анық па?

— Пүткиллей анық, — деди Дюваль. — Фотода ханым Рэмзидиң ийнинен жоқарысында ўақыт ҳәм сәне ҳәм де банктағы логотип түсирилип көрсетилген. Электрон почта арқалы сизге толығы менен жибердим.

Годдар елеге дейин исенгиси келмеди. Бул шынында да әҳмийетли, бирақ бул нени аңлатады екен? Ол буны көз алдына келтире алмады ҳәм ойлаўға ўақты көп болған Дювальға сораў берди.

— Билмедим, мырза, — деп тән алды ол. — Мен де сиз сыяқлы таң қалып турыппан.

— Не болса да, сен бул нени аңлатыўы мүмкин деп ойлайсаң? — деп талап қылды Годдар. — Сенде қандай да пикириң бар ма?

— Бул Марванның ханым Рэмзи қаяқта екенин билетуғынын  ҳәм соның менен бирге, ол Рафик Рэмзиден ақша өндирип алыў менен байланыслы дегенди дәлиллейди. Болмаса мырза Аккадта не ушын оның фотосүўрети бар болған?

— Яқшы, мүмкин, — деди Годдар, мағлыўмат үстинде ойланып. — Бирақ бул теорияда бир нәрсе сәйкес келмей атыр.

— Қандай? — деп сорады Дюваль.

— Қандай? — деп ойланды Годдар. — Аўа, қандай? — Ол аэропорт залынан шықты. Ол Лемьеден узақлаў болып, азғантай ойланып көриўи керек еди. Бул из еди ҳәм жүдә әҳмийетли из. Годдар буны анализлеп көрип, Скелет билип, кесент бермесинен алдын, оның мәнисин түсинип алыўы керек.

Газета киоскасының жанында тоқтап, ол газеталардың бас темаларына қарады. Ертең азанда олардың биринши бетинде Марван Аккадтың сүўрети, және де, Монакодан Мароккоға дейин созылған қанлы из ўақыясы ҳәм халық ара тексериў, ҳәзир Каир орайы болған тексериў күши ҳаққында турады. 24 сааттан соң пүткил Мысырдағылар бул ҳаққында билип алады ҳәм Марван ҳеш қаяққа қашып қутыла алмай қалады.

Годдар бир чашка кофе буйыртпа берип, залда арман-берман жүрди.

— Колетт, — деди ол ақыры, — егер Марван Аккад шынында да Клодетт Рэмзиди урлаўда қатнасқан болса, онда оған Рафик Рэмзидиң квартирасына жеке ушырасыў ушын неге барыўы керек еди? Өзине ҳәм барлық операцияға не ушын қәўип қойды? Ҳәттеки, егер Марван соншелли ақмақ болса, араб мәмлекетинде ең бай ҳәм уллы адам менен ушырасып (негизинде ол ақмақ адам емес), өзиниң қасында оны өлтириўине қалайынша жол қойған? Буны сен қалай түсиндире аласаң?

Узақ ўақыт үнсизликтен соң Дюваль былай деди:

— Ол өзине алиби тәмийинлеў ушын шығар?

— Мүмкин, — деп келисим берди Годдар, — ал мина қойылған машина не? Ол өзи бир өлимнен қалды. Оны Монте-Карлодағы «Меридьене» де өлтириўге ким урынды екен? Егер Марван шынында да урлыққа, қун талап қылыўға ҳәм өлтириўшиликке араласқан болса, буның барлығына түсиндирме жоқ.

— Сиз ҳақсыз, мырза, — деп тән алды Дюваль. — Онда Марванда сол ханым Рэмзидиң фотосүўрети не ушын болды? Ал Касабланкада ол өлтирген еки қыз не?

— Ол өлтирди деген тек гүман бар, — деп анықлық киргизди Годдар.

— Бирақ, мырза, оның бармақ излери Рания Фаваздың квартирасының барлық жеринен табылды, — деди Дюваль. — Ол сөзсиз сол жерде болған. Оннан қала берсе, квартирада басқа адам болғаны ҳаққындағы мағлыўмат жоқ. Буны сиз қалай түсиндире аласыз? Бул еки адам өлтириўшиликте Марван Аккад айыплы дегеннен басқа қандай шешим шығарыўға болады?

# 38

«Риц Карлтон» мийманханасының верандасынан Қызыл теңизге қарап турған көриниси ашылды. Пальманың саясында турған еки столдың қасында Марван Аккад (ямаса Тарик Жамил) отырыпты. Оның қасына кафетерия гезегинде турған Далия Нур келип отырыўы керек. Столда омлет, мийўелер, стаканларда апельсин сок ҳәм сүтсиз кофе турыпты, бирақ ол аўқат туўралы ойлағысы да келмей отыр.

Оның пикири тәртипсиз ҳалда еди. Жүреги тез-тез урып турыпты. Егер ойлап қойғаны иске аспаса (табыс алдыннан жүдә үлкен емес еди), онда жүдә аз вариант ҳәм аз ўақыт қалады. Ол кесилген ғарбызды вилка менен шаншып алды да, бирақ жеў ушын жүдә тынышсыз еди.

— Мырза, — деп ол официантты шақырды, — мына кофениң орнына кофеинсиз кофе мүмкин бе?

— Әлбетте, мырза, — деп жуўап берип, Тариктиң чашкасын алды да, оған басқа, жүдә ашшы емес қылып алып келди. — Мәрҳәмат.

Тарик сүт ҳәм қант қосты. Далия қасына келди. Ол қаймақ салынған клубника менен вафли алып келди. Тарик орнынан турып, оның сыртқы көринисине ҳәм таңлаған аўқатына мақтаў көрсетип, оған стул ысырып таярлады. Ол шын жүректен сөйледи, бирақ ўақытты созып атырғанын да билди. Деген менен, ол қаншелли тынышсызланғаны менен, шетке ысырып қойыў мүмкин емес еди.

Ол өз орнына қайтып отырмады, ал қыздың алдында дизерлеп турып, оның қолынан услады.

— Тарик, не қылып атырсаң? — деп сорады ол, уялғанынан. — Кел, азанғы аўқатыңды же. Мен сени аш болды деп ойлаған едим.

— Аўа, — деди ол, — бирақ бул аўқаттан да зәрүр.

Далия ҳәзил менен жуўап берейин деп атыр еди, бирақ оның қолындағы кишкене бархатлы қутышаны ҳәм оны ашып атырғанын көрди. Оның ишинде қашанлардур көриўи керек болған ең әжайып ҳәм қымбат баҳалы бриллиантлы жүзик бар еди. Тарик күткениндей, оның жүзинде қуўаныш ҳәм таң қалыўшылық пайда болды. Бир неше ай алдын Тарик Рания жүзинде усындай қуўанышты көриўди үмит еткен еди, бирақ оның күткениндей бундай жүз бермеди. Олар ҳәзир орынланыўы керек.

— Далия, — деп баслады ол даўысын әсте шығарып, — билемен, жүдә аз ўақыт өтти. Бирақ мен өмиримде кимди болса да жақсы көрген болсам, оннан да көп сени сүйемен. Мен кимдидур усындай етип сүйип қаламан деп ойлаған жоқ едим. Билемен, бул жүдә тез жүз берип атырғандай болып көринетуғын шығар. Бул сондай да шығар. Деген менен, бир нәрсеге анық исенимли болсаң бул әҳмийетли емес, ал мен сениң менен қалған өмиримди бирге өткериўге жүрегимнен исенимлимен. Сени дүньядағы ең бахытлы ҳаял қылғым келеди. Егер сен маған турмысқа шығыўға ыразы болсаң, мени ең бахытлы адам қылатуғыныңды билемен. Далия Нур, маған турмысқа шығасаң ба?

Далия азанғы қуяш нурына жарқырап турған бриллиантқа қарады.

— Тарик, мен... не айтарымды билмей қалдым, — деп иркилип-иркилип сөйледи. — Бул шынында да жүдә тез болып атыр. Сен меннен үй-ишим туўралы сорағаныңда саған қопал қатнаста болып, саған тасландым. Мендей ҳаялға не ушын үйлениўди қәлеп атырсаң?

— Себеби сен — мениң тәғдиримсең, — деп жумсақ сөйледи ол, — тек сениң менен мәңгиге бирге болыў маңнайыма жазылған.

Ол жүзиктен нәзерин жоқары көтерип, оның көзине қарады да, жылап жиберди.

— Бул маған айтылған сөзлердиң ишиндеги ең әжайып сөз, — деди ол көз жасы ағып. — Аўа, саған турмысқа шығаман, Тарик Жамил. Бул мен ушын сыйлы.

Қыз оны сүйиўди қәлеген еди, бирақ ол оны тоқтатып қалды.

— Мениң бир шәртим бар, — деди ол.

— Шәрт? — деп түсинбей сорады қыз. — Қандай шәрт?

Ҳаўаны ишине толтырып, Тарик былай деп жуўап берди:

— Сен мени Иорданияға өзиң менен алып кетесең ҳәм ата-анаң менен мени таныстырасаң, және, олар менен дослaсыўға ҳәрекет етесең.

Далия дыққат салып турып қалды.

— Мениңше, бул жүдә жақсы пикир емес.

— Бизлер усыны ислеўимиз керек.

Енди қыз терең дем алды да, басын шайқады.

— Саған айттым-ғо, әкем — залым, — деп түсиндире баслады қыз, — ол сениң масихыймысаң, жоқ па соны билгиси келеди. Егер яқ болса, ол үйинен сени қуўып жибереди. Егер сен аўа десең, онда сени алдап атырған жоқ па екен деп, исенимли боламан дегенше узақ ўақыт сораў береди. Тарик, сен мениң ата-анамды билмейсең ҳәм сен оларды билмегениң жақсы, маған исен.

— Мени кешир, Далия, бирақ бул шәртти талқылаўдың кереги жоқ.

— Талқылаўдың кереги жоқ?

— Аўа, — деп тастыйықлады ол. — Мен саған сырлы түрде үйлене алмайман, тап бул жаман ямаса уят нәрседей қылғым келмейди. Мен сениң әкеңнен ҳәм барлық үйишиңнен ақ пәтия алыўды қәлеймен.

Қыз теманы жаўып таслағандай етип, күлип жиберди.

— Саған табыс тилеймен, Тарик, бирақ сен оны ҳеш қашан алалмайсаң.

— Маған исен, — деди ол, — мен әкең менен тил табыса аламан.

— Саған буның неге кереги бар?

— Себеби, Далия, үй-ишинен басқа ең әҳмийетли нәрсе жоқ, — деп жуўап берди ол, оның шекесинен сыйпап. — Маған исен, мен ата-анамды қайтарып алыў ушын ҳәмме нәрсемди берген болар едим. Бул мен ушын мүмкин емес. Бирақ сен ушын мүмкиншилик бар.

— Сен неге асылайын деп атырғаныңды көз алдыңа келтире алмайсаң, Тарик, — деп ескертип қойды қыз. — Көз алдыңа келтире алмайсаң.

Ол ҳақ болыўы мүмкин, деп ойланды Тарик. Бирақ қыз не нәрсеге келисим берип атырғанын көз алдына келтире алмайды. Қандай да пайтта ол қызға хақыйқатлықты — барлық шынлықты айтыўы тийис. Бирақ ҳәзир емес. Алдын оның ыразышылығы керек — оған турмысқа шығыўға ҳәм Иоарданияға, Петраға барыўға. Ҳәм сонда, сол жақта — кишкене қәўипсиз кишкене қалада, Лемьеден ҳәм Годдардан ҳәм Клодетт Рэмзидиң жиберген адамларынан алыста болады — ол Далияға ҳақыйқатты айтыў ушын ойланып та алады. Буннан ерте емес.

— Бул саған шынында да әҳмийетли ме? — деп сорады қыз.

Ол қыздың көзине қарады да, басын шайқады.

— Аўа.

— Ондай болса, яқшы, — деди ол, ақыры. — Қашан барыўды қәлейсең? Менде Жаңа жылдан алдын дем алыс күнлерим бар.

— Як, күтиў ушын жүдә узақ, — деди ол. — Ҳәзир кетемиз.

— Сен ақылдан азған шығарсаң! — деп қарсылық билдирди қыз. — Бизлер ҳәзир кете алмаймыз!

— Не ушын? — деп сорады ол. — Сениң ата-анаңа сюрприз қыламыз. Басланғыштан кетемиз — маған исен, усы-

лай ислесек жақсы. Олар таң қалысады ҳәм сени көргенине қуўанып қалады, және де, мен сени алып барғаным ушын мақтаўға ылайықлы боламан.

— Билмедим, — деп екиленди Далия. — Мениң рейсим усы ҳәптениң ақырында ҳәм кейинги ҳәптениң барлығында болады.

— Турмысқа шығып атырман деп айтасаң, — деди Тарик. — Усы жағдай менен саған дем алыс бермес пе екен? Оларды қолланасаң.

— Бирақ түсинбеймен, — деди Далия. — Бундай асығыслықтың неге кереги бар? Мен ата-анам менен бес ямаса алты жылдан берли көриспедим. Мен морально таярланып алыўым ушын, және бир неше ҳәпте күтиў мүмкин емес пе?

— Яқ, — деп даўам етти Тарик. — Саған айттым. Мен сени сүйемен ҳәм сенсиз жасай алмайман. Затларымызды жыйнастырып, бүгин кетемиз. Сен есиктиң босағасында көрингениңде ҳәм бармағыңда мынаў болса... ата-анаңның жүз көринисин көз алдыңа келтир...

Ол коробкадан бриллиантлы жүзикти алды да, оны бармағына тақты. Ол жүдә әжайып болып турды. Далияның да көриниси әжайып. Кейин ол жеңилди де, «яқшы», деди.

# 39

Тарик ҳәм оның келиншеги «Рица»дан түстен кейин кетип, Мысырдың арқасында жайласқан Нувейба қаласына такси менен кетти. Олар түслик жеп алды ҳәм Далияның туўысқанларына саўғалар сатып алды. Кейин олар екеўге Иорданияның қубласындағы портқа, Акабаға дейин билет сатып алды. Кеме суў асты қанатында саат төртке бир неше минут қалғанда сүзип кетти. Жол бир саат ўақытты алды. Және бир неше ўақытты алды ҳәм олар Петраға жетип келди, кейин Далияның балалық дәўири өткен көп жайлардан ибарат болған жерге жетип келди.

— Не болса да, бул жүдә жақсы пикир емес еди, Тарик, — деп тәкирарлады алдыңғы сөзин Далия ҳәм асқазан аўырыўынан қыйналыңқырап турды.

— Ҳәммеси жақсы болады, қымбатлым, маған исен, — деп исендирди оны Тарик ҳәм оның қолынан жумсақ етип услады да, бир қолына затларды көтерди. Ол ҳақ болып шығатуғынына үмит етти.

Олар имаратқа кирди, бесинши этажға көтерилип, керекли болған есик алдында тоқтады. Далияның қоллары қалтырап кетти. Тарик кисесинен таза бет ормалын алды да, жүзиндеги тер тамшыларын ҳәм ерниниң жоқарысын сыпырды.

— Мен сени сүйемен, — деп сыбырлады ол.

Далия оның көзине қарады, өзине жетиспей турған исенимлилик оның көзинде көринип турған еди.

— Мен де сени сүйемен, — деп сыбырлады қыз, жуўап берип.

Тарик күлди ҳәм терең демин алды да, есикти қақты.

— Надим, — есик аржағында ҳаялдың даўысы шықты, — кимдур есикти қағып атыр. Сен биреўди күтип отырған ба един?

— Яқ, күтип атырған жоқпан. Мен телефонда сөйлесип атырман, қымбатлым, өзиң ашасаң ба?

— Жақсы. Бир минут, баратырман.

— Бул мениң анам — Рима, — деп әсте айтты Далия.

— Ал әкеңниң аты Надим ба?

— Аўа.

Далия Тариктиң қолын беккем услап алды. Тарик оған саўға қылған қолындағы жүзикти оның шешип алғанын, байқап қалды. Ол бир нәрсе айтайын деген еди, бирақ буған ўақыт болмай қалды. Оннан қала берсе, қыз ҳақ болыўы мүмкин. Ата-анасын бул хабар менен таң қалдырыў еле ертелеў. Оған дейин көп нәрсени қылыў керек (минимум, тири қалыў керек).

Есик ашылды ҳәм Рима Нур бир неше жыл көриспеген қызы менен жүзбе-жүз ушырасып қалды. Рима елиўлерден асқан, шашларына ақ түсип баслаған ҳәм азырақ толығырақ еди, бирақ елеге дейин көриниси әжайып еди. Тарик оның көзлери қызының көзиндей екенин байқады.

Өзиниң перзентин көрип, Ханым Нур аҳ урды. Ол әрўақ көргендей қолын аўзына басып қалды да, албырағанынан ҳеш нәрсе сөйлей алмады. Бирақ дәрҳәл сораў бериўге өзинде күш тапты:

— Далия, бул шынында да сенбисең?

— Аўа, мама. Сени сағындым.

— Қызым мениң, мен де сени сағындым, — деп бақырып жиберди ханым Нур. — Сени сондай қатты сағындым.

— Сени жақсы көремен, ана.

— Мен де сени жақсы көремен, қызым. Мен де жақсы көремен.

Ол Далияны қушақлады. Олар бир-бирин сүйип, жыласып алды. Тарик оларға кесент бермеў ушын, артқа шеги-

ниңкиреди. Олардың бир-бирине болған сүйиспеншилиги оған қатты тийип кетти. Ол өз ата-анасын, әсиресе анасын қаншелли сағынғанын түсинди.

Оның жүреги тез-тез урып кетти ҳәм ол бирден усы жерде жат адам ҳәм шақырылмаған адам сыяқлы сезди. Ханым Нур өзине келгенде, оған қандай қатнаста болады екен? Тарикти ол көрди ме екен? Мүмкин, ол Тарикти таксист ямаса жүк көтериўши сыпатында түсинген шығар? Тарик өзиниң ким екенин ҳәм не ушын келгенин айтып түсиндиргенде, ол не айтар екен? Ҳәм мырза Нур не айтар екен? Далия сүўретлегениндей, шынында да ол сондай залым ба екен? Буны Тарик билмейди. Ол ата-анасынан тысқары Далияның өзин де аз билетуғын еди. Бирақ шамалап отырыў мәниге ийе емес. Ол тез арада бул сораўларға жуўап табады.

— Ана, — деди ақыры Далия, Тариктиң бет орамалы менен анасының жүзиндеги жасты сыпырып атырып.

— Аўа, қызым.

— Ана, мен сениң менен бир адамды таныстырмақшыман.

Тарик күле шырай берди. Ханым Нур албырап қалды.

— О, мен билмеген едим... Мен ойлаған едим...

— Ана, ҳәммеси жайында, — деди Далия, Тариктиң қолынан услады да. — Бул Тарик Жамил. Мениң үйге келиўиме ҳәм сизлер менен көрисиўиме ол көндирген еди.

— Ырас па? Демек, сиз, Тарик Жамил, — деди ханым Нур. — бул мениң дуўаларыма жуўап. Мәрҳәмат, ишке кириң. Ҳәммемизге шай демлеймен.

— Рахмет, ханым Нур. Сиз жүдә жақсы екенсиз.

Олар Далияның әкеси шыққанда, квартираға кирди де, аяқ кийимлерин шешти.

— Рима, бул не шаўқым? Мен түсине алмай атырман...

Ол Далияны көрип, үнсиз турып қалды. Ол таң қалыўынан аўзын ашып қалды. Оның көзлери жасқа толып кетти. Ҳеш қандай сөз айта алмай, ол қолларын Далияға соз-

ды. Далия оның қушағына бойын атты. Екеўи де жылап жиберди.

— Мениң қызым үйге қайтып келди, — деп еңкилдеп айтты ол. — Мениң Далиям ақыры дегенде келди. Саған рахмет, Ийса. Миннетдарман Саған. Сен дуўаларды еситип, жуўап бересең. Сениң Атың жарылқансын!

Тарик тамағынан жутынып атырғанын сезди. Және азырақ, ол да жылап жибериўге сәл қалып тур. Ол бул үйде бир минутта бурын болмаған, бирақ ол өмиринде көрмеген сүйиспеншиликти көрди.

Пастор Нур қызын сүйиўди ҳәм қушақлаўды тоқтатпады. Және, Ийсаның атын мақтаўды да тоқтатпады. Олардың қызы екинши дүньядан келгендей, қатнаста болып атыр, деп ойлады Тарик, негизинде анық усындай да еди.

— Далия, — деди анасы бир неше минуттан соң.

— Аўа, ана, — деди Далия, жақсы көриниўи ушын көз жасларын сыпырып.

Ханым Нур Тарикке қарады да, сораў имласы етип, қасын көтерди.

— Аўа, — деди Далия, әкесине бурылып қарап ҳәм оның жүзиндеги көз жасларды сыпырып. — Әке, маған айрықша болған адам менен сизди таныстырғым келеди. Бул Тарик Жамил. Ол мениң усы жерге келиўимди ҳәм сизлер менен ушырасыўымды талап қылды. Мен қәлеген едим, бирақ мен... қорыққан шығарман. Мен сизлердиң қандай етип күтип алатуғыныңызды билмеген едим, мен ойлап, ғам жеп атырсыз ба, жоқ па, билмеген едим. Бирақ Тарик үйишиңнен басқа қатты әҳмийетли нәрсе жоқ, деген еди. Ол мени алып келиўди усынған еди.

Пастор Нур Тариктиң көзине қарады. Тарик қысылыңқырады. Ол ғәзепти, жек көриўшиликти ямаса ҳүким көзлерди көремен деп ойлаған еди. Ол буған күн бойы таярланған еди. Бирақ ол шексиз әкелик миннетдаршылық нәзерди көрди.

— Мен ҳәзирше сени танымайман, жас жигит, — деди пастор, — бирақ сиз маған үлкен саўға бердиң. Сиз көп жыллардан берли келмеген қызымды алып келдиң, мен буған шексиз миннетдарман. Сизди Қудай жарылқасын, балам. Илтимас, бизлер менен кешки аўқат же. Бизлерде түнеп қал. Бизлердиң үйимиз — сизлердиң үйиңиз. Сиз бул жерге шақырылған, ҳүрметли қонақсыз.

Тарик өзине көрсетилген жыллы қатнасқа таң қалды (анығырақ айтқанда, сөз сөйлеўден қалды). Бирақ ол алдында турған қыйыншылықлар, изинен түсип жүрген адамлар ҳаққында еслеп, жеңил дем алалмады.

# 40

Инспектор Годдар Бейруттағы сораўға тутыў полиция басқарыў имаратында стол әтирапында Рами Аккадтың қарсы алдында отырыпты.

Ол шылым шекти, бирақ Рамиге шылым усынбады. Ол жаңа қайнатылған кофе ишти, бирақ Рамиге оны да усынбады. Ол жалған детекорды қоспағанша ҳәм ол Марван Аккад ҳаққында керекли мағлыўмат алмағанша сабырсызлық пенен күтти. Техник тамамлағанда, Годдар магнитофонды қосты.

— Ҳәммеси анық болыўы ушын қайталаймыз: ант астында екениңди түсинип турсаң ба? — деп баслады ол.

Рами ийнин қысты.

— Тек ғана «аўа» ямаса «яқ» деп жуўап бер, илтимас, жуўапларың жазылыўы ушын анық етип сөйле.

— Яқшы: аўа, мен ант астында турыппан.

— Жүдә жақсы, — деди Годдар, — баслаймыз. Атыңыз Рами Аккад па?

— Сиз буны билесиз.

— «Аўа» ма, ямаса «яқ».

— Демек, аўа.

— Сиз — «Аккад ҳәм жолдаслары» фирмасының ийесиз бе?

— Әлбетте.

— «Аўа» ямаса «яқ» деп жуўап бер, мырза Аккад.

— Аўа.

— Бул — сақшылық агенствосы ма?

— Бул гөззаллық салоны емес-ғо.

— Мүмкин, мырза Аккад, сиз жағдайдың қаталлығын тəн алмай атырсыз. Сизди сораўларыма жуўап бериўден бас тартқаның ушын қамақханаға жибериўим де мүмкин. Жəне де, жалған ушын да қамақханаға жибере аламан. Соның ушын, менменшилик аз ҳəм ҳəрекет көбирек болсын, түсиндиң бе?

Рами жəне ийнин қысты.

— Солай етип, сизиң агенствоңыз Жақын Шығыста ислейтуғын фирма басшыларын қорғаўды тəмийинлей ме?

— Аўа.

— Сизиң серигиңиз, əжаған — Марван Аккад па?

— Аўа.

— Əжағаңызды Рафик Рэмзи қызының өлтирилгени ҳəм ҳаялының урланғаны бойынша иззертлеўге жаллады ма?

— Аўа.

— Фирмаңыз бул жумыс ушын шама менен 500 мың евро, соның менен бирге расход төлемлерин алды, солай ма?

Рами таң қалды:

— Қалай....

— Мырза Аккад, «аўа» ямаса «яқ» ҳəм сени жəне ескертемен, сиз ант астында турыпсыз.

— Аўа, — деди ақыры Рами.

— Марван адам өлтириўшилик ямаса сол ҳаялларды урлаў менен байланыслы ма?

— Яқ.

— Ол Рэмзидиң шаңарағынан қорқытып пул өндирип алыўға ҳəрекет еткен бе?

— Яқ.

— Ол ҳəзирги ўақытта Рэмзидиң шаңарағынан қорқытып пул өндирип алыўға ҳəрекет етип атыр ма?

— Яқ.

— Анық сондай ма? — деп сорады Годдар, комнатаның ишинде арман-берман жүрип. — Егер бул солай болса, сизге жəне бир сораў бериўиме рухсат бер. Рафик Рэмзи-

диң өлтирилген күни, әжағаңыз Клодетт Рэмзидиң қайсы мәмлекетте екенин билетуғын ба еди?

Рами маңнайын жыйырды. Бир неше секунд өтти, бирақ ол жуўап бермеди. Ол көзин жасырды.

— Солай етип, мырза, билетуғын ба еди? — деп талап қылды Годдар.

Рами алдынғыдай ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди.

— Мырза Аккад, мениң менен ойнама. Сиз я бизлер менен ислесесең, ямаса қамақханаға кетесең ҳәм бизлер фирмаңыздың ҳәрекетин тоқтатып, қолға аламыз. Және бир мәрте сизден сорап атырман: мырза Рэмзи өлтирилген күни, әжағаңыз ханым Рэмзидиң қайсы мәмлекетте екенин билетуғын ба еди?

— Аўа.

— Бул мәмлекет — Бразилия ма еди?

Рами Годдардың бул мағлыўматқа ийе болғанына және таң қалды.

— Аўа, — деди ол шешимсиз түрди.

— Онда Сан-Пауладағы банк ишиндеги ханым Рэмзидиң фотосүўрети бар ма еди?

— Аўа.

— Ханым Рэмзидиң қолланып жүрген счет номерин Марван билетуғын ба еди?

— Сол ўақытта билген еди, бирақ...

— Аўа ямаса яқ, мырза Аккад.

— Демек, аўа.

— Ҳәзирги ўақытта «Аккад ҳәм жолдаслары» фирмасының оннан артық агентлери Бразилияның Сан-Паула таўлы районында ислеп атыр ма?

Рами ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди, бирақ Годдар оны таң қалдырып атырғанын билди. Ондағы мағлыўматлар шынлыққа туўры келетуғын еди. Ол Рамиди ғозадай етип шағып, ашып таслайды.

— Солай етип, мырза Аккад, ислеп атыр ма?

— Аўа, ислеп атыр.

— Ол адамлар қуралланған ба?

— Аўа.

— Олар бүгин азанда ханым Рэмзи менен не қылыў кереклигин сорап, қоңыраў қылды ма?

Годдарға Рамидиң жүзиндеги таң қалыўшылықты көриў қатты унамлы еди.

— Сиз түсинбей атырсыз, мен...

— Олар сизден: «Ханымды не қылайық» деп сорады ма?

— Сиз мениң телефонымды тыңлағансыз.

— Аўа. Солай етип, олар сизге усы сораўды берди ме?

— Аўа.

— Сиз: «Ҳәзирше ҳеш нәрсе қылмаң. Бул әпиўайы емес. Мен тез арада сизлер менен байланысаман» деп жууап бердиңиз бе?

— Аўа.

— Мырза Аккад, сиз ямаса әжағаңыз Клодетт Рэмзидиң урланыўы артында турыпсыз, солай ма?

— Яқ, — деп нықыртып жууап берди Рами.

— Буны сиз өзиңиз шөлкемлестирдиңиз бе?

— Яқ.

— Анық па? Бирақ сиз оның қаяқта екенин билесиз?

— Аўа.

— Адамларың оның үйинен шығыўға рухсат бермейди, солай емес пе?

— Аўа.

— Сиз ҳәм әжағаңыздың усылардың барлығында айыбыңыз жоқ деп исениўим керек пе?

— Сөзсиз сондай.

— Бирақ бул жүдә жеңил емес, мырза Аккад. Сизге мынандай сораў беремен: әжағаң өткен ҳәптеде Мароккода, Касабланкада болды ма?

— Аўа.

— Ол қашанлардур турмысқа шығыуға ыразы болмаған Рания Фаваз атлы ҳаялдың үйине барған?

— Аўа.

— Ҳәзир ханым Фаваз ҳәм оның бөлме қоңсысы өли емес пе?

— Аўа, бирақ Марван бундай ислей алмайды, — сиз алжасып басқаны излеп атырсыз...

— Сөйлеме! — деп бақырды Годдар. Ол сораўға тутыў барысы бузылыўын қәлемеди. — Сиз мениң сораўларыма жуўап бересиз ҳәм мениң көрсетпелерим бойынша айтасаң, ямаса қамақханада түнди өткересең, түсиникли ме?

Рами қолларын көкирегине қойды.

— Әжағаң еле Мысырда ма? — деп сорады Годдар.

Рами үндемеди.

— Әжағаң Каирда ма? — деп және сорады Годдар.

Рами және ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди.

— Әжағаң Мысырдан басқа мәмлекетке кетти ме? — деп жуўап талап етти Годдар.

Рами пүткиллей жуўап бериўден бас тартты ҳәм Годдар ашыўланып баслады.

— Сизиң жалғыз әжағаңыз адам өлтириўши сыпатында изленип атыр. Бизлер оны табамыз. Оны тапқанымызда, мен сизге оны атпаймыз деп ўәде бере алмайман. Егер сиз әжағаңызды тири көриўди қәлесеңиз, сизге мениң менен ислесиўиңди мәсләҳәт беремен. Ҳәзирше сиз қамақханаға кетесиз.

# 41

Надим Нур үлкен көзли, қоллары ири ҳәм даўыслы ири адам еди. Ол енди жылаўын қойған еди, ал күлип баслады ҳәм Тарик тынышсызланыўы азайды.

Ханым Нур қонақ асты таярлаў менен бәнт болып турғанда, мырза Нур жүдә үлкен болмаған квартирасын Тарикке көрсетип баслады. Бул сулыў үш уйықлайтуғын бөлмели, кишигирим кухня, бирақ столовой сыяқлы 15-20 қонақ ушын диван ҳәм стуллары бар үлкен мийманхана бөлмеси бар жай еди. Дийўалдағы китап полкаларда Тарик университет библиотекасында ғана көрген көп китаплары бар еди. Ҳәмме жерде шаңарақ ҳәм жәмәәт фотосүўретлерге толы.

Пастор Нур Далияның балалықтан мектепти питкериўге дейинги фото альбомын шығарды. Кейин ол мектептен кейин Иордания авиациядағы хызметиндеги Далияның әжағасы, Илиястың фотосүўретин көрсетти. Ҳәзир ол оқ атыўшы ушыўшы ҳәм англичан BBC таярлығынан өтип атыр. Ол жүдә ер жеткен жигит — әскерий, капитан болды, ал Далия бунның барлығын көре алмады. Далия узақ ўақытқа дейин кетип қалғанына ҳәм хатқа жуўап жазбағаны ушын еле кеширим сораўды даўам етип атыр, бирақ әке ҳеш нәрсени еситиўди қәлемеди.

— Бунның барлығы артта қалды, қымбатлым, — деди пастор Нур өз қызына ҳәм оның даўысы сезимин көрсетип турды. Ол үлкен қоллары менен қызын қушақлап, оның қасында отырды. — Ийса сени кеширеди. Мен қалайынша сондай ете алмайман? Мухаддес Китапта не айтылғанын

еслейсең бе: *«Себеби аспан жерден қаншелли бийик болса, Жаратқан Ийеден қорққанлардан Оның мийрим-шәпәәти соншелли уллы; шығыс батыстан қаншелли узақ болса, Ол сондай етип бизлердиң нызамсызлықларымызды алып таслады; әке улына қандай реҳим етсе, Жаратқан Ийе де Өзинен қорққанларға сондай реҳим көрсетеди»* (Заб. 102:11—13).

Далия әсте жуўап берип былай деди:

— Рахмет, әке. Сен мениң қандай миннетдар екенимди көз алдыңа келтире алмайсаң.

Олар және қушақласты. Кухнядан ханым Нур келди ҳәм кофе берди, мийўе ҳәм писте-ғоза салынған вазаны қойды. Кухнядан қатты жағымлы ийис келип турды.

— Ммм, — деди Тарик, — бул таджин емес пе екен?

— Аўа, шынында да сондай. Сиз оны жақсы көресиз деп үмит етемен, — деди ол.

— Жүдә жақсы көремен. Бул... — деди Тарик.

Тарик өзиниң сөзин бөлип жиберди. Ол буны марокколы қозы гөши менен палызлардан писирилген марокколы аўқат Ранияның жақсы көретуғын аўқаты деп айтыўына сәл қалды. Ол тәрептен қопаллық болайын деп қалды.

— Бул не еди? — деп сорады Нур.

— Бул... қашанлардур Мареккеште мениң клиентим болған еди, — деп ол гәпти бурып, өз абайсызлығынан соң өзине келиўге ҳәрекет етип. — Мен сол жақта ҳәр бир болған ўақтымда, ол мени үйине мирәт ететуғын еди ҳәм оның ҳаялы әжайып мрузияны таярлайтуғын еди. Мениң елеге дейин аўзымнан суўым ағады.

Ол бул сөзди айтқанда, оны бирден айып сезими бийлеп алды. Ол жақсы адамның, қудайдың адамының үйинде, ал ол өтирик сөйледи. Оның ойына және пикир келди ҳәм оның өткен өмири толығы менен жалғаннан ибарат еди.

— Тарик, мүмкин сиз билетуғын шығарсыз — Далияның жақсы көретуғын аўқаты, бул мрузия, — деди ханым Нур.

Оның көзи жасқа толып кетти. — Ол үйден кеткели берли бул аўқатты писирмедик ҳәм...

Өзиниң сезимин услап тура алмай, ол кеширим сорады да, көз жасын фартугы менен сыпырып, кухняға шығып кетти. Тарик Далияның узақ ўақыт кетип қалғаны қаншелли терең жарақат алып келгенин түсинди ҳәм азғантай болса да Далия туўралы аз билсе де. Ол Далияның жақсы көрген аўқатын, жақсы көретуғын музыкасын, фильмлерин, теле көрсетиўлерин билмейди. Ол Далияның қандай байрамды жақсы көретуғынын ҳәм қандай тис пастасын мақул көретуғынын билмейди. Ол оның Нагиба Махфузаның романларын жақсы көретуғынын ҳәм саяхат қылыўды жақсы көретуғынын биледи. Ҳәм Далияның оны сүйетуғынын биледи. Мине, ол ҳаққында билетуғынларының барлығы усы.

Олардың қарым қатнасы ҳаққында ҳеш қандай гәп ашпаў кереклиги ҳаққында оның ядына түсип кетти. Олардың бир-бирине кеўил қойып, турмыс қурайын деп атырғанын билдириўге Нур еле тайын емес еди. Бул жүдә тез болған болар еди. Олар екеўиниң қалай танысқанын билиўди қәлейди. Ол танысыўының «травка» шегип, кешеде отырғанда ҳәм түнди бирге өткизгеннен кейин болғанын айта алмас еди. Нур олардың қанша ўақыттан берли танис екенин билгиси келеди, ал олардың танысқан ўақты жыл емес, ай емес, ал бир неше күн болған еди. Олар оның келешектеги жобасы ҳаққында еситкиси келеди. Ал ол оларға былай деп айта алмайды: «өлтирмеўи ҳәм қамамаўы ушын ҳәрекет етиў».

Тарик бул сораўларға ҳәм басқа да сораўларға жуўап бере алмас еди. Ол не айтса, тек ғана өзи ойлап тапқанын айтып жалған сөйлеўи мүмкин, ал ол усындай адамларды алдағысы келмейтуғынын тән алады. Бирақ өтирик сөйлеў өзиниң ҳәм олардың өмирин сақлап қалыў ушын керек.

— Тарик, сиз не менен шуғылланатуғыныңызды айтып берсеңиз, — деди пастор Нур, узақ ўақыттан берли қызын

көрмеген ҳаялынан дыққатты басқа жаққа аўдарып. — Сизди пүткил дүньяны — Европаны, Марокконы, Мысырды, Ливанды айланыўға мәжбүрлейтуғын қандай клиентлер?

Тарик жеңил етип ишине демин тартты. Бул ҳаққында ол саатлап айтып бериўи мүмкин. Ол өз легендасын майда-шүйдесине дейин биледи.

— Мен компьютер бойынша консультантпан, мырза, — деп баслады ол, — Мен банклерге, қамсызландырыў компанияларға, мультихалықаралық корпорацияларға қәўипсизлик системасын орналастырып, мейнфреймлар ямаса хакер, вирус ҳәм усыған уқсаған хызмет системаларынан қорғаў хызметин ислеймен.

Далияның әкеси күлди.

— Тарик, сизге Қудай жәрдем берсин. Мен бунық нени аңлататуғынын көз алдыма да келтире алмайман. Бирақ не болса да, бул жасаў ушын пул табыўға жәрдем беретуғын болса керек.

— Аўа, мырза, толығы менен.

Мине, усы болғаны. Оның шуғылланатуғын иси тез басланып, тез тамамланды. Пастор Нур басқа темаға өтти, Тарик болса өзин тынышсызланған сезди.

— Сиз ливанлы акцент пенен сөйлейсиз. Сиз Бейрутта туўылғансыз ба? — деди пастор, кофесин ишип, креслоға бойын жазып отырды.

Тарик ишинен қалтырап кетти. Оның өтмиштеги өмири ҳаққында ашық айтқанда қатал түрдеги қәте кеткен еди. Ал жалған ўақыясын болса алдын айтылғанларды кейингисинде алжаспаў ушын ядлап қалыўы керек. Оны өтмиши ҳаққындағы легендасы толық ойланып таярланбаған еди — бул бурын керек емес еди. Далия оған көп сораў бермеген еди (ол тек ғана оның ата-анасының өлими ҳаққында сораған еди), өйткени ол өзи өзиниң өтмиши ҳаққында сөз қылғысы келмейтуғын еди. Егер Тарик абайлы болмаса, пастор Нур оның өтмиши туўралы түн бойы сораўы мүмкин. Оған

ханым Нур ҳәм Далия қосылыўы да мүмкин. Ол өзин қолға түсириўине жол қоймаўы тийис.

Деген менен, не қылыў керек? Ол усы үйде кем дегенде бир неше күн болыўы керек. Ол бир нәрселер ҳаққында сөйлесиўи тийис.

Усы машқаладан қашыўдың бирден-бир жолы, бул гәпти баслаўды өз қолына алыўы тийис екенин түсинди. Сораўларды ол бериўи керек. Гәпти бағытлаўшы ол болады. Бир теманы таңлап, сол бойынша гәп жүритиўи керек. Бул адамды қандай тема қызықтырады ҳәм оның дыққатын услап тура алады? Өмирдеги өтмиши ҳәм Далия менен қатнасы ҳаққында гәп қылмай, олар саатлап не ҳаққында сөйлесиўи мүмкин?

# 42

— Аўа, мырза, — деп баслады Тарик. — Мен Бейрутта өстим. 1970 — жылы жас балалар ушын жүдә қорқынышлы дәўирлер болды, себеби өзиңиз билесиз сол ўақытлары пухаралық урыс болған еди. Ҳәмме: масихыйлар да, мусылманлар да — өз дини ушын бир-бирин өлтирди, олардың ҳәр бири өз Қудайын қорғап атырман ҳәм оның ушын гүресип атырман деп айтатуғын еди. Дин қан, урыс ҳәм өлим менен аралас болды. Егер мен булардың ҳәммеси маған динге деген жек көриўшиликти алып келди деп айтсам, сизди қапа қылмайман деп үмит етемен. Мен жақтағы өзлерин масихый деп атағанлар ҳәмме затты, ҳәммени жарып, жоқ қылды. Тек ғана олар емес, әлбетте, бирақ булардың ҳәммеси маған жағымсыз болды. Мен Қудайдан кетип қалдым.

Масихый шаңарақта өскеним себепли, мен жәмәәтке барыўым ҳәм масихыйлар тәрепте болыўым шәрт еди. Мен гүресиўди қәлемейтуғын едим, өйткени масихыйлар мусылманлар сыяқлы ис-ҳәрекет ететуғын еди — олар басқа исенимде жүргенлерди өлтирди. Ҳәммеси бирдей еди, масихыйлар ҳәм мусылманлар арасында ҳеш қандай айырмашылық жоқ еди. Фанатлық, жаўызлық, жек көриўшилик адамларды соқыр қылып таслады. Соның ушын да, мен жәмәәттен ҳәм масихыйлардан алыс болдым. Олардың басқалардан жақсы жери жоқ еди... Булардың ҳәммеси қорқынышлы еди!

— Соның ушын, сиз компьютер менен шуғылланып атырсыз, онда тәртип ҳәм анықлық бар ҳәм бунда илимийлик ҳәм басқарыўшылық бар, — деди Надим Нур.

— Солай десек те болады, — деп келисим берди Тарик.

Пастор алдыға еңкейип, былай деп сыбырлады:

— Тарик, сизге бир сыр ашсам бола ма?

— Әлбетте, мырза.

— Сиз билиўиңиз керек, мен өзимди масихый деп атамайман, — деп еситилер еситилмес қылып айтты Надим.

Бул сөз Тарикти қатты таң қалдырды.

— Сизди түсинбей қалдым, мырза, — деди ол. — Сиз пастор емессиз бе?

— Аўа, мен пасторман, — деп жуўап берди Надим, — бирақ мен өзимди масихый деп атамайман.

— Ал өзиңизди не деп атайсыз?

— Ийсаның изине ериўши.

— Ақыры бул бирдей емес пе?

— Мен екеўиниң де бирдей болыўын қәлер едим, — деди Надим. — Бирақ мен бизлерде көп адамлар өзлерин масихый деп атайтуғынын көремен. Олар мусылман емеспен, еврей емеспен деп жүреди. Бирақ олар — Ийса Масихтың ҳақыйқый изине ериўши сыпатында өзлерин есапламайды.

— Бирақ олар жәмәәтқа барады-ғо?

— Әлбетте, бирақ жәмәәтқа барғаны менен адам масихый болып қалмайды — сондай-ақ ресторанға келип, ол фирма аўқатына айланып қалмайтуғындай. Ҳақыйқый масихыйлық қандай да бир этникалық ямаса расаға тийисли болыўдан ибарат емес. Бул клуб емес. Жәмәәт туўылғаны ҳаққындағы гүўалық ямаса жеке тастыйықлаўшы қағаз бермейди. Ол адам өз қәлеўи менен шешимге келип, қабыллайтуғын если келисимнен ибарат.

— Бул шешим неден ибарат екен?

— Бул — Мухаддес Китап айтатуғынындай Қудайдың сизди сүйетуғынын ҳәм Онда сиз өмириңиз ушын айрықша жобасы бар екенине исениў. Кейин Қудай сизге не ушын туўылғаныңыз ҳәм сизди Ол жаратқандағы мақсетти ашып баслайды.

Пастор Надим ғамхорлы көз қарас пенен Тарикке қарады да, оннан былай деп сорады:

— Қудай бар екенине исенесиз бе?

Сораў күтилмегенде болып қалды, бирақ Тарик дәрҳәл жуўап берди:

— Әлбетте, Қудай бар. Бар болыўы керек.

— Бул ҳақыйқат. Қудай бар болыўы керек. Болмаса дүньяны ҳәм ондағы барлықты ким жаратқан? Булардың барлығын тек ғана Қудай жарата алады — соншелли қыйын ҳәм әжайып болған дүньяны.

Далия дәстүрхан жайыўды даўам етти, ал ханым Рима Нур сәўбетке қосылды:

— Ол — бизлердиң Жаратыўшымыз. Өз барлығы ҳәм ийгилиги менен ҳәр бир адам Оған тийисли. Қудайдың барлығы ҳаққындағы гүўалық бул — адам, ҳүжданымыз ҳәм мәңгиликти сезиўимиз. Патша Сулайман былай деп айтқан еди: *«Ол ҳәммесин әжайып қылып өз ўақтында иследи... Қудай не ислесе де ҳәммеси мәңги болатуғынын түсиндим... ҳәм Қудай Өзиниң алдында хош ийис болыўы ушын ислейди»* (Екк. 3:11, 14).

— Қудайдың барлығына исенбеў мүмкин емес, — деп даўам етти пастор Нур. — Ҳеш қандай туўры пикирли адам буннан бас тартыўы мүмкин емес. Пайғамбар Даўыт былай деген еди: *«Ақмақ өз жүрегинде «Қудай жоқ» дейди».* (Заб. 13:1; 52:2).

— Мырза, мен ақмақ емеспен, бирақ Қудайдың мени соншелли қатты сүйетуғынына исениўим қыйын.

— Әлбетте, Қудай сизди жақсы көреди ҳәм сизге деген сүйиспеншилигин үзликсиз тастыйықлап турады.

— Өз сүйиспеншилигин тастыйықлап турады? Не менен?

— Қуяштың көтерилиўи ҳәм батыўы менен, таўлар ҳәм тегисликлер менен, терекелер ҳәм гүллер менен ҳәм дем менен. Сизиң мүтәжликлериң ҳаққында ғамхорлық қылып,

сизди сақлап турыпты. Мухаддес Китап Оның сүйиспеншилигин Оның сөзинде жәриялайды: *«Мәңги сүйиспеншилик пенен сени сүйдим»* (Ерем. 31:3).

— Бул ҳақыйқат па?

— Аўа, және де, сизиң өмириңиз ҳаққында Онда әжайып жобасы бар. Масих былай деди: *«Бирақ Мен олар өмирге ийе болыўы ушын, дәўлетли өмирге ийе болыўы ушын келдим»* (Юх. 10:10).

— Бул бизлер ҳаққында ма?

— Аўа, бирақ бизлер гүна себепли бул сүйиспеншиликтен ҳәм ийгиден рәҳәт алалмаймыз.

— Демек машқала усы екен-дә.

— Адам — гүнакар, ол Қудайдан айырылған. Адамзат усы сүйиспеншилик ҳәм жобадан алыслап кеткен.

— Қандай өкинишли.

— Қудай Адам-атаны пәк ҳәм минсиз, Өз бийнесиндей ҳәм уқсас етип жаратқанын билесең, бирақ Адам-ата Қудайға қулақ салмай, Оған қарсы шықты. Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене қадаған етилген мийўеден жеди ҳәм Қудайдың ҳүкиминен ҳәм жазасынан азап шекти. Гүнаның жазасы — өлим. Өлимди Қудай жаратпады, ал өлимди гүна алып келди — тек ғана дениниң өлимин емес, ал руўхый өлимди де, яғный Қудайдан бөлекледи. Гүнакар Адам-ата Қудай менен сәўбетте қалыўы мүмкин болмай қалды ҳәм ол Еден бағынан дүньяға қуўылды ҳәм гүна онда қалып, оның кейинги урпақларына өтти, бирақ...

— Ал кейин не?

— Бирақ Қудай тек шексиз әдил ғана емес, ал шексиз мийрим-шәпәәтли. Ол гүнаның жазасыз қалыўын қалдыра алмайды, бирақ Ол және де Өз сүйиспеншилигин, кеширимин ҳәм мийримин көрсетеди. Ол Өз мийрим ҳәм сүйиспеншилиги арқалы адамлар ушын қутқарылыў ҳәм бийнени тиклеў мүминшилигин берди.

— Ондай болса, Қудай барлық гүналарды кеширди.

— Ал әдиллик не? Гүна алдыңғыдай жазаланыўға тийис.

— Аўа, бул жерде қыйын жери бар...

— Қудайдың Өзи шешимди усынып, әдиллик пенен шешиў усылын берди. Ол айыптың төлениўин Ийса Масих арқалы өтеди. Адам-ата сыяқлы ҳәмме өледи, Масихта ҳәмме тириледи.

— Бул нени аңлатады?

— *«Себеби Қудай бул дүньяны соншелли сүйгенликтен, Өзиниң жалғыз Улын берди. Оның Улына исенген ҳәр бир адам набыт болмай, мәңгилик өмирге ийе болады»* (Юх. 3:16). Ийса Масих — адамзаттың қутқарыўшысы екенин, Ол бизлердиң гүналарымыздан азат етиў ушын атанақ ағашта өлгенин ҳәм бизлерге мәңги өмир бериў ушын, Оның өлимнен тирилгенин тән алыўымыз керек. Ол — аспандағы мәңги өмир ушын жалғыз жол.

Терең ойланып қалған Тарик былай деп сорады:

— Не ушын бул Ийса Масих болыўы шәрт?

— Жақсы сораў. Не ушын Ийса Масих? Қудай жазаны белгилеп қойды ҳәм тек Ол ғана буннан азат ете алады. Жазадан азат қылыў ушын, айып төленген болыўы керек. Буны ким ислей алыўы мүмкин? Тарик төлем қандай болыўы кереклигин билесең бе?

— Аўа. Гүнаның төлеми — өлим.

— Ким болса да биреў өлиўи керек. Бул адамзат болыўы мүмкин емес, себеби Қудай оларға мийримин көрсетип атыр ҳәм адамның өлгенин қәлемейди. Басқа алтернатив бар — Қудай, бирақ Қудай өле алмайды. Орын басатуғын биреў керек еди — тәбият жағынан адамзат ҳәм қудайлық болыўы тийис. Ол мухаддес болыўы керек — гүнасыз, демек, ол Адам-атаның урпағынан бола алмайды. Усындай тек ғана Ийса Масих болды. Қудай адамзаттың денесин қабыл етти ҳәм адамзаттың орнына өлиў ушын дүньяға келди, ол гүнаның жазасын алып, өлимнен тирилтиўге, солай етип, қутқарылыў жолы ашылыў ушын орынлады.

Бөлме ишин тынышлық ҳүким етти, мине, пастор Нур тынышлықты бузып былай деди:

— Масихтың изинен ериўдиң мәниси усыдан ибарат. Мен бул шешимди 32 жыл алдын қабыл еттим ҳәм бул мениң өмиримди пүткиллей өзгертип жиберди.

Оның сөзинде исенимлилик, тынышлық ҳәм қуўаныш көринип турған еди.

— Бирақ, Тарик, мен сизге тәжирийбеме сүйене отырып, көп адамлардың жәмәәтке барып, ҳәммеге — мен масихыйман деп жәрия қылып жүргенин, бирақ олар ҳақыйқый Масихтың изинен ериўши болып есапланбайтуғынын айта аламан. Олар дуўа етеди, ораза тутады, жарлыларға жәрдем береди, бирақ олар Масихқа толығы менен бойсыныў шешимин ҳәм Оның изинен ериўди қабылламаған, нәтийжеде олар тилекке қарсы, Қудайдың сүйиспеншилигин басынан кеширмеген ҳәм Қудайдың олардың өмирине деген жобаны билмейди. Оннан қала берсе, өзлерин масихый деп атайтуғын көп адамлар Ийса үйреткен тәлимлердиң ҳәммесин аяқ асты қылып атыр. Олар өтирик сөйлейди. Алкогол ҳәм наркотикке берилген. Некеден алдын бузықлық өмир сүреди.

Тарик Далияның жүзине қарағысы келди, бирақ батына алмады. Ол Далияның әкесиниң Ийсаға деген сүйиспеншилиги ҳәм масихый деп атай отырып, надурыс жол жүргенлер ҳаққында еситиўди аўыр сезип атырғанын түсинди. Деген менен, Тарик сәўбеттиң усындай бурылыс жасалғанына қуўанышлы болды. Ол Далияның әкесиниң масихыйлық ҳаққында түн бойы айтатуғынына исенимли еди ҳәм усылай етип, оның Далия менен қатнасы ҳаққындағы темадан тысқары болатуғынына кеўли толды.

Ол сораў бермекши болды, бирақ пастор оған алдын жуўап берип жиберди.

— Қызық, Тарик, сизиңше Ийса ким болып есапланады?

Тарик бул ҳаққында алдын салдамлы түрде ойлап көрмегенин тән алды.

— Ҳүрметлилик пенен айтаман, мырза, мен сөзсиз Ийсаның изине ериўши болмағанман. Бирақ мен Оның уллы диний адам болғанын айтқан болар едим.

Пастор басын шайқады.

— Буған келисим беремен, жас жигит. Гүмансыз, Ийса өмири ҳәм тәлими тарийхты өзгертип жиберген уллы диний жетекши болды. Бирақ Ол тек ғана жақсы адам ямаса уллы муғаллим болып қойған жоқ. Жаңа Келисим туўрыдан-туўры Ол ҳаққында Қудай сыяқлы етип айтады.

— Пастор Нур, мен ашық сөйлесем бола ма?

— Әлбетте, мәрҳәмат, Тарик, сиз — дослар арасындасыз.

— Ондай болса, әлбетте, мен Жаңа Келисимди жазған масихыйлар Ийсаны — Қудай деп ойлаўы мүмкин, деп түсинемен. Олар Оның өзлери тәрепте болыўын қәлеген болыўы итимал. Бирақ Ийсаның Өзи, әлбетте, Өзи ҳаққында бундай деп жәрияламады.

— Шынын айтқанда, Тарик, усындай қылды.

# 43

Ханым Нур ҳәммени дәстүрхан әтирапына шақырды. Ҳақыйқый байрам дәстүрханы жайылды, Тарик буны сабырсызлық пенен күтип отырған еди. Бирақ диваннан түргелип, ол Далияның жүзи қорқыныш түс алғанын көрди.

Әкесин ҳәм жигитти қапа қылмаў ушын даўыслап айтпағаны менен сәўбет ол ушын кеўилсиз екенин көринип турған еди. Бирақ Тарик теманы өзгертиўге асықпады.

— Әкеңниң усындай қызығарлы адам екенин не ушын айтпадың? — деп ол стол әтирапына отырып атырып, ҳәзиллесип қойды.

Далия көзин оқталып қойды. Қыз ата-анасына Тарикке ашыўланғанын билдиргиси келмеди, бирақ көз қарасы оны өлтириўи де мүмкин еди. Марван Аккад (Тарик Жамил) әлле қашан өлип қалған болар еди.

— Саған дин ҳаққында сәўбет сондай қызық екенин ойламаған едим, — деди ақыры қыз.

— Әлбетте, бул сиясат ҳаққындағы сәўбеттен гөре қызығырақ, — деп оның кеўлин көтериўге урынып, қуўанышлы түрде жуўап берди Тарик. Оның қылығы әкесиниң басқа темаға өтпеўине жол қоймағансып, өзин ақлады.

— Далия, дуўа етесең бе? — деп сорады пастор Нур, олар орын-орынларына отырғанда.

— Жақсысы сен бизлерге ҳүрмет көрсет, — деп жуўап берди ол.

— Жақсы, — деди ол, ашыўланыңқыраса да.

Пастор, оның ҳаялы ҳәм Далия қолларын усласып, басларын төмен қаратты да, көзлерин жумды. Тарик олардың қылғанын асығыс түрде иследи.

— Қымбатлы Әке, Ийса Масихты жерге жиберип, Оның бизлерди сүйип, бизлердиң толық өмирге ҳәм мәңгиликке ийе болыўымыз ушын Өз өмирин бағышлағаны ушын, Сениң сүйиспеншилигиң ҳәм мийримиң ушын Саған миннетдармыз. Саған миннетдармыз. Әке, Сен — дуўаны еситетуғын ҳәм оған жуўап беретуғын Қудайсаң ҳәм Далияны аман-есен үйге алып келгениң ушын миннетдармыз. Далияны ҳәм Тарикти толық жарылқаўыңды ҳәм олар усы жерде сүйикли ҳәм күтилген мийман екенин сезиўин сорап дуўа етемиз. Бул дүньяда адасып жүргенлер ушын усы үй пана болсын. Усы аўқат ушын ҳәм бирге болыў мүмкиншилигин бергениң ушын миннетдармыз. Ийсаның аты менен дуўа етемиз. Аўмийин.

Пастордың изинен ҳәммеси «аўмийин» деп тәкирарлады, Тарик те буны қайталады. Ол бурын ҳеш қашан масихыйлық дуўа ишинде қатнаспаған еди. Дуўа оны қызықтырып қойды. Бул дуўа оған ҳақыйқый, форма емес болды ҳәм терең жеккелик — балалық ўақтында ядлап алған дуўададай емес еди. Пастор бөлмениң ишинде турған Қудайға шынтлап хабарласқандай болды. Тарик ғайрытәбийғый тынышлық сезди. Мүмкин, бул сезимге таярланған аўқаттың ийиси тәсир еткен шығар — ол кейинги мәрте қашан үйдиң аўқатын жегенин еслей алмайды.

— Тарик, сиз қашан болса да Жаңа Келисимди оқыдыңыз ба? — деп сорады пастор Нур, Тарик қозы гөшинен ҳәм мийўелерден жеп болған соң.

— Яқ, мырза, ҳеш қашан, — деп басын шайқады Тарик.

— Оқы. Сизге қызықлы болады деп ойлайман. Мен сизге биреўин саўға қыламан.

— Бул сиз тәрептен жүдә мәртебели болды, бирақ мен бундай саўғаны қабыллай алмайман.

— Мен шын кеўилден саўға қыламан. Өйткени мен пасторман.

Тарик күлип қойды. Бул дурыс.

— Ондай болса, сизге рахмет. Мен Жаңа Келисимди оқыўды қәлер едим.

— Демек, сиз жеке усы китапқа ийе болыўыңыз керек. Мениңше, бул көп жыллардан берли мени қызықтырғанындай, сизди де қызықтырады. Мысалы, Ийса туўрыдан-туўры Ол ҳәм Уллы Мәртебели бир екенин көп қайталайды. Мысалы, Юхан жазған хош хабарда Ийса былай дейди: *«Мен ҳәм Әкем — бирмиз»,* (Юх. 10:30). ҳәм *«егер Мени билгениңизде, Әкемди де билер едиңлер»* (Юх. 8:19) ҳәм *«Мени көрген адам Мени Жиберген Қудайды көрген болады»* (Юх. 12:45). Марта исмли ҳаялға Ийса былай деп айтады: *«Мен қайта тирилиў ҳәм өмирмен. Маған исенген адам өлсе де, жасайды. Маған исенип жасап атырған ҳәр бир адам ҳеш қашан өлмейди. Усыған исенесең бе? — деди.*

*Марта Оған:*

*— Аўа, Ийем. Сениң дүньяға келетуғын Масих, Қудайдың Улы екениңе исенемен, — деди»* (Юх. 11:25–27).

— Ийса шынында да солай деп айтты ма?

— Аўа, Ол шынында да усылай деп айтты ҳәм бул жүдә батыллы еди! Негизинде Юхан жазған Хош хабарда бизлер сол дәўирдеги диний жетекшилер соншелли Оған қарсы жаўыз болды, ҳәттеки Оны тас боран қылайын деген еди. *«Сонда яҳудий басшылары Оған ылақтырыў ушын, жерден және тас алды. Ийса олардан:*

*— Мен сизлерге Әкем тапсырған көп жақсы captions ислерди көрсеттим. Олардың қайсы бири ушын, Мени тас пенен уражақсызлар? — деп сорады.*

*Яҳудий басшылары Ийсаға жуўап берип:*

*— Сени жақсы ислериң ушын емес, ал Қудайға тил тийгизгениң ушын, тас пенен уражақпыз. Сен адам бола тура, Өзиңди „Қудайман“, — деп атырсаң, — деди»* (Юх. 10:31–33). Олар ақыры дегенде Оны өлимге ҳүким қылды, оның айыпланыўы Қудайға тил тийгизиў, яғный диний

жетекшилер қабылламаған Оның Қудайман, — деп жәриялағаны айыплаўға тийкар болды.

Болмаса пүткил Жақын Шығысқа не ушын Ол ҳаққында хабар жетип барды? Матта жазған Хош хабарда былай деп айтылады *«Ийса пүткил Галила үлкесин аралап жүрди. Олардың мәжилисханаларында тәлим берди ҳәм Аспан Патшалығы туўралы Хош Хабарды жәриялап, халықтағы ҳәр қандай аўырыў ҳәм ҳәлсизликти шыпалайтуғын еди. Ийса туўралы хабар пүткил Сирияға жайылды. Барлық аўырыў адамларды, түрли сырқаў ҳәм дәртке ушыраганларды, жин урганларды, қояншық ҳәм ләң болганларды Оған алып келди. Ийса оларға шыпа берди. Оның изине Галиладан, Декаполистен, Ерусалимнен, Яҳудиядан ҳәм Иорданның арғы жағынан келген көп халық ерип жүрди»* (Мат. 4:23–25). Ийса адамларға Қудайдың сүйиспеншилиги ҳәм Оның олардың өмири ушын жобасы ҳаққындағы хош хабарды жеткериў ушын Ливанға келди деп те айтылады.

— Ливан? — деп Тарик вилкасын орнына қойды. — Анық қай жерине?

— Сурға ҳәм Сайдаға.

Тарик өзиниң таң қалыўшылығын билдиргиси келмеди.

— Бул қай жеринде жазылғанын көрсетесиз бе? — деп сорады ол. — Өзим көриўди қәлер едим. Мен бул ҳаққында ҳеш қашан еситпегенмен.

— Әлбетте, — деди пастор Нур. Салфетка менен аўзын сыпырып, ол орнынан турды да, қолына Мухаддес Китабын алды. Ол Матта жазған Хош хабарды ашты.

— Мине, — деди ол.

Тарик Мухаддес Жазыўды алды да, оқый баслады:

— *«Ийса сол жерден шығып, Тир ҳәм Сидон үлкесине кетти»* (Мат. 15:21).

Ийса шынында да Сайдада, оның туўылған қаласында болған ба? Аятты және бир мәрте оқып, Тарик өзине сораў

берди. Ол не ушын бул ҳаққында билмейди? Оған не ушын ҳеш ким бул ҳаққында айтпаған?

# 44

Годдардың телефоны шыңғырлады. Ол ким қоңыраў қылып атырғанына қарады, деген менен, буған бәрибир жуўап берди.

— Алдыға қарай жылжыў бар ма? — деп сорады Скелет.

— Азғантай, — деди Годдар.

— Аккадтың иниси сынды ма? — деп сорады Лемье.

— Яқ.

— Ол бир нәрсе айтты ма?

— Айтарлықтай ҳештеңе. Оны қамақханаға жибердим.

— Не?!

— Енди басқа не қылыўым мүмкин еди? — деп мурнын жыйырды Годдар.

— Оны Марванды сатыўына мәжбүрлеўиң керек, — деп жуўап берди Лемье.

— Соның ушын да, оны қамақханаға жибердим. Рами Аккадқа усаған адам бейрутлы қамақханада узақ ўақыт болғысы келмейди. Маған исен.

— Түсинбедим, — деди Лемье. — Сиз алдыға жылжыў бар деген едиңиз.

— Аўа.

— Қандай?

— Бизлер Рамидиң спутник телефонын тыңладық.

— Және...

— Ол Сан-Паулаға он қуралланған адам жиберген екен. Ол жақта кимди услап турғанын тап.

Линияның кейинги тәрепи тыныш болып қалды.

— Инпектор, сиз мени еситтиңиз бе? — деп сорады Годдар.

Бирақ Лемье жуўап бермеди. Ол тап Годдар нени айтайын деп атырғанын билип турғандай, жүдә таң қалып турған еди.

— Оларда ханым Рэмзи, — деди Годдар. Ол «бомба» ылақтырып, жуўабын күтип турған еди.

Бирақ жуўап болмады. Үнсизлик даўам етти.

— Мен барлығын қолға алыў ушын ҳәм ханым Рэмзиди қутқарыў ушын адамларымды жибердим, — деп даўам етти Годдар. — Олар бразилиялы ҳүкимет пенен өз ҳәрекетлери менен келисим дүзеди.

Годдар ҳеш болмаса бир нәрсе еситиўди қәледи, бирақ ҳеш нәрсе еситпеди.

— Сиз мени тыңлап турсыз ба, инспектор? — деп сорады ол.

— Аўа, мен тыңлап турман.

— Не ушын үндемей турыпсыз? Бул — әҳмийетли хабар. Мен сизиң кеўлиңиз толады деп ойлаған едим. 24 сааттан соң ханым Рэмзи Монте-Карлода қәўипсизликке ийе болады ҳәм мен оған барлығы ҳаққында мағлыўмат бере аламан. Сиз бунда қатнасқың келетуғын ба еди?

— Мен сиз бенен және байланысаман, — деди Лемье ҳәм оның даўысында қуўаныш еситилмейтуғын еди, ал қандай да гүрсиниў шықты. Годдар да буған түсинбей қалды.

# 45

Түски аўқатты жеп болғаннан соң ҳәммеси мийманхана бөлмеге кирди ҳәм олар пахлава менен кофе ишип алды.

— Ийса Өзиниң Қудайлығы ҳаққында екиленбестен жәрия қылды, деп Надим айтып өтти. Ол бул фактты тастыйықлады. Ол нени нәзерде тутып айтқанын ҳәмме түсинди, соның менен Оның душпанлары да. Аўа, бул ҳәзирги ўақытта көплерге унамайтуғынындай оларға да унамады. Бирақ бул гүмансыз ҳеш қандай сырлы емес еди.

— Сондай болыўы да мүмкин, ханым Нур. Бирақ айтыўым шәрт, бул мен ушын жаңалық, — деди Тарик.

— Буны бизлер түсинемиз, — деди ол. — Бизлер турмыс қурғанымызда, екеўимиз де Ийса — Қудай екенин Өзи айтқанлығын түсиникке де ийе емес един. Не болса да, ҳеш биримиз Ийсаның изине ериўши шаңарақта өспегенбиз. Надим де, мен де ҳеш қашан өзлеримиз Мухаддес Китапты оқымағанбыз. Бирақ бир күни бизлер танысқан бир жас жубайлар бизлердиң ойланыўымызға пикир берди. Сен отырған жерде сол ўақытта оның күйеўи отырған еди ҳәм ол былай деди: «Жаңа Келисимди оқып турып, Ийсаның Өзиниң қудайлығын тастыйықлағанын көрмеў — бул ашық күнде көшеде турып, қуяшты көрмеген менен барабар». Егер ырасын айтсам, бул батыңқырап кетти, мен Мухаддес Китапты оқымағаныма қолайсыз сездим. Надим де өзин усылай сезди. Екеўимиз де бир данадан Жаңа Келисим китабынан алып, сол кештен баслап оқый басладық. Қаншелли оқыған сайын, соншелли досларымыздың айтқанын ҳақыйқат екенине исенип басладық.

— Оннан кейин не болды? — деп сорады Тарик ҳәм бирден ойланып қалды: ол әпиўайы ғана өмири ҳаққындағы сәўбеттен қашып атыр ма ямаса шынында да қызығып баслады ма?

— Өмиримиз қыйынласып кетти, — деди пастор Нур.

— Қалайынша?

— Ойланып көр, — деп түсиндирип баслады ол, сол ўақытта Далия кеширим сорап, кухняға ыдысларды жуўыўға кеткен болды. — Ийса Өзиниң Қудай екенине силтеме бергени менен, Ол әпиўайы ғана жоқарғы дәрежели адам ямаса дана пайғамбар болмады. Ол — я Қудай, ямаса ондай емес. Ол я ҳақ сөз айтты, ямаса өтирик сөйледи. Үшинши вариант алып тасланады. Ол Өзиниң қудайлығын ҳәр түрли жоллар менен тастыйықлады. Оның айтқанларын бизлер қабыллаўымыз керек ямаса бас тартыўымыз керек, исениўимиз керек ямаса келисим бермеўимиз керек. Болымсыз тәрепи болмаўы сөзсиз. Жаңа Келисимди оқып, сиз Оның айтқанларының барлығын (Өзиниң қудайлығы ҳаққындағы тастыйықлаўы менен қоса) ҳақыйқат деп тән алыўыңыз ямаса Оны өтирикши деп есаплаўыңыз қалады.

Ийги ҳақыйқатты ўаз етип атырған адам шынлыққа туўры келмейтуғын сөз айтыўы — өз шәкиртлерин ҳәм пүткил дүньяны алдаўы мүмкин бе? Егерде Оның айтқанлары өтирик болса, қалайынша Ол атанақ ағашқа барып, өлиўи мүмкин? Өтирик ушын ким өледи?

Тарик, балам, Масих — Қудай. Ол Өзи ҳаққында ашық айтты ҳәм Оның айтқанларының ҳәммеси Мухаддес Китапта анық ҳәм дурыс гүўалық береди. Соның ушын, мен ҳәм миллионлаған исениўшилер буған исенемиз ҳәм ҳақыйқатлық деп қабыллаймыз.

— Тарик, — деп ханым Нур сәўбетке қосылды, — бул шынында да ҳақыйқат. Қудайдың Сөзи болған Мухаддес Китапты оқып отырып, буған тастыйықлаў табасыз.

— Анық сондай ма? — деп таң қалды Тарик.

— Юхан жазған Хош хабар былай деп басланады: *«Eң баста Сөз бар еди. Сөз Қудай менен бирге еди. Сөз Қудай еди»* (Юх. 1:1). Және де: *«Сөз адам болып арамызда жасады»* (Юх. 1:14) — Масих бизлердиң арамызда жасады.

— Солай етип, аятлар көп. Жаңа Келисимде 11 мәрте Масихтың — Қудай екенлигин айтады ҳәм 50 мәртедей — Ол Қудайдың Улы екенлиги айтылған, — деп даўам етти пастор Надим.

— Ул...? — деп түсинбей, қайтадан сорады Тарик. — Бул түсиниксиз.

— Себеби, сиз адамның көз қарасы менен қарап атырсыз, — деп күлди Надим. — Ул физикалық мәниде емес: Қудай Руўх ҳәм Ол бала туўыўы мүмкин емес. Ол екинши дәрежеде қарайтуғын Ул сыпатында емес — Қудай — Әке Улдан жоқары деп саналмайды. Масих — руўхый мәниде Ул делинеди. Ол — Қудайдың сүйиспеншилиги арқалы Ул. Ул Қудай менен тең. Ол Қудайдың сүлдери.

Еки сөз бенен Ийса усындай болып есапланады. Егер сизде сораў болса, бизлер қуўанышлы түрде жуўап беремиз.

— Жаңа Келисимди оқып, сиз өзиңиз буны көресиз, — деди ханым Нур. — Сиз Оның links ҳәм душпанлары айтқанындай Оның — муғаллим екенин билесиз. Оны муғаллим деп есаплап отырып, бирақ Оның — Қудайдың Улы деген тастыйықлаўын қалайынша қабылламаў мүмкин? Жақсы муғаллим өтирик сөйлеп, өзи ҳаққында надурыс сөз айтыўы мүмкин бе?

— Мениңше, яқ.

Ашыўланған Далия столды жыйнаўды даўам етти. Пастор Нур қосымша етип былай деди:

— Мен Масихтың өмирин үйренгенимде, Тарик, мен таныйтуғын адамлар ямаса оқыған адамлар өзлери Масихтың изинен ериўге шешим қабыллады ҳәм олардың өмирлери жақсыланып кетти, бул мени айрықша таң қалдырған еди. Олар Масихқа уқсап баслады, жақсы ҳәм ҳадал адам

бола баслады. Олар адамларды жақсы көриў ҳәм жарлыларға, қыйналғанларға жәрдем бериў уқыбына ийе бола баслады. Ийсаның аты жәрияланған жерде пүткил халықтың тәғдири өзгере баслағаны мени таң қалдырды. Егерде Масих адамлардың жүрегин ҳәм өмирин өзгертиў күшине ийе болмағанда, бул мүмкин болар ма еди? Тек ғана Қудай буған қәдир.

Тарик ойланып турып, басын ийзеди.

— Бул ҳақыйқат.

# 46

Тарик Далияның әжағасының бөлмесине кирип, есикти жаўды да, кроватқа жатты ҳәм өмиринде биринши мәрте Жаңа Келисимди оқый баслады.

Ол биринши китапты — Матта жазған Хош хабарды ашты ҳәм ҳеш нәрсеге дыққат аўдармастан, бир неше саат оқыды. Ол және де, Марка ҳәм Юхан жазған Хош хабарды оқып шықты. Усы саатлар даўамында ол Ийса Масих ҳаққында көп билип алды. Оның қыз Мәриямнан туўылғанын, Назарет қаласынан болған уста, соқырдың көзин ашқаны, гереңниң қулағын ашқаны, ақсақ ҳәм паралиж болғанларға жүриўди ҳәм ҳәттеки секириў уқыбын бергени ҳаққында билди. Ол жинлерди қуўды ҳәм өлгенлерди тирилтти, олардың бири қәбирде төрт күн даўамында болған еди. Бирақ Тарикти ҳәммесинен көбирек Ийсаның айтқан сөзлери, тымсаллары ҳәм тәлимлери қызықтырды. Ол бурын ҳеш қашан буған усағанды еситпеген еди. Ол Матта жазған Хош хабардағы Таўдағы ўаз ҳаққында ой жүритти. Ийса былай деп айтқан еди:

*«Адам өлтирме! Ким де ким адам өлтирсе, ол ҳүким етилиўге тийисли», — деп бурынғыларға айтылғанды еситкенсиз. Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: ким де ким туўысқанына бийкарға ғәзепленсе, ол ҳүким етилиўге тийисли. Ким де ким туўысқанын масқаралап, оған: „Ақылсыз адамсаң!“ десе, жоқарғы кеңес тәрепинен ҳүким етилиўге тийисли. Ал ким де ким туўысқанына: „Ақмақ!“ десе, дозақ отына түсиўге тийисли»* (Мат. 5:21–22).

Ол адамлардың қарым-қатнасына усындай түсиник пенен ҳеш қашан қарамаған еди. Ол оқыўды даўам етти:

*«Сизлер: «Жанындағы адамды сүй, душпаныңды жек көр», — дегенди еситкенсиз. Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: душпанларыңызды сүйиңлер, сизлерди қуўдалайтуғынлар ушын дуўа етиңлер. Сонда аспандағы Әкеңиздиң балалары боласызлар. Өйткени Ол жаманлардың үстине де, жақсылардың үстине де, Өз қуяшының нурын төгеди ҳәм ҳақ адамлардың үстине де, наҳақлардың үстине де, жаўынын жаўдырады. Егер сизлер өзлериңизди сүйгенлерди ғана сүйсеңлер, қандай сыйлық аласызлар? Салықшылар да солай ислемейди ме?»* (Мат. 5:43–46).

Бунда мәни бар, бирақ ким өз жақынына усындай қатнаста бола алады екен?

*«Солай етип, аспандағы Әкеңиздиң минсиз болғаны сыяқлы, сизлер де минсиз болыңлар!»* (Мат. 5:48).

Оқыған жерлериниң ҳәммеси оны таң қалдырды. Әпиўайы адам буған усаған сөзлерди айта алмаған болар еди. Бул Ийса таң қаларлық жеккеликке ийе екен!

Оны уят ҳәм өзин жеркенишли сезими бийлеп алды. Басқа адамларға ҳәттеки өзиниң туўған инисине қаратылған ғәзеби менен не қылады? Тарик өзиниң ашыў ғәзеби ҳүким етилетуғынын түсинди.

Ал душпанларды сүйиў шақырығы не? Егер ол досларын сүйиўи қыйын болса, ол душпанларын сүйе алар ма екен? Ол Лемьени, Годдарды ҳәм Клодетт Рэмзиди жақсы көре ала ма?

Ийсаның өмир тарийхын оқый отырып, ол Оның өмири айтқан сөзлери менен шынында да туўры келетуғынын көрди. Ол Тарик уқсап душпанларынан қашқан жоқ. Ол тутқынға түспеў ушын өтирик сөйлемеди. Оған қарсы ҳүжим етилгенде, Ол душпанларына қарсы шықпады, ал Петр Оның жанын алып, бас руўханийдиң хызметкериниң қулағын кесип алды, Ийса болса Петрға қарсы шығып, қылышты жоқ қыл деп буйырды. Ол ҳәр бир қылыш услағанлар қылыштан өледи деп айтты.

Тарик тоқтамастан оқыды. Ол Ийса ҳаққында барлығын мүмкиншилиги барынша тез билип алғысы келди. Сонша жылдан берли жасап жүрип, Ол ҳаққында қалайынша билмеўи мүмкин?

Юхан жазған Хош хабардың 19 бапқа дейин оқып, ол қатты таң қалды:

*«Сонда Пилат Ийсаны услап, қамшылаўды буйырды. Әскерлер тикенли шыбықлардан таж өрип, Ийсаның басына салды. Соңынан Оған шым қызыл шапан кийгизди. Алдына келип:*

*— Жасасын, Яҳудийлердиң Патшасы! — деп жүзине шапалақ пенен урды»*

Өмиринде биринши мәрте ол Ийсаның өлими ҳаққында толық билип атыр.

*«Солай етип, Пилат Ийсаны атанақ ағашқа шегелеў ушын әскерлерге тапсырды. Әскерлер Ийсаны алып кетти. Ийса Өз атанақ ағашын арқалап, „Бас сүйек орны“, еврейше Голгота деп аталған жерге келди. Сол жерде Ийсаны ҳәм Оның менен бирге еки адамды атанақ ағашқа шегеледи. Олардың биреўи оң тәрепте, екиншиси сол тәрепте, ал Ийса ортада еди»* (Юх. 19:16–18).

Жазылған жазыўлар оны еледе толқынландырып, қәўетерге салып кетти.

*«Ийсаның атанақ ағашының қасында Оның анасы, анасының апасы, Клопаның ҳаялы Мәриям ҳәм магдалалы Мәриям турған еди. Ийса анасын ҳәм оның жанында турған Өзиниң сүйикли шәкиртин көргенде, анасына:*

*— Апа, мине, сениң улың, — деди.*

*Кейин шәкиртине:*

*— Мине, бул сениң анаң, — деди.*

*Сол ўақыттан баслап, сол шәкирт оны өз үйине алды.*

*Соннан соң, Ийса ҳәммесиниң тамамланғанын билип, Муқаддес Жазыў орынланыўы ушын:*

*— Шөллеп турман! — деди.*

*Сол жерде ашшы шарапқа толы бир гүзе тур еди. Әскерлер сорғышты оған сиңдирип алып, иссоптың шыбығына қадады да, Ийсаның аўзына тутты. Ийса оны татып көрип:*

*— Орынланды, — деди де, басын ийип, жан тапсырды»* (Юх. 19:25–30).

Ол Ийсаны қалайынша адамлардың урғаны, масқара қылғаны ҳәм атанақ ағашқа қаққаны ҳаққында оқыды ҳәм оның жүреги езилип кетти. Ол Мәриямның атанақ ағаш қасында турғанда ҳәм көз алдында өлип атырған баласына қарағанда, қандай азаптан өтиўине туўра келгени ҳаққында ойланды. Ийса айыпсыз еди, әдилсиз түрде айыпланды ҳәм жынаят ис қылмаса да, өлим жазасы берилди. Ол Өз анасының қыйналғанын көрди ҳәм Өзиниң азабынан гөре көбирек оның басынан кеширгенин сезди. Ол анасына ғамхорлық көрсетиў ушын Өзиниң садық шәкиртине тапсырды.

«*Ийса атанақ ағашқа шегеленген жерде бир бағ болып, бул бағдың ишинде еле ҳеш ким қойылмаған бир жаңа қәбир бар еди. Бул күн яҳудийлердиң таярлық күни болғанлықтан, қәбир жақын жайласқаны себепли, олар Ийсаны сол жерге қойды. Ҳәптениң бириншиш күни, яғный екшемби күни таң азанда, еле қараңғы болғанда, магдалалы Мәриям қәбирге келди ҳәм қәбирдиң аўзындағы тастың алып тасланғанын көрди. Ол жуўырып, Симон Петрге ҳәм Ийсаның жақсы көретуғын сол шәкиртине барды да, оларға:*

*— Ийемизди қәбирден алып кетипти. Оны қай жерге қойғанын билмеймиз, — деди*» (Юх. 19:41–20:2).

Тарик түн бойы оқыды. Ол ҳақыйқатлықты билиў ҳәм өзин тынышсызландырып атырған сораўларға жуўап табыў қәлеўин өзинде сезди. Ол қаншелли арман қарай оқыған сайын, соншелли усы әжайып китаптан жуўап тапты.

«*Сонда Петр менен басқа шәкирт шығып, қәбирге қарай жол алды. Олар жуўырып кетти. Бирақ сол шәкирт*

*Петрден тезирек жуўырып, қәбирге биринши болып келди. Ол еңкейип ишке қарап, сол жерде кепинликтиң жатырғанын көрди, бирақ ишке кирмеди. Оның изинен Симон Петр жетип келип, қәбирге кирди. Сол жерде жатырған кепинликти ҳәм Ийсаның басына оралған орамалды көрди. Орамал кепинлик пенен бирге емес, ал бөлек жерде бүкленип турған еди*» (Юх. 20:3–7).

*«Ҳәптениң биринши күни, яғный екшемби күни кеште шәкиртлер бирге жыйналған еди. Яҳудий басшыларынан қорққанлықтан, олар үйдиң қапыларын илип қойғанда, Ийса келди. Олардың ортасында турып, оларға:*

*— Тынышлық сизлерге яр болсын! — деди.*

*Буны айтып, оларға қолларын ҳәм бүйирин көрсетти. Шәкиртлер Ийемизди көрип, қатты қуўанды»* (Юх. 20:19–20).

*«Ийса шәкиртлериниң алдында, бул китапта жазылмаған басқа да көп кәраматлара иследи. Бирақ булар сизлердиң Ийсаның Масих, Қудайдың Улы екенине исениўиңиз ушын ҳәм исенип, Оның аты менен өмирге ийе болыўыңыз ушын жазылды»* (Юх. 20:30–31).

Түн билинбей өтип кетти. Петрди дөгереклеп турған таўдың жоқарысынан қуяш көтерилди. Бир түнниң өзинде ол Жаңа Келисимди ҳәр бир сөздиң үстинде ойланып, оқып шықты. Ол нени оқып шықса, соның барлығы оны өзине тартты, таң қалдырды.

Ол пүткиллей Юхан жазған Хош хабарға байланып қалған еди. Юханна Ийсаға айрықша жақын адам болған еди. Ол өзин *«Ийса сүйген шәкирт»*, деп атады. Оның Хош хабары — күшли, ҳақыйқат ҳәм Ийсаның өмири ҳаққында, Оның сөзлери, кәраматлары, өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында анық сүўретлеп берген. Ол буны Ийсаға толық исеним менен жазған. Ол өзиниң Оған деген сүйиспеншилигин көрсеткен, Оның минез-қулқын ҳәм тәлимин түсинген, өйткени ол басқаларға қарағанда Ийсаға ҳәмме ўақытта жақын болған.

Тарикке Ийсаның баслы шәкиртлериниң бири болған, Оның хызметиниң биринши күнинен баслап, атанаққа қағыламан дегенше бирге жүрген Петрдиң сөзи еситилди:

*«Бизлер Ийемиз Ийса Масихтың қүдиретин ҳәм қайта келиўин сизлерге мәлим еткенимизде, ядтан ойлап табылған аңызларға тийкарланбадық. Ал Оның уллылығын өз көзлеримиз бенен көрген едик»* (2 Пет. 1:16).

Бул Ийса Масихтың уллылығының ҳақыйқый гүўасы болған шәкиртлериниң сөзи еди ҳәм олар өз хатында пүткил дүньяға жәриялады. Тарикти Петрдиң өмириндеги болған өзгерис таң қалдырды. Ийса оны, балық услайтуғын аўын тигип атырған ҳәм аўлаўды әрман етип отырған балықшыны адам аўлаўшы етип шақырды. Ийса алдын Петрдиң Оннан үш мәрте жүз буратуғынын айтқан еди ҳәм Ийса ҳүким етилип атырғанда, масқара қылынып атырғанда ҳәм өлимге тартылып атырғанда, ол усылай қылды. Бирақ кейин бир нәрсе жүз берди ҳәм қорқақлық ер жигитлик батыллыққа айланды. Ерусалимде ол көп санлы аламан халыққа қарап турып, күш ҳәм исеним менен, *«Қудай олардың атанақ ағашқа қаққан Ийсаны Ийе ҳәм Масих қылды»* (Елш. 2:36), деп жәриялады. Ол ҳәр қандай қарсылықларға, қуўғынға ҳәм өлимге қарамастан Масихты ҳәмме жерде ўаз етип жүрди, себеби ол өзи Оны көрди ҳәм билген еди. Ол дүньяға гүўа, шынлықтың көзи болды, ал шынлықты тоқтатпастан ҳәм батырлық пенен жәриялаўы керек еди. Ол Масихтың өлими ҳәм тирилгени ҳаққындағы шынлықты жасырып жүриўи мүмкин бе еди?

Өмири өзгерген тек ғана Петр емес еди. Мысал етип Фоманы айтсақ болады. Ол Ийсаның тирилгенине гүўа болған басқа шәкиртлерге исенбеген еди ҳәм Оның қол аяқларындағы шегениң излерин көрмегенше ҳәм оған қол тийгизип көрмегенше исенбеймен деп айтқан еди. Ийса оған көринип, Өз қолларын ҳәм бүйирин көрсеткенде, ол исеним менен даўыслап былай деди: *«Ийем мениң, Қудайым ме-*

*ниң!»* (Юх. 20:28). Фома исенимге ийе болды, гүманнан азат болып, Ийса Масихты Қудай — Ол қутқарылыў жолға жалғыз жол ҳәм Оған исенгенлер аспанда мәңги өмирге ийе болады, деп жәриялады.

Пастор Надим Фоманың Иракта ҳәм Индияда ўайызлық қылғанын ҳәм Масихқа исенгени ушын өлгени туўралы айтып берген еди. Ол да ҳақыйқатлықтың гүўасы болған еди.

Тарик Петр, Фома ҳәм ийсаның басқа шәкиртлери ҳәм исеними ушын азап өлим менен өлген елшилер ҳаққында ойланды. Олар жалған ушын усындай азаптан өтиўи мүмкин бе?

Тарик Жаңа Келисимде оқығанларының ҳәммесине исенди. Ол усы адамлар ҳаққында айтылғанлардың ҳәммеси — ҳақыйқат екенлигине исенимли болды.

# 47

Тарик уйықлай алмайтуғынын билип, жуўырыўды шешти. Шорты, футболкасын ҳәм кроссовкасын кийип, ҳеш кимди оятып алмаў ушын илажы барынша әсте квартирадан сыртқа шықты. Шығып баратырып, ол жуўырыўдан келген Далияны көрди.

— Таңғы сәлем, — деди Тарик, күлип турып.

— Сәлем, — деп итибарсыз сәлем берди ол.

Тарик оны сүйейин деп атырғанда, қыз оннан өзин алып қашты.

— Не болды? — деп сорады ол.

— Бул жерде емес, — деп жуўап берди қыз уйықлап атырғанлардың ҳеш қайсысы еситип қойыўын жақтырмай, сыбырлап сөйледи. Қыз оны ым менен изинен жүриўин айтты ҳәм квартира бойлап арман қарай жүрип кетти. Оның изинен жетип алып, Тарик былай деп сорады:

— Не болып қалды? Сен маған ашыўланып атырсаң ба?

— Сен не, мениң үстимнен күлип атырсаң ба? — деп сорады қыз.

— Әкең менен оның исеним ҳаққында сөйлескеним ушын маған ашыўланып атырсаң ба?

— Сен шынында да түсинбейсең бе?

— Мүмкин, түсинбейтуғын шығарман. Не болса да айт, не болды? — деди Тарик.

— Әкем менен Ийса ҳаққында әпиўайы ғана сөйлесип болмайды, Тарик, — деп жуўап берди Далия. — Ол улыўма өзгермес адам. Ол сениң масихый болыўыңды талап қылады, болмаса ол саған мениң менен ушырасыўыңа жол

қоймайды. Той ҳаққында умытсаң да болады. Той болмайды. Сен ҳәммесин бузыўды қәлеп атырсаң ба? Сен мени сүйесең деп ойлаған едим.

— Мен сени сүйемен.

— Онда Мухаддес Китап ҳаққында сөйлесиўди тоқтат. Олар хеш қандай жақсылыққа алып келмейди.

— Бирақ бул маған қызықлы болды.

— Қойса, сен ҳәзиллесип атырсаң, — деди Далия.

— Мен шынында да салдамлы айтып атырман, — деди Тарик.

— Сен усылайынша етип, әкемниң мийримине ериспекшисең бе? Егер сен шынында да масихый болмасаң, хеш нәрсе болмайды.

— Ийсаның изине ериўши, — деп туўрылады Тарик, пастор Нурдың айтқанын қолланып.

— Қандай айырмашылығы бар, — деп жуўап берди Далия.

— Қулақ сал, алдын мен шынында да әдеп-икрамлылық көрсетип, сениң әкең менен дoff досласыўға ҳәрекет еттим. Әлбетте, мен оған унаўды қәлеймен. Болмаса ол сени қандай да бир Юсуп деген жәрдемшисине береди, — деп айтып баслады Тарик.

— Тоқтат. Бундай хеш қашан болмайды, — деди көзин жумып турып Далия.

— Бул үмит береди, — деди Тарик. Олар Петр көшелери бойлап, жуўырыўды даўам етти. — Бирақ әкең қаншелли көп айтып берген сайын, менде соншелли қызығыўшылық оятты.

— Бул ырас па? — деп, Далия буған исенгиси келмеди.

— Аўа, бул ырас, — деп жуўап берди Тарик. — Және де, түн бойы уйықламай, әкең маған саўға қылған Жаңа Келисим китабын оқып шықтым.

— Барлығын ба? — деп таң қалды Далия.

— Барлығын, — деди Тарик.

— Не ушын?

— Маған қызықлы болды, — деп жуўап берди Тарик. — Ал сен, Ийсаның қашан болса да қайтып келетуғынын билесең бе?

— Мүмкин, — деди қыз. Оның даўысы гүңгирт болып шықты.

— Сен Ийсаның қайтып келетуғынына исенбейсең бе?

— Билмеймен, — деп жуўап берди ол ҳәм артқа айланып, дәрҳәл тезликти күшейтти де, Тариктиң қатты жуўырыўына мәжбүрледи.

— Билмеймен, дегениң не? — деп сорады ол, оның изине жетип алып.

— Мен не нәрсеге исенетуғынымды билмеймен ҳәм бул ҳаққында сөйлесиўди де қәлемеймен.

Қыз және де, жуўырыўын күшейтти ҳәм Тарик оның изинен бақырып қалды:

— Тыңла, сен неден сондай қорқып қалғансаң?

# 48

Годдар азанда ерте турды да, өз номеринде бутерброд сыр менен қосып жеп, кофе ишип алды ҳәм алты квартал аржақта жайласқан орайлық Бейрут полиция бөлимине қарай жүрип кетти. Ол уйқысырап баратыр еди, түн бойы ол уйықлай алмаған еди. Ол базы жуўап таба алмаған сораўларға мәселениң ашылмағаны бойынша жуўап излеген еди.

*Ал егер Марван Аккад Рафик Рэмзиден пул талап қылмаған болса не?* — деп ойланды ол. — *Егер Марван шынында да Клодетт Рэмзиди урламаған болса, ал өзи тастыйықлағанындай, оны табыўға ҳәрекет еткен болса не? Егер Клодетт Рэмзиди ҳеш ким урламаған болса не? Егер булардың барлығын Клодетт ойлап тапқан болып, ҳәзирги ўақытта Бразилияда жасырынып жүрген болса не? Егер Марван буған дәлил тапқан болып, Клодетт бул жерден узақ жерде жасап, бай күйеўине қарсы ҳәрекет еткен болса, ал Марван Рафик Рэмзиге жәрдем бериўге ҳәрекет еткен болса не? Егер Клодетт ҳәм оның жәрдемшилери бул ҳаққында билип, оған биринши соққыны урыўды шешкен болса не?*

Бундай сценарийди Рэмзийдиң өлтирилиўи, және де, машинаның жарылыўы ҳәм «Меридьен» деги атыспа түсиндириўи мүмкин. Бирақ Марван не ушын жасырынып, ҳүкиметке жәрдем бермей атыр? Және де, Раний Фаваздың ҳәм оның достысының өлтирилгенин қалай түсинсе болады?

Годдар бөлимге келди ҳәм өзиниң ҳүжжетин көрсетип, қамап қойған менен ушырасыўды күтти. Ол ойланыўды даўам етти ҳәм оның ойына еки түсиндирме келди: Марван

айыплы, соның ушын да, ол Лемье есаплағанындай полициядан жасырынып жүрипти, ямаса Марван Аккад айыплы емес ҳәм тек ғана гүўа болып есапланады, бирақ қандай да себеп пенен полицияға исенбейди. Қандай себеп болыўы мүмкин?

Телефон шыңғырлады. Бул Лемье еди.

— Алло.

— Менде из бар, — деди Скелет. — Марокколы ишки ислер хызметкерлери Марванның Каир рейсине отырған жазбаны тапты.

— Ол не ушын буншелли узақ ўақыт изледи? — деп сорады Годдар.

— Мен де буны билгим келеди, — деди Лемье. — Бирақ мәселе бунда емес. Не болса да ҳәзир бул әҳмийетли емес. Әҳмийетлиси, ол «Тарик Жамил» атын қолланып жүриўинде. Мысырлы полициялар оның барғанын тастыйықлады. Өзиң билесең, улыўмалық хабарға оның фотосүўрети ҳаққында мағлыўмат жиберилген еди ҳәм бизлерге Гелиополистен бир адам қоңыраў қылды. Ол Тарик Жамилге квартирасын берген, бирақ сол Тарик жақында Далия Нур деген қыз бенен бирге кеткен. Бизлер олардың қаяққа кеткенин билмеймиз, бирақ оларды излеў менен шуғылланып атырмыз. Бул көп ўақытты алмаўы керек.

— Мен жәрдем бере аламан ба? — деп сорады Годдар.

— Рами менен және бир мәрте сөйлес ҳәм оған не белгили болса, соны билип ал, — ҳәзир! Мени сатып кетпе, Годдар, маған ҳәзирге дейин ислегени ушын Марванның басы керек!

Годдар түсиндим деди де, байланысты үзди. Сол ўақытта оған Дювальдан хабар келди. Годдар буны оқығанда исенгиси келмеди. Ол туўры түсинген, түсинбегенин тастыйықлаў ушын хабарды және оқыды. Бунның мәниси оны қуяш нурынан соққы алғанда есеңкиретип қойды. Ҳәммеси өз орнында болды. *Қалайынша ол алдын буны көрмеген*

*екен? Қалайынша түсинбей қалыўы мүмкин?* Ең жаманы, оның ўақты жүдә аз қалған еди.

Түрмеханаға кирип баратырып, Годдар сержанттың столының үстине қуралын ҳәм телефонын қойып, документин көрсетти де, қол қойды. Ол камераға кирип, Рамиди сораўға тутты. Ол бос ўақыт өткериўди қәлемеди.

— Әжағаңыз Тарик Жамил деген документти қолланып жүрипти, солай ма?

Рамидиң көриниси бунын дурыс екенин тастыйықлады.

— Ол Каирға жақын жердеги аэропорттың қасындағы Гелиополисте квартира алған, солай ма?

Рами екиленип, басын шайқады.

— Әжағаңыз бул иззертлеўди ким алып барып атырғанын биле ме?

Рами және абайлы түрде басын шайқады.

— Сен Клодетт Рэмзиди табыў ушын Бразилияға өз адамларыңды жибердиң, себеби сен ҳәм Марван оның өз күйеўинен ақша талап қылған деп есаплайсызлар, солай ма?

— Аўа.

— Марван сизлердиң ханым Рэмзиди тапқанша ҳәм мырза Рэмзиди ким өлтириўге ҳәрекет еткенин билгениңизше, жасырыныўға ҳәрекет етип атыр ма?

— Анық сондай, — деп тастыйықлады Рами.

— Бирақ сениң адамларың ханым Рэмзиди тапқанда, оны кимниң қолына тапсырыўды билмегенсиз, соның ушын да, Марванға келеси инструкцияны күтиўди буйырғансыз ба?

— Аўа, мырза.

— Ҳәзир сен қамақханадасаң, ал инпектор Лемье әжағаңның изине түсип, оны да түрмеге жибереди, егер алдыныр-ақ өлтирмесе, солай ма?

— Маған не ушын буларды айтып атырсаң, инспектор? Маған нени усыныс қыласыз? — деп сорады Рами.

— Мырза Аккад, ҳәзир сениң әжағаң айыплы емес екенине исенемен, — деп жуўап берди Годдар.

— Мен саған буны алдын-ақ айтқан едим.

— Ондай болса, мен саған ҳәзир исенемен. Ойлаўымша, бул излертлеўде кимниң «гөр тышқан» екенин билемен.

Рами көзин қаттырақ ашты.

— Ким?

— Марсель Лемье.

Рами суўық демин алды.

— Бас иззертлеўши ме? Сиз исенимлисиз бе?

— Енди, аўа, — деди Годдар.

Және де, ол Рамиге, Рамидиң телефонын тың-тыңлаўдан тысқары, ол оның электрон почтасын да тексериўге рухсат алғанын ҳәм Колетт Дюваль хатлардың ишинен жоқарғы дәрежели фанцуз разведкасының хатын да тапқанын тапты.

— Бул Пьер, бизлер көп жыллардан берли таныспыз, — деди Рами. — Ол айыплы емес. Мен тек ғана оннан не қылыў кереклигин сорадым.

— Аўа, билемен, — деди Годдар. — Бирақ сен Багдадта болған ўақтында, оның бир неше күн алдын жиберген хаты ядыңды ма?

— Лемье француз разведкасынан Марванға тийисли болған барлық документлердиң копиясын сорағаны ҳаққында жазған хаты ма?

— Аўа, — деп тастыйықлады Годдар.

— Ал не болыпты? — деп сорады Рами, ойланбай турып. — Әжағам Рафик Рэмзидиң өлиминен берли, Лемье оны гүман астына алып қойыпты. Марванға тийисли болған барлық затларды иззертлеўи тәбийғый емес пе?

— Әлбетте. Бирақ Дюваль бул хатты оқығанда, ол француз спец хызметине сораў берди, сол ўақытта Лемье олардан мағлыўмат сораған еди. Лемье буны Марванның Рэмзи менен Монте-Карлода ушыраспастан үш күн алдын сораған екен, — деди Годдар.

— Өлтириўден үш күн бурын ба? Қалайынша бундай болыўы мүмкин? — деп сорады Рами.

— Не ушын Лемьеге сениң әжағаң ҳаққында алдынырақ мағлыўмат керек болғанына тек ғана бир түсиндирме болыўы мүмкин. Оның Рэмзидиң сырлы түрде Марванды жаллағанынан  ҳәм Марванның ханым Рэмзидиң күйеўинен ақша талап қылғанын билгенинен хабары болған. Лемье усы үш күн ишинде мырза Рэмзиди ҳәм сениң әжағаңды өлтириўди жобаластырған ҳәм ханым Рэмзиди Сан-Пауладан кетип, таўда жасырыныўын ескерткен. Айтпақшы, сен ханым Рэмзидиң жасырынған, адамларың қоршап алған сол үйдиң ийеси ким екенин билесең бе?

Рами яқ деп басын шайқады.

— Үйдиң ийеси Лемье.

Рами ҳайран қалды.

— Ҳәзиллесип атырсыз ба?

— Ҳеш қандай. Буны Дюваль билди. Ҳәзир ғана оннан мағлыўмат алдым.

— Тоқтап тур, Рафик Рэмзидиң өлими бойынша исти баслы иззертлеўши — усы өлтириўшиликти жобаластырғанлардың бири болып шықты ма?

— Тилекке қарсы, бул сондай.

— Әжағамның изине түсип жүрген ол, оны қамаққа алыўға емес, ал оны өлтириўди қәлеп атыр ма?

— Улыўма айтқанда, аўа.

— Лемье Марванға қанша жақын барып қалды? — деп сорады Рами ҳәм оның жүзинде тынышсызланыў көринди.

— Жүдә жақын, Рами, — деп тән алды Годдар, — соның ушын, маған сениң жәрдемиң керек. Маған оның қаяқта екенин айт ҳәм Лемье қарсы айыплаўды көтерип, қолға аламан дегенимше, оны өз қорғаўым астына аламан. Бул аңсат болмайды (Европаның ҳуқық қорғаўшысы Лемье — қаҳарман ушын), бирақ сениң жәрдемиң менен буны ислей аламан.

— Мен сизге жәрдем берген болар едим, мырза Годдар, бирақ ҳәзир әжағамның қаяқта екенин билмеймен. Мен оны

тек ғана спутник телефоны арқалы таба аламан, ол тек ғана сол арқалы қоңыраўды қабыл ете алады. Бирақ мени қолға алғанда, оның қаяққа жоқ болып кеткенин билмеймен, — деди Рами.

— Телефоның мийманханамда турыпты. Әжағаң қоңыраў қылып қалар деп, бақлап отырған едим. Кеттик.

Годдар Рами Аккадты жибериўи ушын керекли болған қағазға қол қойды  ҳәм өзиниң қуралын ҳәм телефонын алды. Олар полиция бөлиминен шығып, такси услады ҳәм мийманханаға қарай асықты.

# 49

Тарик душқа түсип, кийинип алды ҳәм Нурдың шаңарағы менен азанғы шайға отырды.

— Бүгин не қыламыз? — деп сорады Далия. — Бир нәрсе менен шуғылланайық, мысалы, қаланы тамаша қылайық.

(Бул мынаны аңлататуғын еди: «Ийса ҳаққында сөйлеспейик», — деп ойлады Тарик.)

— Надим, сен бүгин дем алыс ал ҳәм бизлер Далия менен Тарикти Набатаев үңгирине, және де, Фараонның ғәзийнеханасына алып барайық, — деп ҳәммеге кофе қуйып атырып, усыныс қылды ханым Нур.

— Әжайып пикир, мама, — деди Далия. — Мениңше, бул Тарик ушын қызықлы болады.

— Сиз әлле қашан ол жерде болғансызлар ма? — деп сорады пастор Нур.

— Яқ, мырза, бирақ сол орынлар ҳаққында көп еситкенмен, — деп жуўап берди Тарик.

— Булардың барлығы ҳақыйқат. Әййемги қала — бул шынында да тамаша қылыўға турарлық. Ол жар тасларға ойып салынған. Петр ушын Набатейли патшалыққа орайлық болған, бул гүлленген саўда орайы ҳәм набатлылардың ғәзийне сақлайтуғын орны болған. Далия ҳақ, бул саған қызықлы болады, — деди пастор.

— Ол жерде ҳәзир кимдур жасай ма?

— Қала таслап кетилген. Ол жерде тек ғана туристлерди ҳәм сувенир менен муздай суў сататуғын сатыўшыларды ушыратыўға болады. Бирақ көп масихыйлар — соның ишинде мен де — елши Юхан Аян китабында жазғанын-

дай, Қудай оны қорған етиўди алдын ала белгилеген (Аян 12:6, 14).

— Папа, бизлер Мухаддес Китап ҳаққында ҳәр еки секундта айтып отырмай, азанғы шай ише аламыз ба? — деди Далия.

— Қәдирдан қызым, бизлер мухаддес китап ўақыялары болып өткен Жақын Шығыста, Иорданияда жасап атырмыз. Анық усы жерде Қудай Өзин бул дүньяға Ийса Масих арқалы көрсетиўди мақул тапқан. Усы жерди бел менен қазсақ, бизлер Мухаддес Китаптың шынлығы туўралы таза гүўалыққа ийе боламыз.

Далия жуўап берейин деп атырғанда, Тарик биринши сөйледи.

— Аўа, пастор Надим, мен кеше кеште сизиң айтқанларың ҳаққында көп ойланып көрдим ҳәм менде сораўлар туўылды. Сизде бир неше минут ўақтыңыз бар ма?

— Әлбетте, Тарик.

— Әне, басланды, — деди Далия, кофесин бир уртлам жутты да, көзин терис қаратты.

— Мени кешир Далия, бирақ бул маған қызықлы. Бул көп ўақытты алмайды, — деди әсте ғана Тарик.

Бирақ бул көп ўақытты алды.

Тарик ҳәм пастор Надим Мухаддес Китап ҳаққында азанғы шай ўақтында сөйлесип отырды. Олар набтейли қалаға жүрип баратырғанда, және де, әййемги Петрдиң орайындағы үңгирге киргенде, жол бойынша Мухаддес Китап ҳаққында сөйлесип барды. Далия сәўбетке қосылыўдан қашып жүрди. Далия анасы менен балалығы ҳаққында сөйлесиўге ҳәрекет етти, бирақ анасы да еркеклердиң сөзлерине қосылып тыңлап барды.

— Бирақ Жаңа Келисим Ийсадан кейин көп ўақыт өткеннен соң жазылған, демек, бул Оның сөзин анық жеткере алмайды, — деди Тарик масихыйлықты «беккемлиликти» сезип.

— Аўа, базы гүманшыл, яғный ҳеш нәрсеге исенбейтуғынлар Жаңа Келисим китаплары Ийсадан кейин бир неше жүз жылдан кейин жазылған, деп тастыйықлаўға ҳәрекет етти. Негизинде бул китаплар айтарлықтай ертеректе — Масихтың тирилиўинен соңғы бир неше он жыллықта жазылған. Археологлар Хош Хабар китаплары бизиң эрамыздың 50 — 66 жыллары жазылған деп атаған еди.

Тарик таң қалды:

— Демек, ўақыяларды өз көзи менен көргенлердиң тири ўақтында екен.

— Анық сондай. Және, буны жазбаның анықлығына кепиллик береди. Егер жаңа келисим баянламалары ўақыяларды бурмаланғанда, оны өз көзи менен көргенлер үндемей қарап турмас еди ҳәм бир нәрсе қылған болар еди. Петр Ийсаның кәраматлары ҳаққында айта отырып, тыңлаўшыларына Қудайдың Ийса ҳаққында кәрамат ҳәм нышанлар менен олардың арасында гүўалық бергенин айтады ҳәм оларды да өз билгенлерин айтып гүўалық бериўине шақырды (Елш. ис. 2:22). Адам көрген-билгенлерин өзгертиўи мүмкин бе?

— Яқ, ондай қыла алмайды, — деп тастыйықлады Тарик.

— Сизге Уильям Олбрайт деген ат таныс па?

— Яқ, мен ол ҳаққында ҳеш қашан еситпегенмен, — деди Тарик.

— Ол ең атақлы Мухаддес Китаплық археологы, — деди пастор Надим ҳәм рюкзакқа қолын суғып, ишинен «Әпиўайы ағаш устасы емес» деген китапты алды да, оны ашып, Тарикке созды.

— Мына жерден оқы.

Тарик Далияның әкеси экскурсияға Ийса ҳаққындағы китапты алып жүргенине таң қалды.

— Ишинде және не бар? Өли теңиз бойынан табылған орам жазба бар емес пе?

— Яқ, тек ғана Мухаддес Китап, суў ҳәм миййелер, — деп күлди Надим, жууап ретине. — Миййе жейсең бе?

— Яқ, мырза, рахмет. Мен ҳәзирше мына китапты оқыйман.

Тарик ҳәзир ғана басын шайқаған Далияға нәзерин тас-лады ҳәм оқый баслады:

*«...енди бизлер келеси мыналарды толық исеним менен тастыйықлай аламыз: Жаңа Келисим китаплары б.э.ш. 80 жылға дейин жазылған деп исениўге көп тийкарлар бар — яғный, еки әўладтан алдын б.э.ш. 130 – 150 жылларға сәне қойылған, бул Мухаддес Китапты радикал түрде крити-калаўшылар ҳәзирги күнде қабыллаған».* (Джош Мак-Дауэлл. Әпиўайы ағаш устасы емес. — М.: «Остоже» бас-пасы, 1992. — С. 42–43).

Ол тоқтап, пастор Нурға қарады.

— Ол жерде және бир үзинди бар, — деди ол. — және бир атақлы археолог Мырза Уильям Рэмзи, ол да соны айтып өтеди. Егер қәлесең, мен Жаңа Келисим китапларының сол Ийсаның дәўиринде жазылғанын тастыйықлайтуғын ҳәм исенимли болған онлаған китап бере аламан. Айтың, олар-ды ким жазған?

— Шәкиртлери ҳәм Ийсаның изинен жүриўшилер, ду-рыс па? — деп жууап берди Тарик.

— Дурыс. Китаплардың авторлары Оның шәкиртлери ҳәм изинен жүриўшилер болды. Олар гүўа болған еди! Мине, соның ушын, Мухаддес Китап исенимли болып са-налады. Олар Ийса менен бирге жасаған, Оны тыңлаған, Оны көрген, Оның менен бирге жүрген. Хош Хабар, үш хат ҳәм Аян китабын жазған елши Юхан былай деп айтқан:

*«Ең бастан бар болған өмир Сөзи ҳаққында: Оны есит-кенимизди, өз көзлеримиз бенен көргенимизди ҳәм анықлап көрип, Оған қолларымызды тийгизгенимизди сизлерге жә-риялап атырмыз. Өмир ашық көринди, бизлер Оны көр-дик ҳәм Ол туўралы гүўалық берип атырмыз. Әке ме-*

*нен бирге болып, бизлерге көринген мәңгилик Өмирди сизлерге жәриялап атырмыз. Сизлер де бизлер менен қарым-қатнаста болыўыңыз ушын, көргенимизди ҳәм еситкенимизди сизлерге жәриялап атырмыз. Бизлердиң қарым-қатнасымыз болса, Әке ҳәм Оның Улы Ийса Масих пенен болады»* (Юханның 1-хаты 1:1–3). Демек, Юханна ким болған?

— Ол гүўа болған деп, айтқан болар едим.

— Және, — деп даўам етти пастор, — елши Павел Қудайдың аяны бойынша былай деп айтады: *«Мухаддес Жазыўлардың ҳәммеси Қудайдың Мухаддес Руўхының илҳамы менен жазылған болып, тәлим бериў, әшкаралаў, дүзетиў ҳәм ҳақыйқатлық бойынша тәрбиялаў ушын пайдалы»* (2 Тим. 3:16), ал елши Петр бизлерге былай деди: *«Өйткени ҳеш бир пайғамбаршылық сөзи адамның қәлеўи менен айтылған емес. Ал Мухаддес Руўх тәрепинен басқарылған адамлар Қудайдың сөзлерин айтқан»* (2 Петр. 1:21).

— Қызық, — деди Тарик.

— Әпиўайы ғана қызық па?

Тарик бул сораўға не деп жуўап берерин билмеди.

— Жүдә қызықлы, — деп қосып қойды ол.

— Қызықлы, бирақ сиз ақырына дейин исенбейсиз бе? — деп сорады пастор Нур.

Тарик ийнин қысты. Нур оның ой-пикиринде ҳәм кеўлинде қандай тәртипсизлик патшалық етип атырғанын билиўи керек емес еди. Алдын ол өзи буларды шешип алыўы керек.

# 50

— Бизлерде машқала бар, — деди Рами. Ол Годдардың мийманхана номериниң терезесинен Бейрут орайына қарады.

— Қандай машқала?

— Марван жуўап бермей атыр.

— Және бир мәрте урынып көр, — деди Годдар, бөлмеде арман-берман жүрип.

— Төрт мәрте қоңыраў қылдым.

— Бул нени аңлатыўы мүмкин?

— Бул дегени я телефон өширилген, ямаса оны өзи менен алмаған, ямаса...

Рами ақырына дейин айтпады, бирақ буның ҳәжети жоқ еди. Годдар не айтайын деп атырғанын түсинди. Марван Аккадты әлле қашан қолға алған ямаса өлтирген.

— Тынышсызланба, оны табамыз. Ҳәммеси жақсы болады, — деди Годдар.

Ол буған исенгиси келди.

Күтилмегенде оның телефонына қоңыраў келди. Бул Дюваль еди. Годдар трубканы көтерди.

— Колетт, сизде на хабар бар?

— Сизлер қаякта едиңизлер? Сизлерге қоңыраў қыла алмадым. — деди ол.

— Мен полиция бөлиминде болдым, ол жерде телефон қолланыўға болмайды. Не болды? — деди Годдар.

— Сиз мениң хатымды алмадың ба?

— Яқ.

— Лемье сизге еки мәрте қоңыраў қылды. Сизди ала алмағаннан соң, ол ашыўланып, сизди таўып бериўимди менен талап қылды.

— Лемье нени қәлеген еди?

Рами Годдарға бурылып қарады.

— Ол мысырлы хызметкерлер Тарик Жамилди ҳәм қызды Шарм-Эль-Шейх мийманханасына дейин изине түскенин айтты.

— Жақсы. Дәрҳәл самолетқа маған билет буйыр.

— Бул еле барлығы емес. Олар мийманханадан шығып, такси менен Нувейбуға, ал ол жерден паромға — Акабаға кетти, — деп даўам етти Дюваль.

— Иорданияға ма? — деп сорады Годдар. — Не ушын Иорданияға?

— Қыз сол жақта туўылып өскен.

— Оның аты ким?

— Далия Нур.

— Бир минут, Колетт, — деди Годдар. Ол Рамиға бурылып қарап, Далия Нур деген исм саған таныспа, деп сорады.

— Яқ, — деп жуўап берди Рами. — Бирақ бир неше күн алдын әжағамды Каирға кетиўи кереклигин айтып, ескерткен едим. Мениңше, ол бул қызды сол мәмлекеттен шығып кетиў ушын қолланған болса керек.

Годдар телефоннан сөйлесиўин даўам етти:

— Қыз қайсы қаладан?

— Петр қаласынан, менде оның адреси бар. Адрес Лемьеде де бар. Ол өз адамлары менен әлле қашан сол жаққа кетти, — деп жуўап берди Дюваль.

Годдардың иши пүткиллей жанып кетти.

— Олар иорданлы ҳүкиметке барғанын хабарлады ма?

— Яқ, мырза.

Годдар өз пикирин бир жерге жыйнаў ушын үндемей турды.

— Колетт, сиз Лемье ҳаққында мен не ойлайтуғанымды билесең бе?

— Сиз оның сол «гөр тышқан» ҳәм ол ханым Рэмзи менен бирге ислеседи деп ойлайсыз.

— Ал сиз қалай ойлайсыз?

— Кейинги билгенлеримизге сүйене отырып, мен де солай деп ойлайман.

— Буны дәлиллей аламыз ба?

— Ҳәзирше яқ, мырза, — деди Дюваль. — Бизлерге көбирек ўақыт керек.

— Бизлерде көп ўақыт жоқ. Егер Лемье Марван Аккадты тапса, оны өлтиреди.

— Иордан ҳүкимети Лемьени қолға алыўы ушын, оларға хабар берейин бе?

— Яқ. Бизлерде бар болған дәлилден басқа көбирек дәлил болмаса, олар ҳеш нәрсе қыла алмайды.

— Не қылыў керек деп ойлайсыз, мырза?

— Колетт, тек ғана қолымнан келгенинше ҳәрекет етемен. Петрға вертолет шөлкемлестир. Мен аэропортқа бараман. Кеттик Рами. Сиз де мениң менен барасаң.

# 51

Олар төртеўи әййемги Набатаның пайтахтында бир неше сааттан берли санаат усталарының үңгирлерге сарай ҳәм ибадатхананы ойып соққанларын тамаша қылып, айланып жүрипти. Ханым Нур жол силтеме қағазынан мынаны оқыды:

*«Петр — дүнья жүзиндеги ең таң қаларлық ҳәм айрықша әжайып орынлардың бири. Бул жерде бурын қаланы безеп турған әжайып түрде ойып соғылған қәбир ҳәм ибадатханалар сақланып қалған. Бул жерде әййемги ўақыттан берли пухаралар жасап киятыр, бирақ Петрға набатлылардың келиўине дейин шөлде қудықлардан басқа көп нәрсе болмаған. Б.э.ш. III ҳәм б.э. I әсирлер арасында бул жерде уллы қала қурылған ҳәм бул қала патшалықтың саўда орайы болған. Б.э. 106 жылы Петр Рим империясына қараслы болған. Қала IV әсирде масихыйлардың қаласы болған, VII әсирде болса мусылманларға тийисли болған ҳәм қысқа ўақыт ишинде XII әсирде бул жерге крестоносцы, яғный атанақшылар келген. Петр Якоб Буркхард тәрепинен 1812 — жылы қайтадан ашылған».*

Оларды грек колониясы, цоколлар ҳәм альковалылар менен бирге уллы Аль-Хазне Ғәзийнеханасының иматлары таң қалдырды. Олар жоқарыға қарай Эль-Деир монастырына қарай ени 47 ҳәм бийиклиги 40 метр болған майдан менен көтерилди — бул бурынғы ғайрыяҳудийлердиң сыйынатуғын храмы болған. Патшалардың мазарының қасынан өтип баратырып, колонналы көшеден жүре отырып, олар Петрдеги атақлы Каср-Эль-Бинт храмына кирди.

Ҳәм ақырында олар Петр Ибадатханасына келди — бул Иорданиядағы көп жыллық сыйыныў орны еди. Буның дөгереги «қашанлардур үлкен византлы базилкалар» әжайып мозайка менен безелген еди. Жол силтеў қағазы бойынша «бул жерде 152 орам қағаз табылған ҳәм бунда Петрдиң византия дәўириндеги ҳәр күнги ўақыяны айтады», деп белгилеп өтти ханым Нур.

Олар әййемги Масихтың изинен ериўшилердиң жасаған жерин көргенде, Тарик Ийсаның ҳәм Оның шәкиртлериниң айтқанлары ҳәм ислеген ислери ҳаққындағы мухаддес китаплық аңызлардың исенимлилиги ҳаққындағы теманы және қозғамай тура алмады. Ол және сораў берип баслады.

Бирақ пастор оған сораў берди:

— Жаңа Келисим қол жазбалары қандай да басқа әййемги манускриптлерден көбирек екенин билесең бе?

— Нени нәзерде тутып турыпсыз? — деп түсинбей сорады Тарик.

— Барлық археологлар тәрепинен Жаңа Келисимниң әййемги қол жазбаларынан 24 мыңы табылған (булардың базылары 130 жылды белгилейди), булардың текстлери уқсас, — деп түсиндирди Нур.

— Бул нени дәлиллейди?

— Бул бизлердиң қолымыздағы Жаңа Келисим көширилип жазылып келингенин ҳәм бизиң дәўиримизге дейин ҳеш қандай қәтесиз жетип келгенин дәлиллейди. Салыстырыў ушын: Қол жазба бойынша Гомердиң «Илиада» көширмелер саны турады, бизлер буның 643 манускриптлер, яғный орам қағазлары бар деп шамалаймыз. Айтпақшы, жүдә аз қалған әййемги көп әдебиятлардың дөретпелери негизинде дурыс деп есапланады. Мысалы, Цезарь «Галлскийлик урыс ҳаққындағы жазыў»ды шама менен б.э.ш. 58-50 жыллары жазған. Бирақ дүньяда оның 9 ямаса 10 қол жазба көширмеси сақланып қалған ҳәм олардың барлығы оның

өлиминен кейин мың жыл ямаса оннан көп жылдан соң жазылған. Аристотель өзиниң «Поэтика»сын шама менен б.э.ш. 343 жылы жазған. Бирақ оның ең әййемги қол жазбасы б.э. 1100 — жылғы сәнеге қойылады. Яғный айтқанда бул көширме 1400 жылдан соң жазылады, ал бул дөретпеден тек ғана 49 көширме бар. Мен айтпақшыман, Ийсаның шәкиртлериниң анық қол жазба көширмелери басқа тарийхый документлерге қарағанда аз болыўы керек.

— Мүмкин, бирақ, Ийсаның изине ериўшилер Оның айтқан сөзлерин анық жазды деп есаплаўға болмайды. Олардың ойлап таппағанына ҳәм Ол — Қудай екенин айтып, таза динге тийкар салғанына ким кепиллик бере алады? — деп қарсылық билдирди Тарик.

— Олардың алдаўына қандай себеп бар еди? — деп сорады пастор Нур. Көп жүргенликтен шаршаған олар әййемги театрға кирди, бул театр бурын 7 мың тамашагөйлерди өз ишине алған ҳәм тастан ойып исленген отырғышларда отырған.

— Папа, себеп ҳәр түрли болыўы мүмкин, ашкөзлик, даңққа умтылыў ямаса ҳәкимиятқа талпыныў — қайсысы болса да. Рим империясы масихыйлыққа өтпеди ме? Олар Ийсаны — Қудай деп, ал олар өзлерин — Оның жердеги хызметкерлери деп тастыйықлап турып, байлыққа ҳәм ҳәкимиятқа ериспеди ме? — деп бирден Далия гәпке араласты. Буған ҳәммеси таң қалды.

— Сен не, қызым, ҳәзиллесип атырсаң ба? — деп сорады әкеси. Бирақ буны Тарик күткендей емес, ал жумсақ түрде айтқан еди.

— Яқ, мен пүткиллей салдамлы түрде айтып атырман, — деп жуўап берди ол.

Тарик бүрисип қойды. Ол не қылып атыр? Ҳәзир олардың арасындағы бул тартыстың ҳеш қандай пайдасы жоқ.

— Сен бир нәрседен алжасып турсаң, деп қорқаман.

— Рим императоры Константин масихый болып, жәмә-

этларға үлкен байлық ҳәм ҳәкимиятлық бермеди ме? — деп сорады Далия, өзин жақлап.

— Әлбетте, яқ. Аўа, ол масихый болды, бирақ, Далия, бул Ийсадан кейин 300 жылдан соң болды. Масихтың биринши изине ериўшилер жарлы, билими төмен балықшылар ҳәм Римге тийисли Палестина аймақларында салық жыйнаўшы болды. Олар Ийсаның өлип, қайта тирилгенин дүньяға айтыўы бойынша ҳеш қандай байлық ҳәм ҳәкимиятлыққа ерисиў мүмкиншилиги жоқ еди. Керисинше — буны сен де билесең — биринши масихыйлар үлкен ғайрыяҳудий империясының ишинде динлердиң арасындағы ең азы болды. Олар менен келиспеди, оларды қатты қуўғын қылды, ал елшилердиң ишиндеги он бирин, Ийса таңлап алған он бир шәкиртлери — азап өлим менен өлди. Олар Масихтың тирилиўи ҳәм Ийса — Қудай екени ҳаққында гүўалық бергени ушын өлтирилди. Олар масихыйлар болғаны ушын, оларды урып азаплады ҳәм ең азаплы өлим менен жазалады. Олардың алтаўын атанақ ағашқа қақты, — ал Петрдиң басын төмен қаратып қақты. Еки елшини қылыш пенен өлтирилди, Яқып тас боран қылынды, Фома найза менен өлтирилди. Он екинши елши Юханна исеними ҳәм ўаз еткени ушын қуўғын етилип, Патмос аралына жиберилди ҳәм ол сол жерде өлди. Он еки шәкирттиң ҳеш бири Ийсаға ергени ушын ҳеш қандай материаллық ямаса сиясий артықмашлыққа ийе болмады. Бирақ олардың ҳеш бири Ийсаның дүньяны жаратқан Қудай ҳәм адамзаттың қутқарыўшысы деген исениминен бас тартпады.

— Усындай болыўы да мүмкин, бирақ бул ҳеш нәрсени дәлиллемейди. Узақ созылған тарийхта, әке, жүдә көп адамлар жалған ушын өз өмирлерин берген, — деп жуўап берди Далия.

Гәпке ханым Нур араласты.

— Аўа, көп адамлар жалған ушын өлди, Далия, бирақ олар ҳақыйқатлыққа ерип жүриппиз деп исенген. Сен ел-

шилердиң байлыққа ҳәм ҳәкимиятлыққа ерисиўи ушын Ийсаның Қудайман деп айтқан ҳаққындағы сөзлерин ойлап табады деп ойлайсаң. Бирақ бул факт пенен туўры келмейди. Егер Ийса сондай деп айтпаған болса ҳәм Жаңа Келисим тастыйықлайтуғындай өлимнен үшинши күни тирилип, Өзиниң қудайлығын дәлиллемеген болса, демек, елшилер буның жалған екенин билген. Сениң теорияң бойынша усы жалғанның жуўапкершилиги олардың басында болады. Бирақ ойланып көр: олар өз өмирлерин тек ғана жалған ушын бағышламаған, ал өз жалғаны менен ҳеш қандай сиясий пайда, ҳеш қандай материаллық пайда көрмеген. Сен бунда қандай да мәнини көрип турсаң ба?

# 52

Далия ойланып қалды. Бир неше ўақыттан кейин, ол буған келисим берип:

— Шынында да, бунда мәни жоқ. Және де, ҳеш ким буннан ҳеш қандай мәни таппайды.

— Ал Ийсаның денеси не? — деп сорады әкеси. — Ийсаның өлимнен қайта тирилгенин жоққа шығарыў ушын ҳәм әўел бастан-ақ масихыйларды жоқ етиў ушын, оның қарсыласлары әпиўайы ғана Ийсаның өли денесин көрсетиўи мүмкин еди-ғо. Бирақ олар бундай қыла алмады.

— Не ушын? — деп сорады Тарик.

— Себеби ҳеш ким оны таба алмаған еди. Биреўлер денени елшилер урлады, деп тастыйықлады. Бирақ Масихтың тирилиўине дейинги олардың өмирин жақсылап изертлесек, онда соншелли бундай болыўы мүмкин емеслигине исенимимиз артады. Оннан қала берсе, қәбирди рим әскерлери қараўыллап турған еди, бул қараўыллар егерде қамақтағы адамды, ҳәттеки өлини жойтса, онда олар өлим жазасын алатуғынын билетуғын еди. Не болса да, Ийсаның денеси жоқ болып кетти. Ерусалимдеги ҳәмме адам, соның менен бирге, Ийсаның душпанлары да денениң жойтылғанын билди, — деп жуўап берди пастор Нур.

— Ал оны басқа биреў урлаўы мүмкин емес пе еди? — деп сорады Тарик.

— Рим әскерлериниң қасынан ҳеш ким жүре алмас еди. Бул кимге керек болыўы мүмкин еди? Ийса өлимнен қайта тирилди деп адамлар ойлаўы ушын еврей жетекшилерине улыўма кереги жоқ еди. Ийса Өз сөзинде үшинши күни

қайта тирилемен деп айтқан сөзи ушын, олар римлилерден қәбирди қараўыллаўын сораған еди.

— Барлығын есапқа алып, сиз бунның үстинде көп ойлаған екенсиз, мырза, — деди Тарик.

— Аўа, мен узақ ўақыт даўамында тарийхый ҳәм археологиялық документлерди үйренип шықтым. Соның ушын, мен Ийсаның изине ериўши болдым, — мен гүўалықты үйренип шықтым ҳәм өзим ушын шешим қабылладым. Ийса тек ғана жақсы адам болып қойған жоқ. Ол әпиўайы ғана ағаш устасы болмады. Ол Өзин атағанындай еди: *«Мен жол, ҳақыйқат ҳәм өмирмен. Мен арқалы болмаса, ҳеш ким Әкеге бара алмайды»* (Юх. 14:6).

— Ийса — гүнаның кеширилиўи ушын жалғыз жол екенине исенесиз бе?

— Аўа, мен буған анық исенемен.

— Аспанға барыўға да Ол жалғыз жол ма?

— Аўа, анық сондай.

Тарик ойланып қалды. Оның алдында әййемги қала болған Петр жайылып кетти. Оны өзи ислеген гүналар қыйнады. Олардың дизими жүдә узын болып кеткен еди. Олардың ең баслысы жалған еди, бирақ басқалары да жүдә көп еди.

Ол папирусқа соғылған «Ақырғы ҳүким» атамысындағы соғылған сүўретти еследи. Оның жүреги аўыр басты. Яғный, егер ол бүгин өлсе (бундай болыўдан Қудай сақласын!), аспанға қарай жол ол ушын жабық. Ол туўры дозаққа қарай кетеди. Бул пикир оны қатты қорқынышқа салды.

Қутқарылыў — Ийсада ма? Ол — Жол, Ҳақыйқат ҳәм Өмир ме? Ол — аспанға баратуғын жалғыз жол ма? Пастор Нур Ийсаны Ҳақыйқат ҳәм Ол айтқан барлық сөзлер ҳақыйқат, Ол өмирди ҳәм адамды өзгерте алады, деп айтты. Не болса да...?

Ол өзине есап бермей отырып, бул сораўды даўыслап айтты. Пастор Нур оған бурылды да, оннан былай деп сорады:

— Не болса да, деген не? Не ҳаққында ойланып атырсаң Тарик?

— Егер Мухаддес Китап, Жаңа Келисим кейинги ўақытлары өзгертилген болса не?

Бул сораўға ханым Нур таң қалып:

— Мухаддес Китап? Өзгертилген дейсиз бе?

— Көп адамлар усылай деп айтады-ғо.

— Ҳәттеки, егер буны мың мәрте айтса да, бул ҳақыйқат болмайды. Булай деп айтатуғынлар — Масихтың ҳәм масихыйлықтың қарсыласлары болып есапланады. Тарик, жуўап бер маған, бул қашан ҳәм кимлер тәрепинен өзгертилген деп ойлайсаң? — деди пастор Нур.

— Қашан?

— Аўа. Қашан ол өзгертилген болыўы мүмкин?

— Қашан болса да.

— Яқ. Мухаддес Китап қол жазба түринде жүдә әййемги ўақыттан берли бар ҳәм бул қол жазбаларды ҳәмме көриўи мүмкин. Кел, Жаңа Келисим ҳаққында айтайық. Бул I әсирден берли бар.

— Аўа.

— Сол ўақытта оны өзгертиў мүмкин емес еди, себеби Ийса жерде болған ўақыттағы адамлар еле тири еди ҳәм олар ўақыялардың өзгертилип жазылыўына жол қоймаған болар еди. Соннан кейин, қол жазбалар жайылып кетти ҳәм оны өзгертиў ушын олардың барлығын бир жерге жыйнаған ўақытта-ақ мүмкин еди. Ал буларды бир жерге жыйнаў мүмкин емес еди, себеби қол жазба жүдә көп еди.

— Түсинемен.

— Енди екинши сораў: ким тәрептен өзгертилген? Текст ким тәрептен өзгертилген болыўы мүмкин? Еврейлер тәрепинен бе ямаса масихыйлар ма? Еврейлер Масихты қабыл етпеди. Олар Оннан ҳәм Оның ислеген барлық ислеринен жүз бурды. Олар ҳеш қашан Жаңа Келисимди Масихты ҳәм масихыйларды қоллап-қуўатлайтуғын мәни-

де, ҳәзирги ҳалындай етип ҳеш қашан өзгертпеген болар еди.

Ой жууыртып турған Тарик гәпти тыңлап, анасы менен отырған Далияға қарады ҳәм былай деди:

— Онда буны масихыйлар қылған болыуы мүмкин. Олар Жаңа Келисимди өзлериниң пайдасы ушын өзгерткен болыуы мүмкин.

— Егер олар ҳәттеки усылай қылыуға ҳәрекет еткенде, еврейлер шауқым көгерген болар еди. Олар буған ҳеш қашан жол қоймаған болар еди. Сиз қалай ойлайсыз?

— Сиз ҳақсыз, бундай болыуы мүмкин емес еди, — деп келисим берди Тарик.

— Қудайға шүкир. Демек, бул — Қудайдың Сөзи, ал Қудай Өзиниң мухаддес болған Китабын адамлардың өзгертиуинен қорғай алады. *«Егер ким де ким бул пайғамбаршылық китабының сөзлеринен бир нәрсе алып тасласа, Қудай да оны бул китапта жазылған өмир терегинен ҳәм мухаддес қаладан үлессиз қалдырады»* (Аян 22:19) — бунуң ақырында, Оны өзгертиу кимниң батылы барады? — айтылған. Ийса былай дейди: *«Аспан менен жер жойылады, бирақ Мениң сөзлерим ҳеш қашан жойылмайды»* (Мат. 24:35).

Пастор Нур оның ийнинен қушақлап, қасында отырды.

— Мениң аңлауымша, сиз булардың барлығының үстинен салдамлы түрде ойланған уқсайсыз, балам?

— Ауа, мырза.

Пастор Нур үнсиз турып, былай деп сорады:

— Сиз Масихтың изине ериуши болыуды, толық исеним менен гүналарыңның ҳәммеси кеширилгенин ҳәм сиз Қудайдың Өзи менен аспанда мәңгиликке болатуғыныңды билиуди қәлейсең бе?

Тариктиң жүреги тез-тез урып кетти. Ол Рами не айтатуғынын ҳәм Далияның не айтатуғынын билмейди, бирақ анық Ийса оған Қудайдың шаңарағына кириуди усынып атырғанына исенимли еди.

— Аўа, мырза. Мен буны жүдә қәлер едим. Бирақ буны қалай ислеў керек?

— Ийса былай дейди: *«Мине, Мен қапы алдында қағып турман. Егер ким де ким даўысымды еситип, қапыны ашса, оның үйине киремен»* (Аян 3:20).

— Бул шынында да усындай ма? — деп сорады Тарик.

— Аўа, бул усындай. Сиз Ийса Масихты өзиңниң Қутқарыўшың ҳәм Ийең деп ҳәзирдиң өзинде қабыллаўыңа болады.

— Оның өмириме кириўине  қалайынша сораўыма болады?

— Исенимли дуўа етиў арқалы. Дуўа — бул Қудайға қарата айтатуғын сөзиң. Қудай сизиң жүрегиңизди ҳәм оның ишинде не бар екенин биледи. Оның ушын сөз әҳмийетли емес, ал жүрегиңиздиң туўры болыўы. Мен Ийсаның изине ериўши болғанымда, Оған былай деп дуўа еттим:

«Жаратқан Ийе Ийса, Сен маған керексең. Мениң гүналарым ушын атанақ ағашта өлгениң ушын, Саған миннетдарман. Мен өз жүрегимниң есигин ашаман ҳәм Сени өзимниң Қутқарыўшым ҳәм Ийем деп қабыллайман. Сен мениң гүналарымды кеширетуғыныңа ҳәм маған мәңгилик өмир беретуғыныңа Саған миннетдарман. Мениң өмиримди басқар. Мени Өзиң көриўди қәлегениңдей етип, өзгерт, мен сондай болайын».

Усындай дуўа сениң сезимиңди сәўлелендирип турып па, Тарик?

— Аўа, мырза, — деп жуўап берди Тарик, Далияға нәзерин түсирмеўге ҳәрекет етип.

Ол Далияның не ойлап турғанын көз алдына келтире алмады. Ол тек ғана олардың арасындағы қарым-қатнас түп тамыры менен өзгеретуғынын билетуғын еди. Ол оған ҳәм оның шаңарағына өзи ҳаққындағы ҳақыйқатлықты ҳәм не нәрседен қашып жүргени ҳаққында айтып береди. Ал буннан кейин Далия ол ҳаққында ойлаўды қәлей ме екен,

оны сүйе ме екен ҳәм өзлери жобаластырғанындай, оған турмысқа шығыўды қәлер ме екен? Өзиниң Масихтың изинен ериўи ушын өз муҳаббаты менен төлем төлемей ме екен? Солай болыўы да мүмкин, деп ойланды ол. Ол усындай төлем төлеўге таяр ма? Ийса буннан да жоқары баҳаны төледи: Ол Тарикти қутқарыў ушын өлди. Ийса — дүньяны жаратыўшы Қудай. Ол дүньяны, Тарикти ҳәм Оған исенген ҳәр бир адамды мәңги нәлеттен қутқарыў ушын аспанды қалдырып, жерге келди. Ҳәзир Масих оның жүрегиниң есигиниң қасында турып, қағып атыр. Тарик те шешимге келиўи керек, Оған миннетдаршылық пенен жуўап бериўи керек. Тарик ҳеш қандай төлем баҳаға қарамастан Оның изине ериўи ушын, Ийса оны шақырып атыр. Енди ол буны ислейди.

— Сиз усы шешимиңниң салдамлы екенин билесең бе? — деп сорады Нур. — Оны жеңил пикир менен қабыл етиўге болмайды. Қудай сизди кеширеди, қутқарады, жаңа, таза жүрек ҳәм өмир береди. Пүткиллей шынты менен болыў керек. Өзиңниң бурынғы диний көз қарасыңнан бас тартыўға ҳәм Масихтың изине ериўге өзиңди бағышлаўға таяр болыў керек.

— Аўа, мырза, мен буны түсинемен.

— Сиз Ийса Масихтың атанақ ағашта өлгенине исенесиз бе?

— Исенемен.

— Сиз Мухаддес Жазыўда пайғамбаршылық етилгениндей, Ол өлимнен үшинши күни қайта тирилгенине исенесиз бе?

— Исенемен.

— Ийсаны Ийе, Ол — өмириңниң ийеси екенин тән аласыз ба? Ҳәмме ўақытта Оны сүйиўге ҳәм пүткил жүрегиң, жаның, ойың ҳәм барлық күшиң менен Оған хызмет етиўге таярсыз ба?

— Аўа, мырза. Мен таярман. Маған Қудайдың жәрдеми керек, — мен Ийсаға мақул болатуғын өмирди өзим жасай

алмайман. Бирақ егерде Ол мени қабыл етсе, мен Оның изинен жүриўди қәлеймен.

Тарик өмириндеги барлық нәрседен гөре, буны шынында да көбирек қәлеп турғанын сезди.

Күтилмегенде, ол Далияның былай деп айтқанына таң қалды:

— Мен де Ийсаның изинен ериўди қәлеймен, әке, — негизинде усы мәрте жүдә қәлеймен.

# 53

Далия қатты жылады. Ол әпиўайы ғана жылаған жоқ — ол Қудайдан ҳәм ата-анасынан өз тәғдири ушын өзи хожайын болып, Ийсаға сүйиспеншилик ҳәм миннетдаршылық пенен хызмет етиўден бас тартқаны ушын кешириўин сорады.

Пастор Нурдың ҳәм оның ҳаялының көзлеринен ериксиз жас ағып кетти. Тарикти де сезим толтырып кетти. Ол ата-анасы қайтыс болғалы берли өзине жылаўына ерк берген жоқ еди, бирақ оның ушын ҳәзир ҳәммеси дуўа етпесе, олар менен бирге жылап жиберетуғынын түсинди.

Төртеўи де бирге дизерлеп отырды ҳәм пастор Нур өзи Масихты өз жүрегине қабыл еткенде қалай дуўа еткен болса, солай дуўа етти. Кейин ол Далияны ҳәм Тарикти қатты қушақлады ҳәм узақ ўақытқа дейин оларды қушағынан жаздырмады.

Ҳәммеси көз жасын сыпырды, сонда пастор енди олар мәңгиликке Қудайдың шаңарағына киргенин ҳәм өз қутқарылыўын ҳеш қашан жойтпайтуғынын айтты. Ол Мухаддес Китаптағы олардың атлары Мәңгилик Китапқа жазылғаны ҳәм олар өлген ўақытта да, олар Қудай менен мәңги бирге болатуғынын, аспанға баратуғынын тастыйықлайтуғын үзиндилерди көрсетти.

— Ийса былай деди: *«Сени ҳеш қашан таслап кетпеймен, Ҳеш қашан қалдырмайман»* (Евр. 13:5). Ийсаның изине қалай ериў кереклигин үйрениў тийис болады. Бирақ қәўетерленбең — тек ғана адымыңызды басыўды даўам етиң. Мухаддес Китапты оқың. Ҳәр күни дуўа етип, Қу-

дай менен тиллесиң. Сизлерди үйрететуғын ҳәм исеним-де өсиўиңизге жәрдем беретуғын тәжирийбели ҳәм ақыллы исениўшилер менен сәўбетте болың. Ҳәр қандай жағдайда өзлериңизге мынандай сораў бериңлер: «Ийса мениң орнымда болғанда не қылған болар еди?»

Тарик жөтелди ҳәм былай деп сорады:

— Демек, мениң гүналарым кеширилип, умытылған ба?

— Аўа, — деди пастор Нур. — Мухаддес Китапта, *«шығыс батыстан қандай узақ болса, сондай етип Ол бизлердиң нызамсызлығымызды алып таслады»* (Заб. 102:12). *«Мен олардың нызамсызлықларын кеширемен ҳәм олардың гүналарын енди артық еслемеймен»* (Ере. 31:34) — деп айтады Ийе.

— Қудайдың көз алдында да мен пәкпен бе?

— Аўа, балам. Мухаддес Жазыўдың ўәде еткениндей, сизлер жуўылдыңлар ҳәм қардан да ақсызлар. Жүрегиңиз де пәрден жеңил.

— Ол мениң барлық ислеримди — тек ғана базы қәтелеримди емес, ал барлығын кешире ме?

— Аўа, Тарик, — деп тастыйықлады пастор. — *«Егер гүналарымызды мойынласақ, садық ҳәм ҳақ Қудай гүналарымызды кеширип, бизлерди ҳәр қандай жаманлықтан тазалайды»* (Юх. ж. 1-хат 1:9). Егер Қудай нени ўәде қылса, Ол Өз сөзинде садық қалады.

— Қандай жақсы, — деди Тарик. Оның жеңил тартқаны көринип турған еди. Ол сәўбетти даўам етип. — Мен сизлерге бир нәрсени айтыўым керек.

Қудайдың алдында өз гүнасын тән алып, ол усындай сүйиспеншилик көрсетип атырған усы шаңарақтың алдында да тән алыўым керек деп түсинди. Бирақ буны қалай ислейди?

Оның аты Тарик Жамил емес, ол компьютер бойынша консультант емес екенлигин, бир неше елде полициялар оның изине түсип атырғанын қалайынша айтады ҳәм ол

не болса да, Далияны сүйетуғынын ҳәм қалған өмирин бирге өткерип, оны бахытлы қылыў ушын оған үйлениўди қәлейтуғынын айтып, қалайынша исендире алады? Далия сөзсиз оған ашыўланады. Ол өзи тири қалыўы ҳәм Далияны қорғаў ушын көп надурыс сөйлегени менен, өтирикши емеслигин айтса, олар оны түсинеди деп есаплаўға бола ма екен?

Буған үмит етсе болар ма екен, бирақ ҳәммесин айтыўы тийис. Ол Ийсаның ислемеген жынаят ушын қандай азап шеккенин ойлады ҳәм онда басқа жол екенин түсинди.

— Тарик, не болды? — деп сорады Далия, оның көзиндеги тынышсызлықты көрип.

— Неден басларымды билмеймен, — деп жуўап берди ол.

— Ҳәммеси өз орнында, бизлер — сениң досларыңбыз.

— Билемен. Соның ушын, маған ҳәммесин айтыў қыйын болып турыпты.

— Не ушын?

— Сизлер мени жек көрип қаласызлар.

— Саған не болды?

— Мен айтыўға жағымсыз болған бир нәрсени ислеген едим.

— Бизлер сондай бир нәрсени ислегенбиз, Тарик, — деди пастор Нур. — Бирақ, ҳәзир айтқанымдай, ҳәммеси артта қалды.

— Мен Тарик емеспен. Мениң атым Марван Аккад. Мен сизлерге толық ўақыяны айтып бериўим керек ҳәм бул не менен тамамланатуғынын билмеймен...

Бирақ ол буны даўам етемен дегенше, жырадан бир оқ даўысы еситилди ҳәм Марван Аккад аўырыўдан қыйналып, жерге қулады.

Далия бақырып жиберди. Пастор Нур оқ қай жақтан еситилгенин көриў ушын, артына бурылып қарады ҳәм ҳаялы менен қызын жаўып, қорғаўға ҳәрекет етти.

Және бир оқ атылды. Бул рет оқ тас отырғышқа тийди. Тас шашырап кетти ҳәм шаңғытып кетти.

— Жасырыныңлар! Колоннаның артына! — деп бақырды Марван.

Ол бар күшин жыйнап, Далияны услады да, оны төменге — қашанлардур сахна ямаса оркестр ойлығы болған жерге алып түсти. Пастор Нур ҳәм оның ҳаялы олардың қасында еди. Оқ кәраматлы түрде оларға тиймей қалды, бирақ олар бир-бирине жүдә жақын жатты. Марван өзиниң жаман болатуғыны ҳаққында күткени болды. Енди тек ғана оның өмири қәўип астында емес — ол усы әжайып шаңарақты да қәўип астында қалдырды.

Ҳәзир оларды таслар жаўып турыпты. Ханым Нур жылады, ал күйеўи оны қушақлады. Далия бақырыўын тоқтатты, бирақ қорқыныштан қалтырады. Марван оны тынышландырыўды жүдә қәледи, бирақ ол оқ қай жерден атылып атырғанына қараўы керек еди. Ол әстен жылжыды, бирақ Далия оның қолынан услап қалды.

— Сен қаяққа? Кетпе!

— Мен кетип баратырғаным жоқ. Олар нешеў екенин көриўим керек, — деди ол.

— Ол бир қанша ма?

— Мениңше, аўа.

— Олар кимлер?

— Бул узақ ўақыя, — деди ол таслар арасынан сығалап қарап. — Бирақ оларға сизлер керек емессизлер. Оларға мен керекпен.

— Не ушын, Тарик? Сен қылған един?

— Мениң атым Марван, Далия, — Марван Аккад. Саған ант ишемен, мен ҳеш қандай жаман қылмыс ислемедим. Мени қақпанға түсирмекши...

Оқ жүдә жақын жерге тийди. Далия бақырып жиберди ҳәм Марван оны өзиниң денеси менен жаўып, қорғады.

Оның бул жерде қалыўына болмайды. Ол Нуровларды

қалдырып, Лемье ҳәм Годдарды өзине қымбатлы болған адамлардан узаққа алып кетиўи керек. Бирақ ол зорға қозғалатуғын еди. Ол шеп аяғында солқылдаған аўырыўды сезди. Джинсидиң балағы қан менен боялып кетти. Ол Далияның оның жарақатына қарап турғанын ҳәм есинен аўып қалайын деп турғанын көрди.

— Ҳеш нәрсе қылмайды, — деди ол, оны қушақлап. — Ҳәммеси жақсы болады. Мени тыңла. Еситип турсаң ба?

Оның жүзи пордай аппақ болып кеткен еди. Ол есинен талыў жағдайда еди.

# 54

— Далия, мени еситип турсаң ба? — деп және ол сыбырлады. Қалтасынан бет орамалын алды да, аяғын созды.

Ол Далияның қорқып қалған көзине қарады. Ақырында ол жарақаттан көзин үзди ҳәм оған қарап, басын шайқады.

— Жақсы, мени дыққат пенен тыңла, — деди ол дәрҳәл. — Олар мениң артымнан келген, сен ҳәм ата-анаң менен олар қызықпайды. Бирақ егер сен мени қорғаў ушын бир нәрсе қылсаң, олар ойланып отырмастан сени өлтиреди. Олар — адам өлтириўшилер. Олар ҳаяллар ҳәм балаларды өлтирди ҳәм қан изи Монте-Карлодан Касабланкаға дейин созылған. Мен олардың жынаятларын аштым ҳәм оларға кесент бериўге ҳәрекет еткен едим. Енди олар мени жоқ қылыў ушын усы жерде. Мени тыңлап турсаң ба?

Қорқыныштан қалтырап, ол және басын шайқады.

— Қалғанларын саған кейин айтып беремен, ал ҳәзир мен қашыўым керек. Оларды сизлерден узақластырыўым керек, ямаса...

— Яқ, — қыз оның қолынан еледе қаттырақ услады. — Бизлер әкем менен...

Қыздың сөзин кейинги автомат даўысы үзип таслады.

Сөйлесиўге ўақыт жоқ еди. Ҳәзир ямаса ҳеш қашан. Далияны өзине тартты да, Марван оны сүйди ҳәм сүйретилип шептеги шығатуғын аўызға барды. Сол ўақытта және жаңа оқ даўысы болды ҳәм Далия менен анасы бақырысып жиберди.

Ол қысқа ғана дуўа етип, Қудайдан Нуровларды қорғаўын сорады ҳәм тас минбер бойынша жуўырып кетти.

Ол театр астында тасқа ойылып соғылған көп қәбирлердиң биреўиниң ишине кирип кетти. Бир неше тәрептен атылған оқлардан Марван төменде де төрт адам бар екенин, бирақ олар буннан да көп болыўы ҳәм оларға жәрдемге қосылыўы мүмкинлигин байқады.

Қәбирдиң иши қараңғы еди ҳәм бул ҳәрекет болып атырған жерди көриўге болатуғын жоқарғы тәрепте еди. Ол Нуровлардың оң тәрептеги өткелге қарай баратырғанын көрди ҳәм олардың тез арада қәўип-қәтерсиз болыўына үмит етти. Деген менен, Лемье менен Годдар Рания менен оның достысын гүўа қалмаўы ушын өлтиргениндей, өзинен кейин, оларды да өлтирилетуғынын жақсы түсинди.

Сонда ол театрға қарай қолларында автомат услаған бир неше адамлардың жуўырып баратырғанын көрди. Қысқа ўақыт ишинде олар оның орнында қалыўына мәжбүрледи. Олар жүдә тез жақынлады.

Марван шығыў есик излеп, жән-жаққа қарады. Шептеги шығыў есиги жабық еди. Бирақ оңда ол нур түсип турған кишкене шахтаны көрди. Аяғы еледе қаттырақ сызлап аўырды, бирақ ол таўдағы ойылып соғылған басқа қәбир ҳәм үңгирге алып баратуғын жақтылыққа қарай сүйретилип жылжый баслады.

Аяқ дүсирлиси жақынлағанын еситип, ол мүмкинлиги болғанынша тез ҳәм тыныш шығыў тесикке қарай жылжый баслады. Кишкене ғана қәтеге жол қойса, ол 20 метр бийикликтен төменге қарай қулап түсиўи мүмкин. Еки мың жылдан берли қумлы самал, толығы менен жоқарғы тәрепти қаплап таслаған.

Бирақ Марван келеси үңгирге жетип алды ҳәм полға отырды да, дем алыўға ҳәм тынышланыўға ҳәрекет етти. Қараңғы болған үңгирде болғаны жақсы болды ҳәм ол жерден кимниң өзине жақынлап киятырғанын көре алады. Ол төменде не жүз берип атырғанын көре алады ҳәм жыраның қарама-қарсы тәрепиндеги үңгирде жайласқан үш

адамды санады. Еле қанша жүре алатуғынын билмегени жаман болды.

— Марван Аккад, сиз қоршап алындыңыз! — деген даўыс шықты, даўыс әййемги қаланың ишинде эхо менен еситилди. — Сиз адам өлтиргенде айыпланасыз! Қолыңды көтерип, дәрҳәл сыртқа шық ҳәм саған ҳеш қандай зыян тийгизбеймиз!

Ол бул даўысты таныды. Бул Лемье еди. Монте-Карлода адам өлтириўшиликтен кейин, француз полициясының абыройлы инспекторы бир неше мәрте ҳәр түрли каналлардан интервью берген еди ҳәм оның менмен, көтериңки даўысы Марванның есинде қалған еди. Бирақ ол Лемьеге тәслим болмақшы емес. Бундай қылыў өлимди аңлататуғын еди, буған ҳеш қандай гүман жоқ.

Қараңғы жерде отырып, ол қалтасынан телефонын излеп баслады. Рамиге қоңыраў қыла алыўы мүмкин. Ҳәзирдиң өзинде иниси жәрдем берсин, бермесин, бирақ ҳеш болмаса ол ҳәзир болып атырған ўақыяны хабарлаўы керек. Бирақ телефоны жоқ еди, Марван телефонын Нуровлардың үйинде чемоданында қалдырып кеткенин есине түсирди. *Қалайынша усындай ақмақ болыў мүмкин?* — деп өзине кейип қойды.

Телефонның орнына ол бир неше марихуаны менен шылым ҳәм шырпы таўып алды. Ол басын шайқады — олардың бир ғана көриниси, оған жағымсызлықты пайда етти. *Ийса оның өмирин сондай етип өзгертетуғынына сүйене ала ма екен?* Ол буған түсиндирме таба алмайды, бирақ ҳәзир бул ҳеш қандай мәниге ийе емес, деп ойлап қойды. Тез арада ол Ийса менен жүзбе-жүз көриседи ҳәм ҳәммесин Оннан сорап алады.

Марван шылымларды таслап жиберди ҳәм шырпыны алыстырып, үңгирдиң ишки тәрепине қарай әсте жылжый баслады. Ол пепси-коланың бос шийшесин ҳәм конфеттиң қағазын таўып алды. Балалар бул үңгирди өз ойынлары

ушын қолланған болса керек. Шырпының шөби өшип қалды, бармағын да күйдириңкиреп алды.

— Марван Аккад, бул ақырғы ескертиў! — деп және бақырды Лемье. Бирақ бул рет оның даўысы айтарлықтай жақын жерден еситилди. Француз енди театрдың төменинде емес, ал қәбирлердиң биринде еди. — Дәрҳәл шық, болмаса өлтирилесең. Сениң басқа жолың жоқ. Саған он секунд беремен.

Марван бул қорқытқан сөзге дыққатын да аўдармады.

— Он... тоғыз... сегиз...

Марван және бир шырпының шөбин алыстырды ҳәм үңгирдиң ишин қарап шықты.

— *Жети... алты...*

Лемье ҳақ. Басқа жол жоқ. Ўақыт та жоқ.

— Бес... төрт...

Марван шырпыны өширди де, сызлап аўырып турған жарақаттан тисленип, үңгирге кирер аўыздағы үлкен тастың артына отырып алды. Ол не жүз бериўи мүмкин екенлигине дыққат аўдарып отырмады. Бирақ гүрессиз тәслим болмаўды шешти.

# 55

— Үш... еки... бир. Не болды, Марван Аккад, сенде мүмкиншилик бар еди...

Лемьениң еки адамы автомат пенен атып үңгирге бастырып кирди. Үңгир түтинге толып кетти, ал оның арғы жағындағы дийўалды тесип таслады. Марван тоқтаўын күтип, жерге жатып алған еди. Бирақ тамам бола қоймады.

— Ол қаяқта? — деп сорады ҳүжим еткенниң бири магазин оғын орнына қойып атырып.

— Қаяқтан билейин, — деп жуўап берди екиншиси, автоматынан магазинин алып атырып.

Марванда мүмкиншилик туўылды ҳәм ол буннан пайдаланып қалды. Бириншиси тастың қасынан өтип баратырғанда, ол оның аяғынан услады да, бирден жерге жықты. Ол тең салмақлықты жойтып, жерге қулады.

Оның өзине келиўине жол қоймай, Марван оның АК-47 қуралын алды да, ҳүжим еткенниң жүзине урды. Домалап барып, ол екиншисиниң қуралын оқлаўына үлгермесинен алдын-ақ оған қарата еки мәрте оқ үзди.

Бир неше секунд ишинде ол қуралларды өз қолына алды. Ол қасында жатырған адамның жүрек урысын тыңлады. Оның жүзи ҳәм басы қанға боялып атыр еди. Марван қараңғы болыўына қарамастан байқаўынша, оның мурны сынған ҳәм бас мийи қозғалған, бирақ ол дем алып атыр еди, ол тири қалады.

Марван екиншисине қарай еңбеклеп барды. Ол аўырыўдан ыңырсып атыр еди. Кеше ғана Марван оны арқайын атып таслаған болар еди. Ҳәзир болса, бундай пикирдиң өзи

оны жеркендирип жиберди. Егер қолынан келгенде, Марван оған медициналық жәрдем берер еди. Ол жарақатланған адамды үнсизлик сақлаўын ескертти. Ескертиўге ол адам қулақ салды.

*Енди не болады?* — деп ойланды Марван. Еле Лемье менен бирге үшеўи ямаса төртеўи қалды.

— Ол жерде не болды? Ол өлди ме? — деп бақырды Лемье.

— Яқ! — деп бақырды Марван жуўап ретинде.

Ол ойланып отырмастан автоматтың ременин мойнына асты да, үңгирден секирип шығып, бар күши менен шаққан жоқарыға алып баратуғын текшеге қарай секирди.

Атысыў басланды. Жүрек соғысы көкирегине дейин жетип турыпты ҳәм оның ҳәр бир урысы басын солқылдатып турды. Шеп аяғында дизесиниң төменине оқ тийген еди, бул қатты қыздырып турған еди. Бирақ ол өзиниң ўазыйпасын жақсы билетуғын еди. Ол Лемьени ҳәм оның адамларын илажы барынша Далия ҳәм оның шаңарағынан алыслатыўы керек. Бул оған қаншаға түссе де, буны ислейди.

Марван текше бойынша гә оңға, гә шепке қаймығып, жоқарыға көтерилди. Оқ атыў тоқтамады. Ол жоқарыға жетип алғанда, оң ийни сызлап аўырғанын сезди. Оқтың соққысы соншелли күшли болғаны, ол аяғында тура алмай қалды. Ол ет-бети менен жерге жығылды ҳәм ҳал-дәрманы қалмады.

Аўырыўдан демин жыйнаўға ҳәрекет етип, Марван жарақатына қолын тийгизип алды. Шеп қолы қанға бөленип атырған еди. Ол бекинис болған жақын жердеги тастың қырына дейин сүйретилип жетип алыўға ҳәрекет етти. Бирақ ол изинен қуўып жетип алайын деп турғанын еситти.

Кейинги пайыт ол бурылып қарай алды ҳәм автоматты туўрылап, үш мәрте қысқа оқ атты, оқлар изинен қуўып киятырғанлардың екеўин жарақатлады. Олардың бири артқа қарай қулап кетти ҳәм Марван оның жоқарыдан төменге

қарай түсип баратырғанын еситти. Екиншиси туўры Марванның алдына қулады. Ол үнсиз ҳәм қыймылдамады. Марван қайтарғысы келип кетти. Ол ҳеш кимди өлтириўди, ҳеш кимге зыян тийгизиўди қәлеген жоқ еди. Бирақ бул өзин-өзи қорғаў емес пе екен? Адам өзин өлтириўшиден қорғаўы шәрт емес пе?

Тез арада бул жерде қалғанлары да болады. Ол бар күшин жыйнап, тасқа дейин сүйретилип барды ҳәм оның артына жасырынып алды. Кейин күтип жатты. Төменнен қандай да даўыслар шығып атыр. Ол ҳәттеки алыстағы гуўдок даўысларын еситти. Бирақ даўыслар жүдә қатты шықпады. Даўыслар әсте тыныш болып баслады. Ол қатты албыраўшылық ишинде қалды, бирақ бунық менен ҳеш нәрсе қыла алмас еди.

Күтилмегенде, қап-қараңғы болып кетти. Ол есинен кеткен еди, қанша ўақыт ессиз жатқанын билмеди. Мине, ол және өзине келди, көзин ашып, және ҳүжимге таяр болды. Сонда ол қатып қалды — үш метрден узақ болмаған жерде Лемье қолындағы даўысын шығармайтуғыны бар пистолетти оның басына қарай оқталып турғанын көрди.

Марван ойланып отырмастан, автоматтың тартқышын басып жиберди. Бирақ ҳеш нәрсе болмады. Ол және басты ҳәм және ҳеш қандай нәтийже шықпады. Автомат я тат басып қалған, ямаса магазинде оқ қалмаған. Бирақ не болса да, ол тамам болды. Аяғынан ҳәм ийнинен қан ағыўын даўам етти. Ол зордан демин алды ҳәм есин айтарлықтай жойтып та турған еди. Ол пүткиллей жәрдемсиз қалды — оның алдында оны өлтирейин деп атырған адам турыпты.

— Алдымызда жатқан адам ҳеш қандай атақлы Марван Аккадқа уқсамайды, — деди Лемье.

Марван ҳеш қандай жуўап қайтармады ҳәм Лемье сөйлеўин даўам етти.

— Сизиң басыңызды езбеўи ушын автоматыңды жерге қоясаң ба?

Марван бойсынды.

— Мине, буның жақсы болды, енди бизлер сөйлесип алыўымызға болады, — деди Лемье.

— Сөйлесип алыў? Сиз сөйлесип алажақсыз ба? — деп ҳайран қалды Марван. — Яқшы. Не ушын сиз буны иследиңиз, инспектор? Рафик Рэмзиди, оның жалғыз қызын ҳәм сизиң жолыңызға тоғанақ болатуғынлардың барлығын өлтириў ушын қалайынша Клодетт пенен аўыз бириктирдиңиз? Сиз жынаятшылар менен тил бириктириў емес, ал оларды қолға алыўды айтып ант ишпедиңиз бе?

— Сендей адамның алдында есап беремен, мырза Аккад, — деп мысқыллап күлди Лемье.

— Мениң усы машақатлы жолды басып өтиўимнен соң, сиз мени өлтирмесиңизден алдын, ҳақыйқатлықты билиўге ҳуқықым бар.

Лемье жеркенишли түрде оған мурнын жыйырды.

— Сизди сол жолды басып өтиўиңди мәжбүрлеген мен бе? Ҳәзиллесип атырған жоқсыз ба? Сиз ақмақлық қылдыңыз, Марван Аккад — мениң жолыма тоғанақ болыўыңның кереги жоқ еди. Менде әжайып жоба бар еди. Из қуўар адамның жынаят ислейтуғынына ким гүман көз қарас пенен қарайтуғын еди? Ҳеш ким. Бирақ сен араға суғылып кирдиң! — деди ол.

— Сизди қолға алады, Лемье, — деди Марван.

— Көремиз, — деп жуўап берди Лемье.

Ол усы сөзди айтқанда, жоқарыға оның еки адамы көтерилди ҳәм Марванға қуралларын қаратты.

# 56

— Маған мәлим болғанлардың ҳәммеси, мениң иниме де мәлим. Ҳәзир, бизлер сөйлесип турған ўақтымызда, оның адамлары Бразилияда Клодетт Рэмзиди излеп атыр. Олар оны тапқан ўақытта, сен тамам боласаң, — деди Марван.

Лемье оған былай деди:

— Сениң иниң қамақханада. Ал Клодетт қәўипсиз жерге жасырылған. Туўрысын айтқанда, мырза Аккад, сиз тамам болдыңыз.

— Мен олай деп ойламайман...

— Үниңди өшир! Болды! Сизди жетерли тыңладым, Марван Аккад. Ал ҳәзир — жүзиңди төмен қарат ҳәм қолыңды арқаңа қой!

— Яқ, — деди Марван.

— Орынла! — деп буйырды Лемье.

— Сиз мениң шекемнен атажақсыз ба? Яқ, инспектор.

Ашыўланған Лемье адамларының биреўине ым қақты. Олардың биреўи Марванды бир неше мәрте қапталына ҳәм басына тепти, кейин оның жүзин төмен қаратып, аўнатты. Марван аўырыўдан бақырып жиберди. Ол зордан демин алып атырған еди. Ол дуўа еткиси келди. Усы ең ақырғы сааты екенин билетуғын еди, бирақ ҳеш қандай сөз шығара алмады.

Лемье жақынлап келди де, туўры оның алдында турды ҳәм пистолетин оның шекесине қаратты.

— Хош бол, Марван Аккад. Дозақта көрискенше, — деди ол.

Марван басын бурып қарады. Ол Лемьениң енди ататуғын жерин басайын деп атырғанын көрди.

Бирақ арғы жақта шаўқымды еситти ҳәм күшли самал есип, шаң көтерилип кетти. Ҳәммеси бурылып қарады — жар тастың үстинде ишинде инспектор Годдар ҳәм Рами Аккад отырған вертолет турған еди.

— Инспектор Лемье, қуралларды жерге таслаң! Ҳәмме қуралларды жерге қойыңлар! Маған ҳәммеси мәлим, инспектор. Мениң адамларым Клодетт Рэмзиди Сан-Паулада услап алды ҳәм ол ҳәммесин мойнына алды. Сизиң зорлаўшылықта ҳәм адам өлтириўшиликте ролиңиз бизлерге мәлим ҳәм бизлер сизиң Марван Аккадты жынаятшы қылыўға урынғаныңызды билемиз. Баллистлик экспертизаның нәтийжесин Касабланкада сизиң Рания Фаваз ҳәм оның қоңсы қызды өлтиргениңди анықлап берди. Ҳәммеси тамам болды, инспектор. Қуралларды жерге қойың, сонда ҳеш ким зыян көрмейди, — деди даўысты күшейтетуғын менен.

Лемьениң адамлары қуралларын жерге қойып, қолларын көтерди. Бирақ Лемье бойсынбады. Ол көзин шаңнан қорғаўға урынды, ал Годдар оның қуралын дәрҳәл жерге қойыўын талап қылғанда, ол вертолетқа қарата оқ үзип баслады.

Пилот оңға солға қарай бурды, ал кейин оқтан алыслаў ушын жоқарыға көтерилди. Бирақ Лемье патроны таўсылғанша атыўды даўам етти. Бир оқ пәтпелектиң айнасына тийди ҳәм вертолет аз-маз төменлей баслады. Сонда пилот вертолетты тең салмаққа қойып үлгерди ҳәм вертолет және жоқарыға көтериле баслады. Лемье пистолетин оқлай баслады.

Марванда және бир мүмкиншилик пайда болды. Ол өзиниң жарақатын умытты. Ол Далия ҳәм оның шаңарағы, вертолет пенен ушып келген өзиниң иниси ҳаққында ойлады.

Марван секирип, Лемьеге қарай бойын таслады. Лемьениң қолынан пистолет төменге қарай түсип кетти. Марван Лемьениң ишине ҳәм бетине соққы берди, бирақ Лемье бар күшин жыйнап, оның дизесине тепти. Жарақаттың

ауырғанлығынан Марван жерге қулап түсти. Сол ўақытта Лемье оның алқымынан услап, буўындырып баслады. Марван ҳәр бир секундта жаны шығып баратырғанын сезди.

Лемьениң бир адамы қолындағы пистолетти соза бергенде, оған қарай үш мәрте оқ үзилди ҳәм ол жерге созылып қулап түсти. Оқ атылғанға ҳайран қалған Лемье ким атқанын көрейин деп жән әтирапына қарады. Марван да қарады. Годдар вертолет ишинен атқан еди ҳәм ҳәзир қолындағы қуралды Лемьеге карата оқталып турды.

Лемьениң албыраўынан қолланып, Марван күшли аяғы менен французды теўип жиберди ҳәм оның қолынан азат болды. Жағдай өзгерди. Марван Лемьени бетин төменге қаратып жатқарды да, Ливандағы әскерий мектепте үретилгендей етип, дизеси менен арқасын басты. Лемье қозғалалмай қалды ҳәм қыймылдай алмады. Енди ол Марванның қолында еди ҳәм оның қоллары мойнынан қысып алған еди.

Марван услаўын ҳәлсизлендирмеди. Лемье шығып кетиўге урынды, бирақ шыға алмады. Оның жүзи қызарып кетти, ал кейин көгерип кетти, бирақ Марван оны жибермеди.

— Марван, керек емес, илтимас!

Ол ҳайран қалды. Бул Далия еди.

Далия дәрҳәл оған барды ҳәм оның көзинде жас бар еди.

— Марван, илтимас, бул надурыс болады, — деди ол.

Вертолет қонды. Рами биринши болып секирди ҳәм оған қарай жуўырып келди. Бир неше ўақыттан кейин Пастор Нур ҳәм ханым Нур да келди.

Годдар сол ўақытта Лемьениң қолына кисен салып, оны вертолетқа отырғызды. Енди ол Марванның қасына барды.

— Саған исендире аламан, мырза Аккад, енди бул адам қалған өмириниң барлығын қамақханада өткереди, — деди Годдар. — Тек ғана усы ушын емес, ал ол ислеген барлық жынаятлар ушын. Мен буған жетисемен, саған ўәде беремен.

Марванның жүреги қанарынан шығып кетейин деп турды. Оның қоллары еле Лемьениң мойнынан услап турған еди, ал Лемье айтарлықтай есин жойтқан еди. Марван инисине, Нуровларға, ал кейин — Далияның көзине қарады. Далия үндемей турған еди, бирақ оның көзинен дурыс ҳәрекет етиўин сорап турғаны көринип турған еди.

Ол солай иследи.

Ол қолларын жаздырды да, орнынан турды ҳәм Лемьени Годдарға тапсырды.

Далия Марванның қушағына өзин атты.

Ол еле көп нәрсени үйрениўине туўра келеди ҳәм көп нәрсени қойыўы керек. Далияға, оның ата-анасына ҳәм Рамиге көп нәрселер ҳаққында айтып бериўи керек, олардың да оған айтатуғынлары бар. Ең баслысы, Марван пастор Нурдың ҳақ екенин түсинди. Енди ол жаңа адам, онда жаңа өмир бар ҳәм ол тек ғана ҳәр күни адым атыўы зәрүр. Ол қорқынышлы адам өлтириўшиликлерге гүўа болған еди. Ал енди ол — уллы сүйиспеншиликтиң, оның Ийеси Ийса Масих болған Қутқарыўшысының сүйиспеншилигиниң гүўасы болды.

Марван Аккад келешекте өзин не күтип турғанын билмейди. Ол Ийсаның изинен қалайынша ериў кереклигин ҳәм Далияны қалайынша сүйиўи кереклигин билмейди. Бирақ ол анық мынаны биледи: ол ҳәзирдиң өзинде буны баслап, алдыға қарай адым атыўды даўам етеди.

# Джош Мак-Дауэлл

# Г Ү Ӯ А